# VOLKSALMANAK

# SOENDA 1923

TAHOEN KA V.

DRUKKERIJ VOLKSLECTUUR
WELTEVREDEN — 1922.

# BOEKHANDEL en DRUKKERIJ

## V/H G. C. T. VAN DORP & Co.

SAMARANG — SOERABAJA

Boekoe dongeng — Boekoe sakola

Boekoe Walanda — Boekoe Malajoe

Boekoe Djawa

Parabot Toelis — Kěrtas Gambar

G.C.T. VAN DORP & C°
SEMARANG
SOERABAJA
BANDOENG

Kěrtas Toèlis — Parabot Gambar

Měsin-Toelis

Geura maroendoet daptar boekoe-boekoe sarěng Catalogus barang-barang anoe disajagikeun di Samarang atanapi di Soerabaja

## TOETOEROETJINGAN-PRIMI.

Koe takdirna Noe Mahasoetji, di saantero doenia, kaoela anoe pangkawasana.

Dalah radja anoe pangägoengna oge, taloek ka kaoela mah.

Samangsa-mangsa andjeunna nampa parentah kaoela, sok toeloej pireu bae, teu ariaseun sasaoeran deui.

Kolot-boedak awewe-lalaki araringgoek, nandakeun jen aranoet kabeh, sakitoe kakawasaan kaoela teh.

Saha-saha anoe hajang wawoeh ka kaoela, poma oelah nanja ka noe djarahat, tapi koedoe ka noe sehat djeung ka noe goembira, sabab nja maranehanana anoe pangsoemoedjoedna ka kaoela.

Tapi oepama maranehanana kadatangan kaoela, sok djëp bae djëmpe, teu aja noe bisa mere katërangan naon².

Mangga maranahan, saha **kaoela** teh?

---

Pangbade ieu toetoeroetjingan këdah katampi koe BALE POESTAKA, Weltevreden, pangëlatna ping 1 **April 1923**, sareng toetoeroetjinganana kёdah dilampirkeun kana djawabanana.

Oepami hënteu disarëngan koe toetoeroetjinganana, djawabanana hënteu disahkeun.



# KAPAL HADJI KA DJIDÅH

**Mel karadjaan Walanda, Kapal Sirmoen** sarĕng **Semprong Boelao,** ajeuna parantos ngahidji, namina „**Kongsie Tiga**"; ti awit sasih Januari, Februari, Maart sarĕng April 1923 ngadjoeal deui **teket poelang-anting** pikeun lajar ka *Djidah ti palaboean² aragĕng di sakoeliah* Hindia-Nederland sarĕng ti palaboean² anoe sok disinggahan koe kapal² K.P.M.

Djoemblahna djamaah anoe parantos balajar nganggo kapal² „**Kongsie Tiga**", seueur kabina-bina, ieu di handap diserătkeun, nja eta:

Dina tahoen 1900 dongkap kana alar. pĕrang gĕde, aja 128.384: ti saparaatos pĕrang dongkap ka ajeuna aja 44.651.

Eta angka² noedoehkeun hal padjĕngna „**Kongsie Tiga**", langkoeng tetela manan omong. Pang sakitoe padjĕngna. *lantaran* „**Kongsie Tiga**" ngajoenkeun pisan kana kahajang djamaah, sapĕrtos: dahar sae, djamaah meunang barang asakan sorangan, kawoewoeh kapal-kapalna alanjar sarĕng garantjang.

Ngan „**Kongsie Tiga**" bae anoe bisa njadiakeun kapal *dina 3 poë sakali keur maroelangna djamaah ti Djidah*, sarĕng **teket** ti salah-sahidji maskape anoe tiloe tea, eta kenging dianggo kana kapal bogana maskape anoe doea deui.

Hal pangaos **teket** sarĕng katĕrangan-katĕrangan sanesna, kenging moendoet katĕrangan ka Agen-agen maskape tea.

Stoomvaart Mij. „Nederland"
Mel karadjaan Walanda

„Rotterdamsche Lloyd"
Kapal Sirmoen

Stoomvaart Mij. „Oceaan"
Semprong Boelao.

# KARETA MĔSIN RALEIGH.

**SAGALANA KOE WADJA TOELEN, DITANGGĔL AWET, MARGI TARA AJA RĔSAKNA.**

THE RALEIGH
NOTTINGHAM



**Kareta mĕsin RALEIGH,**



**kareta mĕsin noe pangkiat-kiatna, pangsae-saena sarĕng panggantjang-gantjangna.**

*Dipidamelna di pabrik kareta mĕsin anoe pangsaena sarĕng pangagĕngna di saantero doenja.*

HOOFDAGENT:

## ALGEM. NED.-IND. HANDELMAATSCHAPPIJ

PRINSENSTRAAT 2. :—: BATAWI.

**SIGARET BOEATAN SIM KOERING, SADAJANA NGANGGO BAKO DJAWA**

*anoe ngadamělna sadajana patoekangan oerang Djawa anoe parantos kasohor palintěr, měsin-rokona měsin noměr hidji, teu aja noe nandingan.*

**RAOSNA SARĔNG MODELNA ROEPI-ROEPI**

*Modelna:* aja noe *mentjos*, aja noe *běběng*.



*Raosna:* aja noe *leu-leutj, sědeng, banget.*

**PABRIK SOEROETOE SARĔNG SIGARET**

*Soemangga raosan!*

# N. V. H. D. MAC GILLAVRY

DJATIROENGGO : — : AMBARAWA

# EUSINA.


| | | kaca. |
|---|---|---|
| 1. | *Boeboeka* | 1 |
| 2. | *Alměnak ringkěs tahoen 1923* | 3 |
| 3. | *Dintěnan dibabarkeunana Radja² djeung pangagoeng* | 28 |
| 4. | *Hari-běsar* | 28 |
| 5. | *Samagaha* | 29 |
| 6. | *Pamarentah* | 29 |
| | *a.* Pamarentah Agoeng | 29 |
| | *b.* Kapala Pamarentah Priboemi | 36 |
| 7. | *Tina hal oekoeran djeung timbangan* | 40 |
| 8. | *Post djeung soerat kawat* | 42 |
| 9. | *Postspaarbank* | 44 |
| 10. | *Lilana ěndog něpi ka měgar* | 45 |
| 11. | *Atoeran kareta api* | 46 |
| 12. | *Boekoe doktor* | 51 |
| | *a.* Hal potong toelang | 51 |
| | *b.* Adjina kawarasan | [illegible] |
| 13. | *Hal pangawěroeh awewe* | 61 |
| | *a.* Ěma | 61 |
| | *b.* Gambar kepret | 68 |
| | *c.* Gambar haranggasoe | 69 |
| | *d.* Lilin | 69 |
| | *e.* Sěmprong lampoe | 69 |
| | *f.* Lampoe | 69 |
| | *g.* Ngarah lampoe tjaang | 70 |
| | *h.* Ngělětik | 70 |
| | *i.* Ngampihan minjak lěndah | 70 |
| | *j.* Atji katjang hedjo | 70 |
| | *k.* Soepaja kadaharan oelah koe sireum | 71 |
| | *l.* Ěndog peupeus | 71 |
| | *m.* Sěpre toetoeng koe istrikaan | 71 |
| | *n.* Lawon sěmoe koneng koe kalilaan | 72 |
| | *o.* Miara peulpen | 72 |
| | *p.* Papakean bodas | 72 |
| | *q.* Parnel | 73 |
| | *r.* Kasakit eungap | 73 |
| | *s.* Soepaja barang perak salilana herang | 73 |



Jang maha moelia
Seri Baginda Maharadja
WILHELMINA.

*t.* Ngabĕrĕsihan koeningan ........ 73
*u.* Ngaleungitkeun sasanggaleun ........ 74
*v.* Peso oeroet njiksik bawang ........ 74
*w.* Soepaja sapatoe oelah matak njĕri ........ 74
*x.* Soepaja sapatoe awet dampalna (soel) ........ 74
*y.* Oebar panon ........ 74
*z.* Soepaja kĕmbang sĕgĕr ........ 75
*aa.* Roedjak alpoekĕt ........ 75
*bb.* Ngokolakeun boeboeahan ........ 75
*cc.* Kaolahan ........ 76
*dd.* Roepa² koeeh ........ 78
*ee.* Hal ninoen ........ 79
14. *Kapĕrloean djoeroe tani* ........ 83
*a.* Kawoeng ........ 83
*b.* Ngingoe njiroean ........ 89
*c.* Hal mĕlak danas ........ 90
15. *Roepa-roepa kanjaho* ........ 101
*a.* Oraj matih di Hindia ........ 101
*b.* Papantjen indoeng-bapa ........ 111
16. *Hal pangatoeran nagara* ........ 116
*a.* Hal moeka tanah pikeun sawah djeung pikĕboneun... 116
*b.* Kawadjiban loerah ........ 117
17. Mangle ........ 120
*a.* Boeka pintoe, beunang ngoempoelkeun R. Hasan Soemadipradja ........ 120
*b.* Pepeling, karangan Raden Aria Bratadiwidjaja...... 132
*c.* Pajoeng para poetri, karangan Toebagoes Djajadilaga ........ 142
*d.* Meong djeung oentjal, karangan Raden Sentana di Redja ........ 158
*e.* Kiamat leutik, karangan Toebagoes Djajadilaga ...... 180
*f.* Katjapangan nonoman Pasoendan ka pajoen anoe rek liar ka loear ti Poelo Djawa, karangan Raden Soeradiwidjaja ........ 184
*g.* Wawatjan woelangkrama karangan R. H. Moehamad Moesa ........ 186
*i.* Paningal palsoe ........ 250
18. *Tjioeng Wanara* (samboengan almĕnak taheen 1922) ... 252

# F. H. JUSTMAN

:=: WELTEVREDEN. :=:

SOEROETOE NAGRI WALANDA
SIGARET NAGARA SEDJEN
SAGALA ROEPI BAKO PIPAH

SIGARET „FLEUR DE DJATTIE ROENGO"
Saboengkoes 1200 sigaret . . . . . . . . f 7.—

GEURA MAROENDOET PRIJSCOURANT ANOE NGANGGO GAMBAR.



Serie No. 469. **WAWATJAN SEH MAKBOEL.**

anggitan

**MAS SASTRAWINATA.**

Ensina njarioskeun lalampahan Seh Makboel. Hidji djĕlĕma anoe toemarima kana kadarna, pĕrtjaja kana pagaweanana. kĕntjĕng karĕpna gĕde kadaekna. tĕbih tina sirik pidik, anggang tina aral-soebaha; ahirna kaoeninga koe radja, jen Seh Makboel teh gadoeh tabe'at anoe poen tjoel ti batoer, nĕnggang ti sasama, saréng doegi ka didjĕnĕngkeun patih, dipiasih koe Narpati, dipikaheman koe somahan.

*Pangaosna hidji boekoe* . . . . . . . . . . f 0.10

# KAPAL :=: HADJI

## KAPAL ISLAM

Sadaja - - - nganggo ieu

- - - ticket tjap boendër

Ticket kenging ngagaleuh ka:

# KANTOR SLUYTERS & Co.

:- BATAWI, -:
SOERABAJA,
SAMARANG.



BANDOENG,
:- MEDAN, -:
MAKASAR.

**KAPAL HADJI MOHAMED-HASSAN NEMAZEE.**

**Balajarna ti Batawi ngawitan ti Djoemadil-awal dongkap ka Rĕwah 1341.**

Serie No. 588.

# RASIAH HIDJI MOERID SAKOLA

KARANGAN

## ANDREW HOME

DISOENDAKEUN KOE

## R. GANDA ADINEGARA

---

Sakĕdap deui bakal ka loear boekoe sae; sae basana, sae tjariosanana, istoening matak kapintjoet: wastana „**Rasiah hidji moerid sakola.**"

Saha² noe njobi² maos eta boekoe, nĕmbe opat-lima katja oge, timboel manah panasaran hojong oeninga koemaha toengtoengna.

Moal lĕpat deui oepami baroedak sakola maratja ieu boekoe, *langtos* rĕsĕpeunana teh, margi sagala panjipta maroerangkalih, karĕsĕpna, kangewana, kaoengĕl dina ieu boekoe.

*Aja deui anoe ngawoewoehan kasaeanana kana ieu boekoe, nja eta seueur gambar-gambarna. Nja aloes lalakonna, nja seueur toer sarae gambarna,* atoeh woewoeh broehbrehna bae katingal gekgekanana anoe ditjarioskeun teh.

*Pangaosna hidji boekoe.* . . . . . . . . . ƒ **1.50**

Serie No. 318.

# DONGENG PALOEKNA

tina

## SPROOKJES HANS ANDERSEN

diwoewoehan anggitan

**D. K. ARDIWINATA djeung R. MEMED.**

Sadajana oge moal aja noe bireuk kana karangan djoeragan **D. K. Ardiwinata**, hidji boedjangga anoe tatas-toetas, anoe parantos ngarang pirang² boekoe, diaraos sarĕng diparoedji koe oerang Soenda.

Ajeuna djoeragan Ardi parantos nganggit deui dongeng² kenging mĕtik tina boekoe Walanda anoe mashoer pisan, dipasieup disoesoeroep koe rasa Soenda, istoening karareuna pisan.

Doepi anoe didamĕl poko, boekoe dongeng² karangan Hans Andersen, anoe mashoer saalam-doenja tea.

*Ieu boekoe eusina lima tjarios;* anoe tiloe damĕlan djoeragan Ardi, anoe doea deui damĕlan djoeragan Memed.

Dina ieu boekoe seueur anoe araneh seueur anoe matak heran, istoening soeroep pisan kana titĕlna nja eta „**Dongeng paloekna**".

Enggal ngagaraleuh, boekoe sae, pangaosna mirah;

*hidji boekoe moeng* . . . . . . . . . . **f 0.30**

# Postspaarbank di Hindia-Nederland.

Sadaja djělěma kenging njengtjelengankeun ka postspaarbank. Doepi njengtjelengankeunana sarěng moendoetna deui eta tjengtjelengan, kenging di oenggal$^{2}$ kantor pos sarěng meh di oenggal$^{2}$ hulp poskantor; kenging oge di pagadean$^{2}$ Goepěrěmen noe aja di karésidenan Rembang, Soerabaja sarěng Madoera.

TJENGTJELENGAN ANOE PANGÄLITNA, 25 SEN.

**Rentěnna 2,4 % satahoen; tjengtjelengan anoe direntěnan, pangägeung-ageungna f 2400.**

Kadjawi di kantor$^{2}$ pos, di hulp$^{2}$ poskantor sarěng di pagadean$^{2}$ anoe kasébat di loehoer, aja deui atoeran njengtjelengankeun pikeun pagawe nagara (boh pagawe sipil boh militer), pangsioenan$^{2}$ sarěng pikeun anoe warahel (wachtgelders), nja eta kenging njoehoenkeun dipotong tina gadjihna dina saban boelan keur njengtjelengan ka postspaarbank.

Pamarentah Hindia Nederland mananggěl pikeun moelangkeun deui eta tjengtjelangan sarěng pikeun majar rentěnna.

Saha$^{2}$ anoe hojong katěrangan tina hal ieu, sae njoehoenkeun bae ka Directeur Postspaarbank di Weltevreden.

Sagala sérat keur ka Directeur Postspaarbank, teu kědah diparangkoan.



Seri Padoeka Toean Besar
Goebernoer-Djenderal
Mr. D. FOCK.

# 1. BOEBOEKA.

Ieu Volksalmanak Soenda 1923, alměnak kaloearan Bale-Poestaka anoe kalima kali. Dina oenggal tahoen njitakna woewoeh-woewoeh bae, da anoe ngagaraleuh beuki lami beuki seueur. Seueurna oerang Soenda kirang-langkoeng aja 9 joeta, anoe parantos tariasa matja ± 150 000; tah! tina 150 000, anoe meser alměnak aja ± 15000, djadi 10 %.

Oepami nilik kana kamadjěnganana ieu alměnak, di lěbět 4 taoen, kirang-langkoeng 10 % ti noe tariasa matja sami pada garadoeheun alměnak, eta hidji pěrkawis anoe matak gěde hate katjida ka Bale-Poestaka, istoe pikaboengaheun. Margi 10 % ti antero anoe tiasa matja, parantos kasěbaran elmoe anoe mangpa'at, anoe pěrloe keur anggoëun sadidintěn. Nanging Bale-Poestaka moal wěleh ihtiar, oepami tatjan sadajana garadoeh ieu alměnak.

Ngawitan ti alměnak 1921, dina boeboekana disěbatkeun, jen Bale-Poestaka ngadjěng-ngadjěng kana karangan-karangan anoe sarae ti boedjangga² Soenda sarěng potret² anoe pantěs keur mapaesan Volksalmanak, nanging anoe parantos katampi hěnteu sabaraha lobana. Moegi-moegi bae pikeun tahoen 1924 mah, seueur boedjangga² Soenda anoe kěrěsa ngintoenan karangan sarěng goegoeritan anoe sarae, anoe pantěs didaměl djimat-paripih koe oerang Soenda.

Volksalmanak taoen ieu pangaosna anggěr *f* 1.

Hajang pisan tiasa ngaloearkeun langkoeng mirah ti sakitoe, nanging ajeuna teu atjan tiasa, margi pangaos kěrtas, mangsi sarěng ongkos² tarik keneh bae.

Kadjawi ti eta, pěrloe ditjarioskeun di dieu, jen ngawitan ti taoen 1922, dina Volksalmanak dilěbětan samboenglajang (advertentie).

Oepami dimanah, jen Volksalmanak kaloearan Bale-Poestaka — Malajoe, Djawa, Soenda, Madoera — ditjitakna mangpoeloeh-poeloeh rewoe, sarta disěbarna ti Sabang (Atjeh) dongkap ka Merauke (Nieuw-Guinea), ti Koetei dongkap ka Timoer-Koepang,

toer sagala bangsa, roepi-roepi padamĕlan sarĕng kapangkatanana sami kalĕbĕtan Volksalmanak, oepami dimanah ka dinjanu, koe para soedagar tangtos kagalih, jen Volksalmanak teh sae kabina-bina keur tĕmpat samboenglajang.

*Salam*

BALE-POESTAKA.

*(Commissie voor de Volkslectuur).*

# 2. ALMĔNAK RINGKĔS TAHOEN 1923.

## JANUARI.

| Tahoen Walanda 1923 | Taboen Islam 1341 | Pranata-mangsa tahoen 68 | Tahoen Tjina XI | Tjatětan |
|---|---|---|---|---|
| 1 Sěnen | Paing **Djoe-** 13 | VII 11 | **Tsap-** 15 | |
| 2 Salasa | Pon **madil** 14 | 12 | **it-goë** 16 | |
| 3 Rěbo | Wage **awal** 15 | 13 | 17 | |
| 4 Kěmis | Kaliwon 16 | 14 | 18 | |
| 5 Djoemaah | Manis 17 | 15 | 19 | |
| 6 Saptoe | Paing 18 | 16 | 20 | |
| 7 AHAD | Pon 19 | 17 | 21 | |
| 8 Sěnen | Wage 20 | 18 | 22 | |
| 9 Salasa | Kaliwon 21 | 19 | 23 | |
| 10 Rěbo | Manis 22 | 20 | 24 | |
| 11 Kěmis | Paing 23 | 21 | 25 | |
| 12 Djoemaah | Pon 24 | 22 | 26 | |
| 13 Saptoe | Wage 25 | 23 | 27 | |
| 14 AHAD | Kaliwon 26 | 24 | 28 | |
| 15 Sěnen | Manis 27 | 25 | 29 | |
| 16 Salasa | Paing 28 | 26 | 30 | |
| 17 Rěbo | Pon 29 | 27 | **Tsap-** 1 | |
| 18 Kěmis | Wage 30 | 28 | **dji-goë** 2 | |
| 19 Djoemaah | Kaliwon **Djoe-** 1 | 29 | 3 | |
| 20 Saptoe | Manis **madil** 2 | 30 | 4 | |
| 21 AHAD | Paing **ahir** 3 | 31 | 5 | |
| 22 Sěnen | Pon 4 | 32 | 6 | |
| 23 Salasa | Wage 5 | 33 | 7 | |
| 24 Rěbo | Kaliwon 6 | 34 | 8 | |
| 25 Kěmis | Manis 7 | 35 | 9 | |
| 26 Djoemaah | Paing 8 | 36 | 10 | |
| 27 Saptoe | Pon 9 | 37 | 11 | |
| 28 AHAD | Wage 10 | 38 | 12 | |
| 29 Sěnen | Kaliwon 11 | 39 | 13 | |
| 30 Salasa | Manis 12 | 40 | 14 | |
| 31 Rěbo | Paing 13 | 41 | 15 | |

# TJATĔTAN JANUARI.

## FEBRUARI.

| Tahoen Walanda 1923 | Tahoen Islam 1341 | | Pranatamangsa tahoen 68 | Tahoen Tjina XI-XII | | Tjatětan |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 **Kěmis** | Pon **Djoema** | 14 | VII 42 | **Tsap-** | 16 | |
| 2 Djoemaah | Wage **dil ahir** | 15 | 43 | **dji-goë** | 17 | |
| 3 Saptoe | Kaliwon | 16 | VIII 1 | | 18 | |
| 4 AHAD | Manis | 17 | 2 | | 19 | |
| 5 Sěnen | Paing | 18 | 3 | | 20 | |
| 6 Salasa | Pon | 19 | 4 | | 21 | |
| 7 Rěbo | Wage | 20 | 5 | | 22 | |
| 8 Kěmis | Kaliwon | 21 | 6 | | 23 | |
| 9 Djoemaah | Manis | 22 | 7 | | 24 | |
| 10 Saptoe | Paing | 23 | 8 | | 25 | |
| 11 AHAD | Pon | 24 | 9 | | 26 | |
| 12 Sěnen | Wage | 25 | 10 | | 27 | |
| 13 Salasa | Kaliwon | 26 | 11 | | 28 | |
| 14 Rěbo | Manis | 27 | 12 | | 29 | |
| 15 Kěmis | Paing | 28 | 13 | | 30 | |
| 16 Djoemaah | Pon | 29 | 14 | **Tsia-** | 1 | |
| 17 Saptoe | Wage **Radjab** | 1 | 15 | **goë** | 2 | |
| 18 AHAD | Kaliwon | 2 | 16 | | 3 | |
| 19 Sěnen | Manis | 3 | 17 | | 4 | |
| 20 Salasa | Paing | 4 | 18 | | 5 | |
| 21 Rěbo | Pon | 5 | 19 | | 6 | |
| 22 Kěmis | Wage | 6 | 20 | | 7 | |
| 23 Djoemaah | Kaliwon | 7 | 21 | | 8 | |
| 24 Saptoe | Manis | 8 | 22 | | 9 | |
| 25 AHAD | Paing | 9 | 23 | | 10 | |
| 26 Sěnen | Pon | 10 | 24 | | 11 | |
| 27 Salasa | Wage | 11 | 25 | | 12 | |
| 28 Rěbo | Kaliwon | 12 | 26 | | 13 | |

TJATĔTAN FEBRUARI.

186. Keuna dĕngda da boga eukeur njaosan,
teu risi koe poelisi,
moen kitoe pĕtana,
moal tĕtĕp beungharna,
laoen[2] miskin deui,
hanteu djamoega,
tina teu ati[2].

187. Eling[2] noe ĕnggeus ditakdir beunghar,
oelah kaliwat teuing,
lamoen imah-imah,
sing bisa tata[2],
imah oelah pinoeh teuing,
koe paprabotan,
koedoe djatnika rasmi.

188. Bisi aja djalma bidjaksana njawad,
parabot pinoeh teuing,
datang ka teu aja,
ĕnggon kaoetamaan,
sawareh djalma noe soegih,
teu bisa nata,
di imah pinoeh roedjit.

189. Di imah teh prabot djĕdjĕl paboketrak,
heurin taja keur malik,
moen kitoe pĕtana,
beunghar taja gawena,
hanteu njĕnangkeun ka diri,
tinggal oetama,
djeung sawarehna deui.

190. Anoe beunghar koerang pisan pamakena,
badjoena roebag-rabig,
datang ka ditambal,
kotor bĕlĕwoek pisan,
sawareh katjida teuing,
hanteu meudjeuhna,
hanteu nimbang ka diri.

191. Anoe hade koedoe noe ninggang përnahnä,
hanteu koerang teu leuwih,
pangleuwihna lampah,
nja eta sigěr-těngah,
eling[2] noe běrboedi,
poma tětěpan,
pitoetoer para Nabi.

192. Lahir Nabi heroel oemoer osatocha,
eta teh basa Arbi,
nja kitoe tëgěsna,
noe panghadena lampah,
noe sigěr-těngah dipoedji,
sabisa-bisa,
poma koedoe dipambrih.

193. Pasal toedjoeh poeloeh opat katjarita,
geus prajoga noe soegih,
ngan leuwih prajoga,
djalma noe wěkěl tea,
tatapi prajoga deui,
noe kapandjingan,
ati saleh djeung moersid.

194. Pasal toedjoeh poeloeh lima oelah njěla,
ka mahloeking Jang Widi,
nadjan leuwih hina,
papa taja gawena,
krana hileud sato leutik,
sok djadi soetra,
manoesa koedoe ngarti.

195. Lamoen njěla ka sakabeh mahloek Allah,
sasat njěla ka Goesti,
djeung deui sagala,
noe didaměl koe Allah,
sanadjan hina djeung leutik.
aja hikmatna,
wadjib manoesa jakin.

## MAART.

| Tahoen Walanda 1923 | Tahoen Islam 1341 | Pranata-mangsa tahoen 68 | Tahoen Tjina XII | Tjatĕtan |
|---|---|---|---|---|
| 1 Kĕmis | Manis **Radjab** 13 | VIII 27 | **Tsia-** 14 | |
| 2 Djoemaah | Paing 14 | IX 1 | **goë** 15 | |
| 3 Saptoe | Pon 15 | 2 | 16 | |
| 4 AHAD | Wage 16 | 3 | 17 | |
| 5 Sĕnen | Kaliwon 17 | 4 | 18 | |
| 6 Salasa | Manis 18 | 5 | 19 | |
| 7 Rĕbo | Paing 19 | 6 | 20 | |
| 8 Kĕmis | Pon 20 | 7 | 21 | |
| 9 Djoemaah | Wage 21 | 8 | 22 | |
| 10 Saptoe | Kaliwon 22 | 9 | 23 | |
| 11 AHAD | Manis 23 | 10 | 24 | |
| 12 Sĕnen | Paing 24 | 11 | 25 | |
| 13 Salasa | Pon 25 | 12 | 26 | |
| 14 Rĕbo | Wage 26 | 13 | 27 | |
| 15 Kĕmis | Kaliwon 27 | 14 | 28 | |
| 16 Djoemaah | Manis 28 | 15 | 29 | |
| 17 Saptoe | Paing 29 | 16 | **Dji-goë** 1 | |
| 18 AHAD | Pon 30 | 17 | 2 | |
| 19 Sĕnen | Wage **Rewah** 1 | 18 | 3 | |
| 20 Salasa | Kaliwon 2 | 19 | 4 | |
| 21 Rĕbo | Manis 3 | 20 | 5 | |
| 22 Kĕmis | Paing 4 | 21 | 6 | |
| 23 Djoemaah | Pon 5 | 22 | 7 | |
| 24 Saptoe | Wage 6 | 23 | 8 | |
| 25 AHAD | Kaliwon 7 | 24 | 9 | |
| 26 Sĕnen | Manis 8 | 25 | 10 | |
| 27 Salasa | Paing 9 | X 1 | 11 | |
| 28 Rĕbo | Pon 10 | 2 | 12 | |
| 29 Kĕmis | Wage 11 | 3 | 13 | |
| 30 Djoemaah | Kaliwon 12 | 4 | 14 | |
| 31 Saptoe | Manis 13 | 5 | 15 | |

TJATĔTAN MAART.

196. Aja hidji menak pangkatna Pangeran,
poksang sarta tjirigih,
rĕmĕn sasaoeran,
njĕla ka damĕl Allah,
doea roepa sato leutik,
laleur djeung lantjah,
taja goena saeutik.

197. Lamoen kami bisa njieun sato hewan,
eta geus tangtoe kami,
moal njieun lantjah,
laleur mah soemawonna,
taja pedahna saeutik,
anggoer pitjeunan,
toempoerkeun oelah kari.

198. Krana hanteu pisan pedah ka manoesa,
anggoeran matak poesing,
parĕng hidji mangsa,
Pangeran moemoesoehan,
djeung hidji pangeran deui,
kadeseh prangna,
dioedag koe pradjoerit.

199. Pangeran teh loempat sakaleumpang-leumpang,
eureun handapeun kai,
koe bawaning palaj,
toeloej sarena tibra.
keur sare datang pradjoerit,
noe ngoedag tea,
moeroe handapeun kai.

200. Dieunteupan koe laleur raraj Pangeran,
toeloej Pangeran tangi,
kaget matĕk pĕdang,
pradjoerit geuwat loempat,
salamĕt tina balahi,
toeloej Pangeran,
njoempoet ka goeha sĕpi.

201. Lawang goeha toeloej diramatan lantjah,
Pangeran sapeupeuting,
hanteu sare tibra,
tina koe kasieunan,
tanwande disoesoel deui,
pradjoerit rea,
isoekna bol pradjoerit.

202. Doea moesoeh sarta pada matěk pědang,
ngomong anoe sahidji,
di dieu Pangeran,
njoempoet di djěro goeha,
nembal noe sahidji deui,
sok alangkara,
karana aja tjiri.

203. Lawang goeha ieu diramatan lantjah,
moen aja djalma mandjing,
tangtoe ramat pěgat,
rěmpoeg pradjoerit doea,
toeloej doeanana indit,
ti lawang goeha,
ngaroeroeh ěnggon deui.

204. Pangeran teh kakara roemasa salah,
njěla ka daměl Goesti,
bangět patobatna,
djeung bangět pamoedjina.
Allah sipat rahman-rahim,
koering tarima,
loepoot tina balahi.

205. Kamarina koering loepoet tina baja,
laleur noe djadi margi,
poë ieu lantjah,
ramat noetoepan goeha,
pikir koering ěnggeus jakin,
aja hikmatna,
kabeh damělan Goesti.

## APRIL.

| Tahoen Walanda 1923 | Tahoen Islam 1341 | | Pranata-mangsa tahoen 68 | | Tahoen Tjina XII | | Tjatětan |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 AHAD | Paing **Rewah** | 14 | X | 6 | **Dji-goë** | 16 | |
| 2 Sěnen | Pon | 15 | | 7 | | 17 | |
| 3 Salasa | Wage | 16 | | 8 | | 18 | |
| 4 Rěbo | Kaliwon | 17 | | 9 | | 19 | |
| 5 Kěmis | Manis | 18 | | 10 | | 20 | |
| 6 Djoemaah | Paing | 19 | | 11 | | 21 | |
| 7 Saptoe | Pon | 20 | | 12 | | 22 | |
| 8 AHAD | Wage | 21 | | 13 | | 23 | |
| 9 Sěnen | Kaliwon | 22 | | 14 | | 24 | |
| 10 Salasa | Manis | 23 | | 15 | | 25 | |
| 11 Rěbo | Paing | 24 | | 16 | | 26 | |
| 12 Kěmis | Pon | 25 | | 17 | | 27 | |
| 13 Djoemaah | Wage | 26 | | 18 | | 28 | |
| 14 Saptoe | Kaliwon | 27 | | 19 | | 29 | |
| 15 AHAD | Manis | 28 | | 20 | | 30 | |
| 16 Sěnen | Paing | 29 | | 21 | **Sa-goë** | 1 | |
| 17 Salasa | Pon **Poeasa** | 1 | | 22 | | 2 | |
| 18 Rěbo | Wage | 2 | | 23 | | 3 | |
| 19 Kěmis | Kaliwon | 3 | | 24 | | 4 | |
| 20 Djoemaah | Manis | 4 | XI | 1 | | 5 | |
| 21 Saptoe | Paing | 5 | | 2 | | 6 | |
| 22 AHAD | Pon | 6 | | 3 | | 7 | |
| 23 Sěnen | Wage | 7 | | 4 | | 8 | |
| 24 Salasa | Kaliwon | 8 | | 5 | | 9 | |
| 25 Rěbo | Manis | 9 | | 6 | | 10 | |
| 26 Kěmis | Paing | 10 | | 7 | | 11 | |
| 27 Djoemaah | Pon | 11 | | 8 | | 12 | |
| 28 Saptoe | Wage | 12 | | 9 | | 13 | |
| 29 AHAD | Kaliwon | 13 | | 10 | | 14 | |
| 30 Sěnen | Manis | 14 | | 11 | | 15 | |

TJATĔTAN APRIL.

206. Haram pisan anoe ngaroeksak binatang,
kabeh mahloek Jang Widi,
teu beunang diroeksak,
noe hanteu krana sabab,
aja oge anoe misti,
sato diroeksak,
eta meong djeung babi.

207. Oraj adjag sarta salian ti dinja,
noe sok djadi balahi,
moenggoeh ka manoesa,
sarta ka pakajana,
malah moenggoeh ratoe wadjib,
ngakalan eta,
sato² noe djoelig.

208. Anoe matak djadi karoeksakan djalma,
hade eta dibasmi,
tapi sato hewan,
noe mangpa'at ka djalma,
geus koedoe dipikaasih,
sapěrti koeda,
ěmbe domba djeung moending.

209. Ngagawekeun koeda moending sing meudjeuhna,
oelah kaliwat teuing,
koedoe kira-kira,
ngaraskeun ka awak oerang,
nadjan koeda sapi moending,
boga teu ngeunah,
koe djalma koedoe kapikir.

210. Pasal toedjoeh poeloeh gěněp katjarita,
hiroep leuwih oetami,
ngipoek kahadean,
poma masing pěrtjaja,
djaoeh deukeut ge kaboekti,
teu koe manehna,
anak-intjoe noe manggih.

211. Kitoe deui noe ngadĕdĕr kagorengan,
moal boeroeng kapanggih,
hanteu koe manehna,
djaga di anak[2],
tampa pamalĕs Jang Widi,
poma singkiran,
oelah kasmaran ati.

Asmarandana.

212. Ganti deui noe dianggit,
toedjoeh poeloeh toedjoeh pasal,
prakara noe katjarios,
saha-saha noe kawasa,
migawe kahadean,
tapi hanteu pek ditoeroet,
teu milampah kahadean.

213. Dimisilkeun koe noe nganggit,
saoepama tatangkalan,
saoemoerna kĕmbang bae,
teu daekeun djadi boeah,
hasilna teu kaala,
pasal noe katoedjoeh poeloeh
dalapan noe katjarita.

214. Tjai tjitjing hanteu palid,
bibit hanteu pek dipĕlak,
beusi dianggoerkeun bae,
djalma taja kalakoean,
eta opat prakara,
sanadjan saratoes tahoen,
moal aja djadjadina.

215. Ganti deui noe digoerit,
katoedjoeh poeloeh salapan,
lampah kadoehoeng teh hade,
tina geus roemasa salah,
tapi leuwih hadena,
anoe teu boga kadoehoeng,
tina teu milampah salah.

## MEI.

| Tahoen Walanda 1923 | Tahoen Islam 1341 | | Pranatamangsa tahoen 68 | | Tahoen Tjina XII | | Tjatětan |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 Salasa | Paing **Poeasa** | 15 | XI | 12 | **Sa-goë** | 16 | |
| 2 Rěbo | Pon | 16 | | 13 | | 17 | |
| 3 Kěmis | Wage | 17 | | 14 | | 18 | |
| 4 Djoemaah | Kaliwon | 18 | | 15 | | 19 | |
| 5 Saptoe | Manis | 19 | | 16 | | 20 | |
| 6 AHAD | Paing | 20 | | 17 | | 21 | |
| 7 Sěnen | Pon | 21 | | 18 | | 22 | |
| 8 Salasa | wage | 22 | | 19 | | 23 | |
| 9 Rěbo | Kaliwon | 23 | | 20 | | 24 | |
| 10 Kěmis | Manis | 24 | | 21 | | 25 | |
| 11 Djoemaah | Paing | 25 | | 22 | | 26 | |
| 12 Saptoe | Pon | 26 | | 23 | | 27 | |
| 13 AHAD | Wage | 27 | XII | 1 | | 28 | |
| 14 Sěnen | Kaliwon | 28 | | 2 | | 29 | |
| 15 Salasa | Manis | 29 | | 3 | | 30 | |
| 16 Rěbo | Paing | 30 | | 4 | **Si-goë** | 1 | |
| 17 Kěmis | Pon **Sawal** | 1 | | 5 | | 2 | |
| 18 Djoemaah | Wage | 2 | | 6 | | 3 | |
| 19 Saptoe | Kaliwon | 3 | | 7 | | 4 | |
| 20 AHAD | Manis | 4 | | 8 | | 5 | |
| 21 Sěnen | Paing | 5 | | 9 | | 6 | |
| 22 Salasa | Pon | 6 | | 10 | | 7 | |
| 23 Rěbo | Wage | 7 | | 11 | | 8 | |
| 24 Kěmis | Kaliwon | 8 | | 12 | | 9 | |
| 25 Djoemaah | Manis | 9 | | 13 | | 10 | |
| 26 Saptoe | Paing | 10 | | 14 | | 11 | |
| 27 AHAD | Pon | 11 | | 15 | | 12 | |
| 28 Sěnen | Wage | 12 | | 16 | | 13 | |
| 29 Salasa | Kaliwon | 13 | | 17 | | 14 | |
| 30 Rěbo | Manis | 14 | | 18 | | 15 | |
| 31 Kěmis | Paing | 15 | | 19 | | 16 | |

TJATÉTAN MEI.

216. Dalapan poeloeh prakawis,
oepama rek tatanggoengan,
dina samemeh nanggoeng teh,
taktak maneh pĕtjak heula,
kabawa djeung hanteuna,
kitoe deui kabeh lakoe,
pikir memeh dipilampah.

217. Karana eta geus galib,
pakarĕpaning manoesa,
anoe tinggal madjadjna teh,
meureun djadi karoegian,
atawa kawirangan,
noe roesoeh sok tigĕdĕboeg,
noe apik hade djadina.

218. Kadalapan poeloeh hidji,
moen ditakdir djadi menak,
koedoe titen djeung toelaten,
kana kalakoean djalma,
anoe dibawah prentah,
lakoe-lampahna kasoeroep,
oelah koerang pamariksa.

219. Kahiroepan abdi²,
noe matak djadi koeatna,
kana ngalampahkeun gawe,
nja eta koedoe mariksa,
kana sawah-sawahna,
sakabeh koedoe kaoeroes,
gaga tipar palawidja.

220. Lamoen sawah koerang tjai,
koedoe ngomean solokan,
wajahna hese djeung tjape,
marentah boeboehan menak,
lamoen geus katjoekoepan,
pibĕkĕleunana hiroep,
gawekeun kana larapna.

221. Menak teh masing binangkit,
ngalarapkeun pagawean,
ana lain larapna teh,
hese pidjadieunana,
eta kieu misilna,
balioeng dipake matjoel,
patjoel dipake ngarimbas.

222. Hese tjape moal djadi,
lain pilarapeunana,
nja kitoe deui djalma ge,
masing[2] boga larap,
menak koedoe waspada,
reudjeung oelah gantjang běndoe,
koedoe geus mariksa heula.

223. Oepama ěnggeus kaboekti,
kasalahanana těrang,
timbang[2] masing hade,
moenggoeh pisiksaeunana,
timbang reudjeung salahna,
rea menak noe kadoehoeng,
njiksana koerang pariksa.

224. Di menak teh wadjib adil,
sakaliring lakoe-lampah,
ari těgěsna adil teh,
anoe běněr tětěrapna,
njiksa reudjeung ngagandjar,
hanteu ngagandjar noe loepoet,
tara njiksa noe teu salah.

225. Ka noe goreng koedoe séngit,
ka noe bageur koedoe njaah,
nja kitoe deui pangleler,
teu meunang salah soeroepna,
koedoe kana patoetna,
ari těgěsna noe patoet,
djalma noe hade gawena.

## JUNI.

| Tahoen Walanda 1923 | Tahoen Islam 1341 | | Pranata-mangsa tahoen 68 djeung 69 | Tahoen Tjina XII | Tjatětan |
|---|---|---|---|---|---|
| 1 Djoemaah | Pon **Sawal** | 16 | XII 20 | **Si-goë** 17 | |
| 2 Saptoe | Wage | 17 | 21 | 18 | |
| 3 AHAD | Kaliwon | 18 | 22 | 19 | |
| 4 Sěnen | Manis | 19 | 23 | 20 | |
| 5 Salasa | Paing | 20 | 24 | 21 | |
| 6 Rěbo | Pon | 21 | 25 | 22 | |
| 7 Kěmis | Wage | 22 | 26 | 23 | |
| 8 Djoemaah | Kaliwon | 23 | 27 | 24 | |
| 9 Saptoe | Manis | 24 | 28 | 25 | |
| 10 AHAD | Paing | 25 | 29 | 26 | |
| 11 Sěnen | Pon | 26 | 30 | 27 | |
| 12 Salasa | Wage | 27 | 31 | 28 | |
| 13 Rěbo | Kaliwon | 28 | 32 | 29 | |
| 14 Kěmis | Manis | 29 | 33 | **Go-Goë** 1 | |
| 15 Djoemaah | Paing **Hapit** | 1 | 34 | 2 | |
| 16 Saptoe | Pon | 2 | 35 | 3 | |
| 17 AHAD | Wage | 3 | 36 | 4 | |
| 18 Sěnen | Kaliwon | 4 | 37 | 5 | |
| 19 Salasa | Manis | 5 | 38 | 6 | |
| 20 Rěbo | Paing | 6 | 39 | 7 | |
| 21 Kěmis | Pon | 7 | 40 | 8 | |
| 22 Djoemaah | Wage | 8 | 41 | 9 | |
| 23 Saptoe | Kaliwon | 9 | I 1 | 10 | |
| 24 AHAD | Manis | 10 | 2 | 11 | |
| 25 Sěnen | Paing | 11 | 3 | 12 | |
| 26 Salasa | Pon | 12 | 4 | 13 | |
| 27 Rěbo | Wage | 13 | 5 | 14 | |
| 28 Kěmis | Kaliwon | 14 | 6 | 15 | |
| 29 Djoemaah | Manis | 15 | 7 | 16 | |
| 30 Saptoe | Paing | 16 | 8 | 17 | |

TJATETAN JUNI.

226. Ngaleler ka noe mĕlĕntjing,
atawa goreng gawena,
matak djadi tjonto bae,
ka batoerna anoe rea,
seug meureun ditoeroetan,
anoe bageur djadi boeroeng,
kieu pipikiranana.

227. Leuwih hade noe mĕlĕntjing,
boektina tampa pasihan,
noe hade hanteu dileler,
noe matak ngagandjar eta,
koedoe karana sabab,
soepaja djadi pitoedoeh,
noedoehkeun hade gawena.

228. Reudjeung lamoen abdi$^{2}$,
noe milampah kasalahan,
sakalimah woeroek bae,
kadoea kalina siksa,
kadar timbanganana,
milampah djangkĕp katiloe,
keunakeun dĕngda siasat.

229. Dosa salian ti maling,
noe koedoe kitoe pĕtana,
ari noe maling mah sanes,
sakali ge mandjing siksa,
teu meunang ngahampoera,
tĕrapkeun papagen hoekoem,
geus pada boga anggĕran.

230. Reudjeung deui basa adil,
hanteu ningal pasanakan,
sanadjan koelawarga ge,
ana geus milampah salah,
koedoe tĕrapan siksa,
djeung deui moenggoeh noe agoeng,
koedoe pĕrjatna nja manah.

231. Lamoen aja koering²,
noe ngahatoerkeun batoerna,
mioendjoek lampahna goreng,
eta oelah gantjang-gantjang,
dimanah pihatoerna,
bisina hatoer wawadoel,
ngarah tjilaka batoerna.

232. Tatapi wadjib di goesti,
nitik katĕranganana,
noe dipihatoer tadi teh,
lamoen geus tetela salah,
kakara rek dimanah,
lamoen teu pisan digoegoe,
bisi ĕnja pioendjoekna.

233. Lamoen geus kaboekti djoelig,
sok ngagorengkeun batoerna,
koedoe bae dipikapok,
lamoen hanteu dikapokan,
djadi katoetoemanan,
lila-lila djadi ratjoen,
ngabinasakeun djoeragan.

234. Menak koedoe lantip soerti,
lantip awas mamanahan,
soerti oeninga pasĕmon,
pikarĕpeun djalma-djalma,
anoe dibawah prentah,
djeung deui wadjib noe agoeng,
ngadamĕl keur sotja-sotja.

235. Noe baris nitenan abdi,
kapala dibawah prentah,
bisina aja noe goreng,
nganiaja ka tjatjahna,
lamoen hanteu kariksa,
toengtoengna lĕmboer teh soewoeng,
gorengna kaloenta-loenta.

## JULI.

| Tahoen Walanda 1923 | Tahoen Islam 1341 | | Pranata-mangsa tahoen 69 | | Tahoen Tjina XII | | Tjatětan |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 AHAD | Pon **Hapit** | 17 | I | 9 | **Go-goë** | 18 | |
| 2 Sěnen | Wage | 18 | | 10 | | 19 | |
| 3 Salasa | Kaliwon | 19 | | 11 | | 20 | |
| 4 Rěbo | Manis | 20 | | 12 | | 21 | |
| 5 Kěmis | Paing | 21 | | 13 | | 22 | |
| 6 Djoemaah | Pon | 22 | | 14 | | 23 | |
| 7 Saptoe | Wage | 23 | | 15 | | 24 | |
| 8 AHAD | Kaliwon | 24 | | 16 | | 25 | |
| 9 Sěnen | Manis | 25 | | 17 | | 26 | |
| 10 Salasa | Paing | 26 | | 18 | | 27 | |
| 11 Rěbo | Pon | 27 | | 19 | | 28 | |
| 12 Kěmis | Wage | 28 | | 20 | | 29 | |
| 13 Djoemaah | Kaliwon | 29 | | 21 | | 30 | |
| 14 Saptoe | Manis | 30 | | 22 | **Sak-goë** | 1 | |
| 15 AHAD | Paing **Hadji** | 1 | | 23 | | 2 | |
| 16 Sěnen | Pon | 2 | | 24 | | 3 | |
| 17 Salasa | Wage | 3 | | 25 | | 4 | |
| 18 Rěbo | Kaliwon | 4 | | 26 | | 5 | |
| 19 Kěmis | Manis | 5 | | 27 | | 6 | |
| 20 Djoemaah | Paing | 6 | | 28 | | 7 | |
| 21 Saptoe | Pon | 7 | | 29 | | 8 | |
| 22 AHAD | Wage | 8 | | 30 | | 9 | |
| 23 Sěnen | Kaliwon | 9 | | 31 | | 10 | |
| 24 Salasa | Manis | 10 | | 32 | | 11 | |
| 25 Rěbo | Paing | 11 | | 33 | | 12 | |
| 26 Kěmis | Pon | 12 | | 34 | | 13 | |
| 27 Djoemaah | Wage | 13 | | 35 | | 14 | |
| 28 Saptoe | Kaliwon | 14 | | 36 | | 15 | |
| 29 AHAD | Manis | 15 | | 37 | | 16 | |
| 30 Sěnen | Paing | 16 | | 38 | | 17 | |
| 31 Salasa | Pon | 17 | | 39 | | 18 | |

## TJATETAN JULI.

236. Tjatjah² gĕring ati,
roedjat-radjet pilĕmboeran,
eta kitoe pĕtana teh,
ari toengtoengna gorengna,
keuna oge ka menak,
disĕboetkeun koerang oeroes,
pepeling menak nonoman.

Sinom.

237. Eta ĕnggeus tĕrang pisan,
di kitab tadjoesalatin,
menak anoe kawadjiban,
mariksa lampahing abdi,
djaga bakal diloris,
koe Goesti Noe Maha Agoeng,
lampah sakabeh djalma,
dipariksa hidji²,
lamoen aja djalma noe dikaniaja.

238. Tangtoe dipariksa sabab,
koe Goesti Raboel Alamin,
hanteu meunang teu oeninga,
kabeh kalakoean abdi,
moenggoehing di bopati,
gĕde-leutik oge ratoe,
ngaratoean abdina,
djadi wawakil Jang Widi,
di lahir ge geus tangtoe meunang pariksa.

239. Kangdjĕng Goepĕrnĕmen tea,
anoe mariksa di lahir,
lahir batin hanteu beda,
aja noe bakal ngaloris,
doeanana ge wadjib,
koe menak koedoe diwangsoel,
sarta noe tĕroes tĕrang,
mana wadjib di bopati,
koedoe njimpĕn sotja-sotja noe sampoerna.

240. Noe didamĕl sotja-sotja,
koedoe djalma beunang milih,
noe ĕnggeus rĕmĕn katjoba,
saomong-omongna sidik,
tatjan kapanggih kidib,
lamoen palsoe matak adjoer,
koedoe disoempah heula,
bisina pikirna pidik,
pangarahna soepaja djadi baroentak.

241. Djeung deui moenggoeh di menak,
koedoe soekoer ka Jang Widi,
reh geus ditakdirkeun moelja,
koe Goesti noe sipat rahim,
soepaja langgĕng moekti,
di doenja pandjang rahajoe,
djeung rahmat di aherat,
kamoeljaan anoe leuwih,
anoe langgĕng taja panoengtoenganana.

242. Kahadean kagorengan,
lakoe-lampah abdi[2],
ka ratoena tangtoe datang,
di aheratna kapanggih,
noe matak oelah taksir,
noe ditakdir djadi ratoe,
djeung deui ĕnggeus kotjap,
di kitab tadjoesalatin,
saoepama ratoe moekakeun lawangna.

243. Toenggoe noe rek ngadeuheusan,
eta gandjaranna leuwih,
langkoeng tina salat soenat,
nampi hatoer abdi[2],
eta di ratoe wadjib,
ngadangoe kabeh pioendjoek,
ngoeroeskeun wilajatna,
lamoen kitoe toeloej moekti,
meunang rahmat di doenja djeung di aherat.

# AUGUSTUS.

| Tahoen Walanda 1923 | Tahoen Islam 1341-1342 | Pranata-mangsa tahoen 69 | Tahoen Tjina XII | Tjatětan |
|---|---|---|---|---|
| 1 Rěbo | Wage **Hadji** 18 | I 40 | **Lak-goë** 19 | |
| 2 Kěmis | Kaliwon 19 | 41 | 20 | |
| 3 Djoemaah | Manis 20 | II 1 | 21 | |
| 4 Saptoe | Paing 21 | 2 | 22 | |
| 5 AHAD | Pon 22 | 3 | 23 | |
| 6 **Sěnen** | Wage 23 | 4 | 24 | |
| 7 Salasa | Kaliwon 24 | 5 | 25 | |
| 8 Rěbo | Manis 25 | 6 | 26 | |
| 9 Kěmis | Paing 26 | 7 | 27 | |
| 10 Djoemaah | Pon 27 | 8 | 28 | |
| 11 Saptoe | Wage 28 | 9 | 29 | |
| 12 AHAD | Kaliwon 29 | 10 | **Tjiet-goë** 1 | |
| 13 Sěnen | Manis 30 | 11 | 2 | |
| 14 Salasa | Paing **Moe-** 1 | 12 | 3 | |
| 15 Rěbo | Pon **haram** 2 | 13 | 4 | |
| 16 Kěmis | Wage 3 | 14 | 5 | |
| 17 Djoemaah | Kaliwon 4 | 15 | 6 | |
| 18 Saptoe | Manis 5 | 16 | 7 | |
| 19 AHAD | Paing 6 | 17 | 8 | |
| 20 Sěnen | Pon 7 | 18 | 9 | |
| 21 Salasa | Wage 8 | 19 | 10 | |
| 22 Rěbo | Kaliwon 9 | 20 | 11 | |
| 23 Kěmis | Manis 10 | 21 | 12 | |
| 24 Djoemaah | Paing 11 | 22 | 13 | |
| 25 Saptoe | Pon 12 | 23 | 14 | |
| 26 AHAD | Wage 13 | III 1 | 15 | |
| 27 Sěnen | Kaliwon 14 | 2 | 16 | |
| 28 Salasa | Manis 15 | 3 | 17 | |
| 29 Rěbo | Paing 16 | 4 | 18 | |
| 30 Kěmis | Pon 17 | 5 | 19 | |
| 31 Djoemaah | Wage 18 | 6 | 20 | |

## TJATETAN AUGUSTUS.

244. Kadalapan poeloeh doea,
prakara anoe digoerit,
tataning noe koemawoela,
bakoena sing hade ati,
nja soemoengkĕn ka goesti,
oelah rek koekoeh salingkoeh,
sarta oelah rek tjoerang,
moen dipĕrtjaja koe goesti,
anoe tjoerang geus tangtoe meunang wiwirang.

245. Sanadjan pindah ngawoela,
moal dipĕrtjaja deui,
lamoen tjoerang geus katangar,
tangtoe djadi moerah diri,
taja adji sadoeit,
soemawon lamoen sabaroe,
mana ari ngawoela,
hade lampah brĕsih ati,
koedoe bae ingĕtkeun opat prakara.

246. Mapan aja paribasa,
sakoenang-koenanging gĕni,
sadom araning baradja,
sakĕtjap timbalan goesti,
djangkĕp opat prakawis,
sakepeng artaning ratoe,
eta tjatjandran Djawa,
keur pepeling ka noe ngabdi,
nadjan leutik matak toetoeng seuneu eta.

247. Sagĕde djaroem pakarang,
tangtoe matak raheut diri,
sakĕtjap timbalan menak,
dipoengpang djadi balahi,
sadoeit arta goesti,
moen tjoerang diboeang djaoeh,
bidjil ti Poelo Djawa,
boekti mantri goedang kopi,
rea pisan diboeang ka tanah lian.



Marhoem, P. Jm. Toean Dr. J. L. A. BRANDES
seorang pandai 'ilmoe koeno (Oudheidkunde) jang amat mashoer.

## SEPTEMBER.

| Tahoen Walanda 1923 | Tahoen Islam 1342 | | Pranata-mangsa tahoen 69 | | Tahoen Tjina XII | | Tjatĕtan |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 Saptoe | Kaliwon **Moeharam** | 19 | III | 7 | **Tjiet-goë** | 21 | |
| 2 AHAD | Manis | 20 | | 8 | | 22 | |
| 3 Sĕnen | Paing | 21 | | 9 | | 23 | |
| 4 Salasa | Pon | 22 | | 10 | | 24 | |
| 5 Rĕbo | Wage | 23 | | 11 | | 25 | |
| 6 Kĕmis | Kaliwon | 24 | | 12 | | 26 | |
| 7 Djoemaah | Manis | 25 | | 13 | | 27 | |
| 8 Saptoe | Paing | 26 | | 14 | | 28 | |
| 9 AHAD | Pon | 27 | | 15 | | 29 | |
| 10 Sĕnen | Wage | 28 | | 16 | | 30 | |
| 11 Salasa | Kaliwon | 29 | | 17 | **Peh-goë** | 1 | |
| 12 Rĕbo | Manis | 30 | | 18 | | 2 | |
| 13 Kĕmis | Paing **Sapar** | 1 | | 19 | | 3 | |
| 14 Djoemaah | Pon | 2 | | 20 | | 4 | |
| 15 Saptoe | Wage | 3 | | 21 | | 5 | |
| 16 AHAD | Kaliwon | 4 | | 22 | | 6 | |
| 17 Sĕnen | Manis | 5 | | 23 | | 7 | |
| 18 Salasa | Paing | 6 | | 24 | | 8 | |
| 19 Rĕbo | Pon | 7 | IV | 1 | | 9 | |
| 20 Kĕmis | Wage | 8 | | 2 | | 10 | |
| 21 Djoemaah | Kaliwon | 9 | | 3 | | 11 | |
| 22 Saptoe | Manis | 10 | | 4 | | 12 | |
| 23 AHAD | Paing | 11 | | 5 | | 13 | |
| 24 Sĕnen | Pon | 12 | | 6 | | 14 | |
| 25 Salasa | Wage | 13 | | 7 | | 15 | |
| 26 Rĕbo | Kaliwon | 14 | | 8 | | 16 | |
| 27 Kĕmis | Manis | 15 | | 9 | | 17 | |
| 28 Djoemaah | Paing | 16 | | 10 | | 18 | |
| 29 Saptoe | Pon | 17 | | 11 | | 19 | |
| 30 AHAD | Wage | 18 | | 12 | | 20 | |

# TJATĔTAN SEPTEMBER.

248. Papagon noe koemawoela,
koedoe prajatna praniti,
prajatna tĕgĕsna haphap,
noe sok ngeundeuk[2] kai,
pratjekana praniti,
nja eta tĕgĕsna rinjoeh,
ari watĕkna haphap,
hanteu tinggal ati-ati,
kai gĕde digĕdagkeun bisi reuntas.

249. Nja kitoe noe koemawoela,
koedoe gĕde tĕmah wadi,
leumpang salengkah dikira,
omong sakĕtjap dianggit,
oelah kalangsoe teuing,
ari pĕrwatĕkna rinjoeh,
roemaksa ka goestina,
manoesa mah leuwih wadjib,
ngaraksana moenggoeh ka kĕrsa goestina.

250. Djeung deui noe koemawoela,
koedoe make watĕk gĕmi,
gĕmi sireum pĕrtjekana,
watĕkna sireum teh asih,
kahakanan saeutik,
dibawa keur ngirim batoer,
rapih djeung babatoeran,
koedoe kitoe anoe ngabdi,
reudjeung batoer rĕdjĕki saeutik sewang.

251. Soemawonna lakoe-lampah,
koedoe pisan djadi hidji,
reudjeung batoer koemawoela,
sapapait-samamanis,
oelah pabentar pikir,
ka goesti pada soemoedjoed,
djeung koedoe pada njaah,
tjara ka bapa ka aki,
koedoe sieun sing tjara koe singa galak.

# OCTOBER.

| Tahoen Walanda 1923 | | Tahoen Islam 1342 | | | Pranata-mangsa tahoen 69 | | Tahoen Tjina XII | | Tjatĕtan |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 | Sĕnen | Kaliwon | **Sa-** | 19 | IV | 13 | **Peh-goĕ** | 21 | |
| 2 | Salasa | Manis | **par** | 20 | | 14 | | 22 | |
| 3 | Rĕbo | Paing | | 21 | | 15 | | 23 | |
| 4 | Kĕmis | Pon | | 22 | | 16 | | 24 | |
| 5 | Djoemaah | Wage | | 23 | | 17 | | 25 | |
| 6 | Saptoe | Kaliwon | | 24 | | 18 | | 26 | |
| 7 | AHAD | Manis | | 25 | | 19 | | 27 | |
| 8 | Sĕnen | Paing | | 26 | | 20 | | 28 | |
| 9 | Salasa | Pon | | 27 | | 21 | | 29 | |
| 10 | Rĕbo | Wage | | 28 | | 22 | **Kao-goĕ** | 1 | |
| 11 | Kĕmis | Kaliwon | | 29 | | 23 | | 2 | |
| 12 | Djoemaah | Manis | **Moeloed** | 1 | | 24 | | 3 | |
| 13 | Saptoe | Paing | | 2 | | 25 | | 4 | |
| 14 | AHAD | Pon | | 3 | V | 1 | | 5 | |
| 15 | Sĕnen | Wage | | 4 | | 2 | | 6 | |
| 16 | Salasa | Kaliwon | | 5 | | 3 | | 7 | |
| 17 | Rĕbo | Manis | | 6 | | 4 | | 8 | |
| 18 | Kĕmis | Paing | | 7 | | 5 | | 9 | |
| 19 | Djoemaah | Pon | | 8 | | 6 | | 10 | |
| 20 | Saptoe | Wage | | 9 | | 7 | | 11 | |
| 21 | AHAD | Kaliwon | | 10 | | 8 | | 12 | |
| 22 | Sĕnen | Manis | | 11 | | 9 | | 13 | |
| 23 | Salasa | Paing | | 12 | | 10 | | 14 | |
| 24 | Rĕbo | Pon | | 13 | | 11 | | 15 | |
| 25 | Kĕmis | Wage | | 14 | | 12 | | 16 | |
| 26 | Djoemaah | Kaliwon | | 15 | | 13 | | 17 | |
| 27 | Saptoe | Manis | | 16 | | 14 | | 18 | |
| 28 | AHAD | Paing | | 17 | | 15 | | 19 | |
| 29 | Sĕnen | Pon | | 18 | | 16 | | 20 | |
| 30 | Salasa | Wage | | 19 | | 17 | | 21 | |
| 31 | Rĕbo | Kaliwon | | 20 | | 18 | | 22 | |

## TJATĖTAN OCTOBER.

252. Anoe matak koedoe njaah,
tjara ka bapa ka aki,
hemanna pangawoelaan,
jasa ngamoeljakeun diri,
ari goesti keur bĕntji,
niwaskeun badan sakoedjoer,
rea anoe diboeang,
lantaran bĕbĕndon goesti,
dipisahkeun reudjeung anak-bodjo oerang.

253. Hese moenggoeh noe ngawoela,
rea gogoda ka diri,
lantaran anoe geus loembrah,
rea noe meunang balahi,
ti awewe djeung doeit,
minangka boerang djeung tjoebloek,
sok mĕnding oge arta,
awewe noe leuwih djoelig,
ngagodana ngimoetan geus tangtoe beunang.

254. Nadjan ngalampahkeun roetjah,
montong ka noe djĕro kikis,
dosana mah hanteu beda,
ngan aja mĕnding saeutik,
siksa woengkoel di batin,
teu tjara ti kikis kampoeh,
di doenja di aherat,
teu salamĕt lahir-batin,
oetamana lampah roetjah disingkahan.

255. Moen ngawoela dipĕrtjaja,
diangkat kapala distrik,
koedoe diniatan tapa,
lĕntah-lĕnteh kĕntel peudjit,
wajahna tjape pikir,
ngoeroes kalakoean batoer,
masing ingĕt prajatna,
ngadjaga diri pribadi,
rea pisan gogoda djadi wadana.

256. Oelah pisan rek kabita,
koe babandaan noe leutik,
eta sok djadi baroeang,
ngabinasakeun ka diri,
wajahna lila miskin,
soepaja pandjang rahajoe,
tětěp djadi wadana,
dianggo wawakil goesti,
nganjahokeun pagawean tjatjah2.

257. Reudjeung kahiroepanana,
koedoe dioeroes dipikir,
oepama oesoem sasawah,
koedoe marentah sing kěsit,
soepaja anoe leutik,
hiroep hanteu koerang njatoe,
toeloej gawekeun pisan,
kana gawe kěbon kopi,
pilěmboeran koedoe diatoer ditata.

258. Djadi kahadean awak,
ngadjoengdjoeng ka pangkon goesti,
kawěntarkeun ka tatangga,
disěboet pintěr djeung radjin,
ana parěng djeung takdir,
meunang pěrsen ti noe agoeng,
atawa meunang pangkat,
lantaran těměn djeung radjin,
noe diboeang lantaran ngadjěpit tjatjah.

259. Eta pilih mana soeka,
disěngit reudjeung diasih,
mapan eta doea djalan,
lamoenna hajang diasih,
koedoe pintěr djeung radjin,
těměn wěkěl gětol ngoeroes,
tara menta ka tjatjah,
lamoenna hajang disěngit,
montong ngoeroes anggoer menta banda tjatjah.

## NOVEMBER.

| Tahoen Walanda 1923 | Tahoen Islam 1342 | | Pranatamangsa tahoen 69 | | Tahoen Tjina XII | | Tjatětan |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 Kěmis | Manis **Moe-** | 21 | V | 19 | **Kao-** | 23 | |
| 2 Djoemaah | Paing **loed** | 22 | | 20 | **goë** | 24 | |
| 3 Saptoe | Pon | 23 | | 21 | | 25 | |
| 4 AHAD | Wage | 24 | | 22 | | 26 | |
| 5 Sěnen | Kaliwon | 25 | | 23 | | 27 | |
| 6 Salasa | Manis | 26 | | 24 | | 28 | |
| 7 Rěbo | Paing | 27 | | 25 | | 29 | |
| 8 Kěmis | Pon | 28 | | 26 | **Tsap-** | 1 | |
| 9 Djoemaah | Wage | 29 | | 27 | **goë** | 2 | |
| 10 Saptoe | Kaliwon | 30 | VI | 1 | | 3 | |
| 11 AHAD | Manis **Silih-** | 1 | | 2 | | 4 | |
| 12 Sěnen | Paing **Moe-** | 2 | | 3 | | 5 | |
| 13 Salasa | Pon **loed** | 3 | | 4 | | 6 | |
| 14 Rěbo | Wage | 4 | | 5 | | 7 | |
| 15 Kěmis | Kaliwon | 5 | | 6 | | 8 | |
| 16 Djoemaah | Manis | 6 | | 7 | | 9 | |
| 17 Saptoe | Paing | 7 | | 8 | | 10 | |
| 18 AHAD | Pon | 8 | | 9 | | 11 | |
| 19 Sěnen | Wage | 9 | | 10 | | 12 | |
| 20 Salasa | Kaliwon | 10 | | 11 | | 13 | |
| 21 Rěbo | Manis | 11 | | 12 | | 14 | |
| 22 Kěmis | Paing | 12 | | 13 | | 15 | |
| 23 Djoemaah | Pon | 13 | | 14 | | 16 | |
| 24 Saptoe | Wage | 14 | | 15 | | 17 | |
| 25 AHAD | Kaliwon | 15 | | 16 | | 18 | |
| 26 Sěnen | Manis | 16 | | 17 | | 19 | |
| 27 Salasa | Paing | 17 | | 18 | | 20 | |
| 28 Rěbo | Pon | 18 | | 19 | | 21 | |
| 29 Kěmis | Wage | 19 | | 20 | | 22 | |
| 30 Djoemaah | Kaliwon | 20 | | 21 | | 23 | |

# TJATĔTAN NOVEMBER.

260. Reudjeung deui noe ngawoela,
koedoe ngadji tata-titi,
sarta koedoe dipilampah,
ari keur marĕk ka goesti,
toengkoel pasangkeun tjeuli,
dengekeun dawoeh noe agoeng,
nista noe koemawoela,
dawoeh menak teu kakoeping,
djadi tanda taledor koerang srĕgĕpna.

261. Lamoen menak keur mariksa,
lain ka maneh pribadi,
eta poma-poma pisan,
maneh oelah wani-wani,
ñgawalonan ka goesti,
djadi eta lamoen kitoe,
maneh boga roemasa,
hanteu deungeun njaho aing,
diimoetan koe djalma noe bidjaksana.

262. Lamoen maneh dipariksa,
koedoe ngawalon ka goesti,
koemaha pamariksana,
oelah kareaan teuing,
keur dipajoenan linggih,
oelah ngomong reudjeung batoer,
anging moen dipiwarang,
rame[2] tamba sĕpi,
kitoe oge oelah tinggal ti oeroesan.

263. Tĕmah-wadi tatakrama,
hanteu meunang tinggal kari,
eta parabot manoesa,
sanadjan moenggoeh di beurit,
ana awoentah teuing,
tereh asoep kana tjoebloek,
kitoe deui di djalma,
ana kaliwatan teuing,
menak bĕndoe magatroe djeung kantja[2].

264. Sĕmpal goejon ari di pajoeneun ratoe,
oelah kaliwat teuing,
bisina nĕboek koekoemboeng,
naradjang kasĕngit goesti,
keur soeka-soeka kabĕndon.

265. Reudjeung oelah haharewosan djeung batoer,
keur dipajoenan linggih,
bisi dimanah koe ratoe,
njĕla kalakoean goesti,
dimanah goreng sailon.

266. *Soemawonna lamoen di pajoeneun ratoe,*
roehak-reuhak djeung njingsring,
eta mah geus poegoeh ratoe,
sanadjan batoer ge idjid,
los oendoer montong ngadjĕdog.

267. Naon-naon noe dipisaoer koe ratoe
oerang teh koedoe ngiring,
oelah sedjen noe ditjatoer,
nadjan teu saroe djeung ati,
koedoe bae sapagodos.

268. Ngadeuheusan oelah rek soempoet salindoeng,
koedoe bae sapagodos,
lamoen maneh keur diwoeroek,
rĕgĕpkeun piwoeroek goesti,
*masing ingĕt oelah poho.*

269. Lamoen goesti keur bĕndoe ka batoer-,
oerang teh koedoe adjrih,
oelah roemasa ka batoer,
sasat ka oerang pribadi,
pikir koedoe tamparaos.

270. Lamoen maneh keur dipiwarang koe ratoe,
ati koedoe prihatin,
bisi piwarangan loepoet,
*teu bisa njoekakeun goesti,*
sasat maneh meunang tjerong.

## DECEMBER.

| Tahoen Walanda 1923 | Tahoen Islam 1342 | Pranatamangsa tahoen 69 | Tahoen Tjina XII | Tjatětan |
|---|---|---|---|---|
| 1 Saptoe | Manis **Silih** 21 | VI 22 | **Tsap-goë** 24 | |
| 2 AHAD | Paing **Moe-** 22 | 23 | 25 | |
| 3 Sěnen | Pon **loed** 23 | 24 | 26 | |
| 4 Salasa | Wage 24 | 25 | 27 | |
| 5 Rěbo | Kaliwon 25 | 26 | 28 | |
| 6 Kěmis | Manis 26 | 27 | 29 | |
| 7 Djoemaah | Paing 27 | 28 | 30 | |
| 8 Saptoe | Pon 28 | 29 | **Tsap-it-** 1 | |
| 9 AHAD | Wage 29 | 30 | **goë** 2 | |
| 10 Sěnen | Kaliwon **Djoe-** 1 | 31 | 3 | |
| 11 Salasa | Manis **madil** 2 | 32 | 4 | |
| 12 Rěbo | Paing **awal** 3 | 33 | 5 | |
| 13 Kěmis | Pon 4 | 34 | 6 | |
| 14 Djoemaah | Wage 5 | 35 | 7 | |
| 15 Saptoe | Kaliwon 6 | 36 | 8 | |
| 16 AHAD | Manis 7 | 37 | 9 | |
| 17 Sěnen | Paing 8 | 38 | 10 | |
| 18 Salasa | Pon 9 | 39 | 11 | |
| 19 Rěbo | Wage 10 | 40 | 12 | |
| 20 Kěmis | Kaliwon 11 | 41 | 13 | |
| 21 Djoemaah | Manis 12 | 42 | 14 | |
| 22 Saptoe | Paing 13 | 43 | 15 | |
| 23 AHAD | Pon 14 | VII 1 | 16 | |
| 24 Sěnen | Wage 15 | 2 | 17 | |
| 25 Salasa | Kaliwon 16 | 3 | 18 | |
| 26 Rěbo | Manis 17 | 4 | 19 | |
| 27 Kěmis | Paing 18 | 5 | 20 | |
| 28 Djoemaah | Pon 19 | 6 | 21 | |
| 29 Saptoe | Wage 20 | 7 | 22 | |
| 30 AHAD | Kaliwon 21 | 8 | 23 | |
| 31 Sěnen | Manis 22 | 9 | 24 | |

TJATÉTAN DECEMBER.

271. Koedoe adjrih lamoen dipiwarang loepoet,
oelah mantjangah teuing,
bisi diimoetan batoer,
komo teuing lamoen hasil,
tambah mantjangah pasĕmon.

272. Lamoen maneh digawe timbalan ratoe,
oelah disambil-sambil,
pek pigawe masing djoedjoer,
soepaja tereh ngadjadi,
oelah neangan bĕbĕndon.

273. Aja oge kamasan noe hanteu kitoe,
atawa ki maranggi,
nja eta anoe rahajoe,
tĕtĕp diasih koe goesti,
ditoeroenan oenggal Rĕbo.

274. Kabeh gawe noe dipiwarang koe ratoe,
oelah disambil-sambil,
koedoe djongdjon sarta djoedjoer,
toenda karĕpna pribadi,
lali pati tegang bodjo.

275. Koedoe rĕmĕn ngadeuheusan ka noe agoeng,
tanda asih ka goesti,
montong ngadago panjaoer,
ngadjaga timbalan goesti,
koedoe boga pikir sono.

276. Reudjeung koedoe oelah arajad-oeroejoed,
koedoe dangdan sakali,
dikoetang reudjeung disaboek,
ditjalana njoren kĕris,
ikĕt oelah kĕbo modol.

277. Lalawora diikĕt tarang katoetoep,
siga noe hanteu adjrih,
djeung ari ĕnggeus gek dioek,
toengkoel mando oelat isin,
oelah mantjagag-montjogog.

278. Papakean koedoe noe pantĕs noe patoet,
koedoe beres bĕrĕsih,
oelah make noe bĕlĕwoek,
tanda teu hormat ka goesti,
tapi oelah olo-olo.

279. Pipidangan lain waktoena noe patoet,
oelah tinggal paranti,
mapan pada boga waktoe,
oesoem midang reudjeung lain,
masing-masing boga ĕnggon.

280. Papakean koedoe patoet sarta soeroep,
nimbal ka loenggoeh diri,
aja handap aja loehoer,
masing bisa ngoekoer diri,
peupeurih ari geus maot.

281. Ĕnggeus maot majit dieekoer koe batoer,
awak diboelak-balik,
geuna-geuna eukeur hiroep,
sing bisa mapantĕs diri,
mĕrnahkeun diri djeung ĕnggon.

282. Ngadeuheusan oelat boedi oelah mĕsoem,
kawas boga panjakit,
soemawon lamoen dipoepoek,
dioebar tjara noe gĕring,
koe soerti siga pasĕmon.

283. Sĕmoe sieun dipiwarang koe noe agoeng,
moen ĕnja maneh gĕring.
anggoer waktja ka panjaoer,
tinimbang djeung mĕsoem boedi,
kinanti anoe ngagĕntos.

Kinanti.

284. Lamoen disaoer koe ratoe,
koedoe geuwat-geuwat indit,
oelah sok singsing disĕlang,

## 3. DINTENAN DIBABARKEUNANA RADJA-RADJA DJEUNG PANGAGOENG.

| | | |
|---|---|---|
| 31. Augustus | 1880. | Sri Baginda Maharadja WILHELMINA. |
| 19. April | 1876. | Z. K. H. Prins HENDRIK, tjaroge Sri Baginda Maharadja WILHELMINA. |
| 30. April | 1909. | H. K. H. Prinses JULIANA, LOUISE, EMMA, MARIA, WILHELMINA, poetra (istri) Sri Baginda Maharadja. |
| 2. Augustus | 1858. | H. M. Adelheid EMMA, WILHELMINA, THERESIA, Iboe Sri Baginda Maharadja. |

---

## 4. HARI BĔSAR.

### I. BANGSA NASARANI.

| | |
|---|---|
| Tahoen-baroe | 1 Jnuari. |
| Goede Vrijdag (Wapatna K. N. Isa) | 30 Maart. |
| Paschen (Goegahna K. N. Isa tina koeboeran) | 1—2 April. |
| Hemelvaartsdag (Mi'radna K. N. Isa) | 10 Mei. |
| Pinksteren (Toeroenna Roh 'Oelkoedoes) | 20—21 Mei. |
| Kerstmis (Dibabarkeunana K. N. Isa) | 25—26 December |

### II. BANGSA ISLAM.

| | | |
|---|---|---|
| Mi'radna K. N. Moehamad | 27 Redjab | 15 Maart. |
| Mimiti Poeasa | 1 Poeasa | 17 April. |
| Lĕbaran | 1 Sawal | 17 Mei. |
| Lĕbaran-hadji | 10 Hadji | 24 Juli. |
| Asoera | 10 Moeharam | 23 Augustus. |
| Moeloed | 12 Moeloed | 23 October. |

### III. BANGSA TJINA.

| | | |
|---|---|---|
| Tahoen-baroe | 15 Tsap-it-goë | 1 Januari. |
| Pasar malĕm | 28—29 Tsap-dji-goë | 13—14 Februari. |
| Tahoen-baroe (heubeul) | 1 Tsap-goë | 16 Februari. |
| Tjap-Gomeh | 15 Tsap-goë | 2 Maart. |

| | | |
|---|---|---|
| Wapatna Sang Boediman K. H. T. .................... | 18 Dji-goë | 3 April. |
| Tjeng Beng .................. | 21 Dji-goë | 6 April. |
| Pek-Tjoen .................... | 5 Go-goë | 18 Juni. |
| Tjioko ........................ | 15 Tjiët-goë | 26 Augustus. |
| Dibabarkeunana Sang Boediman K. H. T. ......... | 27 Peh-goë | 7 October. |
| Tang-Tjeh ..................... | 16 Tsap-it-goë | 23 December. |

## 5. SAMAGAHA.

Samagaha panonpoë djeung samagaha boelan dina taoen 1923, anoe pĕrloe dikanjahokeun koe oerang Hindia, ngan samagaha boelan dina tanggal 26 Augustus bae, kitoe oge ngan sabeulah, hĕnteu beak kabeh.

Ti poelo-poelo sawetaneun Soemba-Sĕlebĕs, ieu samagaha, katembongna samagaha kabeh; ari ti Soematra toengtoeng kaler mah sama-sakali teu katembong.

Katendjona ti Batawi:

Mimiti samagaha tanggal 26 Augustus poekoel 4 beurang leuwih 58,8 minoet.

Tĕngah-tĕngah samagaha (pangpoëkna) 26 Augustus poekoel 5 beurang leuwih 46,7 minoet.

Panganggeusan samagaha 26 Augustus poekoel 6 sore leuwih 34,5 minoet.

Bidjilna boelan tanggal 26 Augustus poekoel 5 beurang leuwih 58 minoet.

N. B. Djam anoe disĕboetan di loehoer, kabeh noeroetkeun waktoe Batawi.

## 6. PAMARENTAH.

### *a.* PAMARENTAH AGOENG.

Pamarentahan Tanah Hindia-Nederland ditjĕpĕngna koe Sri Maharadja; dĕmi anoe djadi wawakilna pikeun mĕtakeun eta kakawasaan di dieu, nja eta Kangdjĕng Tooan Bĕsar Goepĕr-

lamoen keur boga kanjĕri,
waktjakeun ka piwarangan,
tembongkeun boekti panjakit.

285. Ari ngadeuheus ka ratoe,
oelah keupat goebag-geubig,
djeung soemoreang ka toekang,
sĕmoena taja kaisin,
kĕris gilirkeun ka toekang,
kitoe noe hormat ka goesti.

286. Djeung ari marĕk ka ratoe,
oelah mawa anak leutik,
matak roeksak pahormatan,
dipajoenan kiih ngising,
djadi tjatjad ka bapana,
hanteu make tĕmah-wadi.

287. Reudjeung noe ngabdi teh koedoe,
ngiringan ka kĕrsa goesti,
naon noe eukeur kamanah,
geus koedoe bae diiring,
tapi patjoean rek tinggal,
hormat adat tatakrami.

288. Lamoen aja hidji lakoe,
noe dipilampah koe goesti,
tapi tjeuk ihtiar oerang,
sok matak meunang balai,
oerang teh koedoe oendjoekan,
dina ĕnggon anoe soeni.

289. Oelah kadenge koe batoer,
rasiahkeun masing rikip,
oendjoekkeun bakal tĕmahna,
tapi masing ati-ati,
bisi goesti salah tampa,
koedoe reudjeung tĕmah-wadi.

290. Eta moen ngawoela kitoe,
tandana njaah ka goesti,
bisi goesti meunang wirang,
soemawon meunang balahi,
oerang teh ngiring tjilaka,
tapi koedoe ati-ati.

291. Anoe matak koedoe njoempoet,
mioendjoekna di noe soeni,
lamoen keur rea djĕlĕma,
teu djadi asih ka goesti,
sasat moekakeun rasiah,
tĕmahna tjilaka diri.

292. Djeung noe ngawoela teh koedoe,
soerti ka sĕngit boepati,
waspada ka tjoea menak,
djeung deui moenggoeh noe ngabdi,
sing pageuh njimpĕn rasiah,
koentji dina djĕro ati.

293. Koedoe kabawa ka koeboer,
oelah bidjil tina biwir,
noe hiroep kasĕboet nista,
ngoearkeun rasiah goesti,
koedoe toempangkeun ka njawa,
kadjeun paeh manan bidjil.

294. Kadalapan poeloeh tiloe,
pasalna diganti deui,
hiroep teh aja toengtoengna,
nja eta ngaranna pati,
hiroep teh dimisilkeun djam,
beak pamoetĕrna tjitjing.

295. Nja eta kitoe noe hiroep,
beak tempo titis-toelis,
nja eta pati ngaranna,
wadjib koe oerang kapanggih,
nadjan sabraha lawasna,
hiroep ditoengtoengan pati.

noer-Djendral. Pangawasa Goepĕrnoer-Djendral ditataan dina Anggĕr-anggĕr Pamarentahan Hindia-Nederland, anoe koe oerang beunang dipondokkeun Anggĕr-anggĕr Pamarentahan. Eta anggĕr-anggĕr koe basa Walanda dingaranan: *Reglement op het beleid der Regeering van Nederlandsch-Indië*, anoe sok dipondokkeun djadi *Regeerings Reglement* tea, dina toelisan djeung dina boekoe koe-boekoe loembrah sok diringkĕskeun „R. R." bae. Salian ti anggĕr-anggĕr Pamarentahan aja deui sawatara oendang-oendang anoe ngawawatonan kakawasaan Goepĕrnoer-Djendral. Djeung deui Goepĕrnoer-Djendral koedoe ngestoe kana sagala timbalan Sri Maharadja tina hal roepa-roepa pĕrkara, sakoer anoe kaoeni dina introeksi anoe kasĕboet di loehoer tea atawa timbalan lianna anoe didawoehkeun ti Nagara Walanda. Sanggeusna Hindia-Nederland ditĕpoengkeun koe kawat-tĕlĕgram djeung Nagara Walanda, sagala paparentahan ti Nagara Walanda bisa gantjang ditĕpikeunana ka Hindia-Nederland; koe hal eta kamĕrdikaan Goepĕrnoer-Djendral marentahna Tanah Hindia loba katjida katjongtjajna, beda katjida djeung baheula waktoe djalanna paparentahan ngan bisa koe soerat woengkoel.

*
* *

Hal ngeeroes pangadilan di Hindia geus diwadjibkeun ka bagian pangadilan, koe sabab eta pĕrkara ngoeroesna pangadilan moal ditjaritakeun dina ieu karangan, anoe rek ditjaritakeun di dieu bab kawadjiban djeung wĕwĕnang Nagara lian ti pangadilan, nja eta: hal njieun anggĕr-anggĕr djeung pamarentahan anoe didjalankeun koe Pamarentah Hindia-Nederland.

## HAL NJIEUN ANGGĔR-ANGGĔR.

Noeroetkeun oenina artikĕl 31 R. R., anoe kawasa njieun anggĕr-anggĕr pikeun Hindia-Nederland teh, nja eta:

I. Sri Maharadja barĕmpag djeung Staten-Generaal; eta anggĕr-anggĕr ngaranna: *Wet*.
II. Sri Maharadja koe andjeun bae; dadamĕlanana ngaranna: *Firman Radja* (Koninklijk besluit).
III. Goepĕrnoer-Djendral barĕmpag djeung Raad van Indië, kekenginganana dingaranan: *Ordonansi* (ordonnantie).

Aja deui anggĕr-anggĕr, ngaranna *Kroonordonansi*, ieu ang-



P. Jmm. Toean W. FRIJLING
December 1892 (Ambtenaar voor den burgerlijken dienst).
Januari 1916 Goebernoer Selébes dan djadjahannja. Maart
1921 Lid Déwan Hindia.

296. Reudjeung deui anoe hiroep,
saoepama tjai palid,
geus tara malik ka girang,
sok madjoe bae ka hilir,
njawa oenggal poë koerang,
teu daekeun malik deui.

297. Njawa eta koedoe madjoe,
saban poë saban peuting,
noe ĕnggeus tara kasorang,
mana koedoe oelah lali,
eling-eling masing jatna,
hiroep koedoe manggih pati.

298. Nja hiroep oelah katoengkoel,
koedoe ingĕt kana pati,
saratna koedoe prajatna,
lampah hade ati bĕrsih,
imankeun ka pakon Allah,
oelah pot moedji ka Goesti.

299. Di tanggal dalapan likoer,
Pebĕrwari poë Kĕmis,
poekoel sawĕlas ti beurang,
taoen gĕnĕp poeloeh hidji,
tamatna kaoela ngarang,
ieu tĕmbang woelangkrami.

---

*Kaboengahan hiroep.*

*Doenja lain kour sangsara,*
*hiroep koedoe boengah ati,*
*geura soemangga lĕnjĕpan,*
*anoe ngeunah kana ati,*
*kana panon ge rĕsmi,*
*ari noe awet dipoendjoeng,*
*lila dipoepoestina,*
*moenggoeh dina alam lahir,*
*ngan panggawe anoe pinoeh koe kasoeka.*

*Pasawahan anoe ngaplak,*
*patamanan anoe rĕsmi,*
*kĕbon$^2$ boeboeahan,*
*siang katĕbak koe angin,*
*imah anoe rarĕsik,*
*di djĕro goentrĕng ngarioeng,*
*haneuteun istoe hegar,*
*eta kabeh parab ati,*
*ka manoesa matak djadi kaboengahan.*

*Ati sok tara boengangang,*
*lamoen hawa tjitjing djĕmpling,*
*kakara ngahoedang soeka,*
*lamoen alam ĕnggeus njaring,*
*manoek pating tjaritjit,*
*njiroean pating harioeng,*
*liar njareuseup kĕmbang,*
*djalma$^2$ soeka-seuri,*
*boedak rame, alam-doenja djadi taman.*

*Moen manoesa ĕnggeus djalma,*
*tĕgĕsna ĕnggeus patitis,*
*tatas bantas panĕmoena,*
*tangtoe waspada tingali,*
*moenggoeh hiroep di lahir,*
*lain dahar sangoe woengkoel,*
*angĕn-angĕn djeung soekma,*
*koedoe meunang parab batin,*
*ĕnja eta heloknа kabeh noe gĕlar.*

*Kĕmbang$^2$ sisi djalan,*
*anoe koe maneh djaradi,*
*ana ninggang ka mangsana,*
*mangpa'atna lir bangsa sri.*
*malah sok mindĕng leuwih,*
*kitoe deui manoek$^2$,*
*djeung boeron paleuweungan,*
*mangpa'at lir sapi moending,*
*moen ditingal koe paningal noe sanjata.*

gĕr-anggĕr hĕnteu kasĕboet dina R. R. Eta Kroonordonansi didamĕlna koe Sri Maharadja barĕmpag djeung Goepĕrnoer-Djendral. *Ari atoeran njieunna aja doea roepa, nja eta:*

1e. Goepĕrnoer-Djendral dipasihan kakawasaan pikeun nĕtĕpkeun hidji atoeran dina ordonansi anoe rarantjangna dipidamĕl koe Sri Maharadja.

Ordonansi anoe kieu sok make djoedoel: *Kĕrsa nganggo kakawasaan pasihan,*
atawa: *Kĕrsa mĕtakeun kakawasaan anoe geus dikawasakeun.*

2e. Goepĕrnoer-Djendral diwadjibkeun ngatoer hidji pĕrkara *dina ordonansi, tapi* eta *ordonansi* koedoe kasardjoekan heula koe Sri Maharadja.

Wet, Pirman Radja, Ordonansi djeung Kroonordonansi, ieu kabeh dingaranan Oendang-oendang Oemoem (Algemeene verordening). Pangna disĕboet Oendang-oendang Oemoem, lain doemeh keuna ka sa-Hindia-Nederland, sabab sakapeung aja oendang-oendang anoe ngan toemĕrap ka sakarĕsidenan bae, malah aja noe ngan ka sabagianana tina eta karĕsidenan (gewest); *ari* noe matak dingaranan Oendang-oendang Oemoem, lantaran anoe ngadamĕlna Toekang-ngadamĕl Wet anoe geus oemoem, ngatoer pĕrkara-pĕrkara anoe oemoem toemĕrap ka djĕlĕma rea. (Artikĕl 57 djeung 68a R. R.).

## ATOERANANA NGALOEARKEUN WET.

1. Goepĕrnoer-Djendral anoe kawasa ngajasa wet Hindia-Nederland anoe katiloe. Sabab wet anoe didjalankeun di Hindia-Nederland aja 3 panta, nja eta: wet, Pirman Radja djeung *Ordonansi.* (Ilikan katja 30).
2. Ngadamĕlna wet Goepĕrnoer-Djendral koedoe barĕmpag djeung Raad van Indië (artikĕl 29).
3. Goepĕrnoer-Djendral narima oge djeung wadjib oeningakana rarantjang ordonansi dadamĕlan Raad van Indië. Oepama noeroet timbangan andjeunna eta ordonansi teh hĕnteu pĕrloe, eta rarantjang ditĕroeskeun ka Minister van Koloniën (Mantri djadjahan), dibarĕngan koe katèrangan hal sabab-sababna; oepama pamanggih Minister beda djeung pamanggih Goepĕrnoer-Djendral, toeloej eta rarantjang koe

## *i.* PANINGAL PALSOE.




Kira-kirana noe maratja pěrtjaja, jen goerat ab, cd, ef, djeung gh saroea djalanna?
Geura, pek bae oekoer ka dinja.



Gěde mana ieu doea pasagi teh?




Gĕde mana sirkĕl A noe ti djĕro djeung sirkĕl B noe ti loear? Tjoba oekoer.




Pandjang mana goerat ab djeung goerat cd dina gambar No. 4?

Andjeunna dipaparin katĕtĕpan didjieun ordonansi, atawa diasoepkeun kana Pirman Radja.

4. Dina waktoe aja pĕrang atawa aja karaman, kakawasaan Goepĕrnoer-Djendral meunang disĕboetkeun taja wawangĕnanana, sapĕrti: nganggap Tanah Hindia sakoeliahna atawa sabagianana keur sadjĕro pĕrang atawa dikĕpoeng koe moesoeh (in staat van oorlog of beleg), kawasa noenda heula kakoeatanana sagala katangtoean-katangtoean wet djeung R. R. sarta kawasa ngadjabĕl kakawasaanana gĕgĕden-gĕgĕden sawatara waktoe (artikĕl 43 R. R.).

## NGADJALANKEUNANA WET.

1. Goepĕrnoer-Djendral diwadjibkeun koedoe ngadjalankeun sakabeh oendang-oendang oemoem sa-Hindia-Nederland atawa di sabagianana, nja kitoe deui di wĕwĕngkon Radja-radja Priboemi anoe ngadĕg pribadi, tapi ngan anoe meunang dipĕtakeun di dinja (artikĕl 27 R. R.).
2. Samemehna eta oendang-oendang didjalankeun, koedoe dibewarakeun heula ka djĕlĕma rea nja eta diasoepkeun kana Staatsblad Hindia-Nederland. Dĕmi didjalankeunana eta oendang-oendang, pikeun Tanah Djawa djeung Madoera 29 poë, pikeun djadjahan loear tanah Djawa djeung Madoera 99 poë, ti mimiti eta oendang-oendang dibewarakeun. Tapi eta kawĕnangan teh sok disoelajaan koe bewara disĕboetkeun dina eta oendang-oendang (artikĕl 31 R. R.).
3. Goepĕrnoer-Djendral naggoeng sakabeh pamarentahan Hindia-Nederland di pajoeneun Pamarentah-loehoer di Nagara Walanda. Pamarentah-loehoer wĕnang maparin dawoehan tina hal roepa-roepa pĕrkara. Goepĕrnoer-Djendral wadjib ngadjalankeun eta dawoehan (artikĕl 37 R. R.).
4. Goepĕrnoer-Djendral noengtoen djeung nangen ngadjalankeunana sakabeh dawoehan Sri Maharadja. Kakawasaan Goepĕrnoer-Djendral kabeh ditataan dina R. R.
5. Goepĕrnoer-Djendral djadi gĕgĕdenna balad laoet djeung darat di Hindia-Nederland. Tĕgĕsna lamoen aja pĕrloena meunang mĕtakeun sakabeh kapal pĕrang gĕde-leutik, djeung nata sakabeh balad laoet djeung darat; kawasa ngangkat, naekkeun pangkat djeung ngalĕpas opsir-opsir. Djeung wĕnang masihan pansioen noeroetkeun pangatoeran anoe



P. Jmm. Toean Mr. H. A. KINDERMANN
November 1901 Ambtenaar Pengadilan. Januari 1916 djadi 1e. Secretaris Goebernemèn. Januari 1917 Adviseur decentralisatie. April 1921 Lid Déwan Hindia.



Dina gambar No. 5, dina lĕbah pakeureutna lolongkrang bodas, katingal koe oerang aja tjĕtjĕk boelao, padahal ari saĕnjana mah teu aja.

Lamoen koe oerang kabeh geus diboektikeun, tangtoe kanjahoan palsoena paningal oerang. Koe sabab eta, kanjaho anoe datang tina paningal woengkoel, hĕnteu salawasna kanjaho anoe apsah pisan.

---

## 18. TJIOENG WANARA. 1)

*(Samboengan almĕnak tahoen 1922).*

Praboe Ratoe toeloej njĕntak, nja eta ka Lengser tea, koe sabab omonganana teu poegoeh, saoerna Praboe Ratoe barina boedi poesing, reup geuneuk, raj pias, gĕbes kadia banteng, gĕtĕm kadia matjan, ngadjĕngkang oerat tarangna sagĕde laki loeloem-

1) Handjakal kabina-bina ieu tjarita Tjioeng Wanara hĕnteu bisa tamat dina taoen ieu, lantaran teu kabagian tĕmpat.



Marhoem, P. Jm. Toean C. M. PLEYTE
seorang pandai bahasa Soenda, jang sangat besar djasanja
didalam hal 'ilmoe bahasa dan kitab Soenda.

aja padjĕg anoe didjalankeun, anoe hĕnteu kasĕboet dina Oendang-oendang Oemoem (artikĕl 58-68a R. R.).

15. Goepĕrnoer-Djendral ngoeroes soepaja padjĕg-tanah anoe geus diajakeun noeroetkeun anslah gemeente atawa anslah-desa, saheulaan koedoe tĕroes djalan.
16. Goepĕrnoer-Djendral nangen kaajaanana sakabeh kĕbon djati Goepĕrnĕmen, teu meunang didjoeal atawa dipasihkeun make atoeran sedjen ka djĕlĕma pĕrtikoelir (artikĕl 61 R. R.).
17. Goepĕrnoer-Djendral wadjib nangtajoengan hakna oerang Priboemi kana tanah (artikĕl 62 R. R.).
18. Salian ti eta Goepĕrnoer-Djendral ngatoer pangadjaran keur bangsa Europa djeung Priboemi (artikĕl 125 R. R.).

## RAAD VAN INDIË.

Anoe diwadjibkeun ngahatoeranan timbangan ka Goepĕrnoer-Djendral, nja eta Raad van Indië, anoe meunang di-Soendakeun *Rengrengan Hindia*. Eta rengrengan teu aja anoe ngĕreh; lidna aja 4, dikokolotan koe 1 Vice-President, limaanana diangkatna koe Sri Maharadja. Goepĕrnoer-Djendral moendoet timbangan ka eta rengrengan tina sagala pĕrkara oemoem sarta pĕrkara gĕde, lamoen koe andjeunna katimbang pĕrloe. Oepama Goepĕrnoer-Djendral moendoet heula timbanganana Rengrengan Hindia, eta koedoe disĕboetkeun dina Oendang-oendang.

Oepama kagalih pĕrloe, Goepĕrnoer-Djendral meunang mrĕsidenan eta rengrengan.

## ALGEMEENE SECRETARIE.

Anoe disĕboet *Algemeene Secretarie* teh, nja eta kantorna Kangdjĕng Toean Bĕsar, dikapalaanana koe *Algemeene Secretaris*. Di dinja aja pirang-pirang ambtenaar anoe didaramĕl, kabeh kabawah koe Algemeene Secretaris tea, noe kagoengan wadjib koedoe ngoeroes sakabeh ponggawana djeung diwadjibkeun koedoe ngahatoeranan katĕrangan ka Goepĕrnoer-Djendral tina hal soerat-soerat anoe datang djeung anoe didjalankeun.

## ALGEMEENE REKENKAMER.

*Algemeene Rekenkamer* ĕlidna aja 6, dikapalaan koe 1 President, kabeh diangkat djeung dilĕpasna koe Sri Maharadja. Dĕmi

kawadjibanana ngaraksa sagala kaoeetoeh Nagara, hal kaajaan doeit djeung barang-barang kagoengan Goepĕrnĕmen.

## DEPARTEMENT-DEPARTEMENT.

Pamarentahan Hindia dibagi djadi 9 golongan anoe dingaranan *departement*, nja eta:

| | | |
|---|---|---|
| 1e. | Departement | Justitie (Pangadilan). |
| 2e. | „ | Binnenlandsch-Bestuur (Pamarentahan Nagara). |
| 3e. | „ | Onderwijs en Eeredienst (Pangadjaran djeung Agama). |
| 4e. | „ | Landbouw, Nijverheid en Handel (Tatanen, Karadjinan djeung Padagangan). |
| 5e. | „ | Burgerlijke Openbare Werken (Adĕg-adĕgan Nagara). |
| 6e. | „ | Gouvernements Bedrijven (Oesaha Nagara). |
| 7e. | „ | Financiën (Doeit Nagara). |
| 8e. | „ | van Oorlog (Balad darat). |
| 9e. | „ | Marine (Balad laoet). |

## VOLKSRAAD.

*Volksraad* pi-Soendaeunana *Rengrengan Rajat*, hal pangatoeranana eta rengrengan dipapakonan dina artikĕl 132 *R.* R., sapĕrti anoe ditĕtĕpkeun koe Wet 13 December 1916. (Staatsblad Nederland No. 535), dibewarakeun dina Staatsblad Hindia-Nederland 1917 No. 114. Tapi eta papakon masih mere ombcr tĕgĕsna masih meunang didjĕmbarkeun noeroetkeun sakĕrsana Sri Maharadja, oepama kagalih pĕrjoga, kalawan ngemoetkeun kana oendakna kamadjoean oerang Hindia-Nederland

Noeroetkeun artikĕl 132 R. R., reana lid Volksraad katoet Presidentna aja 39. Anoe djadi President diangkat djeung dilĕpasna koe Sri Maharadja. Ĕlid-ĕlidna noe 19 beunang milih Gewestelijke raad djeung Gemeenteraad, noe 19 deui diangkat koe Goepĕrnoer-Djendral. Antara ĕlid-ĕlid anoe dipilih tea, anoe 10, koedoe oerang Priboemi; anoe 9 bangsa Europa djeung bangsa Asing. Dĕmi antara ĕlid-ĕlid anoe diangkat koe Goepĕrnoer-Djendral, oerang Priboemina 5 ĕlid noe 14 ĕlid: bangsa Europa djeung bangsa Asing.

pang, napsoena teu kira-kira: „Ai, batjot, Lengser, apan tetela, apan bedjana, bedja ti saha?"

„O, mangke 'Ngeran," tjeuk Si Lengser: „bobot pangajon, timbang taradjoe; bobot pangajon aja di Goesti, abdi njoehoenkeun pangadilan, noe mawi abdi hatoer bedjana: sok ras eling, djaman keur ngora, nja eta gadoeh sobat nini djeung aki pangěbonan, boga pakarang koedjang hidji. Geus kitoe koedjangna leungit, leungitna di taoen toekang, tanggal opat, boelan Radjab, poë Ahad. Tidinja Nini bingoeng, toeloej mangprocng, pedahna leungiteun koedjang, ana los ka Goenoeng Padang, di dinja nja těpoeng djeung pandita, enggalna metangankeun koedjangna noe leungit tea. Ari saoerna Pandita: „Nini, koedjang teh hěnteu leungit, ajeuna ge aja keneh dina oeroet Nini ngoendeur, ditoempangkeun dina toenggoel lame; djig bae ajeuna geura teang, mo' boeroeng kapanggih deui."

Gantjangna koe Nini teh toeloej diteang ka oeroet ngoendeur. Barang datang, běněr pisan koedjang teh aja keneh sakoemaha panoedjoeman Pandita; noe matak abdi oendjoekan, tetela bedjana."

Ari kasaoeran Ratoe: „Lamoen kitoe mah, Lengser, lain noedjoem saěnjana, pandita njanjahoanan, pandita noenoedjoemanan, dibasakeun pandita metangankeun koedjang memeh leungit; tah kitoe tjeuk aing mah."

„Noehoen satimbalan Goesti, tapi langkoeng heran koe dawoehan Goesti, naon anoe didawoehkeun metangankeun koedjang memeh leungit? Abdi mah koe hajang těrang."

„Lamoen kitoe, maneh teh bodo katjida, ari hartina kieu: saoepama diri maneh toeloej leumpang mawa koedjang, datang ka djalan toeloej maneh teh balik deui, dadakoe maneh ka aing: djoeragan, koedjang teh leungit, tapi tatjan ari tjlik mah; tah Lengser, saibarat kitoe, sainggana kitoe."

„Abdi mah heran saoer teh make ibaratna sarěng nganggo sainggana, eta siga nanahaon misaoerkeun anoe kitoe?"

„Ari, Lengser, eta mah ngan babasan bae, euweuh piroepaeunana."

Mo' tiap-tiap aja babasan, kědah aja noe dibasakeun, satiap wěroeh koedoe doemoek, waspada nja koedoe njata, kapan tjeuk piwoeroek oge hanteu hade ngalampahkeun goroh-bohong, sanadjan ngoeroeloeng saoerna, ana teu aja boekoerna, djadi nala-

Dimoeat dina Pirman-Radja 30 Maart 1917 No. 69 (Staatsblad Hindia-Nederland No. 441), dirobah koe Pirman Radja 11 October 1920 No. 59 (Staatsblad Hindia-Nederland No. 776), reana lid Volksraad didjadikeun 49. Lid anoe bari djadi President dibĕnoemna koe Sri Maharadja. Goepĕrnoer-Djendral ngabĕnoem 24 ĕlid; anoe 8 koedoe oerang Priboemi, noe 16 deui bangsa Europa djeung oerang Asing. Lid anoe 24 deui dipilih koe Gewestelijke djeung Gemeente-raad; noe 12 koedoe oerang Priboemi, 12 deui bangsa Europa djeung bangsa Asing.

Goepĕrnoer-Djendral moendoet timbangan Volksraad, oepama katimbang koe andjeunna pĕrloe. Tapi dina sababaraha pĕrkara, Goepĕrnoer-Djendral diwadjibkeun moendoet timbangan ka Volksraad.

---

## *b.* KAPALA PAMARENTAH PRIBOEMI.

| | | | |
|---|---|---|---|
| Serang. | Regent. | R.A.A. Achmad Djajadiningrat | 1910 (*) |
| | Patih. | M. Wiradidjaja | 1921 |
| Pandeglang. | Regent. | R. T. A. Karta Adiningrat | 1914 |
| | Patih. | R. Gondo Sapoetro | 1916 |
| Lĕbak. | Regent. | R. A. A. Soeria di Poetra | 1908 |
| | Patih. | Toebagoes Darmaatmadja | 1918 |
| Batawi. | Patih. | R. Mohamad Ahmad | 1918 |
| Mr. Cornelis. | Patih. | R. Soeriadi | 1917 |
| Bogor. | Patih. | R. A. Mohamad Soeradiningrat | 1916 |
| Poerwakarta. | Regent. | R. T. A. Ganda Nagara | 1911 |
| | Patih. | R. Madiad'poera | 1916 |
| Bandoeng. | Regent. | R. T. A. Wira Nata Koesoema | 1920 |
| | Patih. | R. Demang Kartamadenda | 1916 |
| Tjiandjoer. | Regent. | R. T. Soeria di Ningrat | 1920 |
| | Patih. | R. Wiradiatmadja | 1918 |
| Soekaboemi. | Regent. | R. T. Soerjanatabrata | 1921 |
| | Patih. | R. Rangga Karnabrata | ...... |
| Soemĕdang. | Regent. | R. T. Koesoemadilaga | 1919 |
| | Patih. | R. Soeriadihardja | 1921 |
| Garoet. | Regent. | R. T. Rangga Soeria Karta Legawa | 1915 |
| | Patih. | R. Wiria Atmadja | 1921 |

*) Taoen nalika didjĕnĕngkeunana.

| | | | |
|---|---|---|---|
| Tasikmalaja. | Regent. | R. A. Wira Tanoe Ningrat...... | 1913 |
| | Patih. | R. Rangga Prawirakoesoema ... | ...... |
| Tjiamis. | Regent. | R. T. A. Sastrawinata ........... | 1916 |
| | Patih. | R. Kartadipoetra ................. | 1919 |
| Tjirĕbon. | Regent. | R. M. A. Pandji Ariodinoto ... | 1920 |
| | Patih. | M. Pringgakoesoema ............ | 1913 |
| Koeningan. | Regent. | R. M. T. Soeria Tanoedibrata... | 1921 |
| | Patih. | M. Darmadji ...................... | 1917 |
| Indramajoe. | Regent. | R. T. Sosrowerdojo .............. | 1917 |
| | Patih. | R. Soedjalma ...................... | 1920 |
| Madjalĕngka. | Regent. | | |
| | Patih. | R. Reksadipoetra ................ | 1916 |
| Pakalongan. | Regent. | | |
| | Patih. | M. Soemadhi ....................... | 1920 |
| Batang. | Regent. | R. M. A. A. Dhipokoesoemo ... | 1913 |
| | Patih. | R. Sosrodiprodjo ................. | 1920 |
| Tĕgal. | Regent. | R. A. A. Reksonegoro ........... | 1908 |
| | Patih. | R. Sastro Soedirdjo .............. | 1916 |
| Pamalang. | Regent. | R.T. Soedoro Soerohadikoesoemo | 1920 |
| | Patih. | R. Sajid-Iman. ...................... | 1920 |
| Brĕbĕs. | Regent. | R. M.T.A. Poernomohadiningrat | 1920 |
| | Patih. | R. Soerokoesoemo ................ | 1920 |
| Samarang. | Regent. | R. M. A. A. Poerbohadiningrat | 1897 |
| | Patih. | | |
| Salatiga. | Patih. | M. Soerohamiprodjo ............. | 1919 |
| Kĕndal. | Regent. | R. M. T. A. Notohamidjojo ... | 1914 |
| | Patih. | R. Ng. Tjokro Hadisosro ..... | 1912 |
| Dĕmak. | Regent. | R. T. A. Tjokroamiprodjo ..... | 1915 |
| | Patih. | | |
| Grobogan. | Regent. | R. A. A. Soenarto .............. | 1909 |
| | Patih. | R. M. A. Poerbaningrat........... | 1907 |
| Pati. | Regent. | R. A. A. Soewondo .............. | 1919 |
| | Patih. | M. Samadi ......................... | 1916 |
| Koedoes. | Regent. | R. A. A. Tjokro Nagoro ......... | 1886 |
| | Patih. | M. Marto Soedirdjo .............. | 1906 |
| Djapara. | Regent. | R. M. A. A. Koesoemo Oetojo .. | 1905 |
| | Patih. | R. M. Sajogo ...................... | 1919 |
| Rĕmbang. | Regent. | R. T. A. Djojo Adhiningrat ... | 1912 |
| | Patih. | R. Pandji Notomidjojo .......... | 1911 |

poeng, mirilik pangartina lamoen teu aja boektina, hoekoemna teu djadi misil."

„Ai Lengser, lamoen kitoe mah, maneh teh mangmeunangkeun Ki Pandita."

„Ih, lain, Goesti, eta mah saoepamana, ari kalampahna pandita apan mah sok saěnjana, malah saoer Goesti, tadi noe make saibaratna, eta teh aja boektina; ari saibaratna tea: kanjataan angin gěde, *ari basa sainggana: njatana liang siraroe*, nja eta lingga. Ari lampah pandita mah teu beunang dihina-hina, lampahna: tata, titi, bolari, tali paranti. Naon hartina tata djeung naon hartina titi, naon hartina tali paranti?

Hartina tata: njatana tataman, djadi tata reudjeung batoer děmi roepa sakaroepa, ari leumpang saaleutan, pendekna roentoet djeung batoer.

Hartina titi, nja eta titinggi tea, awak pandjang, roepa beureum, soekoena loba katjida, tatapi teu tali-gantja; djadi titih lakoena, *moen moenggoeh noe* djadi ratoe, moen tjara soekoe titinggi mětakeun abdi sadaja, djadi beres padamělan."

„Ari tali paranti, naon hartina?"

„Ari tali paranti, kanjataan tali kěpek, teu beunang ditalikeun ka noe sedjen, koedoe kana parantina, satjangreud pageuh, sagolek pangkek, ngadek satjekna, nilas sapatna, omong sapokna, pandita tara njalahan; tah, kitoe lampah noe djadi pandita".

Dawoehan Praboe: „Běněr těměn omong maneh, tatapi eta Pandita giri-loengsi tanpa-ingan, wani noedjoem ka pawarang ratoe; boga anak tjeuk Pandita, doea tjeuk Pandita, lalaki tjeuk Pandita; boa djinah Ki Pandita djeung pawarang aing."

„Soemoehoen timbalan Goesti, basa giri tea: goenoeng, ari loengsi: tjatjing, basa tanpa: wahangan, basa paingan: djoeragan."

„Naha malinděs ka aing?"

Soemoehoen, djoeragan teh malik tali-paranti, ngalap koedjang sapangarah, djadi kagoengan těrka hěnteu nganděl."

„Lain teu nganděl aing teh, lain teu pěrtjaja ka Pandita, ajeuna mah geura teang ka Goenoeng Padang, ala masing kabawa."

„Soemangga."

Enggalna Lengser toeloej leumpang ka Goenoeng Padang, djaoeh mo' boeroeng tjoendoek, anggang tanwande datang.

Teu katjatoer di djalanna; kotjapkeun Lengser teh eureun, eureunna handapeun tandjoeng, saloehoereun batoe datar.

Geus kitoe Lengser teh ngoepat, ngomongkeun Praboe Ratoe, tjeuk Lengser: „Abong-abong djadi ratoe, lampahna poerba kawasa, tatapi lain kawasa lamoenna kitoe pĕtana, nja eta ngaranna poerba njalahan, dibasakeun noe asih dipoelang tai, noe haat dipoelang moha; Ratoe teh padahal lamoen teu koe Pandita di Goenoeng Padang, koe saha djadina ratoe, kari-kari ngangaranan djinah; lain djinah, da anoena; geura bae mangke ari datang ti Goenoeng Padang mo' disĕmbah koe leungeun, dek koe soekoe bae."

Oerang toenda lampahna Lengser.

Oerang njarioskeun deui Praboe Ratoe.

Barang Lengser geus djoeng ka Goenoeng Padang, Ratoe toeloej miwarang dangdan ka poetri pawarang doea: *Naganing Roem* didawoehan ngandoeng bokor kantjana, *Dewi Pangrĕnjĕp* ngandoeng kawali kantjana, diroepakeun noe keur bobot oemoer toedjoeh boelan; ari karĕp Ratoe hajang ngadodja Pandita, tjalik bari digedengkeun.

Ajeuna oerang tjarioskeun deui Lengser, datangna ka Goenoeng Padang ngadeuheusan ka Pandita. Ari tjeuk Lengser: „Doeh Goesti abdi teh awon doemeuheus," ngan sakitoe oendjoek Lengser, teu loba-loba tjarita, kawantoe geus kaoeninga koe Pandita Goenoeng Padang.

Gantjangna deui dipariksa, njaoerkeun niatna Lengser, saoer Ki Pandita: „Soekoer kakang Lengser, soemping ka dieu, meureun dioetoes koe Ratoe dipiwarang njaoer koering, ari noe matak disaoer, mo' gagal moendoet dipangnoedjoemkeun pawarang doea, tatapi eta mah geus tangtoe pisan kabeh bakal boga poetra, ngan handjakal aja bobot saloeareun wĕwĕtĕngan; ĕnja kakang, atawa lain?"

„Soemoehoen doeka, Goesti mah langkoeng waspaos, abdi mah teu miloe-miloe kana kalakoean awon; soekoe abdi samboeng lakoe, biwir samboeng lemek, dĕrma raga tanpa polah, ngan dĕrma piwarangan."

„Sajaktosna, kakang Lengser, koering disaoer koe Ratoe, oelah bon marga siang, sanadjan wĕngi soemangga, tatapi mo' ajeuna; kakang geura bral bae, ngan ieu kikintoen sanggakeun ka Praboe Ratoe, roepi tiloe pĕrkara: kĕmbang malati satjoengtjoeng, koenir sasolor, pĕtak sapotong."

| | | | |
|---|---|---|---|
| Toeban. | Regent. | R. T. Pringgodigdo | 1920 |
| | Patih. | M. Ronodihardjo | 1920 |
| Bodjonĕgoro. | Regent. | R. T. Koesoemoadinegoro | 1915 |
| | Patih. | R. Hadinoto | 1929 |
| Blora. | Regent. | R. T. A. Said | 1913 |
| | Patih. | R. Prawiro Amiprodjo | 1907 |
| Soerabaja. | Regent. | R. A. A. Niti Adiningrat | 1912 |
| | Patih. | M. Prawirodirdjo | 1917 |
| Sidoardjo. | Regent. | R. A. A. Tjondronegoro | 1907 |
| | Patih. | M. Notoadiprodjo | 1920 |
| Modjokĕrto. | Regent. | R. T. Kromo Adinegoro | 1916 |
| | Patih. | M. Reksodiprodjo | 1920 |
| Djombang. | Regent. | R. A. A. Soero Adiningrat | 1910 |
| | Patih. | R. Djojodikoesoemo | 1915 |
| Grĕsik. | Regent. | R. T. Pandji Soerjowinoto | 1917 |
| | Patih. | R. Poerbonoto | 1917 |
| Lamongan. | Regent. | R. T. Djojodinegoro | 1908 |
| | Patih. | R. Kertodihardjo | 1915 |
| Pamĕkasan. | Regent. | R. A. Kerto Amiprodjo | ...... |
| | Patih. | R. Djojodiredjo | 1914 |
| Soemĕnĕp. | Regent. | R. A. A. Prataming Koesoemo. | 1901 |
| | Patih. | R. Bodroasmoro | 1920 |
| Bangkalan. | Regent. | R. A. A. Tjokroningrat | 1918 |
| | Patih. | R. A. Praboewinoto | 1920 |
| Sampang. | Regent. | R. T. Ario Sosrowinoto | ...... |
| | Patih. | R. Wongsotaroeno | 192[illegible] |
| Pasoeroean. | Regent. | R. T. A. Soejono | 1915 |
| | Patih. | R. Prawirodiredjo | 1918 |
| Bangil. | Regent. | R. T. A. Harsono | 1915 |
| | Patih. | R. Pandji Amiprodjo | 1916 |
| Malang. | Regent. | R. A. A. Soerjo Adiningrat | 189[illegible] |
| | Patih | R. Soerjo Adikoesoemo | 1920 |
| Probolinggo. | Regent. | R. T. A. Nitinegoro | 191[illegible] |
| | Patih. | R. Soeriowidjojo | 1920 |
| Kraksaan. | Patih. | M. Djojodiprodjo | 1920 |
| Loemadjang. | Patih. | M. Ng. Ardjosoepoetro | 1920 |
| Bondowoso. | Regent. | R. T. A. Sastro Prawiro | 191[illegible] |
| | Patih. | M. Ng. Gondoamidjojo | 1915 |
| Djĕmbĕr. | Patih. | M. Soemowidjojo | 191[illegible] |



P. Jmm. Toean A. J. W. HARLOFF
December 1891 Ambtenaar ter beschikking.
Februari 1918 Residén Soerakarta. Januari 1922
Lid Déwan Hindia.

Geus kitoe Lengser teh moendoer barina mawa kikintoen.
Teu kotjap di djalanna; tjatoerkeun geus něpi bae ka pajoeneun Praboe Ratoe barina njěmbah koe tjokor.

Barang kitoe Ratoe teh njeuseul sapedah disěmbah koe soekoe, saoer Ratoe: „Ai, Lengser, naha sia ngoenghak tjampělak, bět wani-wani njěmbah koe tjokor, naon sababna?"

Lengser enggal ngawalonan, pokna: „Beu, Goesti, abdi teh njanggakeun běběndoe, sapedah njěmbah koe soekoe, rasana lain dihadja, raos abdi kalěpasan pětak loempat tarik teuing, dibalikan koe leungeun, Goesti."

„Beu, ari kitoe mah Lengser, ditimbang koe aing. Ari Pandita, mana? Aja atawa euweuh?"

„Aja - teu aja."

„Naha ngawalon teh bět kitoe," kapan aja, kapan teu aja."

„Beu, Goesti, noe matak disěboetkeun „aja - teu aja" teh kieu: kaajaanana kapěndak koe djisim abdi, ari kateu-ajaanana bět teu kapadoeng patjoel koe abdi."

„Naon teu kapadoeng patjoel?"

„Soemoehoen teu kabawa."

„Ari maneh mawa naon eta?"

„Soemoehoen ngabantoen kikintoen ti Goenoeng Padang, tapi doeka teuing piroepaeunana mah."

Enggalna koe Ratoe toeloej ditjandak sarta diboeka.

Barang diboeka, sidik eusina malati satjoengtjoeng, koenir sasolor, pětak sapotong.

Tidinja Praboe Ratoe ngalahir: „Lengser, ieu teu djamak teu moepakat, ngirimkeun roepa kieu ka ratoe; tatapi mo' salah Pandita teh njilokaan koe barang kieu roepana, tapi aing hanteu soesah nadjan disilokaan oge, mo' boeroeng diroepakeun kitab noe tiloe pěrkara: Indjil, Toret kalawan Djaboer."

Oerang toenda noe keur goeněm tjatoer, Praboe Ratoe djeung Batara Lengser.

Oerang tjarioskeun Pandita di Goenoeng Padang. Niat bade ngadeuheusan ka Praboe Ratoe, tatapi eta lampahna sok bisa mantjala-poetra, geus kolot sok bisa ngora. Ari harita mah Pandita keur meudjeuhna těngah-toewoeh.

Enggalna Ki Pandita ngadjadikeun maneh aki-aki, toeloej rěp sidakěp sinoekoe-toenggal, emoet poerwa-daksina, poerwa ikoe wiwitan, daksina wěkasan, bari ngelingkeun adjianana, adjian dadali poetih, eta djampe paranti leuleumpangan, soepaja gantjang.

„Adji koe dadali poetih,
mangoengkoeng saloehoering koewoeng-koewoeng,
mangangkang saloehoering madja-gantang,
tjalik dina tampoe angin,
dat sarapat, dat sarapat."

Enggalna kadia kilat datangna ka pajoeneun Ratoe.

Geus kitoe Ratoe teh ningali, njaoer ka Batara Lengser: „Ai, Lengser, ieu aja aki-aki, oerang mana?"

„Soemoehoen pariksa, Goesti, eta teh ti Goenoeng Padang, nja eta Pandita tea."

Toeloej Ratoe njaoer ka Pandita: „Bagea, sĕr ka dieu masing deukeut, dioek sapangloenggoehan."

„Soemoehoen pariksa, Goesti, noe mawi abdi doemeuheus, wirehing tina abdi disaoer koe kérsa dampal Goesti."

„Enja, noe matak disaoer koe oerang, kawantoe anjar pinanggih, djeung deui oerang teh dek menta dipangnoedjoemkeun, pedah pawarang oerang doeanana eukeur bobot, hajang njaho pianakeunana awewe atawa lalaki, geura pok, geura seboetkeun, montong make diilo diparimboaukeun, diteang dina kitabna, diilik dipalar boekti, geura pok bae omongkeun."

„Bo, soemoehoen, satimbalan Goesti, moendoet dipangnoedjoemkeun pawarang, madak-madak kapandoekan, katoeang pioendjoek abdi, eta geus tetela pisan, jen bakal kagoengan poetra tina pawarang noe doea, samalah pamĕgĕt kabeh."

Geus kitoe Ratoe teh poesing, sapedah raosna salah, saoerna: „Eta salah katjida Pandita, noe hidji eta pawarang saĕnjana ngandoeng kawali, noe hidji deui ngandoeng bokor kantjana; oerang teu soeka katjida, ajeuna mah Ki Pandita koe taoer rasa binasa, alamat rek ditĕlasan."

Ratoe toeloej narik tjoeriga, tatapi eta tjoeriga kokotak tina sarangka, tapi lain dek teurak, nja eta bĕt edek tobat, koe sabab eta noe kagoenganana.

Barang pek dioengkoelkeun doehoeng kana patoeangan, toeloej morongkol, soemawonna lamoen teurak, da eta noe kagoengan.

Ratoe beuki tambah napsoe, raosna asa dilawan: „Eh Pandita, maneh teh ngalawan, dipenta pati teh baha, seg taroeng djeung aing, sabaraha taoen pĕrang, sabaraha boelan, mo' boeroeng diladenan."

„Bo, Goesti, lain baha, oelah bon sinĕdja pĕrang, ngalawan teu pisan-pisan; ari pĕrkawis pati dipoendoet soemangga pisan."

| | | | |
|---|---|---|---|
| Sitoebondo. | Regent. | R. M. T. A. Poestoko Pranowo .. | 1908 |
| | Patih. | R. Ng. Wirosoebroto ............ | 1920 |
| Banjoewangi. | Regent. | R. T. Mohamad Notohadisoerjo. | 1919 |
| | Patih. | R. A. Soedibyokoesoemo ......... | 1920 |
| Banjoemas. | Regent. | R. T. A. Gondosoebroto ......... | 1913 |
| | Patih. | R. Poerwosoeprodjo .............. | 191[illegible] |
| Poerwokĕrto. | Regent | | |
| | Patih. | R. Danoesoebroto ................. | 1914 |
| Poerbalingga. | Regent. | R. A. A. Dhipokoesoema . ....... | 1899 |
| | Patih. | R. M. Hatmodipoero .............. | 1917 |
| Bandjarnagara. | Regent. | R. A. A. Djojonagoro ......... | 1896 |
| | Patih. | R. Joedosoebroto .................. | 1920 |
| Tjilatjap. | Regent. | R. M. A. A. Tjokro Werdojo ... | 1882 |
| | Patih. | R. M. Moerdokoesoemo .......... | 1920 |
| Magĕlang. | Regent. | R. T. A. Danoesoegondo ......... | 1908 |
| | Patih. | R. Wirjosoedirdjo ................. | 1919 |
| Toeloengagoeng. | Regent. | R. A. A Sosrodiningrat ......... | 1907 |
| Tĕmanggoeng. | Regent. | R. M. A. A. Tjokro Adi Koesoemo .................................. | 1902 |
| | Patih. | R. Reksodirdjo ..................... | 1921 |
| Poerworĕdjo. | Regent. | R. T. Sastrosoedirdjo ........... | 1920 |
| | Patih. | R. Soemosastro .................... | 1920 |
| Koetoardjo. | Regent. | R. T. Poerboadikoesoemo ......... | 1915 |
| | Patih. | R. Sosrohadiwidjojo .............. | 1921 |
| Kĕboemen. | Regent. | R. A. Aroeng Binang ........... | 1909 |
| | Patih. | R. Sosromidjojo ................... | 1913 |
| Karanganjar. | Regent. | R. T. Iskandar Tirtokoesoemo ... | 1912 |
| | Patih. | R. Soerio Koesoemo .............. | 1913 |
| Wonosobo. | Regent. | R. T. Sosrodiprodjo ............. | 1920 |
| | Patih. | | |
| Madioen. | Regent. | R. M. A. Ronggo Ario Koesnodhiningrat ........................ | 1900 |
| | Patih. | R. Tjokroadisoerjo ................ | 1915 |
| Ngawi. | Regent. | R. M. A. A. Sosro Boesono ...... | 1905 |
| | Patih. | M. Soemowinoto .................... | 1921 |
| Magĕtan. | Regent. | R. A. Soerohadinegoro ........... | 1912 |
| | Patih. | R. Poorbowinoto .................... | 1920 |
| Ponorogo. | Regent. | P. T. A. Koesoemo Joedo........ | 1916 |
| | Patih. | | |

Barina Pandita toengkoel ngaloearkeun soekma, ladjĕng Pandita teh poepoes, teu kalawan ditĕlasan.
Geus kitoe Ratoe teh njaoer ka Lengser: „Eh, Lengser, bĕt matih aing batan Pandita, geuning Pandita geus paeh."
*„Matih Pandita manan gamparan."*
„Naha koemaha noe matak kitoe?"
„Da eta mah bisa njanggakeun pati koe andjeun, gamparan mah tatjan poegoeh, bisa tjara Ki Pandita."
„Doeh Lengser, bĕnĕr tĕmĕn, kami tarima kalah, da kami mah hanteu bisa tjara Ki Pandita."
Enggalna banoesanana bĕng bae dibalangkeun ka oeroetna, *tatapi barang ragrag bĕt djadi sedjen roepa, nja eta djadi* Naga wiroe eukeur tapa.
Oerang toenda noe keur tapa.
Oerang tjarioskeun pawarang noe doea tea. Pedahna kawali teh ragrag tina patoeanganana sarawoeh bokor kantjana, sabab reuneuh ngagĕdean.
Geus kitoe kawali teh ditjandak koe Ratoe, dibalangkeun barina sasaoeran: *„Lamoen ragrag ka sagara, toeroenna* ka *intjoe* poetoe poelo Kawali, moen ka darat katĕlah tanah Kawali.
Toeloej eta kawali teh ragrag di tanah, mana datang ka ajeuna di Galoeh aja desa ngaran Kawali.
Ari bokor kantjana dibalangkeun deui, sarta ragragna di Padang, tanah Soematra.
Noe matak di dinja rea ĕmas, eta kitoe oesoel-asalna.
Barang *dina taoen Djim-akir,* boelan Rajagoeng, tanggal 14, poë Salasa, dina saboeka siang, *Dewi Pangrĕnjĕp* babar, sidik poetrana pamĕgĕt; ari paradjina ngaran Nini *Marga Sari.*
Geus kitoe, Praboe Ratoe toeloej ngadawoeh ngoempoelkeun para bopati sarĕng para ponggawa kabeh.
Sanggeus koempoel, toeloej bae nganamaan poetra noe dipĕdalkeun tea, djĕnĕnganana *Aria Banga.*
Enggalna gĕr bae pesta, mestakeun poetra tea, *langkoeng* rame anoe pesta.
Ari pawarang noe hidji deui waktoe harita teu atjan babar.
Tidinja ratoe ngalahir, njaoer ka *Batara Lengser:* „Hajoe Lengser, aing iring arek ka sirah nagara, ngalajad pawarang aing, koe naon bĕt tatjan babar."
Bral bae Ratoe teh angkat. Barang soemping ka sirah nagara, tetela bĕt tatjan babar.

Ladjéng bae sasaoeran mariksa ka *Naganing Roem*: „Ai, Njai, naha bobot lila teuing?"

„Noehoen satimbalan Goesti, pĕrkawis bobot abdi teh parantos sapoeloeh sasih ieu, tapi teu atjan keneh babar."

„Eh Njai, wajahna bae."

Tjeuk *Naganing Roem* bari njoesoetan tjisotja: „Doeh Goesti, noehoen sareboe, abdi teh teu atjan babar."

„Eh Njai, montong dianggo gĕdag pangkon, gindi pikir, obah niat, soegan kadoea-, tiloewĕlasna mah babar, ajeuna mah ĕngkang bae geura siaran."

Enggalna toeloej bae disiaran; langkoeng ngeunahna Praboe Ratoe, samalah ladjĕng koelĕm dina lahoenan pawarang.

Oerang toenda tjarios anoe keur koelĕm.

Oerang sampeur senggal hideung, parele-parelekeun heula, balikan anoe katoekang, soekmara Pandita di Goenoeng Padang, gawena ngalajang bae.

Geus kitoe toeroen soekma teh, asoep kana wĕwĕtĕngan njoeroepna ka moerangkalih; sanggeus kapandjingan soekma, moerangkalih toeloej sasaoeran dina djĕro wĕwĕtĕngan, ari kasaoeranana: „Ama teh kabĕdil langit, kabentar mega, kalinglap katjida teuing ka Pandita Goenoeng Padang, padahal mah teu boga dosa, geura raoskeun bae, tangtoena ge bakal malĕs, tapi ĕngke dina goeroe poetoe *Hyang Bajoe*, goeroe poetra *Hyang Banga*, koe ama geura raoskeun, di dinja jen bakal malĕs."

Enggalna Ratoe teh goegah, mariksa bari bĕngis ka pawarang *Naganing Roem*, ari pokna: „Ai Njai *Naganing Roem*, bĕt bieu aja noe ngomong sapandjang ĕngkang keur koelĕm, Njai atawa lain?"

*Naganing Roem* toeloej nangis pedah dipariksa bĕngis: „Adoeh Goesti, abdi njanggakeun bĕbĕrdoe, tikoro abdi gorokeun, djeung soekoe abdi bĕlokeun, abdi mah teu pisan-pisan, soemawonna kaawonan, kasaean hĕnteu pisan."

Geus kitoe Ratoe teh njaoer: „Mana kitoe oge Lengser." Toeloej Lengser disaoer: „Ai Lengser, maneh ngomong naon, basa aing eukeur koelĕm?"

„Doeka, abdi mah teu pisan-pisan."

Lengser toeloej soesoempahan, pokna: „Daek kede ti kentja djeung daek boetoet boboko, daek oetjoetan sokona, tjinĕnek daek salamĕt, kolot bongkok pandjang oemoer."

Ratoe teh katjida poesing: „Ai Lengser, lampah maneh kawas

| | | | |
|---|---|---|---|
| Patjitan. | Regent. | R. A. A. Tjokronegoro ......... | 1906 |
| | Patih. | R. Notoprawiro ..................... | 1914 |
| Kĕdiri. | Regent. | R. T. A. Koesoemoadinoto ...... | 1914 |
| | Patih. | M. Danoedipoero .................. | 1915 |
| Toeloengagoeng. | Regent. | R. A. A. Sosrodiningrat ......... | 1907 |
| | Patih. | M. Ng. Tjokrohamidjojo ......... | 1914 |
| Trĕnggalek. | Regent. | R. T. A. Widjojosoewondo ...... | 1909 |
| | Patih. | . | |
| Ngandjoek. | Regent. | R. M. A. A. Sosro Hadi Koesoemo ...................................... | 1901 |
| | Patih. | M. Ng. Moeljodihardjo ........... | 1916 |
| Blitar. | Regent. | R. M. T. A. Warsohadiningrat. | 1918 |
| | Patih. | M. Sastrowidjojo .................. | 1918 |

---

## 7. TINA HAL OEKOERAN DJEUNG TIMBANGAN.

1 M.M. = 10 K.M. = 10000 M.
1 K.M. = 10 H.M. = 1000 M.
1 H.M. = 10 D.M. = 100 M.
1 D.M. = 10 M.
1 M. = 10 d.M.
1 d.M. = 10 c.M.
1 c.M. = 10 m.M.

1 H.A. = 100 A. = 10000 $M^2$.
1 A. = 100 c.A. = 100 $M^2$.
1 c.A. = 1 $M^2$.
1 H.L. = 100 L. = 100 d.$M^3$.
1 D.L. = 10 L. = 10 d.$M^3$.
1 L = 1 d $M^3$. = 1 K G. (ljai).
1 d.L. = 10 c.L. = 100 m.L.

1 pal Djawa = 400 toembak = 1507 M.
1 mel Djĕrman = 7407,4 M.
1 K $M^2$. = 0,44 pal □ = 141 bahoe
1 yard = 3 kaki = 0,9144 M.
1 dim = 0,925 M.
1 elo = 0,688 M.

1 pal Sumatra = 1 mol laoet = 1852 M.
1 mel Djĕrman □ = 5487 H A.
1 bahoe = 500 toembak □ = 7096,5 $M^2$.
1 kaki = 12 dim = 0,305 M.
1 toembak □ = 14,19 $M^2$.
1 toembak = 3,77 M.

1 kojan = 32 pikoel = 1976,36 K.G.
1 „ Batawi = 27 pikoel.
1 „ Samarang = 28 pikoel.
1 „ Soerabaja = 30 pikoel.
1 pikoel = 8 gantang = 61,76 K.G.
1 blik minjak tanah = 18,9 L.
1 kati = 1/100 pikoel = 0,6 K.G.
1 kodi kĕrtas (rim) = 20 bookoe kĕrtas

1 kati = 10 tail = 617,6 G.
1 gantang = 8 batok = 8,33 L.
1 gallon = 4,45 L.
1 pond = 0,5 K.G.
1 pond Inggris = 0,45 K.G.
1 toembak soelooh = 6,684 $M^3$.
1 ons = 1 H.G. = 1/10 K.G.
1 bookoe kĕrtas (book) = 24 lambar (vel).

| | | |
|---|---|---|
| 1 djam pŏrdjalanan | 3 à $3^{1}/_{3}$ | pal. |
| loumpang koeda laoen-laoen. | 2 | pal |
| „ kareta | 7 | pal. |
| „ auto | 20 à 25 | pal. |
| „ spoor | 20 | pal. |
| „ spoor (expres) | 40 | pal. |
| sora djaoehna 1 seconde | 337 | M. |
| tjahaja „ 1 seconde | 298000 | K.M. |
| pelor bĕdil djaoehna 1 seconde | 600 | M. |
| kapinis „ | 50 à 70 | M. |
| titiran „ | 17 | M. |

## HAL PANGADJINA DOEIT.

| Nagara | Ngaran | Panga-djina | Babagianana. |
|---|---|---|---|
| 1 Amerika | Dollar | f 2.50 | 100 dollarcents. |
| 2 Belgie | Franc | „ 0.50 | 100 centimes. |
| 3 Tjina | Tael | „ 0.66 | 10 tsin. |
| 4 Denemarken | Krone | „ 0.60 | 100 oere. |
| 5 Duitschland | Mark | „ 0.60 | 100 pfennig. |
| 6 Mĕsir | Pond | „ 12.00 | 100 piaster. |
| 7 Inggris | Pond sterling | „ 12.00 | 20 shilling (1 sh. = 12 penc). |
| 8 Hindia-Inggris | Rupee | „ 1.30 | 16 annas. |
| 9 Prantjis | Franc | „ 0.50 | 100 centimes. |
| 10 Griekenland | Dachme | „ 0.50 | 100 lepta. |
| 11 Hongkong | Dollar | „ 2.50 | 100 cents. |
| 12 Italie | Lire | „ 0.50 | 100 centisimi. |
| 13 Djĕpang | Yen | „ 1.25 | 100 cen. |
| 14 Hindia Walanda | Roepia | „ 1.00 | 100 cent (sen). |
| 15 Noorwegen | Krone | „ 0.66 $^{2}/_{3}$ | 100 oere. |
| 16 Oostenrijk | Kroon | „ 0.50 | 100 heller. |
| 17 Portugal | Milreis | „ 2.70 | 1000 reis. |
| 18 Rusland | Roebel | „ 2.00 | 100 kopek. |
| 19 Spanje | Peseta | „ 0.50 | 100 centimos, |
| 20 Straits | Dollar | „ 1.40 | 100 cent. |
| 21 Toerki | Pond | „ 10.90 | 100 piaster. |
| 22 Zweden | Krone | „ 0.66 $^{2}/_{3}$ | 100 oere. |
| 23 Zwitserland | Franc | „ 0.50 | 100 rappen. |

boedak, kapan maneh teh enggeus kolot, oelah kitoe nja omongan, lamoen soempah masing tĕrang."

Toeloej Lengser soempah deui, tapi sapĕrti siloka, pokna: „Daek boetjitreuk beuteung noe reuneuh meureun."

Tidinja kamanah koe *Ratoe* soempahna Lengser, pek manehna mariksa deui ka *Naganing Roem:* „Ai Njai, lamoenna kitoe mah, paingan Lengser wani soesoempahan, ajeuna mah noengtik bari njiar boekti, nĕrka njampak aja, mana boektina aja di maneh, geuning boedak ngomong dina djĕro beuteung, kakara, saoemoer hiroep, heubeul ngeundeuk[2] taneuh, lawas ngĕndag[2] djagat, ajeuna manggih noe kitoe."

Sanggeus kitoe toeloej Ratoe miwarang ngoempoelkeun para bopati sarawoeh djeung toekang noedjoem.

Barang geus koempoel para bopati sarawoeh toekang noedjoem, saoer Ratoe: „Maraneh noe matak disaoer koe oerang, oerang teh rek sembara, tjoba geura palikiran eta papanggihan aing, aja boedak ngomong dina djĕro beuteung, hade atawa goreng? Lamoen hade, geura tjaritakeun, soemawonna lamoen goreng."

Para bopati sarawoeh toekang noedjoem kabeh pada saroesah, koe sabab hĕnteu kaharti, ngan aja saoerang mantri, ngaran *Banjak Loemanglang,* anoe madĕp ka Sang Praboe Ratoe, barina oendjoekan pokna: „Pĕrkawis Kangdjĕng Goesti mariksakeun moerangkalih, njaoer dina djĕro patoeangan, eta teh hadening goreng."

Ratoe toeloej mariksa deui: „Eh Mantri, naha kapan hade, kapan goreng, koe oerang hanteu kaharti, naon sababna?"

„Soemoehoen timbalan Goesti, mana dibasakeun hade, tĕroes ratoe pĕntjar menak, sartana poetra radja, komo teuing oepami parantos babar, meureun baleg pĕrlente, pasĕlang bisa bitjara, tjatjakan dina djĕro wĕwĕtĕngan, sakitoe bisana njaoer; tah, kitoe noe mawi dibasakeun hade. Noe mawi dibasakeun goreng, sapedah eta teu atjan aja roepana."

„Bĕnĕr tĕmĕn omong maneh, tatapi koedoe oetama, ari dibasakeun oetama, nja eta koedoe ragĕm djeung batoer."

Geus kitoe kadangoe koe sadajana, tatapi langkoeng pada saroesah, hĕnteu kaharti keneh, ngan aja djalma saoerang anoe dioekna misah ti batoer, ari djangkoengna eta djalma 250 gas, harigoena 25 gas, ngaranna *Jaksa Majoeta.* Barang ngadenge timbalan Ratoe, toeloej bae ngomongkeun Ratoe, ari pokna:

„Eh, Ratoe teh bodo katjida, tjoba koe aing ajeuna rek dirantjana."

Ari pangarahna *Jaksa,* soepaja eta boedak dipitjeun koe Praboe Ratoe.

Gantjangna *Jaksa* teh ngadeuheus ka Praboe Ratoe, sarta ladjĕng bae dipariksa koe Ratoe, saoerna: „Eh, *Jaksa Majoeta,* rek naon datang ka pajoeneun aing?"

„Soemoehoen pariksa Goesti, noe mawi abdi ngadeuheusan, doemeh abdi ngoeping timbalan gamparan, mariksa moerangkalih pedah bisa njaoer dina djĕro patoeangan, ari ajeuna, lamoen pandoek reudjeung Goesti, hajoe oerang ibaratkeun, moerangkalih reudjeung gagadoehan abdi. Abdi gadoeh hidji doehoeng, ngaranna „doehoeng sampanan", tapi tĕpoesanana doehoeng teh dalapan, bĕt leuwih opat, dibasakeun sri matjala, tjalakĕtek omongan wanara."

„Koemaha karĕpna doehoeng teh *Jaksa?*"

„Soemoehoen Goesti, monjet njatoe monjet deui, lamoen kagoengan doehoeng kitoe, geus tangtoe bakal ngaroeksak kana salira gamparan."

· Geus kitoe Ratoe teh njaoer, barina sĕmoe noe poesing, rasana disilokaan, njaoerna ka pawarang noe bobot tea: „Ach, *Naganing Roem,* ajeuna maneh djeung aing, oerang njieun poë boengsoena, aing 'mo ngangkĕn rabi, maneh oelah ngangkĕn salaki."

Djeungna deui lamoen boedak geus didjoeroekeun, aing 'mo ngakoe anak, boedak oelah sina ngakoe bapa, barina pek Ratoe poendoeng, indit ti sirah nagara.

Soempingna ka padalĕman, pek njaoer ka pawarangna noe ngaran *Dewi Pangrĕnjĕp,* nja eta iboena *Aria Banga,* saoer Ratoe: „Beu Njai, sĕr ka dieu, masing deukeut, dioek sapangloenggoehan, kakang arek njarita, njaritakeun *Naganing Roem,* handeueul koe pitineungeun. Lampahna si *Naganing Roem* boga anak bisa ngomong di djĕro beuteung; tjik ajeuna mah, moenggoehing reudjeung tjaroge, baring-soepagi mangke geus nĕpi kana boelanna ngadjoeroe, koe maneh koedoe dilajad, tapi maneh oelah lengoh, koedoe mawa kanagan anoe beunang ngosongkeun djeung mawa malam sing loba. Toeloej koe maneh geura lampahkeun, moen si *Naganing Roem* ngadjoeroe, koe maneh matana lampat, nja kitoe deui tjeulina tjotjokan masirgna pageuh; lamoen anakna awewe atawa lalaki, wadahan kana kanagan sartana geuwat palidkeun ka tjai, ngaran Tjitandoej."

## 8. POST DJEUNG SOERAT KAWAT.

Njieun alamat soerat koedoe těrang. Parangkona koedoe ditapělkeun beulah katoehoe ti loehoer.

Dina amplop ti toekangna koedoe ditoelis ngaranna noe njoeratan atawa afzender.

Soerat-soerat pikeun tanah Hindia-Nederland, lamoen hěnteu leuwih beurat ti 20 gram, koedoe make parangko 12½ sen; lamoen leuwih beurat ti sakitoe, koedoe tambah ongkos deui, oenggal 20 gram, 7½ sen. Soerat² anoe dibawa koe pos-laoet ka Nederland, make parangko 12½ sen, lamoen beuratna hěnteu leuwih ti 20 gram; lamoen leuwih ti sakitoe, oenggal 20 gram 7½ sen. Soerat-soerat ka Nederland dibawana koe kapal Mel, make parangko 20 sen, lamoen beuratna hěnteu leuwih ti 20 gram; lamoen leuwih ti sakitoe, oenggal 20 gram, ditambah 10 sen.

Kartoepos hargana 7½ sen, meunang dipake di Hindia-Nederland djeung ka Nederland. Tapi koedoe ditambah sasen ongkos omongan² noe aja dina kartoepos tea. Djadi hargana 8½ sen. Anoe dubbel 15 sen, ditambah 2 sen ongkos omongan² noe aja dina kartoepos tea.

Drukwerk ongkosna dina oenggal² 50 gram 2½ sen, pikeun di Hindia-Nederland. Pikeun ka Nagara Walanda oge noe dibawana koe post-laoet, oenggal² 50 gram 2½ sen, tapi anoe dibawa koe kapal Mel oenggal-oenggal 50 gram, 5 sen.

Document ongkosna dina oenggal² 50 gram 12½ sen, pikeun di Hindia-Nederland. Pikeun ka Nagara Walanda oge noe dibawa koe post-laoet, oenggal² 50 gram 12½ sen, tapi anoe dibawa koe kapal Mel oenggal² 50 gram 20 sen.

Mostor (monsters) ongkosna dina oenggal² 50 gram 7½ sen, pikeun di Hindia-Nederland. Pikeun ka Nagara Walanda oge noe dibawana koe post-laoet, oenggal² gram 7½ sen, tapi anoe dibawa koe kapal Mel oenggal² 50 gram 10 sen.

Soerat kabar, anoe beuratna 25 gram atawa koerang, parangkona koedoe 1 sen.

Soerat-soerat pikeun bangsa Militer, sahandapeun pangkat Opsir, meunang make parangko 7½ sen, lamoen beuratna teu leuwih ti 20 gram.

Soerat-soerat anoe teu make parangko, atawa koerang parangkona, anoe nampana koedoe majar, pangsaoutikna 7½ sen,

pikeun ka Eropa 12½ sen; lamoen noe disoeratan ĕmboeng narima, teu koedoe majar, tapi noe njoeratanana didĕngda.

Dina kartjis-ngaran (drukwerk) kadjaba noe gèus ditjitak, meunang ditambah toelisan pangrea-reana 5 kĕtjap, sapĕrti mere salamĕt tahoen baroe djeung sabangsana.

*Kartoepos-pindah hargana 1 sen.*

Soerat² aangeteekend, ongkosna djaba ti ongkos biasa (nja eta noeroetkeun beuratna soerat), ditambah 20 sen.

Lamoen eta soerat aangeteekend teh disĕboetkeun pangadji eusina, oenggal-oenggal *f* 150 ongkosna koedoe ditambah deui 10 sen. Sakabeh soerat aangeteekend di loehoerna koedoe ditoelis:

„Aangeteekend zonder waarde" atawa „waarde *f* 120 (saratoes doea poeloeh roepia)", koemaha mistina bae.

Lamoen soerat aangeteekend zonder waarde leungit, digantian koe kantorpos *f* 25; lamoen disĕboetkeun eusina (aangegeven geldswaarde), diganti sareana eusina soerat tea. Meuntana ganti kareegian, teu beunang liwat ti sataoen ti waktoe eta soerat aangeteekend tea diasoepkeun ka pos.

Soerat aangeteekend make disĕboetkeun eusina (aangegeven geldswaarde), di toekangna koedoe make tjap ĕlak lima, anggangna tjap teu meunang leuwih ti 7 cM.; djeung deui lamoen aja parangko doea, anggangna teu meunang koerang ti 1 cM.

Lamoen nampa doeit (aangeteekend met geldswaarde) leuwih ti *f* 150, njokotna ka kantorpos teu meunang wakil, koedoe datang sorangan.

Soerat-soerat panggilan ditandana koedoe koe mangsi.

## POSTWISSEL.

Ngirimkeun doeit koe postwissel teu meunang leuwih ti *f* 1000, lamoen ka hulppostkantor teu meunang leuwih ti *f* 250.

Balangko postwissel hargana 2 sen, toeloej dieusian koe noe rek ngirimkeun doeit tea sarta koedoe majar parangko 12½ sen, saban-saban *f* 25 atawa koerang.

Postwissel kawat, panggĕde-gĕdena *f* 500, majar parangko 12½ sen saban-saban *f* 25, ditambah koe ongkos tèlĕgram.

Geus kitoe *Dewi Pangrĕnjĕp* ngoeping satimbalan Goesti, toeloej bae poetri nangis, sasambat ka Kangdjĕng Goesti: „Doeh Goesti, abdi hanteu tega teuing noenggang taja kakang ĕmbok, rasa abdi lain maroe, rasana saderek bae; ti lahir nĕpi ka batin, doenja doegi ka aherat, boeroek-boeroek papan djati, hade-goreng djeung saderek."

„Bo, maneh gagal lamoen kitoe, baha ka timbalan menak. Ajeuna mah, oelah baha, koedoe daek bae, djeung deui: lamoen maneh teu ngagoegoe, kadjeun teuing aing teu boga pawarang, maneh oge geura indit, oelah rek aja di dieu." Tatapi poetri teu indit, ngamanahan pilampaheun.

Oerang toenda tjarita Poetri djeung Radja.

Oerang tjarioskeun *Naganing Roem*, anoe diseuseul di sirah nagara; gawena teh eukeur nangis, malah-malah bobot keur boelan alaeun.

Geus ninggang doeawĕlas boelan, taoenna di taoen Alip, boelanna ge boelan Moeloed, dina tanggal opatwĕlasna, poëna poë Djoemaah, tetela poetri rek babar, njaoer ka eusi boemina, ka noe ngaran *Sangkleng Larang*, kadoea djeung *Timbak Larang*, miwarang neang paradji. Enggalna teh eusi boemina rek toeloej neang paradji, tatapina hĕnteu manggih, kawantoe hese katjida, paradji ngan aja hidji; kitoe ge geus disoempoetkeun koe iboe *Aria Banga*, ajana di padalĕman.

Geus kitoe eusi boemi *Sangkleng Larang* beak paidĕranana, toeloej bae ngadeuheusan ka iboe *Aria Banga*.

Kotjapkeun geus datang bae. Mando di pajoeneun Goesti Poetri; karĕpna noe ngadeuheusan, eta rek geugeulis panon, naroskeun paradji tea.

*Dewi Pangrĕnjĕp* ngalahir: „Aeh ĕmban, arek naon ajeuna datang ka oerang, tara-tara ti sasari tjoendoek roesoeh datang geura, dek naon nja pibedjaeun, palangsiang ĕmbok *Naganing Roem* bade babar."

Eusi boemi pok ngawalon: „Soemoehoen timbalan Goesti, lain djoeragan rek babar, babarna mah tatjan poegoeh, doeka tiloe boelan deui, doeka opat boelan deui, naroskeun soteh paradji, abdi teh bade sewaka, rek njangtjangkeun istri ka paradji, bisina hese djagana ari rek diala."

Ari tjeuk *Dewi Pangrĕnjĕp*: „Mo' teuing, mo' bobot sakitoe heubeulna, malah-malah oerang mah basa keur babar teu pisan make paradji, soemawonna loba-loba, hidji ge teu pisan-pisan."

barina poetri teh dangdan. Geus dangdan, toeloej oendjoekan ka Praboe Ratoe.

Koe Ratoe geus kaidinan. Enggalna Nji Poetri indit, 'eumpang ka sirah nagara rek ngalajad *Naganing Roem.*

Barang datang, tetela teu atjan babar, toeloej bae sasaoeran noe geulis *Dewi Pangrĕnjĕp,* nja eta ka *Naganing Roem,* ari pokna: „Aeh ĕmbok, koetan teh bĕt tatjan babar!" *Naganing Roem* toeloej nangis bari sasaoeran: „Eh, Njai, poegoeh ĕnja atjeuk teh teu atjan babar, boa-boa poë ieu, da geus sedjen rarasaan; tjop nja beuteung, tep nja tjangkeng, rarctjop bae bobokong, moerangkalih rasana ngaroeang-roeang, mĕrĕngpĕng nja parinikan. Njai, soekoer ajeuna ka dieu; koering teh bade naroskeun, da Njai mah ĕnggeus babar, koe saha diparadjian?"

Ari tjek *Dewi Pangrĕnjĕp:* „Koering basa keur ngadjoeroe, da hĕnteu make paradji, ngan tjoemah kias-tarekah, malah-malah tjĕpil oge ditjotjokan, soepaja hĕnteu ngadenge gandeng, sotja dilampat koe malam, aja teu tĕloeh baradja ningali gĕtih. Geura mangga, atjeuk oge oerang kias-tarekahan, da 'nto beda tina raraosan koering."

Prak barina dipaksa, panangan dika-toekangkeun, sartana bari dibanda, diboeroen; koe tjinde kĕmbang ditalian panangananana Nji Poetri. Djeungna deui, toeloej ngahaneutkeun malam; panas-panas dilampatkeun kana sotja, ditjotjokkeun kana tjĕpil.

Toeloej *Naganing Roem* nangis; sasambat-soemambat barina nangis: „Tobat, adoeh, panas teuing, sotja koering njĕri teuing, tjĕpil koering, abong-abong teuing; abong-abong maroe, bĕt euweuh rasrasanana ka noe taja indoeng, taja bapa."

Dĕmi tjeuk *Dewi Pangrĕnjĕp:* „Ĕnggeus ĕmbok, oelah nangis, njĕri ge wajahna bae, ĕngke mah oerang laanan, soepaja geus poegoeh babar."

Barang dongkap kana hidji waktoe siang, brol bae tetela babar, poetrana pamĕgĕt kasep. Toeloej bae ditĕgĕl tali ari-arina sarta diwadahan koe kanagan, dibaoeran deui ĕndog hidji ka djĕro kanagan tea koe *Dewi Pangrĕnjĕp.* Ari noe tinggal di loear ngan kari santĕn. Toeloej bae diwadahan koe ajakan djeung bari ditjipta diroepakeun anak andjing, diroeroeban tjinde kĕmbang koe *Dewi Pangrĕnjĕp,* dianggo ngagĕntos orok.

Geus kitoe seg *Naganing Roem* dikĕbakkeun, bari malam tina tjĕpil diroeroedan, tina panon dilaan, panangananana diboeka sarta bari popojan, pokna: „Ĕmbok, babar teh ĕnggeus salamĕt,

## POSTPAKKET.

Di Poelo Djawa djeung Madoera djeung di tĕmpat-tĕmpat noe deukeut kana kareta api, di Soematra djeung Deli-Spoorweg Mij., djeung di Atjeh-Stoomtram, nĕpi ka 1 K. G. majarna 60 sen; 1—3 K. G. 80 sen; 3—5 K. G. saroepia; leuwih tina 5 K. G. teu meunang koe postpakket.

Postpakket pikeun ka tĕmpat-tĕmpat anoe teu kaasoep ka dinja; nĕpi ka 1 K. G. saroepia; 1—3 K. G. saroepia 40 sen; 3—5 K. G. 175 sen.

Postpakket ka nagri Walanda nĕpi ka 1 K. G. 137½ sen; 1—3 K. G. 187½ sen; 3—5 K. G. 17½ sen; lamoen boengkoesna leuwih ti 25 M³. sarta beuratna leuwih ti 5 K. G., hĕnteu ditarima.

Lamoen iteuk atawa pajoeng pandjangna teu meunang leuwih ti 1 M. Di djĕro postpakket tea teu meunang diajaan soerat.

## TĔLĔGRAM.

1 kĕtjap 10 sen, tapi dina hidji tĕlĕgram teu meunang koerang ti 50 sen; tĕlĕgram anoe 3 kĕtjap oge majarna 50 sen bae; leuwih tina 75 K. M. 20 sen sakĕtjapna.

Tarief noe disĕboet di loehoer bieu, sedjen deui oepama meuntas laoet mah.

Tĕlĕgram anoe spoed (anoe koedoe gantjang pisan) majarna tiloe kali tarief.

---

## 9. POSTSPAARBANK.

## NJENGTJELENGAN DI KANTORPOS).

Sakabeh kantorpos, kitoe deui kantorpos noe laleutik djeung kantorpos toeloengan di tanah Djawa djeung Madoera djeung di sababaraha kantorpos toeloengan di loear Poelo Djawa-Madoera atawa di sedjen-sedjen nagara, nja kitoe di pagadean Goepĕrnĕmen di karĕsidenan Rĕmbang, Soerabaja djeung Madoera, oerang meunang neundeun doeit di spaarbank sarta eta doeit tea meunang ditjokot deui.

Goepĕrnĕmen Hindia-Nederland nanggoeng baris moelangkeun

eta doeit tjengtjelengan tea ka noe boga teundeun sarta baris majar anakna. Sakabeh doeit noe ditjengtjelengankeun tea, koe ponggawa pos ditoelis dina boekoe tjengtjelengan; eta boekoe, oerang teu koedoe meuli, sakabeh noe njengtjelengankeun pada dibagi. Oenggal-oenggal oerang neundeun, teu meunang koerang tina 25 sen.

Oepama oerang rek neundeun di kantorpos sedjen, atawa di kantorpos toeloengan, boekoena meunang make boekoena noe tadi keneh bae.

Baroedak atawa awewe noe geus boga salaki diidinan njengtjelengankeun. Meunang oge njengtjelengan pikeun noe sedjen. Moelangkeun tjengtjelengan pangsaeutik-eutikna 25 sen; noeroetkeun atoeranana, dipoelangkeunana teh koedoe ka noe boga teundeun bae, atawa ka kawasana.

Pikeun mentana deui eta tjengtjelengan, koedoe koe noe boga tjengtjelengan pribadi atawa koe kawasana. Ka Directeur Postpaarbank oerang meunang njoehoenkeun deui tjengtjelengan oerang sabaraha bae. Ka kantorpos těmpat oerang njengtjelengan tea oge atawa kantorpos anoe ngopěr eta tjengtjelengan boh hulppostkantoor bawahanana kantorpos noe tadi, oerang meunang menta doeit tina tjengtjelengan oerang, ngan teu meunang leuwih ti *f* 100 dina oenggal² opat minggoe. Lamoen mentana leuwih ti *f* 100 mah atawa eta tjengtjelengan teh dipenta kabeh, koedoe disoehoenkeun ka Directeur koe sorangan atawa koe soerat. Oepama koe soerat, eta soerat dikirimkeunana kalawan pitoeloeng kapala kantorpos.

Noe njengtjelengankeun dipaparin rentěn dina 1 tahoen 2⅟₂% tina doeit tjengtjelenganana tea; saloehoereun *f* 2400, ditoelis dina boekoe tjengtjelengan, eta hěnteu dipaparin rentěn deui.

---

## 10. LILANA ENDOG NEPI KA MEGAR

| | | | |
|---|---|---|---|
| 1. | Toke, tjaktjak | 50 à 60 | poë. |
| 2. | Soang gěde | 33 | „ |
| 3. | Měrak, soang | 28 | „ |
| 4. | Kalkoen | 26 à 28 | „ |
| 5. | Měri | 24 à 28 | „ |
| 6. | Toeweuw | 24 | „ |

sarta ieu poetra teh diwadahan, tatapi ajeuna koering amit, rek ka tjai heula, koering koe hareudang, rek mandi sakĕdap bae."

Walon *Naganing Roem:* „Soemangga bae, tatapi oelah lila."

Gantjangna *Dewi Pangrĕnjĕp* toeloej bae ka djamban larangan, ka tjai Tjitandoej.

Barang datang, kanagan toeloej dipitjeun, njĕmploeng di tjai Tjitandoej. Liwat djamban larangan, mipir di Tjiawitali, kanagan basana palid, dongkapna ka Sapoeangin, toeloej njangsang.

Tidinja bĕt katendjo koe noe keur tapa, ajana di Bantengmati; ari ngaran noe keur tapa, *Raden Himoen Hidajatoellah*, poetra *Nabi Soeleman;* lilana anoe keur tapa geus meunang tiloe poeloeh tahoen; harita nendjo kanagan keur njangsang di Sapoeangin; prak bae Pandita (noe keur tapa) ngaloearkeun pangawasana, soepaja Tjitandoej tjaah, ditĕpak koe dampal panangan, toeloej Tjitandoej teh leber tjaah.

Pandita toeloej ngadjadikeun boehaja poetih.

Saĕnggeusna Tjitandoej tjaah, datang boehaja ka Sapoeangin. Kanagan toeloej disanggap koe eta boehaja poetih, njangsangna di Sapoeangin, hilireun Sipatahoenan.

Oerang toenda tjarita boehaja keur njoesoehoen kanagan.

Oerang tjatoerkeun deui anoe malidkeun, djĕnĕngan *Dewi Pangrĕnjĕp*, geus moelih ka sirah nagara, ka *Pohatji Naganing Roem*, bari toeloej sasaoeran, ngadjak moeka moerangkalih, padjar maneh diwadahan koe ajakan, barina ngomong: „Alah-alah."

Pokna teh *Dewi Pangrĕnjĕp:* „Euleuh-euleuh, ĕmbok, matak handeueul teuing koe pitineungeun, handjakal koe piniateun, hĕnteu njana pikir koering, ari ras ka moerangkalih, iboe poetri, rama ratoe, ari boedak siga andjing, hĕnteu njana teuing koering."

Kadangoe koe noe ngalajad, koe sakoer anoe njaksian, kabeh oge teu pĕrtjaja, sabab paradjina maroe; sadaja euweuh noe ngomong, koe sabab miloe handeueul. Ngan aja djalma saoerang, ngaranna *Sarasah Wajang*, nja eta anoe wani ngomong, ngomongna ka *Sĕkar Kĕmbang*, wantoe pada geureuha patih. Ari tjeuk *Sarasah Wajang:* „Hamo ĕnja, iboe poetri, rama ratoe, ari boedak siga andjing."

Diwalon koe *Sĕkar Kĕmbang:* „Ari maneh kawas noe teu eling ka djangdji nini paradji; geuning tjeuk nini paradji, tjeuli teh oelah sadenge-dengena, ari lain dengekeuneun, biwir teh oelah

saomong-omongna, ari lain omongkeuneunana. Naha ari ilaing, biwir teh djangdji ngagaplok, biwir teh njiroe rombengeun, tjeuli teh tjeuli lentaheun; koemaha lamoen kadangoe koe itoe pawarang Ratoe, ilaing tangtoe disiksa."

Kabĕnĕran teu kadangoe koe eta *Dewi Pangrĕnjĕp*. Tidinja pek njaoer Lengser, pokna: „Ach Lengser, geuwat maneh geura leumpang, geura oendjoekkeun ka Ratoe, pedah ieu poetrana bleg djiga andjing."

Gantjangna Lengser ngawalon: „Soemangga, djoeragan istri, abdi teh amit doemeuheus." Bari omongna poen Lengser: „Koetan djiga anak andjing poetra teh," bari toeloej Lengser loempat bade oendjoekan ka Ratoe.

Loempat lĕmboet manggoet-manggoet,
tjongklang lĕpas mamandapan,
bawaning koe tarik loempat,
kesangna Batara Lengser,
gorolong noe tina tonggong,
sagĕde boeah bintaro,
baralang noe tina tarang,
sagĕde boeah tjaroeloek.

Barang dongkap ka tĕngah djalan, Lengser teh eureur; toengkoel bari maroed, tanggah ngahampĕlas koedjang. Lengser tjitjing bari mikir, ngomong sadjĕroning kalboe; ari tjeuk pikiran Lengser: „Eh badan, kaniaja teuing, pagar maneh boedak siga anak andjing, poegoeh sidik dipalidkeun. Keun bae." tjeuk Lengser, „rek dido'akeun bae, masingna moeloes rahajoe, soegan bae bisa pribatin, djaga ge dikawoelaan. Tatapi koe langkoeng bingoeng, koemaha ngoendjoekkeunana; ari rek dioendjoekkeun siga andjing, da poegoeh ge lain; eta teh soesah katjida, koe sabab rasiah gĕde. Ah, elmoe toengtoet, doenja siar, gawe paksa, djinah maling sambil bae rasiah oelah ka loear djeung bidjil tina biwir mah, kadjeun bidjil tina gĕgĕmboeng, sababna ieu rasiah lain omong-omongkeuneun, tatapi ari ngadeuheusan mah 'mo boeroeng, sieun dipagarkeun baha kana pawarangan menak, ngan oepama datang, 'mo nembalan bae djeung boeka rasiah mah, anggoer 'kadjeun diteunggeulan."

Teu katjatoer di djalanna, da djaoeh 'mo boeroeng tjoendoek, anggang tanwande datang ka pajoeneun Kangdjĕng Ratoe, mando bari ngadeuheusan.

Enggalna Ratoe mariksa, gĕbes kadia banteng, gĕtĕm kadia

7. Tjangehgar ........................................ 24 poë.
8. Bango ........................................ 23 „
9. Hajam ........................................ 21 „
10. Oraj ........................................ 21 „
11. Manoek boeah ........................................ 21 „
12. Djapati ........................................ 14 „
13. Koekoepoe ........................................ 14 „
14. Bangkong ........................................ 4 „
15. Njiroean ........................................ 2 „
16. Laleur ........................................ 1 „

## LILANA REUNEUHNA SASATOAN.

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| Koeda | 307—412 | poë; | biasana | 340 | poë |
| Sapi | 204—311 | „ ; | „ | 284 | „ |
| Domba | 146—157 | „ ; | „ | 152 | „ |
| Babi | 113—120 | „ ; | „ | 116 | „ |
| Kalde | 360—370 | „ ; | „ | 365 | „ |
| Èmbe | 150—160 | „ ; | „ | 154 | „ |
| Kĕlĕntji | 29— 31 | „ ; | „ | 30 | „ |
| Andjing | 58— 63 | „ ; | „ | 60 | „ |
| Oetjing | 62— 68 | „ ; | „ | 65 | „ |

---

## 15. ATOERAN KARETA API.

Sakoer anoe tarcempak kĕlas I, II djeung III dina espres, djaba ti harga kartjis anoe geus dilĕtĕpkeun, diwadjibkeun oenggal² panoempang majar toeslag (toeslah) *f* 2.50.

Boedak anoe oemoerna koerang ti 24 boelan, anoe dilahoen koe kolotna, hĕnteu koedoe majar.

Boedak anoe oemoerna ti 24 boelan nĕpi ka sahandapeun 10 tahoen, koedoe majar satĕngahna tambangan, tapi toeslag anggĕr.

Dina oenggal 200 K. M. atawa sabagianana, kartjisna meunang dipake sapoë-sapeuting.

Oenggal panoempang meunang mawa barang² anoe hĕnteu dikeunaan beja, nja eta pikeun kolot nĕpi ka 30 K. G. boedak nĕpi ka 10 K. G. iwal kareta mĕsin djeung motor.

Kareta měsin dikeunaanana beja disaroeakeun djeung beja 30 K. G.; ari motor saroea djeung 120 K. G. Kareta měsin anoe rodana make motor, saroea djeung beja 70 K. G.

Oenggal panoempang ngan meunang mawa 1 kareta měsin atawa 1 motor anoe dibawana dibagagekeun.

## RESTORASI.

*(Restauratie-rijtuig).*

Panoempang kělas I djeung kělas II, dina salilana loemakoe, meunang larsoep ka restorasi. Ari keur panoempang kělas III mah, aja deui restorasi sedjen, nja eta keur těmpat dahar, isoek[2] ti poekoel 7 něpi ka poekoel 9 djeung ti beurang ti poekoel 12 něpi ka poekoel 2.

Sakabeh panoempang, kělas mana bae, meunang meuli dahareun djeung leueuteun ti restorasi tea, iwal anoe ditangtoekeun dina ajat ka 5; sagala anoe dibeuli beunang dibawa ka karetana, tapi bangsa kadaharan anoe panas mah ngan meunang dibawa ka kělas III bae atawa diadon ka restorasi.

Djongos restorasi meunangna datang ka kareta kělas I djeung kělas II teh, ngan lamoen ditjaloekan koe panoempang bae, make bel listrik tea, nja eta pikeun narima djeung ngadjalankeun pamenta panoempang.

Dina waktoe dahar (12—2.) sagala pamenta (kadaharan) ti loear, teu pěrloe diladenan; di djěro restorasi TEU MEUNANG OEDOED.

Lamoen lobana panoempang leuwih rea manan bangkoe di restorasi, daharna panoempang meunang didjieun doea abroelan atawa leuwih, sarta lilana dalahar koedoe diwatěsan.

Di djěro restorasi panoempang diwadjibkeun koedoe noeroetkeun atoeran restaurateur 1) atawa Hoofdconducteur.

TEU MEUNANG MAWA BAGAGE (bahasoe) ka restorasi, djeung teu meunang ngadahar atawa nginoem anoe lain ti restorateur.

Ngělakkeun hal kadaharan, inoeman atawa hal noe ngaladenan, koedoe ditoelis dina klachtenboek.

---

1) kawasa restorasi.

matjan: „Aeh Lengser, maneh tjoendoek roesoeh, datang geura, koe boedi kawas noe risi, oelat roepa siga reuwas, dek naon?"

Lengser hĕnteu ngawalonan, toengkoel bari goera-garo.

Ratoe teh mariksa deui: „Koe naon Lengser, teu gantjang-gantjang nembalan, aing mah bĕt rada bingoeng."

Lengser tjitjing keneh bae.

Moetoeh hanteu ngawalon, kaboeroe bae soemping pawarang Ratoe, nja eta *Dewi Pangrĕnjĕp* ti sirah nagara. Toeloej bae dipariksa koe Ratoe: „Aeh Njai, soekoer pisan ajeuna kaboedjĕng soemping, poegoeh akang moetoeh bingoeng, kataradjang koe kasoesah, keur heran mikiran Lengser, ditanja hanteu nembalan, eta koe naon sababna?"

Ari tjeuk *Dewi Pangrĕnjĕp*: „Noehoen sareboe, gĕrah salaksa, beurat njoehoen, beurat nanggoeng, beurat narimakeun inja; Goesti, goeroe dalĕm agoeng, Lengser teh noe matak kitoe, sabab keur njandang wiwirang, wirang koe pawarang tea, koe ĕmbok agoeng *Naganing Roem*, ngadjoeroena hanteu oemoem reudjeung batoer, teu moepakat djeung baraja, poetrana bĕt djiga andjing, tangtoe Lengser miloe era, kawantoe Lengser kakasih."

„Paingan Njai, Lengser teh dipariksa bĕt teu nembalan, manehna miloe eraeun."

Kadenge pisan koe Lengser, ratoe nimbalan kitoe, sasaoeran djeung poetri, atoeh Lengser seuseurian; indoeng bĕloet, bapa loebang, tjakakak noe kahatoeran; pikir Lengser: Aing teu dipariksa deui, tanwande rahajoe badan, djadi naha lamoen tadi pek ditembalan, ajeuna mah aing atoh.

Geus kitoe Ratoe teh mariksa deui ka eta *Batara Lengser*: „Aih Lengser, maneh njaho, anakna Nji *Naganing Roem* siga andjing?"

Lengser teh toeloej anjitan, hanteu nembalan, api-api rek ka tjai, hajang ngising, bari ngomong: „Djeung boesiat pajoeneun ratoe mah, mĕndling diisingkeun heula."

Tjeuk Ratoe: „Geura djor. geura modol, indit geura ngising, indit geura ngawĕloe, bisi aing baoe."

Geus kitoe Lengser teh loempat. Barang datang kana sisi djalan, rĕg ngahoelĕng.

ngahoeroen-baloeng koe toelang,
ngadjĕntoel handapeun tandjoeng,
ngadagoan noe ngaliwat,

rek nanja pipoekoelaneun,
soepaja rahajoe badan,
wantoe Lengser eukeur soesah,
soesah sieuneun koe Ratoe,
bět djol aja noe ngaliwat,
ewena djeung salakina,
koe Lengser geuwat ditanja,
ditjěloek sapedah djaoeh.

Tjeuk Lengser: „Hoeh, indoeng sitoeeun, bapa sitoeeun, noe ka ditoe, ka dieu, dewek rek nanja heulaan! Njaho silaing anak andjing?"

„Njaho batoer oge."

Lengser loempat deui bae ka pajoeneun Ratoe, sapedah geus meunang piomongeun.

Ari geus datang, pek dipariksa: „Geuwat Lengser, aing rek nanja."

Pek Lengser mando. Tjeuk Ratoe: „Eta maneh njaho, jen boedak teh siga anak andjing?"

„Soemoehoen njaho."

„Batoer, tetela?"

„Soemoehoen, batoer tetela noen."

„Soekoer tetela mah, jen boedak siga anak andjing, indoengna geura tělasan. Tah pědangna, geura bawa si *Naganing Roem*, geura teukteuk leundjeuran, geura tilas aděgan, geura teukteuk beuheungna, hoeloena bawa ka aing, atina tiir si *Naganing Roem*, koe sabab aing teh geuleuh."

Enggalna Lengser teh loempat;
loempat sakaloempat-lampet,
barina mamawa pědang,
loempatna njarangka obat,
njoengkědal-njoengkědil,
njigtjrig-njingtjriwilak,
blas ka geusan eureun,
dina loehoer batoe datar,
di handapeun tandjoeng noenggal,
djaoeh sapanjěloek deui,
anggang aja sapamangpeng,
anggangna ka *Naganing Roem*.

Eukeur eureun, Lengser kataradjang soesah, dipiwarang machan. Lengser teh 'mo tegaeun ka noe geulis *Naganing Roem*,

## HAL TOEMPAK DJEUNG TOEROEN TINA KARETA.

Dilarang pisan teu meunang toempak atawa njoba² toempak, lamoen tanda nginditkeun, nja eta lotjeng tiloe, geus disada. Panoempang anoe geus meuli kartjis, lamoen tinggaleun koe kareta api, teu meunang ganti naon², nja kitoe deui beja barang-barangna anoe geus dibajar.

Anoe salah toempak kareta, hĕnteu meunang ganti naon².

## HAL LARANGAN.

Dilarang:

*a.* lalaki teu meunang asoep ka djĕro C. R. atawa kareta anoe ĕnggeus dibakoekeun tĕmpat awewe woengkoel.
*b.* ngaliwat kana tĕmpat larangan di station, djeung ka djalan kareta api anoe salawasna teu meunang diliwatan atawa dilarang pikeun sawatara lilana;
*c.* oedoed di tĕmpat noe aja toelisanana: ngalarang oedoed;
*d.* oenggah atawa toeroen tina kareta satatjanna kareta eureun atawa lamoen dilarang koe conducteur;
*e.* toeroen di tĕmpat sedjen, anoe hĕnteu dibakoekeun pikeun toeroen tina kareta.
*f.* asoep kana hawoe kareta api atawa ka tĕmpat anoe lain pikeun panoempang, iwal lamoen diidinan koe conducteur;
*g.* moetĕrkeun rim;
*h.* tjitjing dina hidji kareta, lamoen manehna geus ditjaram koe conducteur, lantaran di dinja geus tjoekoep anoe dioekna:
*i.* make kartjis anoe lain keur kareta anoe ditoempakan.
*j.* make kartjis liwat tina tĕmpat anoe disĕboet dina kartjisna tea, samemeh panoempang tea meuli deui kartjis pikeun nĕroeskeun pĕrdjalananana.
*k.* dioek dina kĕlas sedjen, noe teu saroea djeung kĕlas anoe disĕboet dina kartjisna, samemehna panoempang majar tambahan anoe koedoe dibajar;
*l.* hĕnteu nembongkeun atawa hĕnteu mikeun kartjis ka conducteur dina waktoe dipenta, kitoe deui ngaririkĕs kartjis djeung ngaroeksak aksarana, nĕpi ka teu beunang dibatjana;
*m.* narik noodrem lamoen taja lantaranana anoe gĕde;



P. Jmm. Toean Mr. H. JELGERHUIS SWILDENS
November 1894 Ambtenaar ter beschikking pada Landraad. April 1919 Presidén Mahkamat Tinggi. Mei 1922 Lid Déwan Hindia.

kawantoe teu boga dosa; *malah-malah dipikiran: Ah*, rek dibedjaan, karoenja teuing koe djoeragan, rek dipaehan, padahal teu boga dosa, ajeuna mah anggoer rek dititah tapa; bari toeloej bae loempat.

Datang ka pajoeneun Poetri, kasampak keur nangis bae, ari pokna noe keur nangis: „Toeloes lěboer, toetoeng perah, modar teh *dipontrang* heulang, alamat paeh didjoedjoet deungeun, la*moenna* kieu *pětana, panon* poë bidjil peuting, njatjapkeun saboelan biheung, baranang bentang di bale, samar teuing sapi*wali*, alamat *raga* papisah djeung *njawa*."

Tjeuk Lengser: „Doeh Goesti, abdi agoeng panoehoen gamparan, oelah rek angis, abdi teh amoen doemeuheus ka pajoeneun dampal Goesti, abdi teh aja pioendjoek, dipiwarang koe Sang Ratoe, bade nělasan gamparan."

Poetri teh bangět nangisna: „Aeh Lengser, soekoer teuing, sanadjan koering hiroep ge, wiwirang saoemoer-oemoer, geus poegoeh lamoen koe Ratoe, koe maroe dikaja-kaja, ajeuna rek dipaehan koering teh, soemangga pisan sěrah njawa, sěrah pati, lahir-batin ikělas kabina-bina, da ratoe anoe kagoengan."

Lengser teh toeloej bae tjeurik, bět hanteu daek maehan, ngadenge Poetri keur nangis, ari tjeurikna ki Lengser:

„Saběndoe-běndoe disoehoen,
saběngkah-běngkah ditěda,
abdi teh soemoehoen pisan,
jen *dipiwarang* tea mah,
tapi abdi teu kadoega,
kawantoe *watir* ka *Goesti*,
ari ajeuna sim abdi,
lain pisan rek *nělasan*,
*lamoen* pandoek djeung gamparan,
diadjar leletra badan,
Goesti anggoer geura dangdan,
anggoer oerang angkat bae,
ka ditoe ka patamanan,
geura siram ka moeara,
*diadjar* soesoetji diri,
diadjar leletra badan,
*njěnen-kěmis* oenggal Kěmis,
kanaat oenggal Djoemaah,
*ngalaloe* oenggal Saptoena,

poeasa oenggal Salasa,
nja djoeragan geura tapa.

Ngalaloe di oenggal Minggoe, soegan bae poetra soemping isoek djaganing pageto."

*Naganing Roem* toeloej nangis, bari sasaoeran bae: „Doeh kakang Lengser, soekoer sareboe, koering tanwande salamĕt, lamoenna kitoe pĕtana."

Gantjangna pek bae dangdan, barina nganggo bĕbĕnting,

taarna dipilis hideung,
barina njandak barera,
toeloej njaoer eusi boemi,
noe ngaranna *Sangkleng Larang*,
kadoea djeung *Timbak Larang*.

Toeloej bae *Naganing Roem* angkat bari diiteuk barera.

Angkatna didjaragdjagkeun,
wantoe noe hoedang ngadjoeroe,
angkat bari leuleuweungan,
sĕdjana ka patapaan,
diiring koe ĕmban doea,
katiloe *Batara Lengser*,
sarta nangis sadjadjalan,
ditjindoeng koe tjinde woeloeng,
toengkoel njoesoetan pangamboeng,
tanggah njoesoetan tjisotja,
dongkapna ka patapaan,
Lengser toeloej sasaoeran,
ka noe geulis *Naganing Roem*.

Ari pokna Kai Lengser: „Soemangga Goesti, koe abdi didoakeun, moega sing loeloes rahajoe djeung masing salamĕt."

Gantjangna Lengser teh amit rek balik ti patapaan, loempat ka sirah nagara ka oeroet poetri babar. Barang kasampak noe siga andjing teh, diwadahan koe ajakan, koe Lengser toeloej diboeka, sarta Lengser toeloej ngomong barina babanjolan: „Euleukeudeuheu bĕdog, soemoer katoeroeban njiroe, balegbreg ragrag ka para, saoemoer kakara nimoe, ngadegdeg bari kakara. Koetan andjing siga kitoe, padahal ieu teh santĕn, lain andjing saĕnjana." bari prak bae diboeang. Koe Lengser teh dialoengkeun sarta barina disapa, tjeuk Lengser: „Moega-moega masing djadi pamoendjoengan andjing Galoeh."

*n.* dioek atawa nangtoeng di loear waktoo kareta keur djalan;
*o.* toeroen tina kareta waktoe kareta eureun djaoeh ti station, lamoen teu diidinan koe hoofdconducteur;
*p.* neundeun barang² dina djadjalaneun di djěro kareta api.

## DIWADJIBKEUN KOEDOE MAJAR.

Panoempang anoe teu boga kartjis djeung teu koeat majar děngdaan, eta koedoe ditoeroenkeun.

## NOLAK ATAWA NGALARANG PANOEMPANG.

Djalma mabok, noe gěring atawa noe njoesahkeun ka noe sedjen, atawa matak tjilaka ka panoempang sedjen, eta teu meunang dibawa dina kareta anoe biasa; oepama conducteur manggihan djalma anoe kitoe, eta djalma koedoe ditoeroenkeun.
Lamoen kadjadian pěrkara kitoe, doeit harga kartjis atawa leuwihna tina harga kartjis (anoe geus kadjalanan), těroes dipoelangkeun deui, dimana kartjisna ditjokot ti panoempang tea.

## NOE MEUNANG MILOE TOEMPAK KARETA.

Sadjabana ti panoempang anoe geus disěboet di loehoer, sakabeh djělěma boga hak miloe toempak kareta api, salila eta kareta aja kench di station atawa halteu dina kělas mana bae, asal daek majar tambanganana, sarta di dinja aja kereh těmpat.
Sato teu meunang dibawa ka těmpat djělěma, koedoe diasoepkeun kana těmpatna, noe aja dina wagon těmpat barang tea, sarta koedoe majar saharga kartjis kolot kělas III, djeung dibawana ngan těpi ka station anoe katěpi dina poë eta.

## BARANG² ANOE KAIDINAN DIBAWA KANA KARETA.

Djalma² meunang mawa barang laleutik, anoe katimbang koe pagawe atawa boedjang sěpoer gampang diampihanana di djěro kareta, hartina teu matak djadi halangan ka noe taroempak kareta, tapi tanggoenganana dibeuratkeun ka noe boga pribadi.
Barang² anoe matak njilakakeun atawa anoe matak soesah ka noe sědjen, teu meunang dibawa ka djěro kareta api.

Ana ragrag andjing teh ka Bodjong Galoeh — mana nĕpi ka ajeuna aja pamoendjoengan Galoeh, eta kitoe asalna.

Geus kitoe Lengser teh soesah, rek balik, isin koe Ratoe, kawantoe dipiwarang nĕlasan *Naganing Roem* hĕnteu toeloes, malah-malah tjeuk Ratoe mah koedoe kabawa sirahna, akir-akir teu toeloes, tah kitoe noe matak soesah.

Tjeuk Lengser: „Koe naon digantianana mastaka djoeragan istri? Ari rek oengah-engoh lengoh, 'mo pihadeeun, da geus sapĕrti neukteuk tjoeroek dina pingping, tamiang meulit ka bitis, malindĕs, ratoe teh meuntjit ka dewek."

Eukeur kitoe, doemadakan aja liwat djalma paroelang ti leuweung, tatapina hĕnteu lengoh, wantoe noe balik ti leuweung, aja noe narik hoeroenan soeloeh djeung noe mawa kompetan daoen.

Koe Lengser pek diawaskeun ari geus tetela awas, koe Lengser didangding, dipake omongan ka Ratoe. Tapi Lengser ngomong deui. „Eh, lain kolot kakara sapoë, elmoe da geus ngandoeng, pangawasa ĕnggeus ngantongan, pangĕrti ĕnggeus ngeusi."

Ngadjoegdjoeg ka padalĕman, ka Praboe Ratoe tea, sĕdja rek ngabohong.

Teu katjatoer di djalanna, tjatoerkeun geus nĕpi bae ka pajoeneun Ratoe Galoeh.

Datangna ounggeng angglekeung, laj mando, njĕmbahna koe tjokor. Atoeh Ratoe teh njeuseul ka Lengser, da disĕmbah koe tjokor: „Ih, batjot! Loekak djapakan tĕmĕn, maneh teu ngadab, naon sababna, mana wani-wani njĕmbah koe tjokor ka aing!"

Tjeuk Lengser: „Doeh Goesti njoehoenkeun bĕbĕndoe, bobot pangajon, timbang taradjoe, hoekoem adil pangadilan, sadaja aja di Goesti. Noe matak njĕmbah koe soekoe, abdi teh kapoekoel bingoeng, kataradjang koe soesah, pedah timbalan gamparan, abdi teh koedoe maehan Poetri."

„Toeloes atawa hĕnteu?"

„Hoeroen soeloeh, kompet daoen, tarik balok, gĕrĕdĕg ka tĕgal eurih."

„Koemaha geus kitoe?"

„Goesti langkoeng oeninga, da aja omongan: *tjirining wong ngamaling tandaning wong ngadjinah*, ngatjir bae kĕmbang eurihna."

Tidinja teu lila, tjeuk Lengser: „Hoeroen soeloeh, kompet daoen, tarik balok, dĕrĕgdĕg dibawa ka Tĕgalkoneng, kagoengan gamparan kĕmbang lampoejang, tongtak saradat, bras-broel pake




Mesdjid Midan
dikota Bagdad; disini didapati koeboer Sjéch 'Abdoe'lkadir
al Djailani, Wali koetoeb jang memboeat 'ilmoe
Tarikat Qadirijah.

## NGAROEKSAK KARETA.

Pambĕsar kareta api dikawasakeun menta karoegian ka noe ngotoran, ka noe ngaroeksakkeun kareta; eta karoegian koedoe dibajar sapada harita.

## BARANG² NOE SOK BITOE.

Sĕndjata api noe dieusian teu beunang dibawa kana kareta api.

## NGALAWAN KA PAGAWE SĔPOER.

Ngalawan koe kasar (nĕpi ka nanganan) ka noe ngoeroes kareta, ka pagawe atawa ka boedjang sĕpoer anoe ngadjalankeun pagaweanana, eta dihoekoem tjara hoekoeman anoe ditĕrapkeun ka djĕlĕma anoe ngalawan nĕpi ka nanganan ka ambtenaar, noeroetkeun boekoe Hoekoem *siksa di Hindia-Nederland.*

---

### Toekang Koeeh djeung toekang mantega.

*Toekang njieun koeeh kĕlak ka hakim: ditipoe koe toekang mantega, doemeh beuratna mantega koerang tina mistina.*

*Doeanana koe hakim disaoer ka pangadilan.*

*Sadatangna, toekang koeeh dipariksa koe hakim: „Naon kasalahanana eta toekang mantega teh anoe matak koe maneh didawa teh?"*

*— Djaluran eta merena mantega beuratna hĕnteu samistina. Djawab toekang koeeh.*

*Hakim mariksa ka toekang mantega: „Naha maneh boga timbangan pikeun nimbang mantega, anoe hade djeung bĕnĕr?"*

*Djawabna: „Kantĕnan, kangdjĕng toean."*

*— Naha maneh boga oge batoe timbanganana?*

*— Soemoehoen gadoeh, kangdjĕng toean, nanging oepami nimbang mantega pikeun ieu toekang koeeh mah, anoe dianggo batoe timbangan teh roti anoe ti manehna.*

*Koe toekang koeeh kahartieun; manehna teu ngomong sakĕmek. Hakim imoet, saoerna: „Naon atoeh kapanasaran maneh, apan eta geuning kitoe. Djig bae ajeuna mah geura moelang."*

## 12. BOEKOE DOKTOR.

### *a.* HAL POTONG TOELANG.

*(Pĕtikan tina „Pitoeloeng saheulaan". Serie No. 433).*

Potong toelang bisa kadjadian:

1e. koelitna teu raheut teu naon (toelang potong biasa) atawa
2e. koelitna oge raheut (toelang potong tjalangap).

Lamoen kadjadian sapĕrti No. 2, ngoeroesna koedoe tjara ngoeroes noe raheut gĕtihan bae, tjara teu aja toelangna noe potong.

Ngoeroesna potong toelang anoe doea roepa tea, koedoe noeroetkeun atoeran sapĕrti di handap ieu.

Pikeun nganjahokeun jen aja toelangna noe potong, kieu:

1e. bangoenna (woedjoedna) sedjen pisan tina bakoena;
2e. aja noe beuki mondokan atawa tipoerilit;
3e. karasa njĕri katjida dina saloewoek;
4e. sakapeung noe raheut tea nĕrangkeun, jen manehna ngarasa aja noe krek-krekan dina lĕbah potongna;
5e. djeung kalolobaan tara bisaeun ngobahkeun anggahotana noe raheut tea.

Bahan[2] noe pĕrloe pikeun noeloeng noe potong toelang, nja eta: laha, didjieunna koe kai atawa awi; lamoen teu aja meunang make naon bae noe aja, asal noe saroepa kitoe sarta heuras, sapĕrti: iteuk, gagang pajoeng, gagang sapoe, bèdil, toelak panto, awi djeung salinna.

Pikeun mageuhan eta laha, make zwachtels (gĕnder) atawa lamak noe djoeroe tiloe (driehoek) ditilĕpkeun, tjara beubeur beuheung, lamoen teu aja eta meunang bae make beubeur beuheung, sapoetangan, andoek djeung salianna. Oerang koedoe ngingĕtkeun, jen eta laha anoe sakitoe heurasna teh hĕnteu meunang oedjoeg[2] ditĕrapkeun bae kana awak teu ditilaman heula; djadi di antarana koedoe dihalangan koe kapas anoe kandĕl atawa papakean noe ditilĕp-tilĕp.

Toemboena eta lamak atawa beukeur hĕnteu meunang ngagandjĕl kana koelit.

Di mana bae kadjadianana eta katjilakaan, noe pangpĕrloena pisan toelangna noe potong koedoe dipĕrban heula, samemehna eta djĕlĕma dibawa ka tĕmpat sedjen teh.

ngatjar akar langkai poetjoek daoen, kembang koneng wawadoelan."

Tatapi Ratoe teh mariksa deui bari goemoedjĕng, sapedah omongna kitoe, saoerna: „Kajoengjoen teuing silaing bisa maehan."

„Soemoehoen bisa koe tjatoer, noen!"

„Koemaha geus kitoe?"

„Teu lila hoeroen soeloeh, kompet daoen, tarik balok, dĕrĕgdĕg dibawa ka Bodjong Galoeh; ari datang ka dinja, djoeragan langkoeng oeninga, da lain ĕnggon djĕlèma."

„Na, ĕnggon naon?"

„Soemoehoen, ĕnggon siloeman reudjeung silĕman; malah-malah pada ngomong silĕman reudjeung siloeman teh, kabeh kadenge koe abdi."

„Ngomongkeun naon siloeman teh Lengser?"

Tjeuk Lengser:

„Ngenta soengsoem, ngenta baloeng,
ngenta oerat, ngenta lamad,
ngenta daging reudjeung gĕtih,
ngenta koelit reudjeung boeloe."

Djadi bolampar abdi ngoeroes mastakana reudjeung atina; lah, oepadi eta mah djoerig tjokekek, ana njotjo bari njĕkek, njotjona ka boedjoer dewek; ngan gĕlĕdĕg bae abdi loempat."

Saoer Ratoe: „Eh Lengser, kadjeun teuing teu kabawa oge *hoeloena si Naganing Roem; sok moen maneh* bae oelah paeh, teu dihakan siloeman ge bara-bara; tapi aing ajeuna rek nitah deui."

Djawabna: „Soemangga, Goesti rek nimbalkeun naon?"

Tjeuk Ratoe: „Ieu Lengser, poetra aing ngan sahidji, djĕnĕngan *Aria Banga*, ajeuna geura pestakeun. Maneh Lengser, geura leumpang, parentah gagaman sarawoeh djeung panajagan, sakabeh para bopati, oerang njieun soekan-soekan mestakeun poetra aing."

Gantjangna Lengser teh loempat ti pajoeneun Kangdjĕng Ratoe; teu katjatoer di djalanna.

Tjatoerkeun geus nĕpi bae ka aloen-aloen sewoe tjĕngkal, di dopang waringin soengsang, Lengser nakol bĕnde, ngoengkoeng di *aloen-aloen*.

Geus kadangoe koe sadaja, tetela jen sora bĕnde, noe nakolna *Kiai Lengser*.

Lamoen awakna pĕrloe koedoe ditarandjangan, sabisa-bisa ngalaananana koedoe ati² pisan, leuwih hade eta papakeanana ditoerih kapoetna atawa digoentingan.

Lamoen noe potong teh toelang leungeun atawa taktak atawa kengkerengan, eta kengkerengan atawa leungeun tea koedoe diais koe lamak noe djoeroe tiloe (driehoek mittella).

Lamoen teu aja lamak noe roebak, meunang oge eta leungeun diaisna koe doea lamak noe heureut atawa koe toengtoeng badjoe djas atawa kamedja noe sabeulah ti hareupna, dilipĕtkeun ka loehoer, toeloej panitihan.

Ngalaananana papakean koedoe ati² pisan, palĕbah anoe potongna koedoe ditjĕkĕlan koe leungeun soepaja oelah obah, sarta moekaananana papakean mimitina palĕbah tina bagian awak noe tjageur heula.

Lamoen potongna toelang tea dina pingping sarta eta toelang njengsol atawa ngagilir, toengtoeng soekoena koe oerang koedoe ditarik masing ati² sarta lalaoenan, soepaja eta toelang djadi bĕnĕr (lĕmpĕng) deui, geus kitoe deukeutkeun kana soekoena noe tjageur, pek papakkeun, lamoen tatjan papak, tarik deui lalaoenan. Lamoen geus kitoe teu pĕrloe digomeng-gomeng deui keun bae antĕp, ngarah eta soekoe hĕnteu kaobah-obah. Toeloej soekoena doeanana beungkeut palĕbah moemoentjanganana. Tidinja kakara ditĕrapan laha dina sabeulah ti loear soekoe noe potong tea, pandjangna kira² tina kelekna nĕpi kana keuneungna, sapĕrti koe iteuk atawa bĕdil, pajoeng, toelak panto djeung salianna, sarta noe sabeulah ti djĕro pandjangna kira² tina palangkakananana nĕpi kana keuneungna. Geus kitoe eta laha palĕbah dadana beungkeut dibeulit-beulit, nja kitoe deui dina lĕbah biritna, sarta lima tĕmpat dina soekoena sabeulah ti handapna pisan. Lamak gĕnder lian ti gĕnder soekoe noe potong atawa noe make doea laha tea, koedoe tĕroes dibeulitkeun kana soekoena noe sabeulah deui, nĕpi kana dampal soekoena. Sanggeus kitoe toeloej talian deui sakoerilingna toeoer doeanana.

Lamoen aja djĕlĕma noe potong toelang pingpingna, rek dibawa toeroen dina golodog atawa dina tĕmpat noe moedoen, sirahna sina ti heula.

Lamoen tetela jen pitoeloeng oerang baris mĕnĕrkeun toelang pingping noe potong teh (tapi oelah dipaksa), teu bisa bĕnĕr bae, koe oerang palĕbah noe potong koedoe diboengkoes noeroetkeun sakahajang noe gĕring bae, koemaha ngeunaheunana.



Roemah-sakit Salemba, biasa diseboet orang C. B. Z. (Centrale Burgerlijke Ziekeninrichting); adanja di Salemba (Weltevreden) dibelakang roemah sekolah doktor jang baroe.

Boeroedoel ti tebeh kidoel,
kampoengan para toemĕnggoeng,
bawana tjaloeng djeung angkloeng,
saratoes djeung lima poeloeh,
lagadar djoeraganana,
boeroedoel oemboel-oemboelna,
ngagoeroeh ka aloen-aloen,
earna ti tĕbeh wetan,
kampoengan ti para dĕmang,
bawana pĕntja djeung wajang,
lagadar djoeraganana,
ngadjadjar toekang baksana,
saratoes djeung lima poeloeh,
ngabengbreng ti tĕbeh kaler,
kampoengan ti para raden,
bawana topeng djeung ronggeng,
sor deui ti tĕbeh koelon,
kampoengan para kaliwon,
bawana reog djeung barong,
ngagoeroeh ka aloen-aloen,
ngĕmpoer djeung bandera woengoe,
tjitjiren nagara ratoe,
ngĕlĕwir bandera beureum,
tjitjiren teuneung ka gĕtih,
menak taja kasoesahna,
eukeur ngalampahkeun pesta,
di nagri Galih Pakoean,
ratoe euweuh kaboetoehna,
moesoeh noe diajoeh-ajoeh,
badjo noe didago-dago,
badjag noe diamba-amba,
kĕrĕta dipaliaskeun,
kitoe lampah Praboe Ratoe,
mestakeun poetra sahidji,
djĕnĕngan *Aria Banga.*
Toenda heula tjarita Ratoe keur pesta.

*(Aja samboenganana).*

# BUREAU VOLKSLECTUUR

:—: WELTEVREDEN :—:

## BOEKOE-PANAWARAN

BASA SOENDA.

## BALE-POESTAKA

### NGALOEARKEUN BOEKOE-BOEKOE

### Soenda — Djawa — Malajoe — Madoera

*Tjangreud dina manah.*

Harta, harti reudjeung ati,
saratna hiroep oetama,
noe tiloe koedoe ngagolong,
koedoe dioedag koe loeang,
digendeng koe daloeang,
ngaos boekoe noe araloes,
wĕdalan **Bale-Poestaka.**

KANTOR TJITAK VOLKSLECTUUR, WELTEVREDEN.

Lamoen noe potong tea toelang bintjoerangna, roeloenganana sapĕrti atoeran tadi bae noe di loehoer, tapi laha noe saneulah ti loear montong pandjang teuing, nĕpi kana pingping bae.

Lamoen teu aja pisan laha anoe bakoe atawa pilahaeun, soekoe noe potong teh beungkeut rangkĕpkeun kana soekoe noe tjageur.

Lamoen aja djĕlĕma noe katjilakaan, ingĕtanana djĕdjĕg, hĕnteu kapaehan teu naen, tapi teu bisaeun nangtoeng atawa ngadjoengdjoengkeun soekoena, padahal dina soekoena tea teu katangen aja toelangna noe potong, eta koe oerang koedoe disangka, aja toelang noe potong dina tonggongna atawa biritna.

Lamoen bisaeun mah eta djĕlĕma hade sina ngĕdĕng bae sarta kentja-katoehoeeunana koedoe digandjĕl koe anggĕl atawa koe papakean noe beunang ngagoeloengkeun soepaja ndjĕrina koerang; lamoen manehna katembong pias atawa tiis, simboetan bae sarta inoeman tjai ĕnteh atawa kopi panas atawa brendi.

Lamoen eta djĕlĕma pĕrloe dipindahkeun ti dinja, ti handapna koedoe diamparan koe samping atawa simboet anoe koeat, anoe liat, ngamparkeunana koedoe ati² pisan, mimitina tina sirahna. djĕlĕmana oelah mindĕng teuing ditjabak djeung oelah nĕpi ka malik. Geus kitoe toeloej neangan kai noe pandjang sarta koeat, sisina simboet goeloengkeun kana eta kai sarta pakoean soepaja pageuh.

Sanadjan oerang samar², naha aja atawa teu aja toelangna noe potong mĕtakeunana pitoeloeng koedoe sapĕrti aja toelangna noe potong.

---

## b. ADJINA KAWARASAN.

*(Pĕtikan tina „Elmoe Kawarasan". Serie No. 447).*

I. H a w a  b ĕ r ĕ s i h.

Walagri teh moenggoeh keur manoesa, eta hidji bagdja gĕde katjida; karana ari walagri mah kapan oerang teh bisa migawe pagawean oerang koe maneh djeung bisa toetoeloeng ka batoer deui. Geura koemaha ari gĕring, tanaga oge euweuh, atoeh gĕde² bisa toetoeloeng tea ka batoer, ieu mah anggoer matak

# Poernama Alam No. 132—132*a*—132*b*

:angan R. SOERIADIREDJA—M. ARDIWINATA.

; kaetang loba wawatjan, namoeng anoe dipikarĕsĕp
ƆERNAMA ALAM hĕnteu seueur. Moal gagal, doeineh
ıis, dangdingna loetjoe, tjariosna rame. Oenggal dintĕn
bae pĕsĕnan anoe darongkap ti sakoeliah Pasoendan.
ıgagaleuh hidji, gĕnĕp, toedjoeh, malah aja anoe dong-
boekoe sakalian.

| | | | |
|---|---|---|---|
| *sna: djilid* | *I.* | . . . . . . . . . . . . | f 0.40 |
| „ | *II.* | bade ditjitak deui. | |
| „ | *III.* | . . . . . . . . . . . . | f 0.20 |

---

# ı Oestama No. 312

R. ARDIWINATA.

Lalakon hidji menak Bandoeng dina djaman pamarentahan Inggris. Ngalalakon ti Bandoeng ka Batawi, ti
a Hindoe, ti Hindoe ka Afrika-Kidoel, ti Afrika-Kidoel ba-
:a Djawa. Tjariosanana istoe pikarĕsĕpeun, loba poeloenga-
ari poendjoelna ieu boekoe ti boekoe anoe sanes, doemeh
tjarios boekti, aja djalmana noe ngalalakon, toer oerang
.i Bandoeng pisan deui.

*ıosna* . . . . . . . . . . . . . . . . f 0.85

---

# Santri Gagal No. 526

Karangan M. NATAWIRIA.

ɔkoe, istoe boekoe
ɔitoein. Lalakon
ıdan, dikarangna
ıg Soenda toelen.
oeh deui teu kintĕn saena, loetjoe, rĕsĕp, ngeunah deui
ıg matja teh; mani asa katingal, sagala anoe ditjarioskeun
ıging disĕbatkeun adina BAROEANG KA NOE NGARORA.
*ıal ngagaraleuh! Pangaosna.* . . . . . . f 0.35

**Geura**

No. 235 — 235a

# Noenggoel Pinang.

## Karangan HECTOR MALOT.



Di oerang, dina basa Soenda, tatjan aja boekoe anoe sakitoe saena sarĕng sakitoe pikarĕsĕpeunana sapĕrtos NOENGGOEL PINANG. Ieu boekoe asalna pisan tina basa Parasman, karangan hidji boedjangga agĕng, djĕnĕnganana HECTOR MALOT. Tina kaaloesanana ieu boekoe, parantos disalin kana sadaja basa Eropa. Koe BALE-PCESTAKA disalin kana basa-basa Hindia; anoe pangheulana kana basa Soenda; disoendakeunana koe R. GANDA ADINEGARA.

Ieu boekoe sanes moeng sae tjariosanana bae, nanging pinoeh koe pitjontoeun deui.

sana istoening sae, raos. Sakitoe kenging njoendakeun teh, aja baoe-baoe kolonjo, seungitna anggĕr malati bae.

ha-saha anoe parantos maos eta boekoe, tangtos ngaraos, jen gawitan dongkap ka tamatna, taja pisan pikabosĕneunana.

k rĕsĕp, loetjoe sarĕng kajoengjoen!

toe boekoe sae, narik manah anoe maos!

*(Djilid II nganggo gambar).*

*ngaosna: djilid I.* . . . . . . . . . . . . . . . **f 1,25**
*„ II.* . . . . . . . . . . . . . . . **„ 2,30**

**ngintoenkeun postwissel!**

ridoe, sasat djadi babandoel bae ka batoer salĕmboer oge. Hidji radja anoe linggih di karaton anoe sakitoe hoeroeng moebjarna, ngaraos djadi djĕlĕma tjilaka, oepama kataradjang teu damang; tapi ari tjageur mah, sanadjan koeli anoe malarat oge, bisa ngarasa ni'matna hiroep.

Koemaha ana ninggang boedak anoe gĕringna, estoe matak pihawatireun pisan. Sabab karĕsĕpna boedak teh oelin atawa ka iskola babarĕngan djeung sobat-sobatna, mangkaning ajeuna sapoë djĕpoet koedoe ngagoler bae di ĕnggon, sakoemaha pikĕsĕleunana ka boedak, djeung sabaraha pireuwaseunana ka kolot neuleu anakna gĕring pajah.

Komo ari geus lĕbah indoeng mah anoe gĕring teh, geus taja babandinganana. Indoeng anoe oetama ti isoek nĕpi ka sore ngan ngĕlĕtĕk bae digawe. Atoeh ari gĕring mah sagala pagaweanana koedoe dipigawe koe batoer, da indoeng teu bisa oesikoesik atjan.

Tapi anoe pangtjilaka-tjilakana, eta ana geus bapa anoe gĕring teh. Geus bae eta mah!

Lolobana djĕlĕma koedoe digawe keur napakah anak-bodjona. Atoeh ari gĕring mah lapoer bapa teh teu meunang koelian; ari parabaneun anggĕr, malah ngaloearkeun doeit mah leuwih ti sasari, da ajeuna mah salian ti keur dahar teh, koedoe majar doktor deuih djeung koedoe meuli oebar ka apotheek. Atoeh kapaksa koedoe nandangan sangsara, hiroep dipoeoek koe bingoeng, didjarah koe kasoesah. Eta mĕnding keneh ari bapa tjageur deui mah; tapi koemaha ana nĕpi ka adjalna ninggalkeun anak-pamadjikan, teu aja anoe baris roemawat, toer teu tanah teu modal.

Geus beak wirasat bae eta mah!

Koe hal eta meureun koe sadaja oge kamanah, sabaraha pĕrloena oerang nja koedoe njiar kias-tarekah, pambrihna salilana walagri djagdjag-waringkas.

Djĕlĕma anoe tatjan gĕring moal njaho bĕnĕr di adjina walagri, sabab ngan koe gĕring bisana kanjahoan, sakoemaha gĕdena mangpa'atna walagri.

Loba djĕlĕma anoe boga pangira, jen anoe sok djadi lantaran gĕring eta tara kadeuleu, hartina lain woedjoed anoe beunang ditjĕkĕl, tara djirim; koe sabab eta oerang, manoesa, moal bisa mĕgatan. Eta pangira salah, da sagala kasakit oge anoe djadi lantaranana djirim, beunang ditjĕkĕl.

Lamoen aja minggoena teu dahar atawa aja poëna teu nginoem, oerang masih keneh bisa hiroep, tapi lamoen teu meunang hawa, koe miminoetan oge tangtoe oerang maot. Gawe oerang anoe mimiti, dina waktoe oerang goeroedag ka doenja: *narik napas;* gawe anoe panoetoep dina hiroep oerang: *ngaloearkeun napas.* Ti barang brol didjoeroekeun něpi ka hos maot, boh keur njaring boh sare, euweuh eureunna oerang ngamběkan. Djadi anoe pangpěrloena keur hiroep oerang teh, nja njawa.

Ari hawa sok kadeuleu koe oerang? Poegoeh! Tapi ngan lamoen katjida panasna bae, sok tembong ngagolak loehoereun tětělar. Ari dina kabiasaan, sasarina mah tara kadeuleu. Lamoen hawa tjitjing, hěnteu obah atawa pindah, koe oerang tara karasa; dimana hawa teh obah, disěboetna: *aja angin;* tah di dinja koe oerang katjiri djeung karasa. Sakapeung obahna sok katjida, datang ka kakaian galěde oge sok loba noe raroengkad. Kanjaanana hawa teh lir oepama tjai bae, dasar laoet katoetoep koe tjai, ari djagat sakoeliahna kaboelěn koe sagara hawa; oerang hiroep oesik-malik dina dasar sagara hawa, teu beda lir laoek dina dasar laoet. Djěrona ieu sagara hawa leuwih ti 100 mel, atawa meh 70 pal. Beuki loehoer hawana beuki ipis.

Pikeun oerang hiroep teh lain ngan pěrloe koedoe aja hawa bae, tapi eta hawa teh koedoe běrěsih deuih.

Koe sabab eta koedoe daek neangan akal, nambrih sa'ilana bisa meunang hawa běrěsih. Ari ti beurang mah ieu koedoe dipikir teuing koe oerang, da oenggal poë oge sok bidjil ti imah, tapi anoe pěrloe katjida ditarekahan teh ti peuting, kawantoe ti peuting mah oerang sok sarare di kamar.

Hal kaajaan imah katoet pakaranganana, eta gěde pisan bawana kana kawarasan badan. Djalma anoe teu baroga, kabiasaanana sok njaritjingan imah sakapanggihna atawa saajana bae, hěnteu bisa milih, da hěnteu katěpi pisewaanana atawa hěnteu kaoedag koe piwaragadeunana, tapi meh oenggal imah oge beunang dihadean, beunang diatoer-atoer něpi ka leuwih hade pikeun kawarasan anoe ngeusian.

Oelah njieun imah atawa njewa anoe aja di lěgok, da sok loba tjai atawa tjileungtjang anoe těroes tjitjing ngaroemplang di deukeutna. Nja neangan imah koedoe milih anoe aja dina moemoenggang sarta djaoeh ti rantja. Anoe tjaritjing dina imah anoe beueus leuwih babari katěrap kasakit batoek gangsa

# Rasiah Priangan

No. 3

**karangan M. KARTADINATA**

Eusina: nja
keun hidji oei
Soenda ngara
**Raksapradja**, anoe geus ngakoe-ngakoe toeroenan wali sarta n
djarkeun roepa² elmoe kawĕdoekan, kasakten ka moerid-moeri
paniatanana rek nĕmpoeh dajeuh² satanah Pasoendan sarta
nehanana anoe baris djadi Ratoe Soenda djeung senapati-sena
na baris diangkat djadi patih djeung mantri-mantrina. Tapi ni
kitoe teh teu kadjadian, lantaran para pangagoeng dajeuh
doeng sarĕng para ponggawana langkoeng tjoekoep pakarangna s
balad-baladna, nĕpi ka **Raksapradja** sabatoer-batoerna katang
kabeh; noe ngalawan dipaehan.

Oerang Soenda pĕrloe tarĕrang kana ieu tjarita anoe sak
ngariboetkeunana di tanah Pasoendan.

*Enggal ngagaleuh!* :—: *Bisi seep.*

**Pangaosna 1 boekoe** . . . . . . . . . . . . . . **f 0**

---

# Wawatjan Soerjanala

No. 5

karangan **R. DANOEMIHARDJA**

Ieu wawatjan ei
njaritakeun lala
han sato hewan,
pandekeun kana lakoe-lampah manoesa; rea pisan poeloenga
nana baris eunteung kalakoean. Tjaritana matak kapintjoet.

**Pangaosna 1 boekoe.** . . . . . . . . . . . . . . **f**

## Pikeun

No. 264

# SIDDARAMA

(Tjitakan kadoea)

**Karangan Mr. P. v. LIMBURG BROUWER.**

ɔndakeun koe R. GANDA ADINEGARA, nganggo gambar, koeng seueur batan tjitakan kahidji. Njarioskeun Soeltan AR di Hindo-stan, hidji Soeltan anoe kamashoerkeun adil narta. Kaadilanana tombong njatjas dina ngamanahan bab ırdikaan Agama di nagara anoe katjĕpĕng koe andjeunna g dina nibakeunana hoekoem ka ponggawa anoe dĕngki.



ekoe istoening boekoe sae, tjariosanana matak kasĕnger loba poeloenganeunana, ilmoe-ilmoe pakeun djadi ıa hiroep oerang.

*ngagaleuh! Bisi kaboedjĕng seep! Margi ngan kantoen ıi!*

*na* . . . . . . . . . . . . . . . . . **f 1,50**

**ngagaleuh**

(tuberculose) djeung kalingsir (rheumatiek) manan anoe tjaritjing di imah anoe toehoer. Djeung sok loba anoe malaria deuih.

Angin koedoe bisa asoep bloesblas ka imah, oelah nĕpi ka malikbĕk. Koe hal eta djalan anoe poengkal-pengkol teuing teh koerang hadena. Imah oelah pagegeje teuing djeung lamoen make loteng koedoe langgong.

Saha-saha anoe hajang boga imah anoe sehat, anoe pangpĕrloena koedoe diatoer koe oerang, soepaja hawa bĕrĕsih ti loear babari asoepna ka djĕro imah. Pĕrkara ieu, hidji pĕrkara anoe pĕrloe kabina-bina pikeun kawarasan anoe njaritjingan. Pirang-pirang imah model kabeh-dieunakeun eusianeun pirang-pirang djĕlĕma, eta pĕrloe pisan diitoeng heula masing titi, soepaja eusina eta imah pada meunang hawa sapĕrloena. Ari meudjeuhnana pikeun saoerangeun koedoe 5 $M^2$, nja eta pandjang 2½ M, roebak 2 M. Oelah pisan loba teuing djĕlĕma di imah.

Tapi lamoen hawa salawasna bisa ngotjor ka loear-asoep ka kamar, hĕnteu aja matakna kitoe-kieu pikeun saoerangeun koerang tina 5 $M^2$ oge. Kamar anoe kitoe nadjan leutik oge, leuwih sehat ti batan kamar anoe gĕde, tapi pantona djeung djandelana meundeut bae. Gĕdong anoe tembokna beulah atawa hateupna geus malolongo, lantaran goenta-ganti hawa, mindĕng pisan leuwih sehat ti batan gĕdong anoe santosa. Ari lantaranana gĕdong-gĕdong anoe santosa kitoe, lolobana djandelana sok laleutik, toeroeg-toeroeg ti peuting sok ditoetoepkeun rekep katjida. Malah sawareh mah sok aja kamar anoe teu make djandela-djandela atjan; anoe djadi djalan hawa teh ngan lawang bae woengkoel. Hawa oeroet ngabĕrĕsihan gĕtih anoe dikaloearkeun koe ambĕkan anoe sare tea hĕnteu bisa ka loear, malikbĕk di kamar bae, toengtoengna eta kamar pinoeh koe hampas hawa tea bae.

Sok aja djĕlĕma anoe boga adat goreng, nja eta di kamar patoeron make pantjaraken (meubels) nanaon. Malah aja oge anoe diteundeunan pot djeung piring kadaharan. Eta kabeh matak leuwih tereh kotor kana hawa.

Lamoen di kamar loba djĕlĕma, poma-poma pisan oelah rek ngahoeroengkeun seuneu, anging lamoen aja pamitjeunan haseup. Loba teuing kamar djeung rea bangsa sato tjaraning oetjing, andjing djeung sapapadana bangsa sato tjoo, eta ngotoran hawa. Pikeun njaangan kamar, hade make hidji lampoe bae anoe tjaang, eta leuwih hade batan doea tiloe lampoe anoe marĕlĕmpĕm.

Kamar patoeron djeung tĕmpat masamoan sakoerang-koerangna koedoe make doea djandela anoe paeunteung-eunteung, soepaja angin tĕroes. Lamoen ngan make hidji djandela, hawana eta kamar moal bĕrĕsih bĕnĕr, da hese goenta-ganti hawa. Hawa anoe oeroet oerang ngambĕkan njamboeang ka loehoer tjara haseup. Koe sabab eta hadena eta kamar koedoe make liang-liang deukeut lalangit, pikeun pamitjeunan hampas hawa tea. Ari hadena pisan mah montong koe liang, tapi djandela leutik make wĕwĕnga (valramen). Bĕnĕr ari sok aja tea mah hawa anoe asoep tina sĕla-sĕla panto, tapi geus tangtoe hawa bĕrĕsih tambah loba anoe asoep ka kamar, lamoen eta panto ti handapna make diliangan laleutik. Anoe keur araja di djĕro kamar sok tara njarahoëun, naha hawa eta kamar geus kotor atawa hĕnteu.

Ari pĕtana lamoen oerang hajang njaho sĕgĕr kenoh hĕnteuna hawa di djĕro kamar, oerang koedoe kaloear heula sakeudeung, njokot ambĕkan tina hawa loear, geus kitoe gantjang asoep deui.

Lamoen karasa panas, eta tjitjiren, jen hawa di djĕro kamar geus goreng. Hawa anoe sĕgĕr taja rasana euweuh ambeuna.

Imah bilik dikapoerna sakoerangna oge koedoe doea kali dina satahoen. Kapoer teh matak bĕrĕsih. Kamar djeung hareup atawa tĕngah imah koedoe dibĕrĕsihan oenggal poë, nja eta pelesterna dikosok (dipel), pantjaraken (meubel) dikosok koe lamak baseuh. Lamak toehoer koerang hade, sabab ngan oekoer matak bĕrĕsih saharita bae. Kĕboel anoe narapĕl kana korsi djeung medja tea halibĕr kakĕboetkeun. Toeloej narapĕl deui kana barang djeung pantjaraken sedjen.

Sesa-sesa oeroet dahar djeung roentah-roentah sedjen, dipitjeunna oelah deukeut teuing ka imah. Oepama hĕnteu kaboeroe dipitjeun harita, koedoe diwadahan koe wadah, beusi atawa kai, sarta ditoeroeban masing rekep. Sagala roentah poë eta beunang diantĕp bae di dinja, tapi isoekan isoek-isoek koedoe dipitjeun ka djarian anoe geus dibakoekeun. Beuki djaoeh eta djarian teh ti imah oerang, beuki hade kana kawarasan.

Aja tarekahna anoe babari katjida, pikeun mitjeun baoe tina djarian, nja eta diawoeran koe taneuh toehoer. Taneuh toehoer teh boga watĕk seuseup saroepaning anoe djadi ratjoen ka manoesa, tjara bakat papakean sok njeuseup tjai. Djarian anoe baoe dimana diawoeran taneuh, baoena teu lila, lĕs bae leungit.

Di sawareh nagara, kokotor djĕĕma djeung kokotor hewan, dianggap gĕmoek anoe aloes katjida. Di oerang oge, di Hindia

## Pitoeloeng Saheulaan No. 433

Ieu boe[illegible] pĕrloe [illegible] di oen[illegible] imah; komo anoe djaoeh ka doktor mah. Sakoer a[illegible] ngoeroes djĕlĕma rea, sapĕrti: Goeroe, Koewoe, aa[illegible] mer sarĕng sapapadana, pĕrloe pisan karagoengan[illegible] boekoe. Eusina njarioskeun tarekahna noeloengan a[illegible] katjilakaan, kajaning: ragrag, titeuleum, raheut. . . . sa[illegible] sabangsana. soepaja sabot ngadagoan doktor, oelah d[illegible] kap ka anoe tjilaka diantĕp bae.

*Nganggo gambar.*

*Pangaosna.* . . . . . . . . . . . . . . . f[illegible]

---

Oepami sakoer boekoe anoe pĕrloe dibatja koe oerang Soenda dibanding-banding, diteangan boekoe naon[illegible] pangpĕrloena, hĕnteu hamham hĕnteu waswas, b[illegible] anoe pangpĕrloena teh **Elmoe Kawarasan.** Sabab w[illegible] teh pĕrkara anoe pangpĕrloe-pĕrloena keur oerang. N[illegible] oerang beurat beunghar, lamoen teu djagdjag-warin[illegible] teu toeloes nja moekti, nadjan pintĕr bisa ngoekir l[illegible] ana badan hĕnteu waras, oerang moal mangpaat ka sa[illegible] manoesa, da taja tanaga pikeun mĕtakeun kapintĕra[illegible] Keur diri pribadi nja teu aja sĕnangna taja ngeunah[illegible] nadjan loba doeit oge, teu aja sirnana ati, balas dir[illegible] koe kasakit.

## Elmoe Kawarasan. No.

Karangan B. G. D

*Noe mawi sadaja oge pĕrloe ngagaraleuh*

ELMOE KAWARASAN.

*Pangaosna* . . . . . . . . . . . . . . .

**boekoe-boekoe**

# Genoveva No. 428

Karangan C. SCHMID.



Disoendakeun koe R. GANDA ADINEGARA. Meureun parantos loba anoe naringali kamidi-Istamboel, lalakon GENOVEVA. GENOVEVA anoe dina kamidi Istamboel hĕnteu imeut, biasana sok pondok pisan; margi dipilihan anoe babari dimaenkeunana bae. Djadi saha-saha anoe parantos taringali lalakon GENOVEVA ngan tina kamidi woengkoel, eta tatjan tingali ĕnja kana lalakon GENOVEVA dongkap ka imeutna pisan.

Boekoe GENOVEVA hidji boekoe noe pantĕs diaos soegri anoe rarĕsĕp kana boekoe. Istri-pamĕgĕt sami pĕrloena. Istri-istri noelad kasatiaan GENOVEVA, ari mĕgĕt njandak loeang tina kalakoean GRAAF SIEGED, oelah sok goegoeean dengean; sagala pĕrkawis ah ditimbang heula.

*Nganggo gambar sarae.*

*angaosna* . . . . . . . . . . . . . . . . f 1.—

**kaloearan**

ea pisan anoe ngagarĕmoek kĕbon koe tai sapi. Tapi loba oge jĕlĕma anoe teu daraekeun ngagĕmoek sawah-kĕbonna koe gĕıoek djĕlĕma, sabab boga pangira koerang hade. Eta pikiran ĕnteu salah teuing, malah lamoen anoe koedoe digĕmoekan angsa lalab anoe sok didahar atah mah, loba bĕnĕrna pikiran joeroetani kitoe teh.

Dĕmi anoe katjida pisan gorengna mah, eta, sok aja djĕlĕma ıoe ngoempoelkeun kokotor djĕlĕma deukeut imahna, datang a manehna katoet anakna mindĕng kataradjang mamalana.

Tapi lamoen sagalana mah dipake gĕmoek, oelah ngan kokotora woengkoel, hade; sabab eta kokotor kabĕrĕsihan koe taneuh. ta matak ridoeh kana kĕbon. Roentah[2] djeung roepa-roepa ›kotor anoe gararing hade koe oerang didoeroek; lĕboena aloes keun gĕmoek.

Sabeunang-beunang imah oerang koedoe anggang ti imah seen, oelah kakoelibĕng teuing koe imah sedjen.

Dina sapoetĕrna hade dipĕlakan koe tatangkalan, ngarah ehna; tapi oelah pisan eta tatangkalan teh nĕpi ka djadi matak ıdoek, ngahalangan angin anoe rek asoep ka djĕro imah. eukeut imah teu beunang aja gĕrĕmbĕl[2] atawa roejoek.

Kalakaj koedoe disapoekeun, digoendoekkeun djaoeh ti imah, eloej didoeroek. Sok aja djĕlĕma anoe njangtjang atawa mah ngandangkeun ingon-ingonna ka imahna; eta salah kabinana. Imah oelah pisan rek dipake ngandangkeun sato ingoe. ewan matak kotor kana hawa, nja ambĕkanana nja kokotoraına saroea bae, kabeh oge ngotoran hawa anoe keur oerang. ımoen sapi atawa moending ditjangtjang deukeut imah oerang, ·kotorna koedoe gantjang dipitjeun mangka djaoeh. Djoeroetani ıoe gĕmi sok ngoempoel-ngoempoelkeun kokotor hewan kitoe keun gĕmoek; eta dikoempoelkeunana pangdeukeutna oge ka ıah, koedoe 30 M.

Tjileungtjang anoe ngaroemplang koe oerang koedoe disaeuran •rta pakarangan koedoe dikamalir, sangkan tjileungtjang tea lid; sarta kamulirna koedoe mindĕng dibĕrĕsihan.

Rantja djeung koebang, eta sajang reungit malaria, reungit malaria teh di dinja ngarĕndogna. Ari tarekah oe panghadena pikeun ngabasmina, taja deui kadjaba eta rantja koedoe disaatan djeung dipĕpĕlakanan. Ngan ndjakal eta akal teh hĕnteu salilana beunang didjalankeun. ·pama eta akal hĕnteu bisa didjalankeun, tarekah sedjen anoe

panghadena, antara rawa djeung lĕmboer teh koe oerang koedoe dipĕlakan tatangkalan sababaraha lapis, minangka djadi pagĕr reungit tea. Ieu atoeran aja oge toeloengna.

## II. Tjai bĕrĕsih.

Tjai anoe aloes sok herang ngagĕnjas, sarta tara mirasa nanaon djeung taja baoena.

Tjai bĕrĕsih teh saroea bae pĕrloena djeung hawa bĕrĕsih.

Tjai matak setra djeung bĕrĕsih ka oerang. Oerang nja mandi koe tjai. Tjoetjoekoelan mandina koe hoedjan, djeung lantaran koe hoedjan, boemi djadi baseuh, djadi tatangkalan bisa baranghakan tina taneuh. Djeungna deui hoedjan teh beunang disĕboetkeun ngamandian boemi, da sagala pĕlĕdoeg djeung bangsaning lĕboe kabeh palid kabawa koe tjileungtjang.

Laoek djeung tjoetjoekoelan anoe djaradi di balong-inoem, eta taja matakna ka oerang, malah laoek mah ngoentoengkeun kana kasehatan, sabab sok loba laoek anoe bareuki kana hileud tjai (oetĕk-oetĕk); tapi nadjan kitoe oge ari dioeroes mah eta balong teh koedoe bae: bangke laoek djeung djoekoet-tjai anoe paraeh, eta kabeh koedoe boeroe-boeroe dipitjeunan, oelah didagoan boeroek heula, matak ngaroeksak kana tjai. Malah pĕrloe koe oerang dilarang pisan, kira-kira 25 M mah anggangna ti eta balong-inoem, teu meunang aja anoe mitjeun roentah, djadi oelah aja tĕmpat gĕmoek, soemawonna kakoes-tjoebloek anoe deukeut ka dinja. Sabab dina hoedjan sok loba roentah anoe kabawa koe tjileungtjang ka balong atawa tina kakoestjoebloek bisi njĕrĕp kana balong tea. Tjai bĕrĕsih teh soemawonna keur djĕlĕma, dalah keur sato oge pĕrloe pisan. Geuning sok loba ingon-ingon oerang anoe tjatjingeun atawa teu poegoeh² njĕri beuteung djeung salian ti eta, eta mindĕng pisan lantarananana meunang panjakit tina tjai anoe diinoem.

Soemoer anoe panghadena, biasana anoe tjaina rĕrĕmbĕsan ti djĕro taneuh. Ari soemoer anoe tjaina asal rĕrĕmbĕsan ti loehoer mah, ilaharna hĕnteu hade.

Ari lantarananana pangna kitoe, sabab taneuh teh lapisan loehoer mah biasana kotor koe bangsa kokotoran anoe geus mangtahoen-tahoen noempoek soesoen di dinja, djadi tjai anoe njĕrĕp ka dinja toeloej kana soemoer oge geus hamo bĕrĕsih, da kakotoran koe bangsa kokotor anoe aja di dinja.

## ...ak Boeah No. 500

...angan J. J. OCHSE.

...rĕng boedidaja, ... ...san di oerang. Nanging ... ...angka anoe mĕrloekeun njoba-njoba mĕlak. Lantaranana, ... ...koena teu tarĕrangeun kana atoeranana sarĕng ka mana ... ...nana binih.

Dina ieu boekoe, hal mĕlak boeah anoe raraos, ditĕrangk... dongkap ka djentre.

Djadi pikeun anoe kagoengan pakarangan, soemawontĕn ... karagoengan babakan, pĕrloe katjida ngagaraleuh ieu boekoe, ... paja boeah anoe dipĕlak pikeun ngahias pakarangan atanapi b... kan tea agĕng hasilna.

Sok tada teuing tĕgĕpna babakan oerang, moen pinoeh ... tjangkokan anoe sarae!

*Mangga geura ngagaraleuh eta boekoe!*

*Nganggo gambar.*

*Pangaosna* . . . . . . . . . . . . . . . f 0...

---

## No. 493 Mĕlak Sajoera...

**Karangan J. J. OCHS...**

Loba pisan istri-istri anoe rarĕsĕp mĕlak sajoeran. Nanging ngan bidji-doea bae anoe sae atoeranana.

Dina ieu boekoe ditĕrang-tĕrangkeun atoeranana, sarĕng d... gaan roepa-roepana.

Djadi istri-istri anoe radjin pĕpĕlakan iasa noelad atoeran... tina eta boekoe, sarta oepami kirang tĕrang atanapi pitoedoe... teu pati kahartos, kenging naroskeun ka pangarangna, ahli pĕ... lakan, linggihna di Bogor. Da ditangtang dina boeboekana ...

*Oelah lali, pĕrloe ngagaleuh ieu boekoe!*

*Pangaosna* . . . . . . . . . . . . . . f

**Bale-Poestaka.**

Lalampahan Goeliper!

Eta boekoe asalna basa Inggris, karangan hidji boedjangga. Bawaning koe loetjoe tjariosanana, dongkap ka parantos aja salinanana di oenggal basa.



saha anoe parantos maos eta boekoe, tangtos ndjĕbatkeun: „Palingan atoeh kana sagala basa, da sakieu loetjoena."

panglòetjoe-loetjoena, nja eta keur Goeliper njaba ka nagara Lilipoet, bŏt ŏma moeng sami-sami sarĕng ramo. Soloadoe rewoe-rewoe baris, didjaga-e Goeliper: karaton kaboeroean, dibandjoer koe tjai tina sapatoe Goeliper ka pareum pisan, da eta gĕdongna aralit tea oetjoe!

ui anoe teu kintĕn matak loetjoeua, nja eta keur Goeliper sasab ka na-ta, dongkap ka djŏlŏma saparaboe ditjŏkĕl koe sabeulah katoet parabeena. woeh gambar-gambarna seueur sarĕng sarae, nambahan tetola kana noe didongengkeun.

anoe hojong maos boekoe noe loetjoe, kĕdah ngagaleuh **Lalampahan** er. *Pangaosna* . . . . . . . . . . . . . . . *f* 1.40

**Pangaosna**

Gorengna soemoer² di oerang teh, di Hindia, eta sok aja tjai anoe bisa njĕrĕp ti loehoer. Malah loba oge soemoer anoe hĕnteu-hĕnteu atjan ditembok, eta mah saroea bae djeung liang di djĕro taneuh, tĕmpat tjai anoe geus kakotoran njarĕrĕp deui ka handap. Kana soemoer kitoe mah tangtoe bae leutak djeung kokotor sasatoan oge ararasoep.

Lamoen hajang boga soemoer anoe hade tjaina, sisina koedoe dipagĕr koe tembok make sĕmen, sarta sakoerilingna make latar tembok monteng ka loear, sangkan tjai pipitjeunan bisa palid rada djaoeh ti soemoer. Saboetoehna, keur latarna mah koe batoe tjoering oge hade, ditimbris sarta dikapoeran deuih; mokaha kitoe oge. Noe boga soemoer koedoe toweksa pisan, oelah rek aja dahan kai anoe ngarojom, ngioehan soemoer, bisi aja kalakaj atawa pangpoeng anoe moerag ka djĕro soemoer, boeroek, ngotoran tjaina.

Sakabeh soemoer koedoe ditembok sarta make sĕmen, nĕpi kana koelit tjaina dina oesoem halodo; djeung dina oenggal oesoem halodo koedoe dikĕdoek deuih dibĕrĕsihan dipitjeunan sagala kokotorna, kajaning: bĕling, kalakaj, leutakna djeung sapapadana.

Kokotor ti soesoekan pĕndĕm (riool) djeung ti kakoes, gĕde kabina-bina mamalana. Mindĕng pisan aja anoe kataradjang gĕring pajah, lantaran nginoem tjai anoe kakotoran koe kokotor ti dinja.

Oelah pisan rek mitjeun roentah atawa kokotoran-kokotoran sedjen kana deukeut soemoer, sabab saroepaning kokotoran ana deukeut kana soemoer, eta aja bae mamalana.

---

## Hidji tanda jen oerang koerang taliti dina sagala pagawean (papariksaan).

*Sanadjan meh sarerea oenggal poë sok ngilikan erlodjina, hajang njaho poekoel sabaraha, tapi ari noe ngilikan bĕnĕr djeung gĕnĕt mah hĕnteu sabaraha lobana. Tanda anoe pangtetelana, jen ngilikanana koerang taliti, nja eta: lamoen oerang nitah ngagambar djam, angka-angkana dipenta koedoe koe angka Roem. Geura awaskeun, lolobana noelis angka opatna IV. lain IIII.*



P. Jm. R. T. WIDYODININGRAT (Dr. RADJIMAN)
Doktor Istana Solo, bekas Lid Dêwan Ra'jat.

# Wawatjan Sinta No. 549

karangan M. KADMAWIREDJA

**Pangaosna** . . . . . . . . . . . . f 0,40

Wawatjan Poe
ma Alam gin
dangdingna, r
lalakonna, seu
noe pĕrang
bĕn kasaktian; d
WAWATJAN S
TA wawatjan model anjar, tĕgĕp sarĕng koe ĕnja kitoe, pik
sĕpeun pikaroenjaeun. Noe maos roekĕt sarĕng lalakonna ka
kĕt *koe ikĕtan tjariosananana, miloe boengah, miloe nalangsa, m*
handjakal sagala.

Di mana geus tamat, manah asa kagoengan kakandoengan,
eta loeang noe kenging tina daloeang.

Saha-saha noe palaj njaksikeun koe andjeun kasaeanana
wawatjan, kĕdah enggal ngawesĕlkeun artos f 0,40 ka B
POESTAKA, keur ngagaleuh eta boekoe.

---

# No. 523 Hal miara djeung ngagawekeun moending

karangan Mas SOEBITAREDJA

Sarerea oge oeninga, jen moending teh gĕde pisan toeloengna ka manoesa, tapi toekang tani dioerang, lolobana, koerang keneh bae roemawatna, lantara
atjan tarĕrangeun koemaha koedoena moelang tarima ka sat
sakitoe noeloengna ka oerang. Geura oepami kĕrsa maos ie
koe, tangtos oeninga atoeranana ngoeroes moending, soep
rang woewoeh oentoeng, moending lila kapakena.

**Pangaosna** . . . . . . . . . . . . . . . . . . .

**mirah.**

# Wawatjan Praboe Odysseus

No. 557

karangan

HOMERUS

Di oerang aja wawatjan noe mashoer saalam - doe-
a, nja etá **Ramawidjaja, karangan Walmiki;**
Eropa oge aja boekoe anoe samartabat sarĕng
ı, nja eta boekoe tjarita **Odysseus karangan**
**ɔrmerus;** ajeuna eta boekoe parantos disoenda-
ın tina basa Malajoe sarĕng didangding koe
əragan **Kartadinata,** dikaloearkeun koe **Bale-**
**estaka.**

ɔu wawatjan seueur pisan gambarna, tjaritana
ə.

**ɪngaosna . . . . . . . . . . . . f 0.75**

**Eusina**

## 13. HAL PANGAWĚROEH AWEWE.

### a. ĔMA.

Dina *Verspreide opstellen* djilid ka II kenging Toean Jan Ligthart, aja karangan „*De Moeder*". Eta karangan sae kabina-bina keur batjaeun oerang Soenda.

Di oerang aja tjatjandran sĕpoeh, anoe ti baheula dipoesti dipoendjoeng-poendjoeng pisan, ngan handjakal kabeh-dieunakeun, koe baroedak teu pati ditamalek eusina, malah loba anoe teu tĕrangeun[2] atjan, jen oerang boga patokan kaoetamaan anoe sakitoe moeljana, nja eta: *Goeroe ratoe wong ngatoea karo wadjib sinĕmbah.*

*Wong ngatoea karo*, aja anoe ngahartian ngan: indoeng djeung bapa bae; aja anoe njĕboetkeun: indoeng-bapa djeung mitoha awewe-lalaki.

Oerang Madoera oge bogaeun tjatjandran kitoe, tapi pare'ena hĕnteu sami pisan djeung noe oerang, poknа: indoeng-bapa, goeroe, ratoe wadjib sinĕmbah.

Koe ieu doea tjatjandran, oerang bisa ngabedakeun oge adat wawatĕkanana eta doea bangsa. Kawasna oerang Madoera leuwih ngaheulakeun soemoedjoed ka kolot batan ka goeroe atawa ka ratoe; ari oerang: mimiti ka goeroe, toeloej ka ratoe, kakara ka kolot.

Hade mana eta doea roepa wawatĕkan teh? Koe koering moal didadar di dieu. Anoe arek ditjaritakeun di dieu ajeuna, bab ĕma, nja eta hormat ka noe djadi kolot, anoe di oerang geus didjeun patokan koe djĕlĕma hade tea.

Koering ngahadja di dieu make kĕtjap ĕma, lain *indoeng*. Margina, raosing pĕrbawa kĕtjap *moeder*, hĕnteu aja pisan dina kĕtjap indoeng, koe koering hĕnteu pisan karaos; ari dina kĕtjap ĕma mah aja bae meueusan. Oepama oerang ngĕdalkeun ĕma, sanes ngan watĕs biwir bae, nanging dina hate karaos aja sari anoe bidjil. Asih, njĕrĕp njĕrĕsĕp kana saloear badan. Kapan dina ngĕdalkeun *indoeng* mah eta rasa teh teu aja.

Eta margina noe matak make kĕtjap ĕma.

***

No. 47

# Tjarita Iwan Eusleu[m]

karangan

LEO TOLSTOI

Toean **Leo Tolstoi**, hidji boedjangga Eropa anoe tatas-toetas, parantos ngawědalkeun hidji karangan, anoe ngandoeng harti djěro pisan. Eta karangan parantos disalin kana sababaraha basa, malah koe **Bale-Poestaka** oge ajeuna parant[os] dikaloearkeun, disalin kana basa Soenda, dingaranan **„Tjari[ta] Iwan Eusleum"**.

Ieu boekoe oepami diaos saliwatan mah, istoe moeng rěs[ep] kana tjariosanana bae, nanging oepami dilěnjěpan dipahamanan[a] tangtos kaoeninga, jen eta teh **sasmita**, pieunteungeun sarerea[.]

*Enggal ngagaraleuh, boekoe aloes, mirah.*

**Pangaosna hidji boekoe** . . . . . . . . . . . . . . f 0,[...]

---

No. 57

# Babad Djampang

**kenging M. H. ADIWISASTRA**

**Pangaos** . . . . . . . f 0,15

**Meh sadaja těmpat di oerang aja babadna, ngan handjakal ta[ra] loba anoe didaměl boekoe. Bale-Poestaka** němbe tiasa ngalo[ear]keun hidji, nja eta **Babad Djampang.**

*Enggal geura ngagaraleuh!*

**Pangaosna** . . . . . . . . . . . . . . . . . . f 0[...]

**sarae.**

# "Adat isti'adat orang Belanda

No. 421

Karangan njonja MARGUÉRITE de VIROFLAY

alajoekeun koe S. M. RASSAT

ngaosna . . . f 0.75

Djaman a-jeuna bangsa oerang teu kintěn sagoe-loeng - saga-langna sa-réng bangsa **W a l a n d a.** Koe margi e-ta pěrloe pi-san oerang těrang kana tatakarama-na, soepaja d'na ěnggo-tjatjampoeran papěndak sarěng kasěněngan, doemeh ıg kana tatakaramana tea.

le-Poestaka, anoe salamina njajagikeun boekoe-e anoe pěrloe keur oerang **Priboemi,** ajeuna pa-ngaloearkeun **hidji boekoe** anoe njarioskeun hal rama **W a l a n d a,** dipilih soegri anoe pěrloe djadi ngan oerang **Priboemi.**

*lali, kědah kagoengan ieu boekoe!*

**Gede mangpaatna**

Saoer Toean *Jan Ligthart:*

Keur waktoe koering noelis ieu karangan, deukeut koering aja potret istri geus sĕpoeh, joeswa 72 tahoen.

*Eta kadjadian kitoe* teh lain kakara, di koering geus djadi paranti, oepami noelis, eta potret, salamina sok njanding bae. Ari tjĕngkat teh tina noelis beh bae pameunteu ĕma, ningali ka koering bangoen noe *deudeuh*[2] teuing, bear someah, ka koeringna matak tĕtĕg kana ati.

Nja kitoe deui ti peuting tara djaoeh ti koering. Dimana njah koering *njaring,* beh bae *raraj* ĕma, siga anoe ngabageakeun, bawaning sono.

Hidji mangsa, 'kira[2] parantos sapoeloeh tahoen ka toekang, koering verlof *ka nagara sedjen, titirah,* lamina meunang gĕnĕp *sasih. Harita pamadjikan koering miloe. Eta oge potret* tea dibawa. Lamoen koering teu bisa hees lantaran kasakit, ĕma sok djadi pangbĕbĕrah, ngahoeripan pangarĕp-ngarĕp djeung iman koering.

Ti harita, lamoen koering njaba djaoeh, ka mana bae, eta gambar tara *tinggaleun. Oepama* teu dibawa teh, sarerea sok ngarasa teu bĕtah di panjabaan, asa[2] aja anoe tinggaleun kitoe. Djeung di koeringna panasaran, oepama sagala lampah hĕnteu dipajoenan koe *gambar ĕma.*

Ngan handjakalna teh, koe Andjeunna teu miloe rĕsĕp. Sok tada teuing pirĕsĕpeunana ĕma moen heug djoemĕnĕng keneh, mingali poetra-poetoena.

Tapi sabalikna: tangtoe mindĕng miloe prihatin! Malah: tada teuing pihawatireunana manahna ningalikeun para *poetrana!*

Ah, hĕnteu! *Mĕnding* oge teu oeningaeun kana kaajaan alamdoenja. Geus oentoeng pisan, koering sarerea pada meunang *sawab ti* Andjeunna, djalan tina gambar Andjeunna.

Na koemaha sababna, noe *matak aja* kadjadian poepoes tapi teu hilang?

Ngan koe doemeh djadi ĕma woengkoel.

Istoe ngan sakitoe lantaranana. Rewoe[2] malah joeta[2] awewe pada katjitjingan eta papantjen sarta boga hantjĕngan kakawasaan anoe tjara kitoe.

Tapi naha kira-kirana *kitoe,* kabeh indoeng bisa kitoe?

Aja pirang[2] anoe mĕnding laladjo noe tĕmbang manan ngadengekeun anakna noe ngaoh; mĕnding matja boekoe noe rame manan matja hate anakna. *Loba indoeng* keuheul atawa bosĕn

ngadengekeun anakna tjatjarita djeung tatanja bae, tapi ari ngadengekeun tjarita sobatna mah atawa ngadengekeun noe ngoepat, něpi ka sapoë djěpoet taja madjar kěsèl. Ajeuna geus mimiti loba indoeng, anoe nganggap pagawean sapele kana ngatik boedak, madjarkeun teh lain gawe noe koedoe dihareupan saoemoer-oemoer koe awewe, sarta loba anoe ngahadja digarawe ngarah doeit atawa dialadjar roepa² karadjinan djeung kabinangkitan (kunst). lain sakaboeroena bae, sělang-sělang tina ngatik anak, ieu mah něpi ka tjoel anak dipihapekeun ka boedjang, deungeun-deungeun, daekna ngasoeh teh doemeh digadjih. Koe sabab eta pěrbawa *gaib* anoe gěde *kabina-bina* ieungit moesna, da eta mah bidjilna ngan tina: *sipating ěma*. Djadi gambar indoeng noe kitoe mah tangtoe taja pěrbawana ka anak-anakna anoe arakil-baleg, moal beunang dipake panjarandean hate.

***

Eta geus kitoe koedratna: awewe teh koe ngaborodjelkeun boedak woengkoel mah ngan oekoer djadi indoeng, ari hajang *djadi ěma mah, koedoe tjoel* awakna *pribadi ngatik anakna* djeung koedoe ngarasa boengah neuleu anakna tjoel dina bawaning asih ka indoeng.

Saha² anoe waspada kana *kaaloesan* djeung beresna atoeran alam (de schoonheid en redelijkheid der natuur), tangtoe ngarasa heran neuleu orok keur njoesoe ka ěmana. Koering teu měndak *deui tjonto anoe* noedoehkeun deukeutna ěma ka anak anoe ngaleuwihan ti eta keunana djeung běněrna.

Eta boedak koedoe dahar. Teu rea weweka, teu kase tenaon, tapi istoe aneh *kabina-bina, ngan* koe doemeh eta boedak didjoeroekeun, soesoe ěma toeloej beukah, seer² tjisoesoe toeloe parinoeh koe tjisoesoe. Eta soesoe ngagědean, datang ka li soesoe anoe njampeurkeun boedak, eta boedak ngeunaheun na kěr njělěgon dina sangkehan ěma, haneuteun, ngagěnjol njoesoe. Estoe teu kaharti, iwal dina lěbah kapaksa, koemaha sababna noe matak aja indoeng noe kadoega *ngaganti* eta tjisoeso koedrat anoe ngaboerial tina kamoerahan Pangeran, koe ple noe tiis. Pěta kitoe teh, eta ngabaekeun kana papantjen no

# 'Ilmoe Pendidikan

**karangan**

## R. POERADIREDJA

Sadaja tangtos ariasa ngadjawab, nja eta **Elm**
**atik,** sabab nja elmoe eta anoe djadi toedoeh d
lan ka indoeng-bapa dina ngatik anakna, tĕges
ngamoelasara boedak soepaja njanghareup ka
kasampoernaan manoesa.

Eta elmoe koedoe djadi milik indoeng djeu
bapa oerang **Priboemi.**

Ajeuna aja boekoe anoe kitoe, basa Malajoe, n
ranna **'Ilmoe Pendidikan..**

*Enggal bae ngagaleuh, da mirah.*

**Pangaosna** . . . . . . . . . . . . f

P

**ka sepoeh**

**No. 5**

Hal na
anoe pan
pĕrlóe-pĕ
loena ke
indoeng-
bapa ?

# Sedjarah Tanah Djawa No. 327

## Kenging „ngamalajoekeun" tina basa Walanda, Karangan Njonja FRUIN-MEES.



Aja paribasa Walanda anoe pisoendaeunana kieu: **loeang teh goeroe noe moersid.**

Eta lĕrĕs pisan kitoe!

Djadi saha² noe ĕmboeng ngadji loeang, eta djĕlĕma elmoena moal loba tambahna.

Anoe daek ngadji loeang eta djĕlĕma mapaj tapak noe kaliwat, noetoerkeun lakoe goeroena. Djadi hiroepna boga toedoeh djalan. Oenggal djĕlĕma pĕrloe daek ngadji loeang, sagala bangsa wadjib ngeunteung kana sadjarahna. Oerang Priboemi oge sami bae, kĕdah waspada kana Sadjarah Tanah Djawa, wĕroeh kana lakoe karoehoenna.

Ti baheula oerang ngantos² kana sadjarah anoe apsah, kasaksi koe batoetoelis, njata tjara talapakan.

Boekoe anoe kitoe, ajeuna parantos aja Malajoena, nja eta Sedjarah TANAH DJAWA kaloearan BALE-POESTAKA.

Sadaja anoe palintĕr, soerat² kabar sarĕng soerat waktoean, sami pamanggihna, nja eta: SEDJARAH TANAH DJAWA karangan Njonja **FRUIN-MEES,** sae sarĕng bĕnĕr.

*ngal ngaguleuh !* :—: *Bisi seepeun !*

**angaosna** . . . . . . . . . . . . . . . . . **f 5.—**

**ka moerangkalih**

i ĕma. Teu meunang pisan awewe basangkal kana koedrat-sorangan, nja eta: jen manehna pikeun anakna, sarta teu nang pisan eta soesoe anoe anakna ditoeokeuran koe ples e tjisoesoe sapi.

›u beda djeung *kaajaanana tjisoesoe* tea, geuning datang ngan barĕng djeung goeroedagna boedak, tah! dina hate oge nja kitoe, aja roepa² rasa anoe hoedangna teh ngan lagoan ngoarna orok bae, tĕgĕsna dimana orok goeroedag ....... *toeloej ngoar*, eta rasa hoedang sorangan. Rasa hajang rawoe, hajang ngoeroes, hajang nimang baridjil sorangan, noe dara tea ngan kari noetoerkeun pangadjakna bae, hesena eta tali djasmani noe pĕgat waktoe eta *boedak lahir*, emboekeun deui koe tali gaib nja eta tatali rasa.

oba indoeng noe nganggap doraka lamoen aja indoeng neler² a topekna, doemeh teu kaoer balas ngoeroes anak. Madjar-n teh, *atoeh sakalieun mere* dahar ka boedak mah, atawa bĕrĕsihan boh ngamandian, anoe sedjen oge barisaeun, ma-boa leuwih bisa; waktoe anoe dipake kana pĕrkara kitoe, vih mangpa'at dipake ngagambar, nabeuh atawa keur dia-e boh dipake njiar doeit. Da moal njahoëun ieuh, eta orok saha noe ngoeroes. Ĕngke, dimana akalna mimiti boeka, ara pĕrloe dioeroes koe indoeng.

'ta pikiran salah. *Rasa hatena pribadi djadi saksi* salahna omongan, kapan hate indoeng teh, mĕrĕngpĕng bae katarik anak. Indoeng anoe njoesoekeun anakna ka baboe tete, meh migawe pagawean anoe „leuwih mangpa'at", eta *in-ng moengkir kana* kabatinanana pribadi. Tangtoe manehna ngarasa, tapi kabawa koe lampah sasab, kapintjoet koe er palsoe.

ndoeng anoe ngamandian anakna *koe maneh*, anoe nĕrap-n popok koe *soragan*, anoe njoesoean djeung ngahoeapan ıkna koe pribadi, koe panggawe kitoe, eta indoeng mikeun oena djeung kadjalmaanana ka anakna, ........... eta 'ĕma. ıa leungeunna, dina sorana, *dina* pĕta-pĕtana njĕkĕl boedak, a-pĕtana ngadjak ngomong, dina pĕta-pĕtana mĕntjrong, tah! di dinja hiroepna soekmana, hiroepna hatena djeung hiroep-asihna ĕma teh.

Djadi pok-pokan ĕma, kawihna, pĕta djeung polahna, pendek ala bae sakoer anoe bidjil ti ĕma, eta kabeh djadi tatali noe antetkeun ĕma djeung anak, lir tali ari-ari gaib noe ngotjor-

keun bajoening soekma ti ĕma ka anak. Dina tahoen kahidji, malah mimiti ti boelan kahidji, minggoe kahidji, toemĕrapna papantjen ĕma, sabab harita mimiti ĕma bidjil pĕrbawana. Saha² anoe tjampoleh dina waktoe eta, eta lir djĕlĕma noe ngahinakeun kana sirah tjai, doemeh tjai satjerelek, moal beunang diambah koe parahoe.

Ĕma di imah, dirioeng koe anak-anakna panta² oemoerna, eta beunang diibaratkeun hidji pamarentah nagara, noe poerah njieun wet ngahidji djeung anoe poerah mĕtakeunana. Malah leuwih ti eta. Saoer toean Jan Ligthart: euweuh deui noe beunang dipake ngibaratkeun, salian ti: ĕma minangka panonpoë anoe njaangan djagat leutik.

Ĕma hĕnteu *koedoe salilana pipiloeeun djeung* baroedak. Panonpoë saĕndĕngna tjitjing, tapi montjorong bae tjahajana! Nja kitoe deui ĕma hade ngeunah² bae tjitjing dina pangdioekanana, darapon aja bae di dinja, eta geus matak haneuteun, geus matak hegar kana imah. Ka boedak gĕde pisan mangpa'atna: akalna djadi, komo kaoetamaan hatena.

Ĕma tara ngagorolang bae miwoeroek mitoetoer. Ngalarangna tara mindĕng². Tjoekoep koe njontoan someah, rĕsĕp ngahteur kahajang boedak, daek eleh soengkan meunang djeung gĕtol kana digawe. Saeusi imah rĕjĕk nariroe ĕma. Bapa sĕnang ngahĕnang-ngahĕning ningali sagala beres.

Koering teu ngarti, saoer Jan Ligthart, bĕt loba keneh djalma noe njĕboetkeun madjar maneh: awewe mah pilakadar ge awewe, toekang digawe; bari aaah pagaweanana ge pagaweana naon, gawe imah. Bĕnĕr ari loba tea mah pagawean awewe teh, malah sakapeung mah tara katjabak kabeh, tapi hal bandjir gawe teh, lain sok ragrag ka awewe bae, ka lalaki oge saroea bae, boh ka noe djadi ministĕr, boh ka noe djadi pangarang soerat kabar, atawa soedagar. Tapi saha anoe boga pagawean sakitoe keunana kana atina tjara papantjen indoeng? Geura manah kapan oenggal djĕlĕma anoe kaasoep kana oempina, sasat noe manehna, sasat sabagian tina dirina pribadi. *Djadi papantjen indoeng mah* sasat „ngoeroes maneh."

Sarta eta papantjen warna² pisan, toer kabeh pikarĕsĕpeun. Euweuh pikabosĕneunana, nadjan ngan salĕgana imah. Kapan oenggal boedak pada boga bawa, pada boga kaboetoeh. Hidji oempi anoe aja boedak opat, eta geus meudjeuhna beuratna keur geroheun pikiran ĕma, da oenggal poë ganti pasal ganti

# VOLKSALMANAK-SOENDA 192

EUSINA PĔRĔLOE! :·: GAMBARNA SAR




Salian ti anoe paran ditataan dina prospect dina VOLKSALMANA SOENDA 1923, diha diseueuran tĕmbang, k aoseun bari lĕlĕson, k ngoeng lipoer, pangawĕr woewoeh, margi eta tĕ bang dieusi elmoe.

## VOLKSALMANAK-SOENDA 1923!

*Pangaosna* . . . . . . . . . . . . . . . . . f

**Boekoe teh goedangna elmoe,**
**matja keur pangalana.**

# ROEMAH OBAT J. VAN GORKOM & Co. DJOGJAKARTA

MODEL „JULIANA".



## TASMA

model „JULIANA".

Katjana ageung boendĕr roepina hedjo.

*Komplet*. . . . f 14.50

## TASMA WEENER.

Kakaitna koe doble, watangna (wĕngkoe katja) koe pĕnjoe.

*Katja hedjo*. . . f 15.—
„ *bodas* . . f 20.—

## TASMA „SO EASY"

(lornjet hĕnteu nganggo rantaj)

*Koe nekĕl*. . . . f 6.—
„ *doble*. . . . f 9.—
„ *ĕmas 14 karat* f 16.—

## WADAH TASMA

Koe koelit nganggo toetoep.

*Model biasa*. . . f 2.—
„ *ageung* . . f 2.50
*Anoe disolobongkeun, koe koelit* . . . f 3.—

ha-saha anoe bade ngagaleuh koe rembours, disoehoenkeun oenan artosna ti pajoen sapalihna tina pangaos barang anoe dikĕrsakeun

timbangan. Beuki gĕde boedak teh beuki sedjen, oenggal poë ganti roepa, aja bae pĕrkara anjar anoe koe ĕma koedoe dipikir koedoe ditimbang. Pendek taja pikabosĕneunana.

Pek geura bandingkeun djeung pagawean awewe² anoe digarawe di kantor². Mana anoe leuwih beurat kana pikiran? Rasa koering — saoer toean Ligthart — hese neangan pagawean anoe nandingan hesena, tapi sakitoe pikarĕsĕpeunana djeung sakitoe moeljana tjara papantjen noe djadi ĕma. Boedak diatik koe ĕma, koe sabab eta ĕma beuki lila beuki boeka akal-boedina. Sipat² ĕroh manoesa teh bidjilna ngan lamoen katarik koe roepa² pĕrkara dina ieu alam gĕlar, djeung ngan koe amal bisana tambah koeat djeung tambah bĕrĕsih, lir oepama ĕmas anoe dibĕsot. Koe amalna, djĕlĕma teh kakara bisa djadi *djĕlĕma*. Dĕmi djalan anoe panghadena ngarah nĕpi ka dinja, koe tjatjampoeran saban poë kalawan bloekblak sabalakana, taja anoe disoempoet-salindoengkeun, silihpĕrtjaja, deukeut hatena, silihasih. Koe sabab eta, nilik ka dinjana, ĕma oentoeng kabina bina. Naha lĕbah mana laipna gawe ĕma?

***

Saoer toean Jan Ligthart, istoening loetjoe ningal ĕma noe ngora keneh njoesoean anakna. Saroea bae aloesna djeung ĕma noe diroeboeng koe anak-anakna. Geura awaskeun anak hajam djeung indoengna, ari aja kolebat noe ngalajang di loehoer teh, mani paboro-boro njampeurkeun ka indoengna, njalindoeng. Baroedak oerang oge nja kitoe pisan.

Lamoen baroedak geus galĕde, pĕtana ka ĕma sedjen deui, hĕnteu tjara anak hajam tea ajeuna mah. Koe saliwat, komo koe djĕlĕma deet pikiranana tara katembong, tapi koe noe djĕro elmoena negla pisan.

Baroedak anoe galĕde geus teu katangting koe tangtoeng ĕma. Noe awewe, noe lalaki, ajeuna geus gĕde loehoer, geus palintĕr. Malah koe noe sedjen mah disarĕboetna oge djoeragan anom. Geus taramat sakola panĕngah; elmoe itoeng, elmoe basa, djaoeh leuwih palintĕr ti ĕma. „Ĕma mah moal oeninga pĕrkara eta mah". Ĕma narima bae.

Roepa² pikiran anjar. „Koe ĕma mah moal kamanah da eta manah ĕma mah geus rada koeno". Pendekna manehna geus

saloehoereun ĕma: tanaga, pangarti, kapintĕran, timbangan² dina roepa² pĕrkara hiroep-koemboeh. Ari ĕma pikiranana kieu: geus adatna baroedak mah sok reueus pintĕr; keun, sina sĕnangeun boga pikir kitoe, da oesoemna.

Tapi koemaha ana manggih karoewĕd tina pĕrkara sapopoë? Nja datang ngoemaha ka ĕma; tanagana, kapintĕranana, elmoena, sasat leungit kabeh; eta baroedak djadi baroedak leutik deui tjara baheula, goemantoeng deui ka ĕma. Manehna datang njaloeoeh ka ĕma, njoehoenkeun timbangan ĕma, da koerang loeang, teu wani nanggoeng pikadjadianeunana. Poegoeh ari tjarita mah gampang, nimbang pagawean batoer babari, mojok teu hese, tapi koemaha pĕtana oerang koedoe hiroep di alam rame, eta pĕrkara harese. Dina pĕrkara mikir, ngomong djeung papadoean, nimbang djeung njalahkeun lampah batoer, baroedak teh katjida pisan leuwih barisana ti ĕma, tapi lamoen aja pĕrkara anoe koedoe prak dipĕtakeun, koedoe bae datang ka ĕma, ĕma noe bisa noeloengan.

Djadi baroedak teh, nadjan geus palintĕr pisan oge, tĕtĕp bae koedoe digendeng koe ĕma, anggĕr bae ĕma teh koedoe aja.

***

Ĕma teh hidji djĕlĕma anoe wadjib dihormat dipoesti-poesti tapi lamoen anak-anakna teu moepoesti koedoe sabar, koedoe tawĕkal. Pĕrbawana tara pati katara, tara kadeuleueun koe anakna anoe hawĕk pidoenja. Tapi lain ĕma, moen ngoeroesna boedak doemeh hajang diadjian koe anak; ngoeroesna anak teh koedoe doemeh kitoe wadjibna ĕma, noetoerkeun pangadjak atina. Djeung ngan koe djalan kitoe, atikan boedak bisana aloes.

Ari ĕnjana mah ĕma mah teu beunang didjieun, da koedoe bawa ngadjadi.

Tjitjiren ĕma: soehoed djeung mantĕp. Naon hartina ari anak teh? Poeseurna alam doenja, njawana ĕma. Tjisoesoe anoe aja dina soesoe ĕma, eta anoe anakna; diri ĕma, hiroep ĕma, eta kabeh anoe anakna. Dat ĕma nja eta: mantĕp.

Tah ĕma teh, eta. Lamoen indoeng geus djadi ĕma, hartina katjitjingan sipat² anoe ditataan bieu di loehoer, teu koedoe ngadji *elmoe atik*. Eta elmoe baridjil sorangan tina batinna pribadi, mĕdal ngahoerial tina Asihna. Eta kabeh baris hoedang koe ajana anak, tjara tjisoesoe tea. Ĕma woedjoedna elmoe **atik tea.**

ROEMAH-OBAT J. VAN GORKOM & Co. DJOGJAKAR

MODEL A. TASMA MODEL



Pangaosna komplet katja saréng watangna:
koe ĕmas 14 karat . f 30
" " 8 " . " 21
ti lĕbĕt perak ti loear ĕmas . . . . . f 1
koe perak . . . . " 10
koe nekĕl . . . . " 6

---

TASMA MODEL „WEENE

---

sami sarĕng model A, moe ieu mah watangna dibo kentja-katoehoe, djadi hĕn diwĕngkoe:
koe ĕmas 14 karat . f 35
" " 8 " " 23
ti lĕbĕt perak ti loear ĕmas . . . . " 11
koe nekĕl. . . . . 7
komplet sarĕng watangn

---

TASMA :-: MODEL

---

Sami sarĕng model A, anoe koe nekĕl . . nanging katjana kĕwoeng sarĕng *hideung*. Pangaosna komplet katja sarĕng watangna





## Model D.

*Pangaosna komplet katjana sarěng watangna:*

koe ěmas 14 karat . . f 27,50
„ perak. . . . . . . . f 10,—
ti lěbětna perak ti loearna
ěmas . . . . . . . . . f 11,—
koe nekěl. . . . . . . . f 6,—

---

## Model C.

*Pangaosna kompla, katja sarěng watangna:*

koe ěmas 14 karat . . f 32.50
„ „ 8 „ . . „ 23.50
ti lěbětna perak ti loearna
ěmas . . . . . . . . „ 13.50
koe nekěl.. . . . . . . 6.50

Tapi bisana kitoe teh, ngan lamoen ĕma sadjati bae. Sabab loba katjida ĕma, ĕma-ĕmaan, leuwih loba manan anak, anak-anakan. Hiroepna ngan keur maneh, malah anakna oge keur manehna. Eta mah lain ĕma, tapi awewe noe ngajoegakeun boedak ka doenja.

Ĕma sadjati saĕndĕngna ngatik anakna, nĕpi ka hilang oge *hiroep bae dina elingan anak-anakna.*

Saoer Jan Ligthart: „Aja awewe njoeratan ka koering, njaritakeun basa manehna meunang tjotjoba bangĕt, diomongan koe ĕmana kieu: „„„Njai montong dipake leutik hate, Allah baris maparin pitoeloeng ka maneh.""" Ĕnja, boekti pisan, isoekna manehna lesot tina kasoesahna. Koering mananggoeng, jen eta tjarita teh bĕnĕr, sabab eta awewe teh doeloer koering pribadi, ĕmana nja ĕma koering. Eta soerat koe koering diampihan nĕpi ka ajeuna — tapi doeloer koering mah teu njahoëun, jen soeratna diampihan — pikeun djadi saksi pĕrbawana ĕma sadjati. Ari pangna ajeuna ditjaritakeun ka djĕlĕma loba, soegan aja mangpa'atna ka istri[2] anoe maraos ieu karangan, nja eta pada karagoengan manah jakin, hal pĕrbawana ĕma ka anak-anakna, toeloej pada kapintjoet harojong kenging papantjen anoe sakitoe saena: *djadi Ĕma sadjati.*"

## *b.* GAMBAR KEPRET.

Gambar kepret aloes pisan keur ngĕmbang-ngĕmbang babantal-korsi, toetoep lampoe, taplak medja, anggĕl dipan djeung sabangsa eta. Prak-prakan njieunna kieu: mimiti oerang ngagoentingan kĕrtas, njieun roepa-roepa pola sakarĕsĕp oerang, direka oekir-oekiran, kĕkĕmbangan, daoen pakoe, boeah anggoer djeung lian ti eta, kitoe deui dangdaoenan, boh mamanoekan atawa sasatoan lianna. Eta pola koe oerang ditĕrapkeun make panitih kana boëh, sakoemaha bae gĕdena mah, noeroetkeun koemaha pĕrloena; boëhna dipĕntangkeun sing tarik dina panggwidangan atawa dibeberkeun dina babantal. Tidinja oerang njokot sikat noe bĕrĕsih, oepama aja, anoe pandjang boeloena. Eta sikat diantjlomkeun kana mangsi-bak beunang ninjoeh sarta disikatkeun kana sisir loehoereun pola tea. Mangsina moentjrat kana lawon djeung pola tea, tapi lalĕmboet pisan, ngĕproel. Lamoen njikatkeunana sikat tea lila lĕbah hidji tĕmpat, dasar mangsi dina lawon tea hideung, oepama ngan sakeudeung ipis,

rada sĕmoe bodas. Lamoen polana koe oerang dilaan, dina lawor tinggal gambar bodas saroepa djeung pola tea.

### c. GAMBAR HARANGGASOE.

Pikeun anoe geus rada bisa atawa anoe rĕsĕp kana gagambaran, gampang pisan oepama hajang boga tigoera anoe aloes sarta loetjoe, hĕnteu kalawan hamboer ongkos; akalna kieu: piring paranti dahar atawa piring tembok anoe tina poslen atawa barang bĕling, diganggang loehoereun lampoe anoe ngĕboel. lamoen lila ngadeangna hideungna kandĕl, lamoen sakeudeung ipis, lĕbah mana bae. Eta oeroet ngadeang koe oerang didjieun latar gambar, gambar naon bae, sapĕrti: palataran, laoet djeung salian ti eta; ari ngagambarna make djaroem, hak atawa bangsa peso pangot. Lamoen gambarna tea geus anggeus, toeloej dirapĕt koe pĕrnis saeutik make vaporisator (sĕmprotan).

### d. LILIN.

Ngarah lilin awet, akalna kieu: dimana lilin diseungeut, lila-lila geuning sok lĕgok sapoetĕrna dĕlĕs. Tah, lĕgokna tea koedoe dipoeroeloekan oejah lĕmboet masing rata.

### e. SĔMPRONG LAMPOE.

Lamoen oerang hajang awet sĕmprong lampoe, oelah babari peupeus koe panasna seuneu lampoe, eta akalna aja doea roepa:
1. dina toengtoengna ti loehoer digantoengan arnal, soekoena noe hidji ka djĕro, noe hidji deui ka loeareun sĕmprong; kakara lampoena diseungeut.
2. samemehna dipako, sĕmprongna koedoe dikeueum dina djĕro pantji koe tjitiis, toeloej ditaheur, kira-kira satĕngah djam lilana. Tidinja toeloej eta pantji didjait; sĕmprongna antĕp bae nĕpi ka eta tjai tiis deui, kakara ditjokot disĕrĕbetan masing toehoer pisan.

### f. LAMPOE.

Saratna soepaja lampoe-minjak-tanah hĕnteu ngĕboel atawa saheng, kaosna atawa soemboena, samemehna dipake, koedoe




## Minjak Kamoeni

saples pangaosna f 4.

Ieu minjak Kamoeni
katjida padjĕngna, ma
wadahna katjida sae
toer minjakna seun
mapakan minjak seun
noe sanes.

## SACHET

pangaosna sahidji
**f 1.—**

Ieu soengkĕman oepami diteundeun dina lamari (wadah panganggo) katjida matak seungitna.




## KOLONJOH KĔMBANG DEWA (Dewa Bloemen Eau de Cologne)

Minjak seu
roepa-roe

**Tjampaka, Kananga, Malati, Jasmin, Heliotrope, Lilas bl Rose, Boschviooltjes.** Pangaosna 1 botol . . . . . . f



## Minjak seungit

Malati
Jasmin
Rose
Boschviooltjes
Heliotrope
Divia
Daoen dilĕm

*Pangaosna saples* f 3.50

## Minjak seungit „Divinia"



| | | |
|---|---|---|
| ıples agĕng | . . . . . . . . . . | *f* 10.— |
| „ sĕdĕng | . . . . . . . . . . | „ 6.— |
| „ alit | . . . . . . . . . . | „ 3.— |
| „ pangăkit-alitna | . . . . . | „ 0.50 |

## Zenobia odeur

minjak seungit sae pisan, boeatan nagara Inggris.
White Rose-wild Hyacinth-Jasminia-Heliotrope
*'angaosna sabotol* . . . . . *f* **2.50** sarĕng *f* **4.—**

## Ixora

*aples langkoeng ageung ti ka poengkoer* . . *f* **1.50**

## n. LAWON SĔMOE KONENG KOE KALILAAN.

Lamoen aja lawon anoe koe kalilaan diampihan nĕpi ka djadi sĕmoe koneng, eta beunang dibĕrĕsihan nĕpi ka djadi bodas deui, nja eta digodog, tapi koedoe make borax sasendok teh. Lamoen make ditambahan koe terpentijn sasendok teh, kabeh tarotolna leungit.

## o. MIARA PEULPEN.

Sarerea oge pada terang, peulpen teh matak sĕnang ka noe pagaweanana noelis. Soepaja awet koedoe hade piarana, nja eta: dina saĕntas dipake, toengtoeng kalamna koedoe disĕrĕbet, toeloej ditoetoep koe toetoep noe bakoe, karana lamoen hĕnteu tĕroes ditoetoep harita, mangsina sok ngahakan, lantaran kahawaan.

Ari panghadena eta peulpen teh koedoe make mangsi peulpen, tapi meunang oge dieusian koe biasa mangsi bae, ngan sok matak tereh kotor, sabab mangsi biasa mah, lain ngan matak tereh garah kana kalamna bae, eta oge kana wadah-mangsina aja matakna, nja eta sok narapĕl, nĕpi ka sakapeung mah sok njotjokan djalan mangsi.

Oepama kadjadian kitoe, eta peulpen koedoe diroetjat, toeloej dikeueum koe tjai bĕrĕsih dina gĕlas.

Ngabĕrĕsihanana kitoe teh, saboelan koedoe doea kali; sarta gagangna noe paranti mangsi tea koedoe dikoengkoerahan. Ngeusianana oelah pinoeh teuing, koedoe sameudjeuhnana, sarta oelah aja boedahan deui. Neundeunna, lamoen teu keur dipake, panghadena, koedoe disarandekeun, kalamna ti loehoer.

## p. PAPAKEAN BODAS.

Soepaja papakean bodas, sĕpre djeung sabangsana bodas ngĕplak, moĕkeunana koedoe diamparkeun dina djoekoet lĕbah noe kabĕtrak koe panonpoë; dimana geus katembong eumeul², koedoe dikepret koe tjai bĕrĕsih, nĕpi ka doea-tiloe kali. Lamoen arek dikandji, koedoe gantjang njadiakeun kandji, beunang ninjoeh koe tjiasak, haneut² koekoe dipake ngandji, dimana geus toehoer bĕnĕr, kakara diistrika, istrikaanana koedoe meudjeuhna panasna.

## q. PARNEL.

Soepaja papakean bangsa parnel anggĕr bae leuleus, oelah arek diseuseuh koe tjitiis, soemawonna djeung make dipeureut mah, oelah pisan.

Hadena koedoe njadiakeun tjisaboen heula, haneut koekoe; eta papakean ditjĕloeb doea-tiloe kali; toeloej dibĕrĕsihan koe tjihaneut-koekoe noe bĕrĕsih, oelah dipeureut heula, koedoe toeloej bae dipoëkeun dina pamoëan, ngan koedoe kaangin-angin; karana lamoen teu kaangin-angin mah sok heuras djeung teuas.

## r. KASAKIT EUNGAP.

Lamoen maneh sok mĕngi, dina waktoe mimiti karasa eungap, koedoe asoep ka ĕnggon, di dinja koedoe naheur tjai dina pantji atawa teko; tapi koedoe ditjitjian terpentijn sasendok makan. Lamoen terpentijnna geus djadi saab kabeh, koedoe diterpentijnan deui. Saab terpentijn matak sĕnggang kana eungap. Lamoen teu kitoe, hade oge koelamboe ditapĕlan lamak tiloe-opat meunang njĕloeb kana terpentijn. Atawa dada djeung tonggong dibaloer koe terpentijn, eta oge matak lalĕga kana ambĕkan.

## s. SOEPAJA BARANG PERAK SALILANA HERANG.

Saminggoe sakali koedoe dikoembah koe tjisaboen, toeloej dikosok koe koelit zeemleer atawa koe pernel noe toehoer pisan. Montong make bangsa poejĕr atawa lianna, koe eta bae geus tjoekoep, da ari poejĕr mah matak beak kana perak.

## t. NGABĔRĔSIHAN KOENINGAN.

Soepaja parabot bangsa koeningan lila bĕrĕsihna, koedoe dikosok koe koemĕli atah, antĕp sina toehoer, sanggeus toehoer disĕrĕbetan koe lamak toehoer. Bĕrĕsihna sok awet, nĕpi ka minggoe-minggoe bĕrĕsih bae, malah radjeun make boelanan, tara daekeun ngiring.

Naha andjeun *kasawat waos?* Mangga ngagaleuh **Oriental toothache drops** sabotol. . . . . . . . . **f 0.**

*Nganggona, satetes bae dikĕtjlakkeun kana waos anoe njĕri.*

Andjeun teh *kasawat tĕnggĕk?* Enggal ngagaleuh **zymole trockeys** 1 botol. . . . . . . . . . . . „ **1.2**
Andjeun teh *kasawat dina poengkoer?* Enggal ngagaleuh **atophan-tabletten** 1 ples. . . . . . . . . „ **1.5**

*4 kali dina sadintĕn, 1 tablet nganggo tjai:*

Andjeun teh kasawat *kentjing manis (suiker ziekte)?* Enggal ngagaleuh **saccharine tabletten** 1 ples. . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . „ **0.6**

*Oepami rek ngaleueut teh, tabletna 3, tehna satjatjangkir oge tjĕkap, teu kĕdah digoelaan deui, da parantos amis.*

Andjeun teh *kasawat patoeangan?* Enggal ngagaleuh **alcohol de menthe** botol alit. . . . . . . . **f 1.5**
botol ageung. . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . „ **2.**

ROEMAH OBAT J. VAN GORKOM & Co. DJOGJAKARTA

**Ngagingsirkeun landong² anoe nomĕr hidji.**

## DEWA CASTOROLIE.
*(Kastroli seungit).*

Ieu Kastroli seungit, djadi sae pisan keur moerangkalih moal baoeeun, karoeoeh raosna sanes deui sarĕng Kastroli biasa.

**Pangaosna sabotol f 1.—**

---

## DEWA MAAGPILLEN.
*(pil pĕrgasi)*

Salia-saha anoe palaj bĕrĕsih patoeangan, sarĕng ngaraos raos nja raraosan, moegi-moegi sadaja kadang wargi karĕrĕsa noeang pel damĕlan djisim koering anoe dinamian Dewa Maagpillen, margi ieu pel damĕlna sami bae sarĕng pĕrgasi.

**Pangaosna sabotol f 1.—**

---

## DEWA VERSTERKINGSPILLEN.
*(pel koeat)*

Sanggĕt panĕda djisim koering, moegi-moegi mitra-mitra sarĕng sadaja para prijaji kĕrsa ngemoetkeun kana pĕrkawis kakiatan salira. Mambrih oelah keuna koe Malaria, kĕdah noeang landong damĕlan djisim koering anoe enggal, namina Dewa Versterkingspillen (B)

Margi ieu landong matak djadi kiat kana salira. Ditoeangna dina sadintĕn tiloe kali, sakalina tiloe-tiloe siki.

**Pangaosna dina sabotol moeng f 1.—**

---

## DEWA ZALF.
*(Salĕp tjap Dewa) B.*

Ieu Salĕp tjap Dewa, moestadjab pisan kana raheut atanapi ateul, kana tatoe² kĕrĕng salianna. Parantos 100 tahoen lamina ieu Dewa Zalf, tjindĕkna boean toean² Doktor djaman baheula, mandjoer kabina-bina.

Ieu Salĕp tjap Dewa didjieunna tina oobar anoe mahal pisan sarĕng moestadjab. Teu atjan aja roemah obat anoe ngadamĕl Salĕp ieu.

Koe margi eta moegi² para kantja kĕrsa njaksikeun.

**Pangaosna moeng f 1.—**

---

## DEWA ZALF
*(Salĕp tjap Dewa) A.*

Saha² anoe kasawat Syphilis, nja eta panjakit awewe anoe ka loear tina sasaroepi radang, pĕrloe pisan enggal² nganggo landong ti sim koering Salĕp tjap Dewa; margi ieu teh katimbang langkoeng sae ti batan Salĕp hoelao.

**Pangaosna 1 tjoepoe moeng f 1.—**

*u.* NGALEUNGITKEUN SASANGGALEUN.

Lamoen dampal leungeun atawa toengtoeng ramo rada keusrak, doemeh rosa teuing digawe di imah, eta babari leuleus deui, lamoen dikosok koe vaseline djeung.oejah; ngosokna sing tarik. Sanggeus dikosok koe vaseline, toeloej sibanjo koe tjihaneutkoekoe; hade oge samemeh sibanjo koe tjihaneut, sibanjo heula koe benzine atawa mĭnjak tanah.

*v.* PESO OEROET NJIKSIK BAWANG.

Pikeun mitjeun baoe bawang tina peso, eta peso koedoe dikeueum koe tjipanas meunang sawatara minoet atawa ditjĕkĕlan saloehoereun saab tjai; geus kitoe dikosok koe oejah badag; tidinja disĕrĕbetan koe lamak anoe rada baseuh.

*w.* SOEPAJA SAPATOE OELAH MATAK NJĔRI.

Sapatoe anjar biasana matak njĕri. Dimana geus dilaan, lĕbah anoe matak njĕri tea koedoe ditoeroeban koe lamak beunang ngabaseuhan koe tjipanas, tapi eta lamak koedoe ditilĕptilĕp heula, sangkan kandĕl. Koelit njeuseup tjipanas, ana geus njeuseup tjipanas, djadi leuleus. Lamoen samemehna toehoer eta sapatoe dipake deui, tangtoe merean, moal matak njĕri.

*x.* SOEPAJA SAPATOE AWET DAMPALNA (soel).

Soepaja sapatoe, sĕlop, taroempah atawa sandal awet dampalna, koedoe mindĕng dipoelas koe vaseline, sanggeus koe vaselina koe vernis, tidinja toeloej diangin-angin nĕpi ka toehoer. Koe dipiara kitoe, tara tĕmboes koe tjai, djadi leuwih awet.

*y.* OEBAR PANON.

Lamoen panon oerang isoek-isoek, barang hoedang, rempet, sarta tjileuhan bae, hade dimana arek sare dipeureuhan koe hampas ĕnteh, oeroet ngĕteh tadi beurang. Eta ĕnteh diboentĕl koe lamak anoe bĕrĕsih pisan, toeloej dipeureuhkeun kana panon oerang. Atawa hade dipeureuhan koe daoen djaat meunang ngarieus, tjaina koedoe tjai bĕrĕsih pisan. Aja deui noe aloes, dikĕtjĕran koe boorwater; meuli bae ti apotheek.

## *z.* SOEPAJA KĔMBANG SĔGĔR.

Soepaja kĕmbang rada lila sĕgĕrna, mĕtikna oelah pondok teuing gagangna. Lamoen arek dikirimkeun, toengtoeng gagang diboengkoes koe kĕrtas langlajangan atawa kĕrtas soeoeb beunang njaian, boh koe gĕbog tjaoe noe meunang ngadadak ngala.

Oepama rek diteundeun dina gĕlas, gagangna koedoe dipotong saeutik, tjai eusi gĕlas tea koedoe dikapoer-baroesan atawa diarĕngan lĕmboet.

## *aa.* ROEDJAK ALPOEKĔT.

Meureun sarerea oge ĕnggeus ngaroedjak alpoekĕt. Oepama hajang ngeunah pisan, nomĕr hidji alpoekĕtna koedoe asak bĕnĕr, katjiri hipoe; dagingna dikodekan koe sendok, toeloej digoelaan koe goela pasir, oejahan koe oejah lĕmboet saeutik pisan, toeloej digalokeun. Loba anoe teu tarĕrangeun, jen oejah saeutik teh matak nambahan sari.

Saha-saha anoe rĕsĕp kana kopi, hade make tjikopi estra sasendok teh. Loba oge djĕlĕma anoe ngaroedjak alpoekĕt make anggoer djeung sapapadana.

## *bb.* NGOKOLAKEUN BOEBOEAHAN.

Loba pisan djĕlĕma anoe teu tĕrangeun, jen aja roepa-roepa boeboeahan anoe sok dipake bibilas, lamoen dipoë heula di noe panas, eta djadi woewoeh ngeunah, misilna: ganas djeung roepa-roepa djĕroek. Ari loembrahna, oepama ganas arek disadiakeun, sanggeus dipĕsek sok dikoembah heula make oejah. Eta salah, sabab dikoembah teh, matak leungit kana seungitna djeung sarina ngoerangan. Dĕmi hadena lain kitoe: Oepama eta ganas koe oerang rek dipake bibilas dina mĕntas dahar poekoel doea, koedoe dipoë di noe panas pisan ti poekoel 9 nĕpi ka poekoel 12, tidinja toeloej bae disadiakeun, montong dipĕsek heula. Saha noe hajang ngeureut bae, toeloej didadak dipĕsek harita, beunang mĕsek montong dikoembah heula, tĕroes bae didahar. Rasana leuwih ngeunah djeung leuwih seungit manan dipĕsek heula tjara biasa tea.

Djĕroek gĕde, sapĕrti djĕroek-bali atawa djĕroek djamblang, samemeh dipoë koedoe dipĕsek heula, tapi koeloemoedna oelah

# ROEMAH OBAT J. VAN GORKOM & Co. DJOGJAKARTA

## Mĕsin peuseul (Electriseermachines),

Noe ageung *pangaosna* . f 20,— Noe alit *pangaosna* , f 17,50






**Qekoeran panas na awak**

(Koortsthermometer)

*Pangaosna* . . f 3.50





**Sikat gigi**

*Pangaosna sahidji ti* f 0.60
*dongkap ka* f 2.—

# Roemah-obat J. van GORKOM & Co. Djogjakarta




**MADOE KLOOSTER.**

*(Kloosterhoning).*

Didaharna raos sarĕng teu kintĕn matihna keur ngalandongan noe lalĕsoe, anoe malaria, njĕnjĕpan, gohgoj sarĕng pilĕg.

Kenging poedjian ti doktor-doktor sarĕng roemah-roemah obat.

*1 botol ageung pangaosna* . . . . **f 1.75**

Andjeun teh **teu lasa koelem?**
**Geura nganggo Bromural-tabletten**
**Adalin-tabletten.**

*Pangaosna saples.* . . . . . **f 1.50**

Oepami rek koelĕm toeang 1 tablet

**Parada-perak sarĕng-ĕmas.**

:: *Pangaos 1 does.* **f 0.60** ::

**Vibrona.**

Ieu anggoer sae pikeun landong, ngarah koeat salira, oepamina kirang gĕtih atanapi mĕntas teu damang, laeuleus, sae ngaleueut ieu anggoer 2 atanapi 3 kali sadintĕn, sakalina ngaleueut 1 gĕlas pait, tangtos sĕgĕr deui.

*Pangaosna 1 botol* **f 5.—**

waka dipitjeunan, antĕp bae, djadi sanggeus dipĕsek teh, teu dibĕrĕsihan heula, toeloej bae dipoë; ari djĕroek[2] laleutik, kajaning: djĕroek garoet, djĕroek talaga, djĕroek ragi djeung sabangsa kitoe, hade dipoë djeung tjangkang-tjangkangna: Boeah djeung sawo oge, lamoen dipoë sok tambah ngeunah.

## *cc.* KAOLAHAN.

### Angeun boentjis.

Boentjis sapiring beunang njiksik atawa leundjeuran, koemaha kahajang oerang bae; laoek hajam, tapi kitoe bae: djangdjang, beuheung, pingping djeung sapapadana sapiring, atawa daging beunang ngeureutan; njokot kalapa sahoeloe, didjieun tjipati sing kĕntĕl, beas beunang moetoean satjanggeum.
Sambarana: bawang beureum beunang njiksik 2 sendok, bawang bodas 4 sihoeng disiksik, djintĕn ½ sendok, katoentjar sasendok, koneng saparapat tjoeroek, oejah 2 sendok teh, daoen salam doea lambar, sereh sapingping dipintĕlkeun.

Pĕtana njieunna:

Laoek hajam atawa daging tea digodog sakeudeung, toeloej didjait, tapi ari kaldoena mah tĕroes bae ditagogkeun; broes boentjis tea dikana-kaldoekeun nĕpi ka meh asak. Sambarana anoe tadi tea, salianna salam djeung sereh mah kabeh koedoe dirieus djeung beas beunang noetoean tea; sanggeus lĕmboet toeloej dibaoerkeun djeung laoek tea, salam, sereh djeung tjipati; tapi tjipatina montong kabeh, saparona bae; tĕroes digodogkeun. Bari digodogkeun, broes boentjis djeung tjipati anoe saparo deui tea, nĕpi ka asakna.

### Padamoro.

Hajam anoe lintoeh, toge (katjambah) atawa ĕngkol beunang njiksik sapiring mĕntoeng.
Sambarana: bawang bodas 8 sihoeng, bawang beureum beunang njiksik 2 sendok, katoentjar 1 sendok teh, koneng saeutik, tjikoer saeutik, tjabe beunang njiksik 2 sendok, salam 2 lambar, oejah sameudjeuhnana, kalapana sahoeloe didjieun tjipati,

Pĕtana njieunna:

Eta sambara, salianna salam djeung tjabe tea, kaboeh koedoe dirieus masing lĕmboet; bro kana tjipati anoe geus aja hajamna tea, broek tjabe, salam, katjambah (toge) atawa ĕngkol. Digodogkeun nĕpi ka asak, tapi oelah nĕpi ka saat.

## Daraponnah.

Kangkoeng atawa poetjoek tangkil, laoek beunang ngeureutan (sapiring), katoentjar 3/4 sendok, djintĕn 1/4 sendok, tjikoer beunang njiksik 1 sendok, koentji beunang njiksik 1 sendok ladja 2—3 keureut, bawang beureum beunang njiksik 2 sendok, bawang bodas 4 sihoeng (disiksik), moentjang 4—5 siki, tjabe salondjor atawa leuwih, daoen djĕroek poeroet 2 lambar, oejah sameudjeuhnana.

Pĕtana njieunna:

Salianna ti daoen djĕroek poeroet mah, eta sambara teh kaboeh koedoe dirieus djeung oejah tea, toeloej digodog koe tjipati (kalapa sahoeloe); laoek, kangkoeng, atawa daoen tangkil djeung daoen djĕroek tea diabroekkeun.

Dimana laoek tea asak, eta angeun tea oge nja asak.

N. B. Laoekna koedoe lĕmboet ngeureutanana.

## Toemis tjampoeradoek.

Ĕngkol beunang njiksik sapiring (hoerang atah beunang mitjeunan tjangkangna, disiksik, 2 sendok makan), ĕndog 2 dikopjok, kalapa sabeulah didjieun tjipati.

Sambarana: tjabe disiksik 1 sendok makan, bawang beureum disiksik 3 sendok makan, tarasi dilĕjoerkeun dina tjai (2 sendok makan), oejah 2 sendok teh, tjiasak, minjak lĕndah.

Pĕtana njieunna:

Bawang beureum djeung tjabe digoreng, minjakna 2 sendok, makan, tjoer tjai tarasi, bro ĕngkol beunang njiksik tea, ditjaianana koe tjiasak 2—3 tjatjangkir, kakara oejahna diabroekkeun. Antĕp heula sawatara lilana, tidinja kakara anoe sedjen diabroek-abroekkeun; oepama hajang make hoerang, hoerangan, toeloej ĕndog beunang ngopjok tea, tidinja kakara tjipati.

# ROEMAH OBAT J. VAN GORKOM & Co. DJOGJAKARTA

## PESO-TJOEKOER

*ESSEX Pangaosna sahidji* . . . . . . *f* 4.—
*ATOR* „ „ . . . . . . „ 6.—

## SABOEN TJOEKOER SEUNGIT

*sahidjina* . . . . . . . . . . . . *f* 1.25

## TONDEUZE'S

Mĕsin goenting ramboet. *Pangaosna* . *f* 10.—

## DEWA BLOEMEN BEDAK

*(Wĕdak Kĕmbang Dewa)* Wĕdak anoe sae teu aja tandingna. *Pangaosna 1 does* . . *f* 0.75

## SHAMPOOING POEDER

Landong koeramas. *Pangaos sahidjina* *f* 0.25

## TOILET LANOLINE

Landong kosok pikeun koelit anoe kasar soepaja lĕmĕs. *Dianggona isoek-sore saeutik-saeutik dikosokkeun.* *Pangaosna.* . . . *f* 0.75





## TANDPOEDER

*(Poejĕr waos)*

Poejĕr beureum paranti ngosok waos.
*Pangaosna* . . . . . . . . . . . . . . . *f* 0.65

**ROEMAH OBAT** J. van Gorkom & Co. **DJOGJAKARTA**

**Sirop Wolf landong gohgoj sarĕng batoek-bangkong.**

Ieu landong gohgoj parantos sababaraha taoen lamina digingsirkeun di toko sim koe-ting sarĕng parantos kenging poedjian ti oerang Priboemi, njarĕbatkeun, jen ieu landong jaktos matih pisan pikeun maroerangkalih sarĕng sĕpoeh-sĕpoeh anoe kasawat batoek-kosong, sĕsĕk sarĕng sadjabi ti eta.

Oepami gohgojna katjida, enggal ngaleueut ieu landong, u lami deui ogē damang.

Dina botolna parantos aja atoeran nganggona.

**Pangaosna sabotol** . . . . . . . . . . . *f* **2.—**



Samemehna nganggo „Oebar Koekoel".

Saparantos sasasih nganggo „Oebar Koekoel": Oenggal sontĕn eta koekoel dikosok koe ieu salĕp saeutik; 1 gotji tjĕkap sasasiheun.

**Pangaosna** . . . . *f* **2.50**

**andong ampēg „Relief Powder"**
andong sĕsĕk 1 does panga-na . . . . . . . . . **f 1.50**

**Landong ampēg „Poeder clèry"**
Landong sĕsĕk pangaosna 1 does ageung **f 4.—** does alit **f 2.25**

**garet landong ampēg „Kraep & Holm"**
Landong sĕsĕk pangaosna 1 does . . **f 1.—**

**garet landong ampeg „ESPIC"**
Landong sĕsĕk pangaosna 1 does . . **f 1.50**

Digodogkeunana koedoe tĕroes, nĕpi ka meh saat. Oelah dikotjek, lamoen ĕndogna tatjan asak ĕnja.

### Kari kapiting.

Njokot kapiting 4 à 5, bawang beureum beunang njiksik 2 sendok, bawang bodas 4 sihoeng, tjabe 2 londjor, tarasi 1 sendok teh, oejah 1 sendok, sereh disiksik 1 sendok, tjiasĕm, kalapa sahoeloe didjieun tjipati; pĕdĕs djeung mantega atawa minjak kalapa.

Pĕtana njieunna:

Kapiting dagingna dikeureutan, digalĕj djeung pĕdĕs djeung oejah, tĕroes digoreng koe mantega nĕpi ka koneng. Geus kitoe sambarana dirieus, tĕroes digoreng koe mantega atawa minjak kalapa; sok kapitingna diabroekkeun, digoreng barĕng djeung sambara tea; sanggeus sawatara lilana, tjoer ditjipatian.

Dina waktoe rek didahar, kakara ditjidjĕroekan atawa tjiasĕm. Poma oelah ti anggalna keneh geus ditjidjĕroekan.

N. B. Lamoen euweuh kapiting, meunang oge koe tanggiri boh bandĕng atawa hoerang.

### Dadar poeroeloek.

Dadar ĕndog anoe ngeunah sarta matak ponjo dahar: njokot ĕndog doea, kopjok bobodasna djeung beubeureumna nĕpi ka awor pisan; awoeran kidjoe kawak beunang njiksik sarta tĕroes deui poeroeloekan boeboek goreng pĕda garing; tidinja toeloej digoreng dina pan anoe geus beunang ngoelasan koe mantega. Kade seuneuna oelah gĕde teuing!

## *dd.* ROEPA² KOEEH.

### Koeeh leutak sawĕrĕga.

Tipoeng pare 1 pond (bobot roepia 50), goela kawoeng 2 ons (1 ons = bobot roepia 10), kalapa 2 hoeloe didjieun tjipati sing kĕntĕl, goela pasir 3 sendok, ĕndog 10, minjak kalapa.

Pětana njieunna:

Sanggeusna didjieun adonan, toeloej dibakar dina tjitakan anoe meunang ngosok koe minjak kalapa tea.

### Raragoedig.

Kětan 1 pond, apoe seupah saeutik, tjipati 5 tjatjangkir, sangraj kalapa beunang maroed satěngah hoeloe; ½ pond goela kawoeng, tjai.

Pětana njieunna:

Kětanna disosoh sing asak, toeloej diisikan make apoe tea; toeloej diisikan deui, bro dikana-ajakankeun.

Diantěp di dinja něpi ka toehoer.

Geus kitoe disangraj dina katel, toeloej ditipoeng něpi ka lěmboet, sanggeus lěmboet diajak koe ajakan.

Tidinja goela kawoeng digodog koe tjipati, kalapa anoe beunang njangraj tea diabroekkeun ka dinja.

Tipoeng kětan tea ditinjoeh koe tjai, těroes ditagogkeun; bari digoeis, diabroekan tjigoela anoe dikalapaan tea. Sanggeus kěntěl, toeloej didjait dibahekeun kana baki kai atawa kana pandjang gěde, diantěp něpi ka tiis.

Sanggeus kitoe toeloej dikeureutan.

### Diskoeit kalapa.

Njokot kalapa 2 hoeloe atawa leuwih, toeloej diboetik, beunang ngaboetik dipisian, sanggeus dipisian diparoed, njokot goela pasir satimbangan djeung kalapa, ěndog beunang ngopjok nja sakitoe deui beuratna, eta kabeh didjieun adonan sing likět, tapi koedoe leuleus. Sadia kěrtas bodas.

Pětana njieunna:

Eta adonan diěntjle-ěntjle dina kěrtas tea, toeloej dibakar dina pangbakaran anoe meudjeuhna panasna.

## *ee.* HAL NINOEN.

Di Pasoendan, hal ninoen, baheula leuwih madjoe manan ajeuna. Běněr ari hěnteu madjoe pisan mah ti baheula oge, tapi ari ajeuna mah katjida pisan moendoerna.

## Landong² ramboet ti roemah obat J. van GORKOM & Co. DJOGJAKARTA

### No. 1. Pikeun ngitjalkeun totombe.

*(Haarwassching tegen hoofdroos).*

Dianggona oenggal dintěn sagělas pait dianggo ngosok ramboet, saban-saban 24 djam sakali dikoedjamas, těras nganggo deui landong.

*Pangaosna sabotol.* . . . . . . . . . . . . . . f 2.50

### No. 2. Pikeun ngitjalkeun poentang.

*(Haarwassching tegen ongedierte).*

Sakalina nganggo satěngah botol pikeun ngoeroet sirah sarěng ngosok ramboet antarakeun 10 atanapi 15 minoet, těras dikoembah deui nganggo saboen hedjo atanapi saboen paranti siram.

*Pangaosna 1 botol* . . . . . . . . . . . . . . f 1.50

### No. 3. Minjak ramboet.

*(haarolie).*

Soepados ramboet sae sarěng seungit, saban dinten dikosok koe minjak ieu 20 kětes.

*Pangaosna 1 botol.* . . . . . . . . . . . . . . f 1.50

## No. 4. LANDONG RAMBOET.

*(soepaja oelah moerag)*

Saban sonten samemehna koelĕm, sirah dioeroet, nganggo ieu landong, sing leukeun, soepados njĕrĕp kana akar ramboet.

Pikeun sakali ngoeroet tjĕkap koe sagĕlas pait.

**1 Ples f 2.50**

---

## No. 5 LANDONG SOEPADOS HIDEUNG RAMBOET.

Oepami bade' nganggo ieu landong, kĕdah dikoedjamas heula sing bĕrĕsih nganggo tjisoda atanapi saboen, ŏngke oepami ramboetna parantos toehoer, nĕmbe nganggo ieu landong, kosokkeun kana ramboet nganggo sikat alit. Saiasa-iasa oelah keuna kana koelitna atanapi kana panganggo.

Lamina ngosokna ti 15 mĕnit doegi ka 2 atanapi 3 djam, koemaha kahojong noe nganggo bae; oepami parantos hideung, ladjĕng dikoedjamas deui sing bĕrĕsih nganggo saboen.

Pikeun ngaleungitkeun landong anoe narapĕl kana koelit atanapi panangan, njandak oejah saeutik ladjĕng tjaian sagĕlas pait. Koelit anoe harideung koe oebar dikosok koe tjioejah tea, ngosokna koe kapas.

Ari ngoembahna kĕdah harita keneh, oelah diĕngke-ĕngke; karana oepami ĕlat teuing sok sĕsah kengingna.

**1 Ples f 2.50**

---

## No. 6. LANDONG NGARAH PANDJANG RAMBOET.

Saban sontĕn, samemehna koelĕm, sirah dioeroet koe ieu landong sing leukeun, soepados njĕrĕp kana akar ramboet.

Pikeun sakali ngoeroet tjĕkap koe satĕngah gĕlas pait.

**1 Ples f 3.**

---

## KEMIRIE-OLIE.

*Kemirie-olie* noe kasĕbat di loehoer, kenging ngahadja ngadamĕl sina minjak moentjang toelĕn, damĕlna baris ngalandongan anoe noedang gĕring panas, ramboetna geuning sok maroerag, sina nganggo ieu minjak.

**Pangaos 1 botol . . . . . . . . . . . . . . . . . . . f 1.—**

Dĕmi anoe sok ditarinoen, nja eta: *boĕh rarang, kasang, saroeng* djeung ajeuna ka-beh-dieunakeun sok aja anoe narinoen pibadjoeeun make bĕnang boeatan Eropa sarta tinoenanana meh saroepa boeatan pabrik.

Anoe narinoen boĕh rarang, baheula di sakoeliah Pasoendan bae, tapi ari ajeuna mah ngan kari ĕntjlok-ĕntjlokan di sawatara tĕmpat sapĕrti: di Bantĕn Kidoel; di Priangan di sawatara tĕmpat babakoena di Djampang; di Tjirĕbon oge loba keneh anoe sok narinoen boĕh rarang, tapi teu loba tjara baheula.

Anoe narinoen kasang, nja tjara anoe narinoen boĕh rarang bae geus kari saeutik pisan, babakoena ngan kari di Bantĕn djeung di Priangan, nja eta di afdeeling Soekapoera.

Tjinde tinoenanana sabangsa kasang bae, ngan pedah leutik, da dipakena oge keur karembong, lain keur ngĕmpoet imah tjara kasang. Anoe rea keneh noe sok njieun tjinde ngan kari di afdeeling Soekapoera babakoena oerang Mandala djeung tĕmpat² anoe dareukeut ka eta distrik.

*Saroeng.* Baheula keur masih keneh oerang Soenda sok marake saroeng boeatan pamadjikanana, di sakoeliah Pasoendan awewena sok narinoen. Tapi ka-beh-dieunakeun oerang Soenda beuki rarĕsĕp marake saroeng batik, djadi noe narinoen saroeng beuki koerang, boeboeatanana oge beuki koerang araloes; komo ajeuna mah, sanggeus baroedak ngora sok marake tjalana lĕpas sapĕrti Walanda, hal ninoen saroeng teh moendoer kabina-bina. Anoe masih keneh aja noe sok narinoen saroeng ngan kari di Bantĕn Tĕngah djeung Kidoel; di Priangan ngan kari di Bandoeng djeung Tjiandjoer.

Dĕmi hal ninoen pibadjoeeun, model baheula koe kanteh, ajeuna oge aja keneh; babakoena di Bantĕn djeung di Tjirĕbon. Salian ti koe kanteh, anjar-anjar ieu loba oge anoe narinoen pibadjoeeun koe bola kĕlos. Boeatanana hade, tinoenanana beunang disĕboetkeun saroea bae djeung boeatan pabrik.

.......................................................................................

Hal ninoen model koena di Pasoendan anoe ajeuna beuki moendoer tea, noeroetkeun timbangan Padoeka Toean C. M. Pleyte, dina boekoe karangan andjeunna *De Inlandsche nijverheid.* Tweede stuk, tjitakan taoen 1912, geus moal bisa dipadjoekeun deui, tĕgĕsna moal bisa djadi karadjinan gĕde. Aja pirang-pirang sababna noe matak hal ninoen di oerang moal bisa madjoe, kabeh koe andjeunna eta sabab-sabab ditataan.



Tenoen bergantoeng di Siloekang (Soematera-Barat)

## RUEMAH-OBAT J. VAN GORKOM & Co. DJOGJAKARTA

Andjeun teh *sok ngaraos parocjĕng?* Enggal ngagaleuh




**LANDONG POEJĔNG STEARNS.**

*(Stearns Hoofdpijnmiddel)*

(landong poejĕng kenging Dr. Stearns)

*1 owĕl* ditoeangna disarĕngan koe tjai; kenging ¼ djam rieutna itjal sama-sakali.

*Pangaosna 1 does eusina 12 siki* . . . **f 1,25**

**TABLET POEJĔNG VAN GORKOM**

*(Hoofdpijn tabletten v. Gorkom)*

1 botol eusina 20 siki pangaosna . . **f 1.—**

3 kali dina sadintĕn 1 tablet.

**MINJAK POKO**

*(Menthol stift = pokpiong).*

Minjak gosok landong poejĕng, anoe agĕung sahidjina. . . . . . **f 0,75**

**Minjak Eau de cologne roepi-roepi.**

*Eau de cologne* poeder gopeng . . . . . . .

*Eau de cologne double* sabotol . . . . . . .

botol leutik. . . . . . . f 0,75

**Kolonjoh Kembang Dewa**

*(Dewa bloemen Eau de cologne)*

Tjampaka, Kananga, Malati, Jasmin, Heliotrope, Blanc, Rond, Boschviooltjes). Pangaosna 1 botol . . . . f 1,75

**Eau de cologne landong poejĕng.**

Pangaosna 1 botol ageung. . . . . . . . **f 3,50**

1 botol alit . . . . . . . . . **f 1,75**

# K. HOLM'S STAAL-ELIXER

MAH OBAT J. Van Gorkom & Co. DJOOJAKARTA




**K. Holm's Staal-Elixer.**

Ieu landong anoe katēlah **K. Holm's staal-elixer,** sae pisān baris ngoebaran noe pias, anoe gētihna kirang sae sarēng keur noe aranem.

Nja, kitoe deui keur istri-istri; boh anom boh sēpoeh, sami bae saena, sarēng keur anoe ngaraos mopo, djalaran didamēl pohara teuing.

Ari nganggona: keur moerangkalih dina sadintēn 3 kali, sakalina ½ sendok makan, sabada dahar; keur sēpoeh 3 kali dina sadintēn, sakalina sasendok makan, sabada dahar. Pangaosna 1 ples f 1.75.

Parantos nampi pirang-pirang sērat poedjian ti sakoer anoe parantos njobi eta dong (K. Holm's staal-elixer) dongkap ka damangna sarēng ngasēgēr. Ti Doktor-doktor Walanda oge nampi poedjian-poedjian.

---

**...INIA"-MENTHOL-PELLETS**

Ieu tablet anjar keneh pisan didongkapkeunana ti nagara Inggris, ... parantos seueur pisan anoe nganggo sarēng sami ... pikeun ngalandongan anoe gohgojeun, ... kasawat dina tēnggēl, ... gampil dianggona ngalandongan moerangkalih, doeneh rasana raos, djadi maroerangkalih sarēdēng... Pangaosna 1 doos anoe eusina 150 tablet, moeng f 0,50

---

**MOLENAAR'S KINDERMEEL**

...-salia anoe palaj kagoengan poetra montok, kēdah dipapaing ... ieu Molenaar's Kindermeel, 1 blek pangaosna f 1,25

........................................................................................................

Di Hindia-Nederland, tĕmpat anoe madjoe hal ninoen, nja eta di Siloengkang. Oerang dinja narinoenna lain tinoen koena tjara di oerang, tĕgĕsna: lain ngan ninoen keur oerang dinja woengkoel, tapi njieun oge barang² anoe dipikarĕsĕp koe bangsa sedjen. Geura, saha anoe atjan taringali kana *tafellooper* boeatan Siloengkang?

Tinoen Siloengkang boga sipat sorangan, mawa kaaloesan koe maneh, tapi koe bangsa sedjen oge kapake, lantaran diĕnjakeun, djadi boeatanana beuki lila beuki aloes, kawoewoeh ditarekahan soepaja bisa disĕbarkeun ka sedjen nagara.

Ieu di handap ditjaritakeun saeutik hal tinoen Siloengkang, babakoena bab atoeran ngamadjoekeunana djeung pĕtana ngadagangkeunana, nĕpi ka ajeuna djadi sakitoe mashoerna:

Siloengkang teh hidji lĕmboer di Padang Darat, teu djaoeh pĕrnahna ti Sawah Loento. Ari ajana eta lĕmboer teh dina hidji lĕgok anoe teu sabaraha lĕgana; nĕpi ka oerang dinja teu barisa njawah, da euweuh lahanna, doemeh singgĕt tea. Koe sabab eta oerang dinja, lalakina meh kabeh bae njaliar kahiroepan ka nagara sedjen; anoe taroenggoe lĕmboer ngan awewena bae, pagaweanana narinoen.

Hal ninoen teh lain kakara ajeuna bae, hartina lain pĕrkara anjar, ti baheula keneh oge geus djadi djalan pangasilan anoe pangpangna.

Istri² Priboemi anoe geus palalintĕr djeung njonja² Walanda noe rarĕsĕp ngamadjoekeun karadjinan oerang Priboemi, babarĕngan pada ngamadjoekeun hal tinoenan Siloengkang. Arandjeunna ngadĕgkeun koepĕrasi, toeloej ngagaleuhan sagala anoe pĕrloe keur tinoeneun, sapĕrti: roepa² bĕnang keur tinoeneun (bĕnang kĕlos, bĕnang soetra, bĕnang ĕmas), sabab di Siloengkang mah teu aja pĕtana bisa ngajakeun noe kitoe, lantaran taja lahan keur mĕlak kapas. Kitoe deui eta koepĕrasi ihtiar mangdjoealkeun beubeunangan ninoen tea, make harga mati. Eta barang² didagangkeun di toko² atawa diidĕrkeun ka mana-mana. Ajeuna eta tinoenan Siloengkang teh geus kasohor ka oenggal nagara di Hindia-Nederland, djeung raris katjida, lantaran aloes djeung awet deui. Di pasar² tongtonan mindĕng pisan tinoen Siloengkang ditongtonkeun, sapĕrti: saroeng, tafellooper, karembong, pibadjoeeun, tjaretjet, sĕpre, saroeng anggĕl djeung sabangsana.

Ari bĕnangna anoe ditinoen roepa-roepa: aja bĕnang kĕlos, bĕnang soetra djeung aja oge anoe koe bĕnang biasa ditjampoer bĕnang soetra. Polengna djeung roepana aja pirang-pirang roepa. Aja oge anoe disoelam koe bĕnang soetra djeung bĕnang ĕmas.

Ari pakarana beda djeung pakara di oerang; di ditoe mah ninoenna teh lain handap tjara di oerang — kapan di oerang mah meh ngagoler bae — ari di ditoe mah loehoer, beunang disĕboet tinoen-panggoeng (ilikan gambarna).

Awewe anoe ninoenna dioek dina bangkoe dina sirah tinoen. Eta pakara lain pakara asal Padang Darat, da baheula mah oerang dinja teh ninoenna njangoendjar dina taneuh, djadi tinoenna teh dilahoen, meh tjara di oerang pisan.

Noeroet sangkaan anoe palintĕr, atoeran ninoen kitoe teh bisa djadi àsal-asalna ti Malaka. Koe sabab ninoenna leuwih babari make pakara kitoe teh, koe sabab eta, ajeuna oerang Mĕnangkabo mah leuwih rea anoe marake pakara kitoe; pakara anoe tjara di oerang beuki koerang bae.

..........................................................................................

Naha ari pĕrkara hade, lain pantĕs ditoeroetan?

---

*Padoman anoe koedoe dipake dina hiroep oerang, nja eta bakat djeung watĕk oerang. Saha² anoe hiroepna noetoerkeun watĕkna, istoe djĕlĕma bagdja.*

## 14. KAPĔRLOEAN DJOEROE TANI.

### a. KAWOENG.

Dina Almĕnak 1922 aja karangan Djoeragan Adipradja, *Bab njadap kawoeng*. Dina eta karangan ditetelakeun koemaha pĕta-pĕtana njadap, malah nĕpi kana djampena pisan. Tapi ari hal tangkal kawoeng tatjan aja tjaritaanana, padahal kapan pĕrloe koe oerang dikanjahokeun; sapĕrkara doemeh bab njadap geus ditjaritakeun tahoen toekang, lamoen hajang tĕrang pisan kana papatah bab njadap, tangtoe koedoe tĕrang tetela kana bab kawoeng; kadoea lantaran kawoeng teh loba katjida hasilna ka djĕlĕma.

Eta sababna noe matak ajeuna arek njaritakeun bab kawoeng.

Dina boekoe *De Inlandsche Nijverheid* karangan Toean C. M. Pleyte, aja karangan anoe njaritakeun babadna kawoeng. Rasa koering eta tjarita pĕrloe pisan diasoepkeun kana ieu almĕnak, soepaja diaraos koe noe aranom, noe teu kaboeroe ngoelik koe andjeun bab kawoeng, doemeh dipoeoek koe sakola. Malah kolot[2] oge loba anoe teu aroeningaeun kana sadjarah kawoeng teh, padahal kapan teu pantĕs, oerang, oerang Soenda, bĕt nĕpi ka teu tĕrang di pĕrkara kawoeng.

Kawoeng-djadi-sorangan djeung kawoeng pĕlak.

Hidji pĕrkara anoe aneh katjida, bĕt hĕnteu aja karangan bab kawoeng anoe pĕpĕk sarta gĕmĕt njaritakeunana, djeung meh di oenggal karangan bae, njaritakeunana babagian kawoeng anoe djadi seer lahang teh sok salah.

Estoening aneh!

Geura maranahan! Kawoeng teh meh taja pisan anoe kapitjeun, sagalana djadi pangasilan bae ka djĕlĕma. Koe hal eta kaasoep kana tjoetjoekoelan anoe mangpa'at kabina-bina. Tapi ari ditjaritakeunana siga didjarieun nakĕr panganggoeran.

Naon lantaranana, noe matak kawoeng dianak-terekeun kitoe, bĕt teu diadji ĕnja[2] koe noe palintĕr, nèpi ka ajeuna tatjan kapanggih katĕranganana. Koering teu ngahadja-hadja neangan eta katĕrangan, doemeh rek mĕrloekeun heula ngajoeman roepa[2] tjaritaan anoe koe noe lian teu kagomeng-gomeng.

Kawoeng teh ti baheula keneh geus kaasoep kana tjoetjoekoelan noe sok dipĕlak, nja boekti meh di oenggal tĕmpat aja kawoeng pĕlak. Ari binihna aja anoe ngahadja ngipoek, aja anoe ngala bae pĕletananana, tjangkaleng anoe djaradi sorangan, milih anoe pangäraloesna.

***

Kawoeng teh kaasoep kana tjoetjoekoelan anoe *ngoerĕn,* tĕgĕsna kĕmbang-awewena misah ti kĕmbang-lalakina, tapi dina satangkal keneh. Ngan kaajaanana beda djeung noe sedjen, nja eta: ari kawoeng mah bidjilna kĕmbang-awewe djeung kĕmbang-lalaki teh, hĕnteu barĕng. Bidjilna kĕmbang-lalaki teh, sanggeusna kĕmbang awewe dieusi sarta anoe sabagian geus djaradi tjaroeloek. Eta kĕmbang-lalaki ngaranna *leungeun,* ari kĕmbang-awewe *langari.*

Djadi kawoeng teh boeahanana lain koe maneh, koedoe aja pitoeloeng noe lian.

Bidjilna kĕmbang aneh, beda djeung tatangkalan sedjen.

Kawoeng, tjara bangsa-bangsana anoe sedjen bae, palapahna noengtoetan ragragan, nĕpi ka toetoeg ngagĕdeananana. Dĕmi toetoeg gĕdena, di pagoenoengan, dina oemoer 12—20 tahoen, noeroetkeun koemaha lendona tanah; ari di tanah are 20—30 tahoen.

Bidjilna langari anoe mimiti deukeut kana poetjoekna; dimana noe kahidji geus bidjil, djol deui handapeunana noe kadoea; handapeun noe kadoea djol noe katiloe djeung satĕroesna, sakapeung sok aja anoe nĕpi ka toedjoeh langari. Dĕmi noengtoeroenna ka handap, lain ngadjadjar sipat gantoeng, tapi ngoerilingan tangkal, tjara oeril.

Teu koengsi lila podongkol leungeun, handapeun pisan langari noe pangloehoerna tea; ti dinja djol handapeunana, noe kadoea, katiloe djeung satèroesna, sakapeung aja anoe nĕpi kana taneuh.

Ari njadapna, koedoe samemehna tjaroeloekna tea asak, — biasana di djĕro 3 tahoen — sabab biasana dimana tjaroeloekna arasak, eta kawoeng sok moegoeran.

***

Toekang-sadap anoe teu mělak kawoeng, sok nareangan kawoeng anoe djaradi sorangan. Oepama geus manggih toeloej bae ditjirian koe eurih dibeulitkeun kana tangkalna, atawa koe tali biasa bae, boh make patok sarta djoedjoekoetan anoe aja sapoetěrna diraboetan něpi ka lenang.

Pěta kitoe teh disěboetna *neundeun tjiri;* koe oerang Karawang dingaranan *disoerapoengan.*

Lamoen aja kawoeng geus disoerapoengan kitoe, tangtoe moal aja anoe waranieun ganggoe, sabab geus dipatoeh koe adat, eta kawoeng boga noe njoerapoengan tea; sarta loba anoe sarieuneun kasikoe koe dewa, sabab neundeun tjiri teh tara djangdji bae, sok make djampe:

„Sawen aing tjangreud sima,
oelah děngki ka pada djalma,
bisi keulat koe tjadoe dewa,
panjapa Batara Goeroe."

***

Tadi geus ditjaritakeun, jen kawoeng anoe disadap teh, aja kawoeng anoe djadi koe maneh bae, aja kawoeng pělak.

Pěrkara mělak kawoeng, aja anoe ngahadja ngipoek binih, aja anoe milih pětetanana bae, aja eta tjangkaleng noe djaradi sorangan, milih noe araloes.

Tjangkaleng anoe aloes keur binih, hěnteu pati loba, lantaran kawoeng sok disadap tea dina samemeh tjaroeloekna asak, djeung lantaran tjangkaleng anoe maroerag kana taneuh sok dihakanan koe babi, da ngan babi anoe teurak kana tjangkaleng anoe sakitoe teuasna teh. Di těmpat² anoe loba babina, pětetan kawoeng tara loba, da nja eta sok dihakanan tea.

Oepama oerang arek ngipoek tjangkaleng, koedoe milih tjaroeloek noe asak, toeloej diběběkkeun, dagingna rěmoek, tinggal tjangkalengna. Ari ngaběběkkeunana lain koe haloe tjara anoe ngaběběk roedjak, ieu mah koe awi. Tjangkaleng anoe geus běrěsih tea, toeloej dibear-bear něpi ka toehoer. Tidinja kakara diipoek. Tanah keur ipoekan koedoe bear; sarta djoekoet² noe djaradi oelah arek dianteup. Biasana heulcut 6 boelan teh geus djaradi, ělatna oge liwat satahoen. Dimana katembong

kěrěp teuing, koedoe dipitjeunan sawareh, sangkan meudjeuhna tjarangna.

***

Dimana ipoekan geus meudjeuhna gědena, nja eta lamoen geus aja doea daoen, ari daoen anoe katiloena poetjoek keneh, — di Lěbak disěboetna *Koemipas* — dimana geus kitoe kakara hade dipindahkeun.

Mindahkeunana koedoe ati², logakna gědena sakaki pasagi. Malah oerang pilěmboeran mah sok make didjampean nanaon:

„Bismi'llah 'irrohman 'irrohim,
Asoep koeroe bidjil montok,
Hah montok, hah montok, hah montok."

Tatakrama kitoe teh, lain ngan dipětakeun dina mělakkeun ipoekan bae, mělakkeun pětetan oge nja make didjampean.

Anoe kaloeangkeun di Galoeh rada sedjen. Di Galoeh mah lolobana marělak pětetan, milih anoe geus oemoer 2 à 3 tahoen, disěboetna geus *tjoemanggah;* oemoer sakitoe teh koe oerang Badoej mah disěboetna *tjoemongkok.* Ari katjirina geus oemoer sakitoe, nja eta lamoen eta pětetan geus aja indjoekan.

Eta pětetan dipindahkeunana lain diraboet, tapi dipoetěr ati² pisan; toeloej dipělakkeun dina lombang noe geus beunang njadiakeun. Nangtoengna eta pětetan koedoe tjara tadina, karana lamoen teu kitoe sok mereketetet. Mělakna nja tjara di Karawang bae make didjampean, ari djampena kieu:

Hoj donghok, bidjil montok,
sia poelih, aing soegih.

Eta pělak pětetan koe djoeroe tani sok ditioengan meunang sawatara lilana; teu meunang digomeng-gomeng, diantěp sina djadi sorangan.

Kira² oemoer sapoeloeh tahoen, eta kawoeng disěboetna geus *tjoemawene;* ti harita mimiti merena hasil, nja eta indjoekna.

Heuleut doea tahoen ti harita, nja eta dimana geus bidjil doea poetjoek djadina ngarendeng, disěboetna *hoemapit.*

Měntas hoemapit, biasana dimana geus oemoer 18 tahoen, eta kawoeng disěboetna *mapak daoen,* nja eta dimana poetjoek geus papak kabeh.

Panoetoepanana dawoeh kawoeng, disĕboetna *mĕpĕt*, kabiasaanana dina oemoer 20 tahoen. Lamoen kawoeng geus nĕpi kana eta dawoeh, tara ngagĕdean deui, tara kalocar deui poetjoek.

Oemoer kawoeng dibagi 4 dawoeh kitoe, diparakena ngan koe oerang Pasoendan wetan, di beulah koelon mah ngan dibagi 2 dawoeh, nja eta *keur tjoemawene* — koe oerang Badoej disĕboetna *tjatjaweneun* — djeung dawoeh noe panoetoep, *mĕpĕt*.

Kira² meunang sataoen mĕpĕtna, podonghol bae *tongkol*, moen dina kalapa mah, sintoengna; ana ligar djadi *langari* tea. Di djĕro satĕngah tahoen, langarina geus djadi lima atawa gĕnĕp.

Kira² heuleut doea tahoen ti barang bidjil tongkol mimiti tea. podonghol *leungeun* patoengtoeroen: *leungeun djeunah*, *leungeun bengkel* djeung *leungeun adi*.

Kadjaba eta tiloe panta leungeun loba deui, tapi hĕnteu aja ngaranna, doemeh tara disaradap. Eta oge anoe tiloe panta tea, biasana mah anoe sok disadap teh, ngan leungeun djeunah bae.

Lamoen kawoeng geus mimiti ngaloearkeun lahang, sasat boga modal anoe salilana mere oentoeng, malah ti memeh kaala lahangna oge geus mere oentoeng, nja eta: indjoekna ti oemoer 10 tahoen keneh, eta pangasilan tĕroes bae nĕpi ka bidjil langari. Ĕnja oge indjoekna aja bae nĕpi ka mĕpĕtna, tapi indjoekna geus teu pati loba, geus teu sabaraha hasilna.

Indjoek anoe panghade-hadena, nja eta tina kawoeng oemoer 12 nĕpi ka 18; ari lobana noeroetkeun kaajaan kawoengna: ti 7 nĕpi ka 10 kakab dina sataoen.

Eta indjoek kadjaba dipake hateup, sok didjarieun tambang. Bĕnĕr kasar, tapi koeat pisan, tahan koe tjihoedjan, tara babari rapoeh. Meh di oenggal waroeng bae di pagoenoengan, sok aja dagangan tambang indjoek.

Haroepatna baheula sok didjieun kalam, keur noelis aksara Arab. Daoenna sok didjieun kisa, koe oerang pagoenoengan sok dipake wadah beubeulian ti pasar.

Njerena sok didjieun sapoe; poetjoekna didjieun roko; palapahna noe geus kolot, beunang dipake gaganti awi, keur rantjatan djeung sok didjieun karinding.

Pakangna sok didjarieun tali oeseup, malah baheula mah sok didjieun tali rĕbab, tjara ajeuna kawat.

Baloekangna didjarieun salampak, didjoeal ka toekang nanggoeng.

Djadi kawoeng teh loba pisan hasilna.

***

Hal njadap geus ditjaritakeun dina almĕnak 1922.

***

Salian ti pangasilan anoe geus ditataan di loehoer, aja deui hasilna kawoeng, nja eta *sagoena*, da tjara kiraj aja sagoean. Tapi lamoen kawoeng arek diarah sagoena, koedoe ditoear; djadi hĕnteu kaala lahangna, mangka lamoen diitoeng, hasil lahang leuwih loba manan hasil sagoe. Koe sabab eta, tjarang aja noe ngatji kawoeng, ajana teh ngan di tĕmpat² anoe katjida bae lobana tangkal kawoeng.

Ari pĕtana ngalana sagoe kieu:

Eta kawoeng ditoear, toeloej diala hoemboetna. Sanggeus diala hoemboetna, dipotongan doea-doea metĕr pandjangna. Beunang motongan, toeloej dibeulah. Tidinja kakara diala hatena.

Eta hatena diteukteukan sing rada lalĕmboet, toeloej ditoetoean, ngarah pakangna bareunang.

Sanggeus ditoetoean, toeloej ditinjoeh; beunang njaian, disaring koe lamak bĕrĕsih; atjina djeung tjai tea ditandean koe wadah anoe beunang ngahadja njadiakeun, pakang djeung onggokna taringgaleun dina lamak tea.

Lamoen eta tjai anoe tjampoer djeung atji tea disaring deui-disaring deui, nĕpi ka tiloe-opat kali, atjina, atji anoe bĕrĕsih katjida, atji nomĕr hidji.

***

Sagoe kawoeng koe oerang Priboemi sok didjarieun bangsa deungeun ngopi, tapi babakoena pisan didjieun tjendol.

Ari njieunna kieu:

Eta sagoe ditinjoeh koe tjiasak, atawa digodog nĕpi ka djadi boeboer. Tidinja toeloej eta boeboer panas² dibahekeun kana ajakan; ti handapna ditandean koe tahang noe dieusi tjiatah. Sagoe panas anoe malontjor tina ajakan ragrag kana tjiatah tea, harita keneh kimpĕl tinggerentel djadi boekoer tjendol.

Kadjaba sagoe aja deui hasil sedjen, nja eta kawoelna, anoe koe oerang pilĕmboeran sok dipake ari neker.

Eta kawoel, meureun loba noe ngira, moal sabaraha lobana, tapi eta pangira teh hĕnteu bĕnĕr, sabab dina tahoen 1912, kawoel anoe diiangkeun ti Tjirĕbon ka Nagara Tjina, aja 35 ton.

***

Djadi kawoeng teh kaasoep kana tatangkalan anoe gĕde hasilna.

---

## b. NGINGOE NJIROEAN [1])

Di Eropa mah geus kalampah pisan ngingoe njiroean, malah rea noe ngahadjakeun njieun wawangoenan² atawa tĕmpat², woengkoel keur ngingoe njiroean bae. Oentoeng pisan ngadjaroealna madoe djeung malam. Oepama keur oesoem gandroeng rek kĕmbangan, toekang njiroean arindit ka tĕgal gandroeng, marawa paroengpoengna dikana-rodakeun, ngadon ngangon njiroeanana, beunang dioepamakeun sapĕrti oerang dieu ngangon moending bae.

Noe tani aratoheun pisan oepama njiroean² njeuseup kĕmbang gandroeng, sabab matak leubeut boeahanana, tina sabab njiroean sok mawa kĕkĕboel lalaki kana awewena dina eta kĕmbang gandroeng, noe matak meh kabeh kĕmbang djadi boeah, teu pati aja noe boeroeng.

Kitoe deui noe baroga tangkal boeboeahan rarĕsĕpeun kana njiroean, sabab kana boeboeahan noe keur kĕmbangan ege, sok *ngoentoengkeun* sapĕrti kana gandroeng bae.

Baheula mah noe didjieun paroengpoeng, djarami, di-ljeudjeut, roepana boendĕr sapĕrti tjingtjin-mĕndjait, make liang-liang keur njiroean arasoep djeung kaloear.

Diteundeunna ditangkoebkeun dina papan, saoepama rek ditjokot madoena atawa malamna ditangkarakkeun.

Ajeuna mah eta paroengpoeng geus diganti koe kai tjara pĕti, make latji, beunang ditarik ka loehoer, sarta di djĕrona eta latji dilampat koe malam saeutik, soepaja eta njiroean dina oengga' latji, arek njieun imah; mĕngkena babari ditjokot saimah², oepama rek diala madoena, imahna kabeh oelah rek diroeksak, hade ninggalkeun sawareh, soepaja njiroeanana hĕnteu kalaboer, tjaritjing di dinja bae.

1) Pĕtikan tina boekoe Mitra noe tani, djilid XI karangan toean K. F. Holle.

Toekang njiroean geus njarahoëun pisan di adatna njiroean oepama paroengpoeng noe kahidji pinoeh teuing, hĕnteu noenggoe halibĕrna sorangan (njerang) neangan tĕmpat sedjen, tapi gantjang ratoena dipindahkeun ka paroengpoeng lian; njiroean sawareh naloetoerkeun, toeloej matoeh deui di dinja sarta toeloej madoean deui.

Ari ratoena mimiti njieun imah, toeloej ngĕndog; njiroean[2] noe sedjen daratang marawa hakaneun sarta miloe ngagĕdean imahna; sawareh arindit deui neangan hakaneun.

Bikangna noe kore mangkena ngadjaga ĕndogna djeung anakna anoe kakara bidjil; djaba ti eta ngoeroes hakaneun sarta satoeloejna kitoe bae, atoerananana beres pisan, djeung hidji-hidji roepa njiroean pada baroga tjabak, hĕnteu pahili, hĕnteu pahiri-hirian, hĕnteu sisirikan pada batoer, pantĕs dipake toeladan koe manoesa. Kitoe deui kagĕtolananana datang ka djadi paribasa: „gĕtol tjara njiroean."

Naha noe matak di Poelo Djawa hĕnteu digĕdekeun ngingoe njiroean?

Aja oge hidji-hidjieun tapi ngan dipake karĕsĕpan bae, toer di dieu leuwih loba pakeunna batan di Eropa.

Di ditoe mah ngan sakeudeung pisan oesoemna kĕkĕmbangan, ari di dieu beunang disĕboet majĕng salawasna aja bae tatangkalan atawa djoedjoekoetan noe kĕmbangan. Djeung deui di ditoe njiroeanana leuwih galak batan di oerang, meh sapĕrti odeng bae.

Boeboeahananana loba di dieu batan di Eropa; kĕmbanganana hĕnteu barĕng, noengtoet djadi, taja pĕtotna djeung di oerang mah pĕrloe pisan make malam, sabaraha reboe pikoel malam tjoekoepna pakeun ngabatik, nĕpi ka koedoe ngadatangkeun ti poelo sedjen.

---

## c. HAL MĔLAK DANAS. 1)

Ari kaajaananana danas di dieu rea pisan roepana, anoe amis anoe haseum hĕnteu dipilih, diwoengkoelkeun bae mĕlakna teh, ditjampoerkeun.

---

1) Pĕtikan tina boekoe Mitra noe tani, djilid XII, karangan R. Djajasoekarta.

Tina sabab patjampoer, eta danas teu poegoeh noe hade, djadi goreng sakabehna.

Eta pĕrloe pisan koe noe mĕlak danas dikanjahokeun anoe goreng anoe hade, sabab ongkosna mĕlak djeung ngome saroea bae, tapi hasilna beda pisan, noe matak koedoe pisan milih bibit danas noe aloes; toeroeg-toeroeg bibit noe aloes disambil djeung hade miarana, beuki lila beuki tambah hade, laoen-laoen danas anoe goreng teh djadi leungit kaganti koe danas hade woengkoel.

Kitoe deui lamoen bibitna goreng, beuki lila beuki tambah goreng bae, hese katjida bibit goreng hajang djadi aloes, malah oepama koerang pamiarana mah, sanadjan asalna bibit hade oge, djadina sok rada goreng, mana pĕrloe pisan oepama katara ngoerangan aloesna boeah, geuwat diganti koe bibit anoe hade, soepaja bisa tambah deui kaoentoenganana djeung tambah raris.

Lamoen eta danas diome sapantĕsna, katjida pisan ngoentoengkeunana ka noe mĕlak.

Tapi djaba ti koerang apik miarana, aja deui halangan kana lakoena, nja eta sabab sok haseum boeahna, djeung hargana eta danas sok moerah, lantaran dialana koe pamaksa (gagaraen) hĕnteu ditoenggoekeun kana asakna.

Ari sababna nja eta: bonganna anoe mĕlak, danas kakara kolot meueusan, geus hajang ngadjoeal, lantaran kabita koe hargana mahal, hĕnteu ingĕt matak djadi karoegian. Eta danas sok toeloej bae dipinggĕskeun gagangna, tapi tara disapatkeun, itoeng-itoeng dipeujeum dina tangkalna, dibroegbroegan roentah, di djĕro doea poë doea peuting, lamoen eta danas geus koneng, teu katara djiga peujeum, toeloej ditilas koe peso tina tangkalna, tĕroes bae didjoeal, tapi hĕnteu katara siga peujeum, sabab anjar diala. Oepamana disapatkeun mah tina tangkalna dipeujeumna di imah, sok kanjahoan koe noe mareuli, da gagangna rada peot, roepana hĕnteu sĕgĕr.

Doemeh hajang boeroe-boeroe ngadjoeal, oepama keur mahal oge eta danas, ari diroengsing mah mo boeroeng laoen-laoen djadi roeksak, hargana toengtoengna moerah keneh bae, da:

*a.* hĕnteu pati amis, tapi haseum-tiis.
*b.* eusina rada leueur.
*c.* toengtoengna hĕnteu raris, rada koerang pajoena.

Ingĕtanana anoe mĕlak, ari dipinggĕskeun hĕnteu disapatkeun mah, sarta diingkeun dipeujeum dina tangkalna, tang-

toe moal kanjahoan koe noe mareuli, djeung hĕnteu matak toeroen hargana.

Tapi eta teh mo boeroeng kanjahoan, dina rasana oge eta danas geus katara, haseum-tiis.

Eta, matak ngoerangan kana hasilna anoe mĕlak.

Oepama danas aloes anoe baris lakoe 5 sen oge, noe asak dadakan ngan pajoe 4 sen, eta lain leuleutikan, dina djĕro 100 danas oge saroepiaeun leungitna, dina 1000 = ƒ 10.

Teu inggis bidjil ongkos mĕlak, ari hasilna diloemajankeun.

Eta kaloembrahan kitoe teh hade pitjeun bae, karana matak tambah karoegian, mitjeun kaoentoengan oerang, mana hade koedoe apik bae ti batan apik meueusan, tambah-tambah anoe njiar danas beulian, meureun neangan deui ka tĕmpat sedjen.

## KATRANGAN NGOMENA TANAH.

Mimitina rek ditjaritakeun pisan atoeranana mĕlak danas anoe geus kalampahkeun di dieu.

Eta tanah babakoena sok dipatjoel heula kira-kira djĕrona $^3/_4$ kaki nĕpi ka sakaki, lamoen boga moending sok diwoeloekoe.

Sanggeus dipatjoel sakali atawa diwoeloekoe, kadoea kalina nja eta sok dipatjoel deui dilĕmboetkeun tai patjoelna, bari dikirab, kakara digaroe-kambangkeun soepaja beunang eta akar² djoekoet djeung roentah-roentahna.

Tapi sanggeusna beunang eta roentah hĕnteu pati dioeroes bĕnĕr-bĕnĕr, sok diteundeun dina pipir pagĕr, atawa dipitjeun bae ka saloeareun pagĕr.

## KATRANGAN MĔLAKNA ANOE GEUS KALAMPAHKEUN DJEUNG LOEMBRAHNA DI DIEU.

Lamoen eta tanah geus bĕrĕsih sarta tai patjoelna geus lĕmboet, toeloej njokot tambang kĕntjaan, eta tanah dikĕntja, soepaja lĕmpĕng njieun djadjaranana $^3/_4$ kaki, heuleutna 2½ kaki hoeikeun, roebakna eta galĕng hoei $^3/_4$ kaki, heuleutna 2½ kaki nĕpi ka 3 kaki, soepaja dimana gĕde danasna, aja djalan paranti djĕlĕma. Loehoerna kira-kira satĕngah kaki.

Oepama ĕnggeus digalĕng-hoeikeun, toeloej njokot bibit anoe baris dipĕlak di dinja tea, pĕtana mĕlak hĕnteu dilombangkeun heula. Ari tjarangna 2 nĕpi ka 2½ kaki.

Babakoena eta danas anoe baris dipëlak, ditjëkël koe leungeun kentja, ari leungeun anoe sabeulah katoehoe, njieun lombang *dina eta garitan, eta taneuh dikoekoej koe ramo leungeun,* hënteu pisan make parabot, kira-kira geus meudjeuhna djërona 3 dim, gëdena liang kira-kira 2½ dim, kakara dipëlakkeun eta danas, mëlakna kitoe bae ditoengtoet, njieunna lombang disarabil djeung mëlak.

Tapi sawareh deui mëlakna danas beda deui djeung eta, nja eta: sok ditjëblok, tapi koe pada batoerna deui sok ditjawad, oepama dipëlakna ditjëblok, eta taneuhna sok madët, sisina eta liang tjëblokan teuas, danasna oge sok koeroe, malah dina liang tjëblokan sok meuting tjai, eta matak goreng kana tangkalna djadi koerang moeloes djadina.

## BIBITNA.

Hënteu pati milihan anoe hade, sambarangan danas bae anoe dipëlak, hënteu pisan daekeun mëlak danas walanda djeung danas bang, ngan woengkoel danas tambaga bae, djeung danas tambaga-siki, anoe haseum djeung tiis.

Ari anoe dipëlak, nja eta senggehna, anakna mah hënteu *dipëlakkeun deui, diantëp bae dina tangkalna nëpi ka* boeahan deui.

## AWETNA TANGKAL.

Nëpi ka 3 taoen, diganti deui koe pëpëlakan sedjen, sababna eta danas, beuki lila beuki koerang beubeunanganana.

## NGADJAGANA BOEAH.

Loba pisan sato² anoe beukieun kana eta danas, tapi hënteu dipikir pikeun ngadjagana, djadi sato² teh barëtaheun dina eta dapoeran danas, sabab leuwih bala; anoe sok dikored ngan woengkoel dina gawanganana bae.

## HAL MOEPOENA.

Eta danas loembrahna, dialana sok koe pamaksa, tara didagokeun kana asakna (gagaraen); kakara kolot meueusan geus

dipinggeskeun, dipeujeum dina tangkalna, sakoemaha anoe ĕnggeus ditjaritakeun barang mimiti, eta teh salah katjida, koedoe pisan ditoenda.

## KATRANGAN LALAHANNA DJEUNG PAPAGĔRANANA ANOE KALAMPAHKEUN DI DIEU.

Lahanna tanah anoe baris dipĕlakan eta danas, sok tara pisan dioeroes, babakoena hieum oge diantĕp bae, malah sok ditambahan deui dihieuman koe pĕpĕlakan sedjen, sapĕrti tjaoe, tjoklat djeung lianna.

Kitoe deui papagĕranana sok ditangkĕs koe awi bae, atawa koe gombong, hĕnteu make pagĕr anoe hiroep, ĕngke ditjaritakeun deui kahadeanana make pagĕr anoe hiroep.

Sanggeusna ningal hal kalampahna mĕlak danas di dieu, rek njaritakeun deui hal kahadeanana mĕlak danas, kalajan piwoeroekna kangdjĕng toean K. F. Holle.

## KATRANGAN LAMOEN HAJANG HADE MĔLAK DANAS.

*(piwoeroekna kdj. toean Holle).*

*a.* Lamoen noe boga kĕbon danas tambah apik miarana, djeung noeroet kana elmoe tani, tangtoe hasilna bisa tambah, beubeunanganana meureun gĕde batan ajeuna, boeahna leuwih aloes, djeung tangkalna tambah montok.

Ieu di handap disĕboetkeun hidji-hidjina, anoe beunang diakalkeun, soepaja bisa djadi anoe kasĕboet bieu.

*Hidji pĕrkara.* Hal ngome taneuh, sanggeus dipatjoel atawa diwoeloekoe, toeloej koedoe digalĕng-hoeikeun taneuhna, ari tjarangna galĕng-hoeina 2½ kaki, roebakna sakaki djeung loehoerna ¾ kaki; tidinja eta djoekoet anoe babari boeroek, diroeang dina galĕng-hoeina, digalokeun, ari roentahna anoe badag, anoe rada lila boeroekna, diingkeun heula digoendoekkeun, soepaja paeh djeung boeroek meueusan, ĕngko dimana geus dipĕlak danasna, diteundeun eta djoekoet dina sĕsĕla tangkal danas tea, eta dimana geus boeroek pisan tangtoe tambah aloes kana taneuhna djeung matak montok pĕpĕlakan.

*Kadoea pĕrkara.* Oepama taneuhna koerang lendo, hade dina lĕbah keur mĕlak danas, digĕmoek heula koe tai sapi, moending, koeda djeung tai domba anoe asak, koe patjoel galokeun djeung

taneuh. Ari gĕmoekna oelah kalobaan teuing koedoe meudjeuhna bae, lamoen loba teuing, bisi panas kana eta pĕpĕlakan.

*Katiloe pĕrkara.* Sanggeus kitoe madjoe kana mĕlak; ari tjarangna koedoe 2 kaki, mĕlakna hĕnteu meunang dengdek, koedoe nangtoeng djĕdjĕg, sababna lamoen dengdek ĕngkena eta tangkal danas djadi tjondong, boeahna sok bingkĕng gĕde sabeulah djeung sok haseum sabeulah; disĕboetna eta danas, patah pinggang, nja sok amis sapotong. Oepama geus bĕnĕr nangtoengna, kakara disaeuran, kitoe deui lamoen danasna geus loba teuing anakna dilaan sawareh.

Ari mĕlakna hade make patjoel bae, oelah make tjĕblok; noe matak teu hade tjĕblok, geus kasĕboet tadi.

*Kaopat pĕrkara.* Pĕrloe didjaga kĕbonna, oelah bala koe djoekoet, bisi ngelehkeun pĕlak danas, djeung deui dimana taneuhna rada padĕt, hade diriridoeh deui.

*Kalima pĕrkara.* Lamoen tangkal danasna geus ngagédean, hade oge galĕng-hoeina, kentja katoehoeeunana ditambal koe taneuh saeutik, soepaja akarna danas, ana mardjangan, bisa neangan hakaneun.

Kitoe deui oepama danasna koerang keneh montokna, lantaran rada koeroe keneh taneuhna atawa lantaran geus kaseuseup atjina tanah, hade gĕmoek deui, make lombang koe patjoel, kira anggangna kana tangkal danas $^{3}/_{4}$ kaki atawa sakaki, eta gĕmoek dimana geus diteundeun kana lombang, disaeuran deui koe taneuh, bisi laas.

Oepama tahoen kadoea djeung katiloena digĕmoek, meureun beubeunanganana boeah teu pati orot djeung boeahna teu ngoerangan gĕdena djeung ngeunahna.

*Kagĕnĕp pĕrkara.* Lamoen eta boeah danas ĕnggeus kelot, satĕngah asak, hade dipitjeun senggehna, ĕngkena djadi lenglang, eta danas gantjang asak sarta amis, tapi lamoen miang-miang koneng arek asak, koedoe boengkoesan koe daoenna dika-loehoerkeun dihoeroen; dimana geus asak, toeloej bae diboeka, eta danas ditilas; tapi oepama diboengkoesanana samemeh koneng, eta gagal katjida, sok lila asakna djeung sok haseum, saratna teh koedoe kapoë heula; pambrihna diboengkoes, nja eta soepaja asakna rata, hĕnteu kaboeroedoeg teuing koe poë, lamoen diboengkoesan mah, sagala sato oge hĕnteu pati ngambeu kana danas anoe geus asak.

*Katoedjoeh pĕrkara.* Koe sabab karĕsĕpna danas di noe nĕ-

grak, hěnteu hade dihieuman koe pěpělakan sedjen; oepama danasna dihieuman teuing, sok kěri tangkalna, leutik boeahna, djeung sok koerang amis, djeung koerang seungit rasana.

*Kadalapan pěrkara.* Lamoen geus katara danasna teh kěndor boeahanana, djeung koerang aloes boeahna, nja eta tjirina koedoe diweuteuhkeun deui, bisi koerang teuing beubeunanganana eta kěbon.

Ari ngaweuteuhkeunana koedoe njieun galěng-hoei anoe anjar, dina sěla-sěla galěng-hoei anoe heubeul, soepaja meunang taneuh anoe tatjan kaseuseup atji koe tangkal danas anoe tadi; tapi hade pisan memeh dipělakan danas deui, satahoen-doea tahoen disělang heula koe pěpělakan sedjen; da adatna taneuh teh ana dipělakan sahidji roepa pěpělakan bae, sok radjeun bosěn, nja eta oge geus kanjahoan koe ahli tani, anoe matak anoe mělak bako tara mělak noron; satahoen doea tahoen disělang heula koe pare atawa koe sedjen pěpělakan, dina danas oge nja kitoe keneh. Soemawonna ieu mah, kapan sakali mělak teh make tiloe tahoeneun, těroes ngěmbat watang.

*Kasalapan pěrkara.* Lamoen danasna loba teuing anakna, pěrloe pisan dialaan sawareh, da ana diingkeun kabeh siliheleh-keun, djeung boeahna koerang hade.

Rasana lamoen dipětakeun akal anoe kasěboet di loehoer, meureun beubeunanganana tambah rosa; djeung deui taoen kadoea djeung taoen katiloe, hěnteu ngoerangan tjara anoe kabiasakeun ajeuna. Da ningal laporan ***Raden Wadana Tjimahi,*** aja hidji djalma ngaran *Bapa Artamah* oerang desa ***Tjidjěroek,*** mělak danas dina kěbonna, lěgana ***sabaoe,*** ari beubeunanganana nja eta:

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| taoen mimiti | 5000 danas | | | |
| „ kadoea | 4500 | „ | orotna 500 | danas |
| „ katiloe | 3500 | „ | „ 1000 | „ |

kaopat taoenna diganti koe pěpělakan sedjen.

Aja hidji djalma deui di lěmboer eta keneh, kěbonna saroea lěgana, ngaran *Bapa Endam,* beubeunanganana nja eta:

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| taoen mimiti | 6000 danas | | | |
| „ kadoea | 3500 | „ | orotna 2500 | danas |
| „ katiloe | 1320 | „ | „ 2180 | „ |

Tapi eta pěpělakan danas dibaoeran pěpělakan sedjen, djadi koe lantaran eta, katjida orotna.

Oepama tambah hade miarana, beubeunangan danas hěnteu orot sakitoe, lamoen rata majěng beubeunanganana, tangtoe ong-

kosna atawa tjapena, kapoenah pisan koe tambah hasilna ka noe boga kĕbon.

*Kasapoeloeh pĕrkara.* Hal mĕlak leuwih hade anakna bae dipake bibit da leuwih gantjang djadina ti batan senggeh; djeung deui bedjana tangkal asal anak, leuwih montok ti batan tangkal asal senggeh; ngan lamoen make bibit anakna, hade milihan anoe moeloes, gĕde djeung montok.

## KATRANGAN ROEPANA DANAS ANOE GORENG DJEUNG NOE HADE.

Kaajaanana danas di dieu aja 4 roepa, ditĕrangkeun hidji-hidjina eta danas di handap ieu.

1. *Danas Walanda*, tapi ĕnjana mah di nagri Walanda teu aja danas, anoe sok disĕboet danas Walanda teh asalna ti tanah Amerika, mimitina dipĕlakna di kĕbon Kangdjĕng Toean Bĕsar, sarta diliarkeun deui ka sakoeriling Poelo Hindia-Nederland. Eta danas ngeunah pisan, amis, seungit, oedoeh toelang, tapi rada lĕmboet boeahna.

Di Bogor mah digĕdekeun pisan anoe marĕlak eta danas. Malah toean² oge djeung salianna ti eta sarĕnĕngeun pisan kana eta danas.

2. *Danas Bang*, nja eta: koe oerang Priangan disĕboetna *danas bang*, koe oerang Bogor disĕboetna *danas Idjo.*

Roepana eta danas: pĕntilna sĕmoe beureum, lamoen geus kolot meueusan beuki hedjo, tapi lamoen geus asak djadi hedjo kolot sĕmoe hawoek, katara pisan oepama geus asak, ambeuna oge seungit.

Eta danas rasana arek meh bae sami sarĕng *danas Amerika* tea, malah *danas Amerika* eleh seungit koe *danas bang,* ngan ari *danas bang* mah loba teuing tjai, amisna mah hĕnteu pati beda, hargana nja kitoe keneh.

3. *Danas Tambaga*, eta danas aja doea roepa:

*a.* Pĕntilna beureum, lamoen geus kolot saeutik rada hedjo, dimana geus asak eta danas, koneng sĕmoe beureum, rasana sahandapeun *danas bang*, tapi gĕdena saloehoereun *danas bang*, hargana leuwih moerah meueusan sabab koerang amis.

*b.* Pĕntilna kitoe keneh, eusina aja sikian rasana haseum djeung tiis, hargana sahandapeun *danas tambaga* anoe taja sikian.

4. *Danas Konde.* Eta danas pĕntilna beureum, dimana geus rada kolot, kaloear deui senggehna, tjara boeah danas keneh, ngan laleutik, dina 1 boeah 4—5 senggeh, tapi eta danas gĕde katjida, ngan handjakal rasana haseum, hargana teu tangtoe, koemaha rĕsĕpna bae anoe mareuli teh.

Koe sabab geus tetela di loehoer ieu, jen roepa danas aja bedana, leuwih hade, djeung leuwih oentoeng, ti batan mĕlak danas anoe rada goreng bangsana, mĕlak danas bangsa anoe panghadeno, soepaja raris didjoealna, hargana oendak deui ti bareto. Sakoemaha anoe geus kasĕboet tadi, pangomena djeung ongkosna saroea bae, ari beubeunanganana tangtoe beda.

Katrangan papagĕranana.

Pagĕrna montong koe awi atawa koe pagĕr gombong, koedoe koe kakaian anoe hiroep sarta koeat, salilana hĕnteu toeksĕl ngaganti-ganti, anoe ĕnggeus katjoba baris pagĕr nja eta:
1. Tangkal galinggĕm.
2. „ sĕtjang
3. „ djarak

Ari anoe dipĕlak, sikina, diaseuk sisi eta kĕbon, tapi lamoen rea bahan mah, eta djarak hade koe tangkalna bae ditjĕblokkeun, ĕngkena tangtoe djadi, tjarangna mĕlak satĕngah kaki, lamoen ĕnggeus djadi, eta pagĕr koedoe didĕmpet koe awi, eta leuwih koeat.

Sato² anoe sok ngarandjah kana eta kĕbon, sapĕrti sapi, moending, domba djeung koeda, moal bisaeun, pagĕr awi mah radjeun dirandjah. Soemawonna geus rada bobo.

Anoe pangbeuki-beukina pisan kana daoen danas, sapi djeung moending, sarta matak raroengkad tangkal danas.

Katrangan hamana danas.

Sato² leuweung anoe beukieun kana danas nja eta:
1. Tjareuh.
2. Ganggarangan.
3. Badjing.
4. Kekes.
5. Bagong.

Taja deui akalna kadjaba eta kĕbon hĕnteu meunang pisan bala, koedoe bĕrĕsih katjida, sababna lamoen bala, eta sato² barĕtaheun di dinja, djadi hĕnteu daekeun deui intjah ka mana-mana, woengkoel ngahakanan danas bae.

Koemaha lamoen tjaang mah, sato² moal pati daekeun matoeh di dinja sabab euweuh pakeunna tjitjing, djoekoetna tjaraang, moal daekeun tjitjing, ngan woengkoel ti peuting bae datangna ka dinja.

Kitoe deui bagong, hama panggède-gědena, sok ngaroeksak kana sagala pěpělakan, hade baroeang bae.

Tapi beunang oge diakalan deui, eta kěbon sing rekep pisan pagěrna, lamoen galinggěm tatjan koeat, nja hade digědeg bae heulaan, oelah montjor bagong; lamoen geus rekep, toeloej eta gědeg pakanna djeung loesi ditjowak (dibohok), sasěrěgna bagong, eta lawang koedoe sakoerilingna eta kěbon, make 6—7 lawang, gědena dina hidji-hidji lawang, oelah disaroeakeun gědena, koedoe dikira-kira noeroetkeun gěde-leutikna bagong.

Eta lawang ti gigirna kentja-katoehoe, koedoe make kai, masing pageuh katjida ditjěblokkeun kana taneuh masing djěro sanggeus kitoe ti handapna make deui kai bangbaroeng, dadamparna dina taneuh, ti loehoerna make deui kai dipalangkeun, eta doea kai anoe nantjěb kentja-katoehoe, sarta make pantjoeh kana taneuh. Roepana nja tjara lawang panto imah bae, ti gigir kentja-katoehoe, djeung ti handap-ti loehoer sakoerilingna kai bae, eta ge nja kitoe keneh, ngan gědena saasoepna bagong.

Dina těngah-těngah eta lawang, dina bangbaroengna di handap, diteundeunan peso ditantjěbkeun kana eta kai, pesona anoe seukeut pisan, beuteung eta peso sina kaloear, tonggongna sina ka djěro, djeung tjondongna eta peso kitoe deui sina ka djěro.

Èngke dimana waktoena datang eta bagong ka dinja, tangtoe pisan asoepna kana sagala kěbon, neangan lawang heula, barang manggih eta lawang toeloej asoep bae sarta soenděk kana kai palangna anoe di loehoer, asoepna teh děpa, beuteungna katoedel koe eta peso.

Ari adatna bagong kanjěri saeutik tara dirasa, da hajang asoep kana eta kěbon, ngan soepaja asoep hoeloena bae, hěnteu wěleh maksa asoep kana eta kěbon, tapi datangna ka djěro kěbon toeloej paeh.

### Hal manisan danas anoe aloes.

Ajeuna rek ditjaritakeun hal njieun manisan anoe hade.

Ari loembrahna di dieu njieun manisan danas sok koerang hade.

Hidji pěrkara sěmoe beureum, hěnteu herang djeung cabari laas, lantaran salah kokolana.

Ari manisan danas anoe sok didjieun koe njonja Tjina, sedjen pisan, koneng, herang, seungit djeung rada likět, sabaraha lilana diampihan, hěnteu daekeun leueur, haseum atawa laas.

Ari lantaran manisan danas djieun oerang dieu sok koerang aloes:

hidji pěrkara sok ditambahan tjai;

kadoea pěrkara goelana koerang běrěsih.

Oepama hajang njieun manisan anoe aloes pisan koedoe noeroet kana papatah di handap ieu:

mimitina koedoe make danas anoe meudjeuhna asakna;

kadoea, sanggeus dipěsek disiksik sing lěmboet, hatena pitjeun;

katiloena, eta meunang njiksik toeloej diteundeun dina wadah anoe běrěsih, ditambahan goela anoe aloes, tidinja diingkeun 12 djam;

opat pěrkara sanggeus goelana entjer (lějoer) patjampoer djeung tjai danas, toeloej ditaheurkeun, digodog, něpi ka asakna, sanggeusna kitoe, didjait, diteundeun bari ditoeroeban wadahna, isoekna deui dihaneutkeun deui sakeudeung, diingkeun dina sapoë, geus kitoe dihaneutkeun deui sakali.

Lamoen diatoer kitoe manisan teh moal eleh koe djieunan njonja Tjina, sarta oepama geus timoe djeung bisa njieun manisan noe aloes, tangtoe pajoe didjoealna, soemawonna lamoen diwadahan kana wadah aloes, kajaning kelěr anoe leutik, pajoena ge djaba ti ka noe deukeut, meureun ka noe djaoeh oge pajoe, sarta tambah kaoentoenganana ka noe marělak danas.

Malah oepama geus doedoek pisan njieun manisan anoe aloes, toeloej dieusikeun kana kaleng, toeroebna dipatri masing rekep pisan, beunang dikirimkeun ka nagri, saroea bae djeung danas manisan goeloentoengan tea, anoe sok diiangkeun ti Singapoera.

---

*Dosa boedak dosana indoeng-bapa.*

*Elmoe atik teh hidji djalan anoe koedoe dilakonan, soepaja bisa něpi kana maksoed anoe didjoegdjoeg koe elmoe akal-boedi djeung elmoe kasampoernan.*

***Pikiran anoe sehat teh ajana dina badan anoe sehat.***



P. Jm. Toean D. K. ARDIWINATA
bekas Goeroe bahasa Melajoe di Bandoeng, seorang pengarang Soenda jang kenamaan. Beberapa taheeu memegang pangkat Hoofdredacteur di Balai Poestaka.

## 15. ROEPA-ROEPA KANJAHO.

### a. ORAJ MATIH DI HINDIA.

Loembrahna oraj teu pati aja hasilna ka djĕlĕma. Ngan saeutik pisan anoe aja mangpa'atna ka oerang, nja eta doemeh sok ngahakan beurit djeung sapapadana.

Djaman ajeuna masih aja bangsa di Hindia anoe bareukieun keneh oraj, misilna bangsa Alipoeroe; nja kitoe deui loba keneh oerang Tjina anoe tatjan kaasoep kana golongan djĕlĕma pantĕs, noe bareukieun oraj. Tjek anoe geus ngadahar oraj, rasana meh tjara laoek hajam, bedana ien mah rada liat.

Aja oraj anoe gadjihna sok dipake oebar kasoendoet atawa oebar boletjek, kabawa koelitna.

Di nagara sabrang sok aja oge anoe njieun sapatoe, sĕlop, loket ........... djeung salianna ti eta, koe koelit oraj. Ari di oerang, di Hindia oraj anoe aja hasilna teh, nja eta oraj santja, diarah taina keur matri tambaga, ĕmas djeung perak. Tapi sanadjan aja oge oraj anoe mangpa'at ka manoesa, malah aja anoe kaarah pisan hasilna, tjara oraj santja, lamoen koe oerang dibandingkeun djeung balaina, eta hasilna atawa mangpa'atna teh hĕnteu nimbangan.

Dina dongeng² loba pisan oraj teh katjaritakeunana. Malah di Hindoe mah, oraj teh koe oerang dinja didjieun pĕrlambang kana kaloehoengan elmoe. Ari di Poelo Djawa, komo di Pasoendan, loba oraj anoe didjieun alamat, sapĕrti lamoen di sawah aja oraj santja, eta alamat sawahna tjoekoel. Lamoen eta oraj dikaniaja, lain bae matak djadi halangan kana kamoedjoeran tea, tapi matak kasikoe koe Nji Sri deui. Lantaran tjek dongeng, Nji Sri teh mĕgarna disileungleuman koe Dewa Anta, hidji dewa anoe mangroepakeun oraj naga, nja ĕrohna nitis ka oraj santja.— Lamoen aja oraj wĕlang ka imah, eta alamat goreng: rek aja anoe gĕring katjida di imah eta, atawa baris meunang bedja aja baraja atawa sobat anoe paeh, pangäloesna oge baris kapaksa koedoe pindah ti eta imah. Tapi aja oge anoe ngomong, lamoen di eta imah anoe kadatangan oraj wĕlang tea aja tjawene anoe geus meudjeuhna boga salaki, eta alamat tereh meunang djodo. Tjek sakaol deui, eta oraj teh ngan arek ngingĕtan bae ka noe boga imah, jen aja panadaran anoe tatjan dibajar.

Aja oge bangsa anoe njipta² oraj naga, soengoetna tjalawak, matana molotot, letahna beureum elol-elolan, sawareh mah make

nakoeta nanaon. Geura awaskeun liong anoe sok dimaenkeun dina pabaroe Tjina. Eta gambar naga nagara Tjina.

Loba bangsa² anoe palĕrtjajaeun keneh, jen boemi disangga koe naga; eta naga sisitna harerang ngagarĕntjlang; lamoen nanehna oesik, karasana koe djĕlĕma noe njitjingan djagat aja ini. Samagaha panonpoë atawa samagaha boelan, lantaranana panonpoë atawa boelan diteureuj koe eta naga. Soepaja panonpoë atawa boelan tea dilesotkeun deui, koedoe djeungeut titikoesan atawa toetoenggoelan. Oerang Priboemi palĕrtjajaeun, jen ieu djagat teh dibeulit koe naga; koe sabab ta lamoen arek barangdjieun sok diitoeng heula, soepaja oelah ninggang kana naas.

Djaman baheula oraj sok dikokolakeun didjarieun bangsa noeman, keur nĕrapkeun elmoe sihir; aja deui anoe sok didjarieun oebar.

Oraj di sakoeliah doenja oge aja; hiroepna aja noe di leuweung, di pagenoengan, di tanah² are, di darat, di tjai. Loba noe maratoehna di tanah rantja noe pinoeh koe gĕrĕmbĕl, aja deui anoe dina bangsa ĕmbĕl atawa di sisi² talaga djeung toeroet si waloengan; loba oge anoe di laoet; malah rea anoe maratoeh ina kakaian, nĕpi ka djadi sato kakaian. Rereana bangsa oraj noe galĕde, tjaraning bangsa oraj santja, maratoehna dina jĕro goeha, komo lamoen dina eta goeha loba lalajan mah; ari angna maratoeh dina goeha, babakoena doemeh di dinja boeni eung rea lalaj keur kahakananana.

Kalolobaanana oraj rarĕsĕp di tĕmpat anoe hawa panas anoe awana baseuh; teu pati loba di noe hawana panas toehoer. abiasaanana maratoehna djaoeh ti tĕmpat djĕlĕma. Oraj boga lat sok matoeh dina hidji tĕmpat, teu pati rĕsĕpeun pipindahan, adjaba lamoen diboeboerak. Bĕnĕr sok ninggalkeun ĕnggonna a mah, lamoen manehna neangan kahakananana, tapi tara lekeun djaoeh. Ari milihna ĕnggon salawasna milih noe boeni rta loba kahakananana.

Aja oraj anoe neangan kahakananana ti beurang, aja oge noe peuting.

Oraj gĕde pandjangna aja anoe nĕpi ka 4 M atawa leuwih, dena aja noe nĕpi ka sagĕde tangkal djambe, malah aja oge e leuwih gĕde. Oraj lolobana hĕnteu tereh gĕde: oraj santja oe gĕdena sagĕde leungeun, pandjangna 2 à 3 M, ditaksir oeber 10 tahoen.

Ari kahakananana oraj bangsa sato deui. Ngalana kahakananana aja anoe ngadodoho bongohna mamangsanna, toeloej dipatjok, geus kitoe diantĕp heula sina paeh koe peurahna, tidinja kakara dihakan. Aja anoe harita ditewak tĕroes diteureuj.

Oraj anoe laleutik kahakananana bangsa sato² laleutik, sapĕrti: bantjet, manoek djeung salian ti eta: aja oge oraj anoe sok ngahakan oraj deui. Oraj anoe galĕde kahakananana bangsa sato anoe rada galĕde deui, sapĕrti; hajam, entog, mĕri, anak babi, aja oge noe sok newak domba, ĕmbe, mĕntjĕk.

Meh salilana oraj newak mamangsanna teh, hoeloena, toeloej *diteureuj lalaoenan pisan; disorodotkeunana* ka djĕro koe hoentoena noe ngarĕloek ka toekang piligénti hoentoe kentja djeung katoehoe. Lamoen teu kateureuj sok dioetahkeun deui.

Sok aja anoe njarita, madjarkeun oraj sok mĕntjrong anoe diarah, nĕpi ka eta anoe dipĕntjrong teh kapoepoel bajoena, teu bisa polah deui, kari gĕp bae ditewak. Tapi eta tjarita teh bohong woengkoel, saroea bae djeung tjarita, madjarkeun lamoen oraj neureuj kahakananana noe gĕde teuing sok paeh kahoehoelan. Aja oraj paeh kaboehoelan, eta pamohalan, sabab lamoen oraj meunang mamangsan anoe teu beunang tĕroes dilĕglĕg bae, doemeh gĕde teuing, eta sok dibeulit heula dirĕmĕkkeun toelangna, tidinja kakara dilĕglĕg, djadi moal aja pĕrkara kaboehoelan, kawantoe ari geus rĕmĕk toelangna mah eta mamangsan teh djadi leuleus, babari dilĕglĕgna. Ari anoe tara lĕboer, tjaraning moen hajam boeloena, moen djĕlĕma boeoekna, eta kaloear deui *barĕng djeung kokotorna.*

Oraj anoe maratoeh di laoet, anoe djadi bakoe kahakananana nja eta laoek djeung sato² laoet lianna.

Bangsa oraj bisaeun ngahakan kahakananana loba sama-sakali. Kahakanan pikeun saminggoeeun atawa saboelaneun oepamana diteureuj sakali bae harita. Lamoen mĕntas baranghakan loba kitoe, pirang² minggoe tara baranghakan tara naon, malah sakapeung mah nĕpi ka mangboelan-boelan.

Ari anoe kaasoep kana moesoeh oraj, hartina sasatoan sedjen noe sok ngahakan oraj, nja eta: oetjing, adjag, bagong, roepa² manoek noe ngagaloedra: heulang, alap-alap, radjawali, koekoekbĕloek, radjeun oge koentoel. Djĕlĕma kaasoep keneh kana moesoeh oraj, da sok maehan oraj.

Oraj hoeloena leutik, loembrahna tara sabaraha leuwihna tina beuheungna, malah sok tara² atjan katjiri beuheungna teh;

ngan aja sawatara oraj bae anoe hoeloena katara misah gědena ti beuheung. Lamoen dideuleu ti loehoer, eta hoeloe bangoenna lonjod siga ĕndog atawa djoeroe-tiloe, ti hareupna mentjos tjarang anoe ngaboehĕl; beulah ti loehoer, eta hoeloe, lolobana mĕlĕndoeng, beulah ti-handap dĕmpak.

Soengoetna gĕde, malah sawareh mah nĕpi ka aja anoe siga ngaliwat watĕs hoeloe. Ana tjalangap gĕde kabina-bina tjalawakna, lantaran tjarehamna merean, datang ka beunang dipake ngokop kahakananana anoe katendjona koe oerang siga leuwih gĕde manan manehna. Ana keur neurcuj noe gĕde kitoe, koe oerang katingal koelit tjareham handap djeung lĕbah tikorona mĕral; pikeun ngalesanganana, tjidoehna kaloearna leuwih ti biasa.

Dĕmi matana ajana dina sisi tjareham loehoer, kira² mĕnĕran tĕngah² soengoet. Katembongna koe oerang eta mata tjitjing bae, datang ka siga nakĕr mata gĕlas. Ari anoe minangka biwir matana, bangsa lamad; eta lamad noetoepanana matana teh tjara pĕta katja erlodji noetoep plat tĕmpat djaroem.

Oraj-beurang boeboedakan-matana bangoenna boendĕr, ari oraj-peuting lonjod, aja noe ngoedjoer ka gigir, aja anoe ngoedjoer ka loehoer.

Oraj-peuting ti beurang sok lindeuk, lantaran serabeun koe sorot panonpoë.

Lamoen koe oerang ngan dideuleu ti loear bae, sigana oraj teh teu bogaeun tjeuli, tapi oepama sisit hoeloe anoe ti gigir koe oerang di laan, kakara tjeulina kapanggih. Tjek bedja, oraj teh seukeut katjida dengena djeung tjenah mah rĕsĕpeun kana bangsa tatabeuhan, malah aja hidji lagoe anoe pangdipikarĕsĕpna. Tjenah, malim oraj bangsa Hindoe, lamoen manehna arek ngagajoeh oraj, sok njoeling, lagoena eta lagoe tea, tapi soelingna teu meunang sambarang soeling; aja hidji roepa soeling anoe geus bakoe paranti ngagajoeh oraj. Oepama torotot njoeling lagoe noe tadi tea, nadjan oraj anoe pangmatih-matihna oge daratang njalampeurkeun sarta djadi lalindeuk, da kapepende koe eta lagoe.

Aja anoe njarita ka Padoeka Toean de Bie, madjarkeun teh oraj sok sieuneun koe sora soang. Koe andjeunna geus ditjoba, keur waktoe andjeunna di Tjiandjoer djeung di Bandoeng. Doemeh di pakarangan boemina sok rea oraj wĕlang djeung oraj bĕdoel, andjeunna ngingoe soang leuwih ti gĕnĕp. Tapi eta

tjarita teh tetela taja boektina, da geuning anggĕr bae sok rea keneh oraj wĕlang djeung oraj bĕdoel di pakarangan. Ari noeroet kapĕrtjajaan oerang Priboemi, oraj sok sieuneun koe kelor djeung koe katimaha.

Tapi ari panjinglar oraj anoe matih tea mah, taja batan daek ngabĕrĕsihan pakarangan, oelah diantĕp djoedjoekoetan ngadjĕmbroeng. Oelah mĕlak bangsa areuj-areujan sina ngarambat ka imah. Oelah aja tatangkalan deukeut teuing ka imah oerang, bisi di dinja dipake ĕnggon koe oraj-tatangkalan. Koedoe ngingoe oetjing, soepaja dimana aja oraj anoe asoep ka pakarangan oerang, ditewak koe eta oetjing. Oetjing pintĕr katjida newakna oraj, nadjan oraj anoe matih pisan oge tangtoe beunang.

Oraj boga ambeu-ambeuan, eta geus kaboekti koe roepa[2] tjobaan. Tjobaan anoe pangbabarina, eta oraj ditoetoep dina hidji tĕmpat, toeloej dipoepoet. *Di dinja katembong, jen ĕnja boga ambeu-ambeuan; katjiri dina polahna.*

Oraj liang iroengna ajana ti hareup, deukeut pisan kana bangoesna. Letahna katjida pandjangna tapi leutik, rada sĕmoe boeleud, tjagak doea (Ilikan gambar 2 djeung 3). Lantaran dina tjareham loehoer aja lĕgok anoe sĕmoe marigi, geuning ari oraj keur balĕm oge ti loear sok katara, djadi eta letah babari dielolkeun *disoropotkeunana*; ari parabot paranti ngelolkeun djeung njoropotkeunana ajana dina handapeun djalan ambĕkanana.

Baheula dikira koe djĕlĕma eta letah teh parabot paranti naradjang ka moesoeh, aja oge anoe njĕboetkeun, jen eta teh tĕmpat peurahna. Tapi eta salah. Ari saĕnjana mah, eta letah teh koe oraj dipakena keur ngararampa kana pidjalaneun. Sapĕrti oepama arek kana tjai, tara wanieun djoldjol tjloeb, lamoen tatjan diletak heula. Kahakananana oge, samemehna diteureuj, dipariksa heula koe letahna. Koe hal oelat-elolna letah, koe oerang beunang dipake *nganjahokeun* kaajaanana pikiran oraj waktoe harita.

Tadi di loehoer sababaraha kali disĕboetkeun „beuheungna", eta ngan ngarah babari bae, noeroetkeun kaloembrahan kanjaho bangsa oerang. Ari ĕnja-ĕnjana mah oraj teh teu bogaeun „beuheung bĕnĕr". Awakna meh tĕroes bae noemboe kana hoeloena, beuki ka toekang beuki gĕde kira[2] nĕpi ka sapĕrtiloena atawa nĕpi ka tĕngah-tĕngahna, tidinja ngaleutikan deui tĕroes nĕpi

kana boentoet. Sawareh oraj boentoetna mentjos, sawareh deui ngaboehĕl.

Oraj sisitan; sisitna kabiasaanana djoeroe gĕnĕp atawa parasagi, roebakna eta sisit loba anoe ngoengkoelan pandjangna; komo sisit hoeloe djeung sisit beuteung mah.

Roepana djeung polengna oraj roepa² pisan. Aja anoe moeloes bae, aja anoe totol, aja anoe make tiritik-tiritik sarta ti loehoerna make tinggoeliwĕng, kĕlĕng², aja anoe siga tjinde djeung aja anoe polengna parasagi. Ari roepana tara anggĕr bae ti ngongora nĕpi ka kolot teh, tapi sok robah; kitoe deui djaloena roepana sok beda djeung bikangna. Loba pisan oraj anoe polengna araloes katjida. Ari oraj-tatangkalan, biasana siga daoen kakaian, nja eta hedjo atawa sĕmoe hedjo, datang ka lamoen eta oraj keur dina tatangkalan teh, oerang sok saroe djeung dangdaoenan.

Ari leumpangna (ngaleorna) oraj koe igana, eta iga beuki ka toekang beuki parondok, dina boekoe toelang-tonggong anoe panoetoep hĕnteu aja igaan. Lobana boekoe-tonggong hĕnteu saroea, noeroetkeun bangsana oraj bae: aja noe 200 djeung aja anoe nĕpi ka 400.

Oraj Cobra kaasoep kana golongan oraj matih, anoe kaasoep keneh ka dinja, nja eta: oraj sindoek, oraj totog atawa oraj laki, igana anoe ti hareup, aja dalapan pasang anoe leuwih parandjang manan oraj lianna djeung meh teu mĕlĕngkoeng. Koe sabab eta, lamoen igana anoe aja dina bagian A, nja eta noe 16 tea, dipĕntangkeun, lĕbah dinja awakna djeber siga nakĕr sindoek, eta sababna noe matak dingaranan *oraj sindoek.*

---

*Saha-saha noe boga kĕrĕtĕg dina ati njangka goreng ka batoer, noe geus pasti goreng tea mah manehna pribadi, nja eta kaasoep djalma goreng sangka; dĕmi batoer noe disangka goreng tea, atjan poegoeh koe-kieuna.*

---

## GAMBAR 1

## ORAJ SINDOEK.



Ari sok djeberna kitoe, eta oraj sindoek teh, nja eta lamoen manehna ambĕk atawa nendjo pibalaieun; toeloej tjoelanggeuk nangtoeng koe boentoetna, eta boertoet direngkolkeun dina taneuh didjieun tatapakan.

Oraj ngaleorna lain dina taneuh anoe rata bae, di noe lamping² oge bisaeun, malah di noe nĕtĕk nandjakna sok loba anoe kapanggih; kitoe deui barisaeun ngodjaj djeung teuleum, malah ngarajap dina dasar tjai oge loba anoe barisaeun. Ari ngaboschna lain tjara lentah koe ngagĕbaj — ngobah² awakna ka loehoer-ka handap —, oraj mah koe ngagigeug, nja eta ngobah² awakna ka gigir. Ari panggantjang-gantjangna ngaleorna dina

djoekoet, dina bangsa gĕrĕmbĕl-gĕrĕmbĕl, dina loehoer kalakaj djeung dina dahan² kakaian. Ngaleorna tara kadenge kereseck² atjan. Dina keusik djeung karikil, komo dina bangsa anoe lesang-lesang, tara bisaeun gantjang; lantaranana, doemeh karikil longgar, djadi teu beunang dipake ngadodjer koe sisit-beuteung tea atawa koe sabab lesang teuing, sisit beuteungna sok tisoledat, orajna mindĕng tigorewal.

Sarerea pada tĕrang, jen oraj sok mĕgar, tĕgĕsna ganti koelit; ari djalan molotjonna tina biwirna; eta biwir mimitina koelitna mĕlĕkeh, gĕde, polotjon bae oraj teh molotjonkeun maneh — harita eta oraj ti djĕro keneh geus ganti koelit anjar. Dimana arek mĕgar, eta oraj sok njangsangkeun maneh kana pagĕr, djarong djeung sabangsana, atawa kana djoekoet, nja eta ngarah pamĕgaranana njangsang di dinja, djadi nambahan babari kana molotjonkeun maneh. Mĕgar anoe mimiti biasana dina waktoe eta oraj anjar keneh dipĕgarkeun. Biasana mĕgarna sok nĕpi ka opat atawa lima kali.

Ti samĕntas mĕgar anoe mimiti, tara koengsi lila deui eta oraj sok toeloej ĕndogan. Ĕndogna bangoenna lonjod, tjangkangna siga sabangsa lamad, meh tjara tjangkang ĕndog pĕnjoe. Reana, ĕndog dina sakali-kalina ngĕndog teu tangtoe, noeroetkeun koemaha bangsana; ari ngĕndogna milihan tĕmpat anoe bĕsĕm. Anoe sok njileungleuman ĕndog koe maneh ngan bangsa oraj galĕde, ari anoe laleutik mah kabeh bae dog-tjoel. Kitoe deui ka anak tara pati ngoeroes.

Oraj laoet tara ngĕndog, tapi ngadjoeroe.

Anoe aneh pisan di bangsa oraj, hoentoena. Hoentoena teh lain ngan dina tjareham-loehoer djeung handap bae, tapi sok aja oraj anoe hoentoean dina tjareham-hapit 1), malah sawareh mah dina lalangitna aja hoentoean. Eta hoentoe, di oraj mah lain keur njapek kahakananana tjara di djĕlĕma atawa sato sedjen, ieu mah ngan keur matjok djeung pikeun njĕkĕlan mamangsanna bae.

Hoentoena beunang dibagi djadi doea roepa:

*a.* hoentoe biasa, sareukeut, eusi hĕnteu kosong

*b.* hoentoe peurah (Ilikan gambar).

Anoe aja hoentoe-peurahan ngan bangsa oraj matih bae. Eta

1) Ieu „tjareham-hapit" njana dina lalangit antara tjareham kentja djeung katoehoe.

Gambar 2.

Hoeloe oraj teu matih




*a.* hoentoe biasa
*b.* letah

Gambar 3.

Hoeloe oraj matih




*a.* hoentoe-biasa
*b.* hoentoe-peurah
*c.* seer peurah
*d.* solobong peurah
*e.* indoeng-toendoeh
*f.* letah

hoentoe-peurah gampang katjida dikanjahokeunana koe oerang, da beda djeung hoentoe biasa, leuwih gĕde; djeung mĕlĕngkoeng ka toekang kawas kakait, toengtoengna lantjip kawas djara. Eta hoentoe-peurah ajana dina tjareham loehoer, tapi lain nantjĕb maneuh ka dinja, ieu mah dipageuhanana teh koe sabangsa lamad; eta lamad pamageuh tea lila[2] ĕngkena teuas meh tjara toelang bĕnĕr bae. *Hoentoe-peurah* biasana ngan aja sapasang, nja eta dina tjareham loehoer anoe kentja hidji, di noe sabeulah katoehoe hidji; gĕdena misah ti hoentoe sedjen. Tapi aja tjalonna keur gantina, nja eta hoentoe biasa noe deukeut kana hoentoe-peurah tea; ari panggĕdena antero hoentoe tjalon, nja eta anoe satoekangeun pisan hoentoe-peurah tea. Aja oraj anoe hoentoe-peurahna pĕrnahna dina soengoetna teh ti toekang, aja deui anoe beulah ti hareup. Oraj anoe hoentoe-peurahna ti beh toekang, matjokna ka djĕlĕma atawa sato[2] noe galĕde hĕnteu sakoemaha matihna, tapi anoe hoentoe-peurahna ti hareup mah matak djadi balai gĕde. Lantaran hoentoe-peurah teh sakitoe seukeutna, djadi kana sagala anoe oedoeh[2] mah geus tangtoe teurak bae. Tapi ka noe lesang[2], misilna gĕlas, sok njoledat, sarta lamoen matjokna tarik, eta hoentoe-peurah babari potong; tapi aja gantina nja eta hoentoe anoe satoekangeunana pisan tea. Hal ganti hoentoe-peurah, di oraj, kawasna teu koedoe aja lantaran kitoe bae, sigana sanadjan teu potong dipake matjok oge, eta hoentoe-peurah teh sok ganti, sakali atawa leuwih ti sakali.

Aja oge oraj matih anoe hoentoe-peurahna maneuh kana tjareham; ari peurahna asoepna kana eta hoentoe tina hidji liang boeleud deukeut akarna; eta peurah tĕroes mapaj solobongna kana toengtoeng hoentoe; dina toengtoeng eta hoentoe aja liang atawa ti hareupna, deukeut kana seuseukeutna, siga beulah, nja eta djalan kaloearna peurah tea. Oraj bangsa eta, hoeloena bangoenna djoeroe tiloe ngoedjoer ka hareup, hartina anoe roebakna ti toekang, seukeutna ti hareup. Biasana tara pandjang, sĕmoe[2] moerĕngkĕd, boentoetna pondok. Antara liang iroeng kentja djeung katoehoe aja kĕlohan.

Aja deui oraj matih anoe hoentoe-peurahna lain tjara anoe ditjaritakeun bieu di loehoer — di djĕrona aja solobong peurah —, tapi ieu mah, eta hoentoe teh ti hareupna sĕmoe marigi. Oraj bangsa ieu matak djadi balai gĕde ka djĕlĕma, doemeh roepana sok pahili djeung oraj noe teu matih.

*Oraj bangsa ieu di Hindia loba katjida sarta maratih pisan,*



P. Jm. Toean Dr. YAP HONG TJOEN
seorang Doktor-mata jang moerah hati, sekarang
telah didirikannja seboeah roemah-sakit-mata
di Djokjakarta, teroetama oentoek menolong
orang-orang miskin.

nja eta: oraj wĕlang, oraj wĕling, oraj babi atawa oraj bĕdoel djeung oraj totog atawa oraj laki, nja eta anoe koe oerang dianggap *pangmatih-matihna oraj di Poelo Djawa; salian ti eta aja deui* anoe kaasoep kana bangsa ieu, nja eta: oraj lĕmpe, ajana di laoet. Eta oraj lĕmpe roepana meh taja bedana djeung oraj *lingas, ngan biasana rada* leutik *meueusan.*

Ari anoe hoentoe-peurahna aja solobong-peurahan, nja eta: oraj lĕmah, oraj boengka atawa sok disĕboet oge oraj boengka-*laoet, oraj giboeg djeung* salian ti eta.

*(Baris disamboeng).*

## *b.* PAPANTJEN INDOENG-BAPA. 1)

Dosa anak dosana indoeng-bapa.

Aja pirang[2] pĕrkara anoe matak salah kana ngatik boedak, anoe koe oerang sok kasorang oenggal poë, tapi anoe djadi babakoe mah ngan aja doea pĕrkara.

Noe kahidji, eta sok loba kolot anoe njaahna ka anak teh tjara boedak *mikanjaah tjotjooanana, nĕpi* ka *ĕmboeng nitah* ĕmboeng ngageunggeureuhkeun-geunggeureuhkeun atjan........... bawaning deudeuh. Sagala kahajangna dianteur, datang ka boedak teh *sasat djadi radja di imahna.*

Noe kadoea, sabalikna pisan noe di loehoer, nja eta loba kolot anoe ngaboedjangkeun ka anak, teu beda djeung oerang Arab ngingoe abidna; *hartina loba kolot anoe* ngagawekeun *anak* keur kapĕrloean manehna.

Eta atoeran ngatik boedak kitoe, doeanana oge taja noe bĕnĕr. Noe kahidji bidjilna watĕk *lĕmbek,* ari noe kadoea bidjil tina *hawĕk,* nja eta adat djĕlĕma anoe ngan ngoeroes maneh bae.

Koe oerang koedoe didjieun tjalĕtjĕr dina ati, jen ngatik boedak teh koedoe ngadjoegdjoeg kana hidji tĕmpat anoe koedoe didjoegdjoeg koe sakabeh djĕlĕma, nja eta: *ngadĕg pribadi,* lĕbah dieu tĕgĕsna bisa hiroep sorangan, teu kalawan pitoeloeng noe lian. *Eta* sababna noe *matak* papantjen *indoeng-bapa* teh, dina bab

1) Bounang mĕtik tina boekoe *Ilmoe Pendidikan*, karangan Raden Poeradiredja, kaloearan Bale Poestaka, hargana sahidji f 1.50.

ngatik boedak mah, meunang diringkěskeun: *mambrih manchna teu dipikaboetoch koe anakna.*

Eta omongan tangtoe matak kaget ka djalma noe mikirna ngan saliwat, tapi lamoen dilěnjěpan, běněr kabina-bina. Geura mangga manahan: lamoen aja djělěma geus bisa hiroep sorangan, naha boetoeheun koe pitoeloeng noe lian? Tangtoe hěnteu! Oepama anak oerang geus bisaeun hiroep sorangan, tangtoe moal boetoeheun koe oerang.

***

Dina keur orok keneh, manoesa teh, katjida pisan pěrloena aja pitoeloeng noe lian, babakoena tangtoe pitoeloeng indoeng djeung bapa; taloeng keneh anak sasatoan mah, sok rea oge anoe barisaeun hiroep koe maneh, geura ari orok djělěma mah, kapan sakitoe teu daja-teu oepajana. Siga koemaha pidjadieunana, lamoen indoeng djeung bapa teu habrěng-habrěng kana elmoeatik.

Anak oerang anoe tadina dina keur nangkarak keneh koedoe koe oerang dipindahkeun, doemeh těmpat ngěděngna geus baseuh, da teu bisaeun pindah sorangan tea,......... eta boedak anoe taja daja kitoe teh, tambah poë tambah gěde, boelan deui beuki bědas, něpi ka bisa pindah sorangan noeroetkeun kahajangna, datang ka pitoeloeng oerang geus teu dipikaboetoeh deui.

Beuki gěde eta boedak teh, akalna beuki boeka, tanagana beuki bědas. Boedina djeung tanagana anoe tadina kakara aja bakalna bae, oenggal poë beuki gěde beuki gěde, teu beda djeung djadina bangsa tjoetjoekoelan. Tapi lamoen eta siki boedi tea koe oerang diarah djadi, koedoe diparaban djeung koedoe ditoetoejoen. Sabab lain beuteung bae anoe koedoe diparaban teh, ěroh djělěma oge koedoe meunang parab. Lain bae oerat djeung sarap² anoe koedoe beuki koeat teh, karěp oge koedoe beuki bědas beuki pageuh.

Pendekna nja awak nja watěk, doeanana oge koedoe diatik.

Atikan anoe koemaha anoe aloes teh?

Anoe matak djadi kana sagala watěk hade noe sikina aja di manoesa.

Poma² oelah baroga sangkaan: jen kawadjiban oerang dina ngatik boedak teh, eta boedak koedoe něpi ka djadi djělěma sampoerna. Lain kitoe! Da taja djělěma sampoerna.

Eta kasampoernaan, ngan koedoe didjieun maksoed bae koe

oerang; djadi lain hidji pĕrkara anoe tangtoe bisa katĕpi. Papantjen anoe dihareupan koe atikan teh, taja lian ngan koedoe ngahiroepan hate anak oerang, mambrih b a r o g a e u n k a r ĕ p s o r a n g a n — k a r ĕ p k a n a k a s a m p o e r n a a n.

Ajeuna bapa digawe oenggal poë keur ngoeroes sandangpanganna anak-pamadjikan. Ĕngkena eta boedak koedoe bisa neangan kahiroepan sorangan, nĕpi ka teu boetoeheun koe pitoeloeng bapa.

Indoeng djeung bapa ngatik anakna koe omongan noe hade djeung papagah, koe toeladan² djeung prak-prakan digawe; ĕngkena eta boedak koedoe bisa mikir sorangan, datang ka papagah djeung toeladan ti indoeng-bapa tea geus euweuh pĕrloena.

Pendekna: p a p a n t j e n i n d o e n g-b a p a t e h, k o e d o e n g a t i k a n a k n a a n o e t a d i n a t e u d a j a t e u o e p a j a t e a, n ĕ p i k a d j a d i d j ĕ l ĕ m a a n o e b i s a h i r o e p s o r a n g a n.

Eta sababna noe matak anak oerang oelah pisan arek diboedjangkeun koe oerang, tĕgĕsna dihantĕm digawekeun keur kapĕrloean oerang pribadi.

***

Oerang wadjib ngatik anak!

Tjatĕt dina ati! Poma koedoe didjieun patokan dina ngatik boedak, jen: *ajana maksoed anak oerang teh, lain di oerang, tapi di maranehanana.*

Eta sababna noe matak koerang hade lamoen oerang katjida teuing pipiloeeunana kana hiroepna boedak.

Dina hidji poë sobat koering njarita kieu: „Aneh pisan ji, kamari akang ningal poetra toean Doktor laboeh, mani nangkoeban. Na, bĕt ngan oekoer ditingali. Teu dikoea-kieu, diantĕp bae, nĕpi ka sinjoh teh kapaksa hoedang sorangan. Heug boedak oemoer 3 tahoen, pangintĕn akang mah."

Tah geuning kitoe toean Doktor mah ngatik poetrana teh, ngarah eta boedak ĕngkena djadi djĕlĕma anoe bisa hiroep sorangan, oelah djadi djĕlĕma anoe salilana ngan ngarĕp-ngarĕp bae pitoeloeng batoer.

Poegoeh, sakapeung boedak anoe laboeh teh pĕrloe ditoeloe-

ngan koe oerang, nja eta lamoen aja noe pateuh atawa potong, misilna: leungeunna tea atawa lian-lianna. Tapi ari taja kitoekieu mah, montong. Antěp bae!

Radjeun oge oerang pěrloe pipiloeeun kana pagawean boedak, saperti oepama tetęla eta pagawean teh beurat teuing keur manehna, pěrloe oerang ngabantoean saeutik-eutikeun. Tapi oelah něpi ka eta pagawean tjěg koe oerang, koedoe ngabantoean meueusan bae oerang mah, ari babakoena mah koedoe koe boedak, da hantjana.

⁂

Tadi geus disěboetkeun, jen papantjen indoeng-bapa dina ngatik anakna teh koedoe: *mambrih manehna teu dipikaboetoeh koe anakna.* Eta omongan oelah dihartian: doemeh ten mikaboetoeh datang ka pěgat asih anak ka kolot, kolot ka boedak.

Lain pisan kitoe maksoed koering teh. Eta „Asih", nja eta tatali soetji, keur pameungkeut hate anak djeung hate kolot koedoe aja, djeung tangtoe aja bae, komo lamoen atikan kolot anoe dipětakeun ka anakna tea, atikan anoe aloes, noeroetkeun ka mana lěmpěngna padoman hate boedak.

Ari eta mah, hal ěngkena, dimana anak oerang geus gěde, sok tara sakitoo nganggap loehoerna ka oerang tjara bareto keur leutik keneh, hal eta mah geus djadi koedrat alam, oerang moal bisa soemingkir. — Beuki gěde anak oerang, beuki anggang ka oerang. Boh oerang rěsěp kitoe teh, boh hěnteu ......... eta pěrkara tangtoe kalakonan.

Keur anak oerang leutik keneh, nganggapna ka oerang djělěma sampoerna, pintěr, sagala njaho, euweuh salahna.

Tapi dimana manehna beuki gěde beuki gěde, deudeuleuanana robah, pikiranana ganti, datang ka oerang anoe tadina dianggap djělěma sampoerna teh, djadi djělěma biasa bae ajeuna mah.

Eta pěrkara teu meunang hěnteu tangtoe kalakonan!

Sagala pěrkara anoe koedoe kadjadian, geus tangtoe kadjadian. Nja kitoe deui eta pěrkara.

Tatapi tatali soetji ........... nja eta tatali asih, anoe koe Maha Agoeng didamël pameungkeut hate anak djeung hate kolot, eta tatali soetji, moal daekeun leungit, salawasna aja bae njangreudkeun hate kolot djeung anak.

Tjangreud dina hate!
Koedoe didjieun patokan: Ti keur *orok keneh nĕpi ka oemoer 10 tahoen*, oerang koedoe djadi „djoeraganana."
*Nĕpi ka oemoer 20 tahoen*, oerang djadi „indoeng djadi bapa".
*Nĕpi ka maot*, oerang djadi „sobatna noe dalit."
Kitoe tah, ari noeroetkeun piwoeroek Dr. Ritter mah.

---

*Karĕp nembongkeun kahadean sorangan, eta kaasoep sipat katjĕlaan, marga kahadean tea teu koedoe dipitjatoer, tangtoe tembong sorangan.*

*Gĕde karĕp, pĕngkoeh hate djeung aloes nja pamaksoedan, ieu tiloe sipat anoe oetama, oepama goeloeng djadi hidji, bisa dipake ngadjoengdjoengkeun martabat bangsa.*

*Sakabeh maksoed anoe aloes, mimitina sok siga moal bisa katĕpi. Tapi tjikaratjak ninggang batoe, laoen-laoen djadi lĕgok. Saha² anoe keukeuh djeung ngeureujeuh, tangtoe bisa nĕpi kana maksoedna.*

*Inggis djeung sieun, eta doea kĕtjap, keur lalaki koedoe oelah aja.*

## 16. HAL PANGATOERAN NAGARA.

### *a.* HAL MOEKA TANAH PIKEUN SAWAH DJEUNG PIKĔBONEUN.

Saha-saha anoe rek ngabĕdah leuweung atawa tĕgalan kagoengan Goepĕrnĕmen, koedoe njoehoenkeun paidin heula ti pangagoeng.

Prijaji teu meunang moeka tanah, ngabogaan atawa njewa tanah di bawahanana, pikeun ngĕbon atawa njawah, anging kalawan paidinna Goepĕrnĕmen.

Anoe diwidian moeka tanah teh ngan djĕlĕma leutik bae. Bangsa asing sapĕrti: Walanda, Tjina, Kodja atawa bangsa asing lian ti eta, teu kaidinan.

Tanah koeboeran, pakarangan masdjid, tanah hakoellah djeung djalan-djalan, teu meunang dipaparinkeun ka noe leutik pikeun dipĕlakan. Tanah-tanah noe kitoe, boga desa.

Wadana meunang oge ngidinan moeka tanah, lamoen eta tanah padeukeut djeung tanah desa, sarta lĕgana teu leuwih tina sabaoe, teu aja tatangkalanana noe gĕde djeung hĕnteu dibawah Boschwezen.

Lamoen leuwih tina sabaoe sarta dikira matak ngaroegikeun ka nagara atawa djĕlĕma noe sedjen, eta idinan dipaparinkeunana koe Assistent-Resident.

Lamoen aja pĕrkara anoe mistina meunang dipoetoes koe Wadana, tapi Wadana teu bisa moetoeskeun, meunang njoehoenkeun poetoesan ka Assistent-Resident.

Moeka tanah teu kalawan paidin, dihoekoem dĕngda tina *f* 1 nĕpi ka *f* 150, atawa diganti koe hoekoeman boei tina sapoë nĕpi ka tiloe poeloeh poë.

Soerat paidin teu meunang ditjĕkĕl koe atawa dibikeun ka noe sedjen.

Samemeh diboeka, dina oenggal djoeroe tanah noe rek diboeka tea koedoe dipatok noe pĕrjoga, soepaja oelah gampang leungit oepama: pilar tembok, tanah anoe dihoenjoerkeun atawa dipĕlakan tatangkalan anoe gampang sarta gantjang djadina.

Tanah miring koedoe disengked.

Lamoen aja kasoesahanana pikeun njieun sengked, meunang njoehoenkeun soepaja teu waka majar padjĕg sadjĕro tiloe taoen.

## *b*. KAWADJIBAN LOERAH.

Ari pagawean loerah tea nja eta:

1. migawe sagala pagawean desa;
2. ngadjalankeun pagawean Goepĕrnĕmen;
3. ngadjaga kakĕrtaan djeung kasalamĕtan desa.

Lamoen toea-kampoeng, oepama, djadi loerah, manehna wadjib ngaraksa kapĕrloean somah.

Anoe ngadjalankeun pamarentahan desa teh loerah, dibantoe koe ponggawa desa. Ari loerah djeung ponggawa desa tea ngaranna pamarentah desa.

Hal milih, hal ngalĕpas djeung hal schorsna loerah ditangtoekeun dina Staatsblad 1907 No. 212, 1912 No. 567 djeung 1913 No. 712.

Kaoentoengan loerah djeung ponggawa desa, nja eta tina sawah kaloenggoehan djeung tina pantjen, djeung sadjaba ti eta, noe koedoe diatoer koe Assistent-Resident kalawan moepakatna noe leutik.

Loerah wadjib nanggoeng kana beresna pamarentahan djeung kana kapĕrloean desa; kadjaba lamoen aja pagawean anoe dipasrahkeun koe nagara ka djalma noe sedjen.

Loerah wadjib nanggoeng kana kahadeanana desa, kana kakajaanana djeung kana barang-barang desa.

Loerah wadjib nanggoeng kana karoegian desa, anoe dilantarankeun koe salahna pribadi

Loerah teu meunang moetoes kalawan kakawasaanana sorangan sagala pĕrkara noe gĕde; pĕrkara kitoe koedoe dimoepakatkeun heula djeung djĕlĕma leutik.

Pagawean desa, sapĕrti: hal migawe djalan, imah, tanah, pasar, solokan, bĕndoengan, anoe desa, koedoe didjaga koe sakabeh ponggawa desa.

Loerah wadjib djadi wakil desa di pajoeneun pangadilan atawa di sedjen-sedjen tĕmpat. Lamoen aja pĕrkara antara desa djeung loerah, Assistent-Resident meunang ngadjadikeun hidji djĕlĕma baris djadi wakil desa.

Lamoen loerah teu aja, noe koedoe ngadjalankeun pagawean nja eta wakilna. Eta wakil tea nanggoeng sagala kawadjiban loerah tadi tea.

Djalma-djalma dilarang teu meunang ngagadekeun atawa mikeun tanahna sorangan atawa tanah desa.

Lamoen tatjan aja paidin ti Assistent-Resident, loerah teu meunang njieun pĕrdjangdjian hal ngindjeum doeit pikeun desa djeung teu meunang ngagadekeun djeung ngadjoeal tanah kaloenggoehan djeung teu meunang moetoes pĕrdakwaan.

Lamoen aja pérdakwaan ka desa, Assistent-Resident teu meunang moetoeskeun, lamoen hĕnteu atjan moepakat heula djeung Boepati atawa pangagoeng noe sedjen. Lamoen Assistent Resident hĕnteu mere kapoetoesan, meunang ditĕroeskeun ka toean Resident.

Pikeun masrahkeun tanah ka Goepĕrnĕmen, koedoe rĕmpoeg heula djeung satĕngahna tina reana somah noe hak milih loerah. Kitoe deui lamoen rek njewakeun atawa ngindjeumkeun tanah desa ka djĕlĕma oerang desa sedjen; nja kitoe keneh lamoen rek njewakeun bobogaan desa noe sedjen, eta oge koedoe barĕmpoeg djeung somahan tea. Lamoen kadjadian hal noe disĕboet bieu, oelah leuwih tina 5 taoen.

Tanah kaloenggoehan teu meunang disewakeun leuwih lila tina kapibogana.

Loerah meunang marentah ka somahan pikeun migawe kapĕrloean desa, anoe hĕnteu dipasrahkeun ka noe sedjen.

Kadjaba ti pagawean anoe geus ditangtoekeun, anoe dibagilirkeun, loerah teu meunang marentah migawe pagawean sedjen, lamoen leuwih ti satĕngahna reana somah noe teu moepakat.

Loerah dibantoe koe ponggawa desa wadjib ngadjaga kakĕrtaan djeung kasalamĕtan desana reudjeung noeroetkeun parentah sarta ditalingakeun koe kapala distrik. Saminggoe sakali koedoe ngadeuheus ka katjamatan atawa ka kawadanan baris ngalaporkeun koemaha kaajaan di desa djeung baris nampa parentahan anjar ti Tjamat atawa Wadana. Loerah sabisabisa koedoe ngadjaga soepaja oelah datang ka aja djĕlĕma ti peuting, noe koekoempoelan mawa pakarang, ka ditoe-ka dieu.

Lamoen aja noe saroepa kitoe, koedoe gantjang lapor ka pangagoeng. Pikeun ngadjaga kana kakĕrtaan, loerah koedoe ngajakeun ronda ti peuting. Noe ngadjaga gardoeh diwadjibkeun nangkĕp djeung nahan djĕlĕma, anoe ti peuting mawa barang-barang noe disangka beunang maling. Sadjĕro 24 djam djĕlĕma djeung barang tahanan tea koedoe dilaporkeun ka pangagoeng, kadjaba lamoen tetela, jen eta barang lain barang serong.

Loerah tampa laporan ti somahan sagala hal palanggaran

djeung kadjahatan. Loerah koedoe gantjang mariksa hal eta djeung gantjang lapor ka pangagoeng.

Loerah diwadjibkeun nangkĕp barang-barang anoe bisa djadi boekti kana kadjahatan atawa palanggaran.

Loerah meunangna nangkĕp ngan ka djĕlĕma anoe ditangkĕp djeung ditahan koe djaga gardoeh djeung djĕlĕma anoe kapanggih mĕntas ngalampahkeun kadjahatan atawa palanggaran. Lamoen loerah salĕmpang, jen eta djĕlĕma noe ditahan tea baris minggat, dina 24 djam eta djĕlĕma koedoe disanggakeun ka pangagoeng.

Lamoen kapanggih aja majit, hĕnteu tĕrang naon sababna, atawa kasangka bisa djadi tina djalan djahat, loerah misti datang njieun papariksaan djeung harita keneh koedoe lapor ka pangagoeng. Sapandjang noenggoe-noenggoe soempingna pangagoeng, majit teh tjitjingna oelah diobah-obah. Lamoen eta majit katjiri, jen aja tandana hiroep keneh, loerah koedoe neangan akal soepaja eta majit hiroep deui.

Lamoen aja kadjahatan, pĕrkara boenoeh, noe gĕloet, noe dikadek, rampog, pĕrkara paling, kitoe deui lamoen aja kahoeroean, noe kasangka tina djalan djahat, manehna koedoe neangan katrangan sapĕrti noe kasĕboet di loehoer.

Loerah koedoe ngadjaga soepaja oelah nĕpi ka aja semah mondok di desana hĕnteu kanjahoan koe manehna. Lamoen aja djĕlĕma noe kitoe, loerah koedoe lapor ka pangagoeng.

Loerah meunang marentah ka semah tea, soepaja barangna diteundeun di imah loerah, sarta loerah noe nanggoeng.

Loerah koedoe neangan akal soepaja somahanana djadi roekoen.

Lamoen aja noe pasea, loerah koedoe misah, dibantoe koe ponggawa desa. Lamoen eta djĕlĕma hĕnteu noeroet, loerah koedoe lapor ka pangagoeng.

Loerah koedoe njĕkĕl rĕgistĕr ngaranna djĕlĕma-djĕlĕma djeung katĕrangan oemoerna, pagaweanana, kitoe deui boekoe rĕgistĕr noe ngadjoeroe, noe kawin, noe maot djeung noe pindah.

Loerah koedoe ngalarang djalma ti sedjen tĕmpat noe rek pindah ka desana, lamoen teu ditanggoeng koe doea djĕlĕma di desa eta; lamoen aja djĕlĕma rek njieun imah di loear desa, koedoe aja paidinna kapala distrik, tapi eta idinan moal waka dipaparinkeun, samemeh kapala distrik tea moepakat djeung loerah.

Loerah koedoe nanggoeng sagala kasoesahan desa anoe beunang ditjĕgah koe manehna.

Lamoen aja hal noe sedjen-sedjen, manehna koedoe badami djeung toea-kampoeng.

---

## 17. MANGLE.

### a. BOEKA PINTOE [1]).

(beunang mĕtik tina soerat-waktoean *Djawa* No. 3).

**Dangdanggoela.**

Panganten awewe.

1. Saha eta anoe koemawani,
   ngĕtrok lawang djin atawa djalma,
   moen djalma dek maksoed naon?
   oelah kitoe nja lakoe,
   koerang adab tatakarami,
   teu make soepa-sita,
   lir noe koerang elmoe,
   djeung sampean oerang mana,
   bandjar karang lĕmboer matoeh geusan tjitjing,
   naon noe dek disĕdja?

Panganten lalaki.

1. Adoeh Njai teungteuingeun teuing,
   ka poen akang naha bĕt ditilar,
   hĕnteu ditjandak ka djĕro,
   koe naon mawi kitoe,
   kawas-kawas noe sĕdih kingkin,
   Njai ka diri ĕngkang,
   bĕt panto ditoetoep,
   ĕngkang sakalintang bingbang,
   pipikiran asa dipilain-lain,
   Njai geura popojan.

---

1) Beunang [illegible] eliceun R. Hasan Soemadipradja.

Panganten awewe.

2. Adoeh-adoeh ĕngkang deudeuh teuing,
   oelah kitoe ĕngkang mamanahan,
   nja soteh ditoetoep panto,
   lain ngewa ta giroek,
   tobat 'pami ngalain-lain,
   moeng aja noe dimaksad,
   ka ĕngkang saestoe,
   rai rek gadoeh oendjoekan,
   bade naros reh ĕngkang soemping ti masdjid.
   estoe eta margina.

Panganten lalaki.

2. Matak naon moen di djĕro boemi,
   nja badami atawa mariksa,
   da djeung ĕngkang geus sadjodo,
   hajang oelah dikantoen,
   diri ĕngkang di loear tjitjing,
   ĕngkang era katjida,
   koe wargi noe koempoel,
   rehna koe Njai ditilar,
   abong-abong hĕnteu nganjahokeun teuing,
   moen enggal boeka lawang.

Panganten awewe.

3. Oelah lingsĕm wajahna teh teuing,
   anggoer tjalik sila dina samak,
   kĕsĕl sila malik emok,
   margi dek pandjang tjatoer,
   sapĕrkawis ĕngkang ka koering,
   moendoet diboeka lawang,
   sim koering panoehoen,
   moal waka moeka lawang,
   lamoen tatjan hasil panĕda sim koering,
   narah mo' moeka lawang.

Panganten lalaki.

3. Amboe-amboe na koenaon Njai,
   masinikeun narah moeka lawang,

ĕngkang teh ka mana nja los,
moen Njai hĕnteu ngakoe,
djadi Njai ngalanggar hakim,
toer hakim geus nĕrangan,
tadi teh di kaoem,
soemawonna iboe-rama,
geus ngidinan ĕngkang bade ngiring Njai,
lĕbĕt taja wagĕlan.

Panganten awewe.

4. Lĕrĕs pisan tadi lahir hakim,
geus kakoeping koe rai ge ĕngkang,
sanes ngalanggar koering ge,
moeng ĕngkang oelah roesoeh,
moegi ĕngkang sing titih-rintih,
moegi oelah teu sabar,
da moal satahoen,
djisim koering teh jaktosna,
poerwa hĕnteu enggal moeka lawang kori,
dek aja noe ditĕda.

Panganten lalaki.

4. Hojong naon soemangga teh teuing,
enggal-enggal Njai geura waktja,
ĕngkang soemĕdja rek tjaos,
oelah dikandoeng-kiloeng,
sabab ĕngkang noe baris wadjib,
mo' boeroeng ditjaosan,
sagala pamoendoet,
ngan oelah dilila-lila,
diri ĕngkang di loear ngadon ngahĕning,
hanaang hajang tĕpang.

Panganten awewe.

5. Mangga ĕngkang ajeuna sim koering,
bade waktja ka salira ĕngkang,
namoeng pangapoentĕn bae,

agoeng sewoe bĕbĕndoe,
salaksa doedoekĕnging galih,
oelah djoehal nja manah,
ĕngkang oelah bĕndoe,
tobat abdi lain ngoerat,
ĕnja soteh aja panĕda saeutik,
manawi tĕrang manah.

Panganten lalaki.

5. Tĕrang pisan ĕngkang siang-wĕngi,
soeka hilah djeung teu njangka ngoerat,
bĕnĕrna da ka tjaroge,
ĕngkang 'mo njangkang lĕmboe.
moal dek paralat-poerilit,
alkĕtip soelam pandan,
samakta mo moendoer,
ngan oelah rek asa-asa.
linggih Njai oelah erek isin-isin,
waktjakeun nja kahajang.

Panganten awewe.

6. Ĕnja eta panĕda sim koering,
oelah kantoen tali-parantina,
jen nĕmbe gadoeh tjaroge,
toemoet talari sĕpoeh,
anoe dipambrih djadi rapih,
sing silihöepah-oepah,
soepajana loeloes,
soegan lawas tjoemarita,
malar noelar tata-titi nini-aki,
tingkah-polah baheula.

Panganten lalaki.

6. Atoeh soekoer lamoen kitoe Njai,
anoe manis kolot mamanahan,
niron sĕpoeh-sĕpoeh kahot,
soemangga ĕngkang toemoet,

ĕnja koedoe koemaha Njai,
ĕngkang parinan tĕrang,
soepajana maphoem,
niroe tata noe „baheula,
make naon ĕngkang teu atjan mangarti,
wantoening djalma ngora.

Panganten awewe.

7. Sageuj teuing ĕngkang teu mangarti,
pĕrlampahan noe anjaran nikah,
kapan ĕnggeus seueur tjonto,
moen ĕngkang tatjan maphoem,
mangga koering wawartos deui,
geuning tjek paribasa,
moedoe boeka pintoe,
tapi ĕnggoning loemampah,
moeka pintoe kias kĕdah nganggo doeit,
keur ngĕrsakeun tawoeran.

Sinom.

Panganten lalaki.

7. Aeh koetan hĕnteu pira,
sakitoe mah tai tjeuli,
soemangga ĕngkang njaosan,
ngeusian tali-paranti,
sakahojong sajagi,
poen ĕngkang tinangtoe toemoet,
mo' dipoengpang koe ĕngkang,
moen aja pamoendoet Njai,
sabaraha lobana ĕngkang tawoeran.

Panganten awewe.

8. Lah ĕngkang da teu sapira,
tawoeran soteh koe doeit,
keur baris noe toenggoe lawang,
minangka pamoeka koentji,

reh ĕngkang nĕmbe soemping,
sarĕng minangkana kaoel,
kitoe tata baheula,
ditiron koe noe kiwari,
kitoe soteh soegan 'aja rido manah.

Panganten lalaki.

8. Lĕrĕs ĕngkang rido pisan,
amoeng nĕda anoe pasti,
kintĕn-kintĕn sakoemaha,
lobana mĕrĕsen Njai,
noe kira soeka ati,
waktjakeun masingna poegoeh,
dapon geura diboeka,
ĕngkang kĕsĕl lami teuing,
masing tĕrang Njai moendoet sabaraha.

Panganten awewe.

9. Hamĕnggah pĕrkawis eta,
kenging nimbang-nimbang koering,
sĕdĕng bae 'pami ĕngkang,
masihan ka djisim koering,
pantĕs sapoeloeh ringgit,
tah ĕngkang sĕdĕng sakitoe,
mangga lawang diboeka,
nanging ĕngkang kĕdah boekti,
moen teu boekti rai narah moeka lawang.

Panganten lalaki.

9. Adoeh-adoeh geuning loba,
bĕt koedoe sapoeloeh ringgit,
ĕngkang mah rada rareuwas,
bĕt teu kira-kira teuing,
eta mah lain deui,
koe ĕngkangna teu kaoentoep,
oentoepan soteh ĕngkang,
panjana teh ngan saeutik,
salawe mah koe ĕngkang meal kadada.

Panganten awewe.

10. Eta mah teu langkoeng ĕngkang,
sakitoe panĕda koering,
sageuj teuing teu kadada,
eta ge da ngan saeutik,
pira sapoeloeh ringgit,
sageuj ĕngkang teu kaoentoep,
djeung kapan tadi ĕngkang,
sagala sanggĕm ka koering,
lahir ĕngkang moal aja noe dipoengpang.

Panganten lalaki.

10. Lĕrĕs ari tadina mah,
ĕngkang soemanggoep ka Njai,
tapi lamoen sameudjeuhna,
eta mah bĕt loba teuing,
ngan soegan aja widi,
sarĕng soegan ĕngkang gadoeh,
koemaha moen ditawar,
Njai aja loentoer galih,
ka poen akang Njai soegan aja wĕlas.

Panganten awewe.

11. Soemangga ĕngkang soemangga,
ditawar ge kadjeun teuing,
sim koering sédja ngiringan,
sakoemaha nja kawani,
moen ĕnja rek maparin,
pikeun anoe toenggoe pintoe,
moeng anoe sapantĕsna,
ĕngkang teh erek maparin,
sakoemaha ĕngkang teh nja rek masihan.

Panganten lalaki.

11. Soteh ĕngkang hatoer maap,
wawanen ĕngkang mah leutik,

ĕngkang bade ngatoeranan,
tatapi ngan tiloe doeit,
ĕngkang teu gadoeh deui,
ngan sakitoe nja kagadoeh,
mangga boekakeun lawang,
ĕngkang ĕnggeus kĕsĕl teuing,
di loear teh djeung era koe noe naringal.

Panganten awewe.

12. Ĕngkang oelah ngawiwirang,
oelah sok ngapĕskeun diri,
sabenggol mah teu sĕdĕngan,
padahal ĕngkang teh ginding,
sarta djalma bĕrboedi,
na' bĕt moendoer koe sakitoe
toerta djalma meudjeuhna,
dek ngaleler tiloe doeit,
moegi ĕngkang sing nimbang kana salira.

Panganten lalaki.

12. Lah Allah atoeh koemaha,
nadjan ĕnja ĕngkang ginding,
da teu atjan balangsiar,
ĕngke mah soemangga Njai,
moen ĕngkang ĕnggeus rintih,
nadjan tiloe-opat ratoes,
tanwande diladenan,
ngan mangsa ajeuna Njai,
dikoemaha ari keur noedjoe teu aja.

Panganten awewe.

13. Panoehoen ari ĕngke mah,
margina sok inggis djalir,
sarta moen ĕnja teu aja,
kadjeun ditoeroenkeun deui,
koema' moen doea ringgit,
tah ĕngkang sĕdĕng sakitoe,

ngoembangan ka salira,
moal matak lingsĕm teuing,
kitoe soteh moen rĕmpag djeung manah ĕngkang.

Panganten lalaki.

13. Lah edas koe mere-kela,
ka ĕngkang teh ari Njai,
mangga ĕngkang ngatoeranan,
ieu gadoeh lima kĕtip,
tapi ĕngkang teh djangdji,
ka Njai anoe saestoe,
arek mere siloka,
mangga tĕrangkeun koe Njai,
moen teu tĕrang samar sios ngatoeranan.

Panganten awewe.

14. Lah ĕngkang atoeh koemaha,
koering mah lain kiai,
palangsiang hĕnteu bisa,
wantoe koering hĕnteu ngadji,
siloka sarĕng sindir,
tjing mangga soegan kamaphoem,
sĕdja dek dipikiran,
tapi lamoen teu kaharti,
pĕrĕsen mah lima kĕtip oelah gagal.

Asmarandana.

Panganten lalaki.

14. Sageuj teuing teu kaharti,
ĕntong make dimanahan,
da lain toeroetjing hade,
koe Njai moen geus kamanah,
ke koe ĕngkang digandjar,
lamoen toeroetjing kamaphoem,
tambah djadi saroepia.

Panganten awewe.

15. Enggal wĕdjangkeun ka koering,
sim koering hajang oeninga,
bade toeroetjingan naon,
soegan bae koering bisa,
nĕrangkeun kasilokan,
ngan moen koering hĕnteu maphoem,
moegi tĕrangkeun koe ĕngkang.

Panganten lalaki.

15. Noe leumpang di loehoer langit,
tjeuli ngait awak namprak,
teangan elmoe noe enteng,
badan di mana njangsangna,
boemi tjitjing di mana,
sing kapakĕm sore-isoek,
bereskeun rengrenganana.

Panganten awewe.

16. Amboe-amboe poëk teuing,
pikir koering samagaha,
ka saha koering nja naros,
teu aja noe ngawoeroekan,
rek djawab sieun salah,
tjing koering koe ĕngkang woeroek,
tĕrangkeun bae koe ĕngkang.

Panganten lalaki.

16. Atoeh Njai sasat teuing,
moen ditĕrangkeun koe ĕngkang,
moal toeloes dipĕrĕsen,
moen koe Njai teu didjawab,
eta toeroetjing akang,
'pami Njai tatjan maphoem,
taroskeun ka toeang rama.

Panganten awewe.

17. Soemangga wědjang ka koering,
koe rai bade didjawab,
matak ioeh tibra sare,
henteu panas soemaringah,
djongdjon moen eukeur dahar,
paměndak koering sakitoe,
ngan teu ngabotjetrak pisan.

Panganten lalaki.

17. Tah geuning gantjang kaharti,
lěrěs Njai kitoe pisan,
tapi ŏngkang deui naros,
aja lajon ngantos njawa,
moen disoempingan roeksak,
tah eta anoe sakitoe,
těrangkeun deui soemangga.

Panganten awewe.

18. Eta tjek emoetan koering,
manawi koering teu lěpat,
kenging sim koering tataros,
moen dianggo toeang ngeunah,
noe gadoeh oerang sajang,
paměndak rai sakitoe,
didadarkeun sadajana.

Panganten lalaki.

18. Edas koetan ari Njai,
binangkit rea paměndak,
teu njana teuing Njai teh,
pěrtjeka rea kabisa,
hidji deui kapalang,
wiwitan pěntil satahoen,
wěkasan pěntil teh kěmbang.

Panganten awewe.

19. Paměndak diri sim koering,
kieu eta moen teu lĕpat,
anoe hiroep pěrloe nganggo,
anoe hilang pěrloe njandak,
kitoe katranganana,
mangga deui kaoelanoen,
naon anoe rek diwědjang.

Panganten lalaki.

19. Doeh Njai teu aja deui,
poen ĕngkang roemaos kalah,
ajeuna soemangga bae,
njanggakeun ieu pěrsenan,
gandjaran noe saperak,
ĕngkang kontan hěnteu ngandjoek,
soemangga ieu tampanan.

Panganten awewe.

20. Noehoen reboe-reboe kali,
sim koering nampi pasihan,
soemangga ĕngkang ka djěro,
ĕnggeus sajagi amparan,
mangga ajeuna lĕnggah,
katoeangan geus ngabagoeg,
hormatan rai ka ĕngkang.

*Satĕngahna tina 12 = 7.*

*Saténgahna tina docawélas hěnteu salilana gĕnĕp, tapi bisa oge sarcea djeung toedjoeh. Geura, lamoen oerang noelis angka doeawělas koe angka Roem XII sarta těroes digoenting atawa dikeureut tĕngah-tĕngahna atawana njieun goerat dina téngah-tĕngahna* $\frac{\mathrm{VII}}{\mathrm{XII}}$. *Toeh geuning VII satĕngahna teh.*

## *b.* PEPELING.

Asmarandana lahir-batin *).

1. Eling-eling masing eling,
roemingkang di boemi-alam,
darma wawajangan bae,
raga taja pangawasa,
lamoen kasasar lampah,
napsoe noe matak kadoehoeng,
badan anoe katĕmpoehan.

2. Djisim noe ngarasa njĕri,
raga noe ngarasa lara,
hate noe ngarasa tjape,
hareudang njandang wiwirang,
poerwa pĕrbawa hawa,
oedjoeb soemaah takaboer,
ria koe panggoda setan.

3. Oelah sirik ka pangampih,
oelah njatjad ka noe lian,
deungeun pikeun eunteung bae,
noe lian pikeun toeladan,
hade-goreng kasawang,
oekoer ka tangtoeng sakoedjoer,
sasaran di badan oerang.

4. Sing tapis ngawisik diri,
awas ngaraksa salira,
totonden hade djeung goreng,
moen pĕrjoga seug toeroetan,
noe nista disingkahan,
anoet roekoen ka noe oemoem,
njorang lampah kaloembrahan.

---

*) karangan Raden Aria Bratadiwidjaja, Patih Mangoenrĕdja marhoem.



P. Jm. R. A. BRATADIWIDJAJA,
seorang boedjangga besar bangsa Soenda.

5. Anoe mangpa'at ka diri,
taja batan kahadean,
hade oetjap hade hate,
hatena sabar tawĕkal,
pinoedji kinasihan,
teu moendjoek loehoer adigoeng,
nja eta djalma boediman.

6. Wani ngalaipkeun diri,
asor omong loembrah tingkah,
sareseh maher nja hate,
daek eleh soengkan meunang,
karoenja ka sasama,
njandang sabar ngandoeng soekoer,
njingkiran kasoesoekĕran.

7. Geus kalahir dina dalil,
mangke dintĕn panoengtoengan,
taja mangpa'at sapeser,
roepa doenja kabeungharan,
lir poetra wajah kadang,
anging salim galih moeloes,
noe dianggĕp koe Pangeran.

8. Oelah seuri pedah moekti,
oelah boengah sabab kaja,
oelah bĕred doemeh kasep,
karana bangsa kawoela,
kapoerba kawisesa,
pĕrloe emoet ka noe tangtoe,
njawang kana papatjangan.

9. Soegih papatjangan miskin,
beunghar papatjangan lĕbar,
hade papatjangan goreng,
bagdja patjangan tjilaka,
soeka patjangan doeka,
ngarioeng bakal pahatoe,
kasoekan bakal midangdam.

10. Isoek deui sore deui,
ti peuting datang ka beurang,
wawangsalan gopes djawer,
tansah di-tjangchgar karang,
kokotak wajah fadjar,
manoek hoeoet anoe djaloe,
ngirab djangdjang di boerocan.

11. Noe tapis ngawih djanari,
tĕgĕsna bangsa kawoela,
salawasna ngadadago,
ngadago lapar djeung dahar,
sare sartana hoedang,
ngadago boeugah djeung mĕsoem,
samantara meneh adjal.

12. Sawisik pasti kapanggih,
ngoentoen tipoeng nambang beas,
ngan koedoe laksana bae,
hĕnteu beda djeung noe leumpang,
dongkap ka noe disĕdja,
nja tjoendoek ka noe didjoegdjoeg,
soesoekĕr noe panganggeusan.

13. Kai teu kalis koe angin,
lĕbak nadahan tjileungtjang,
geus tembong bakal kalakon,
geus tĕrang koedoe kasorang,
koe pangawak manoesa,
pĕrloe ngaoeb kana pajoeng,
samemehna kahoedjanan.

14. Tanda oerang koerang eling,
kasarad koe hawa setan,
geuning rasa berag bae,
kabawa koe kangoraan,
ngabangbrang kaboengahan,
paribasa meungpeung hiroep,
pangrasa taja kakoerang.

15. Koemaki koe soegih harti,
soemakean rea oeang,
bĕred pangrasa teh kasep,
gagah koe gĕde tanaga,
kotjak gĕde daradjat,
noe kitoe poehoen takaboer,
alamat kasarad setan.

16. Ari kasorang koe gĕring,
gĕrang-gĕroeng goerajangan,
sieun oeah-ioeh paeh,
sambat menta ditambaan,
nĕnĕda ka Pangeran,
moega-moega pandjang oemoer,
ras mĕlang koe kamoektian.

17. Estoe noe hiroep di lahir,
salawasna ngadjamanan,
leuwih gĕde hese tjape,
djĕmbar njorang kasoesahan,
tinimbang kaboengahan,
lamoen soehoed nja tapakoer,
kawajang samemeh datang.

18. Waktoe masih moerangkalih,
dongkap wajah disĕpitan,
weureu seubeuh koe kamoekten,
pamiara iboe-rama,
diraksa dirawatan,
nadjan sĕpoeh koerang mampoeh,
kasipoeh koe kahemanan.

19. Dirirlà dipĕrih ngadji,
dipondah adjar sakola,
dipamer djadi panganten,
lamoen kasartaan bagdja,
laksana sapanĕdja,
dikaboel daradjat moedjoer,
ngagĕlar poesaka bapa.

20. Tapi pilih noe ngadjadi,
reana mah koerang njata,
samemeh manggih kamoekten,
katinggal koe wangätoea,
tĕmahan kari lola,
noe kitoe tangtoe kapahoeng,
panĕdja tatjan tinĕkan.

21. Soemilih anoe kabanding,
kadjaga koe wongatoea,
ongkoh hese tjape bae,
njiar bakal kahiroepan,
boekti rea noe magang,
toenggoe-toenggoe noengkoe windoe,
tatjan meunang kaloenggoehan.

22. Doepi paniatan tadi,
nalika eukeur sakola,
lamoen meunang diploma teh,
manawa aja pasihan,
diangkat djadi menak,
sakitoe anoe dimaksoed,
teu njana ahirna gagal.

3. Tiwas geus salin pitingting,
pindah polah paadatan,
wantĕr sapoelang ti mester,
era njandang barang kasar,
nilad tjara amtĕnar,
wongatoea noe tagajoer,
mikir pikeun ngabahanan.

4. Anak geus boga pangarti,
heman barang gawe kasar,
nadjan tadina pangangon,
ajeuna mah taha wirang,
moen ngalakonan asal,
mana loemoeh matjoel nanggoeng,
mandang kana kamenakan.

25. Mĕnding moen hasil ngadjadi,
tapi lamoen kapalanggrang,
tambah matak hese tjape,
soesahna ka indoeng-bapa,
angot noe taja bapa,
kalangkoeng bingoeng tagiwoer,
nalangsa awak sorangan.

26. Oedjang oelah leutik pikir,
rehna digĕlar panalar,
lain pisan didjodjore,
oelah tarima ditjawad,
lain dipapalangan,
poma oelah djadi poendoeng,
oelah kapalang nja magang.

27. Tĕmĕn-wĕkĕl oelah gingsir,
nandangan kamalaratan,
poma oelah madjar wĕlch,
Goesti Allah sipat rahman,
noe heman ka abdina,
saha anoe toehoe estoe,
ahirna meunang balĕsan.

28. Noe bĕtjik tangtoe katitik,
noe ala tangtoe katara,
noe hade tangtoe kapake,
pangagoeng moal kewoehan,
moen wĕlas ka abdina,
karsa rek masihan toeloeng,
awal-ahir kadjadian.

29. Lamoen geus boga pangarti,
moal aja kaboeangna,
ngetan-ngidoel-ngoelon-ngaler,
djadi modal kahiroepan,
moal datang ka bangkar,
pidjalaneun njiar oentoeng,
noe pintĕr moal kewoehan.

30. Tapi oelah tjĕtjĕk hidji,
kena boga kapintĕran,
mikir djadi mantri bae,
tjatjadna tabe'at Djawa,
ngan sok häjang disĕmbah,
moen dioek hajang di loehoer,
ngarah adjah pangalĕman.

31. Koemaha rekna ngadjadi,
pangkat menak rea koerang,
anoe mareunang traktĕmen,
ngan tinggal sapĕrĕloena,
koema' pĕta rek hajang,
tjalon menak poeloeh ratoes,
oerang samar kabagean.

32. Lamoen seug boga pangarti,
ngarti adat tjara sĕbrang,
sambarang panggawe daek,
daekan ngoempoelkeun oeang,
teu koerang pantjarian,
tjari mahi moeroe oentoeng,
tjoekoep hiroep njandang-pangan.

33. Moen kitoe moal moebadir,
pangarti aja pedahna,
tinimbang djeung djalma bodo,
bedana kabina-bina,
bisa miara badan,
hĕnteu kosi matjoel nanggoeng,
kasarang koe kapintĕran.

34. Eling-eling oelah lali,
sanadjanna di noe bagdja,
ĕnggon oerang ngalalakon,
lalakon di alam-doenja,
doenja rea tjangtjala,
nadjan dina oentoeng moedjoer,
dirangsang koe kasoekĕran.

35. Sĕdih njingkiran wawatir,
soesah koe rea kahajang,
hese tjape baranggawe,
malar boengah kamoektian,
amarah ngagarangsang,
tjoendoek oemoer tĕngah-toewoeh,
raga badag dikoerangan.

36. Beurang deui peuting deui,
woewoeh tahoen tambah boelan,
diseseket oenggal poë,
dirangsad nja kakoeatan,
owahna kai badan,
kitoe watĕkna noe toewoeh,
moal bounang disingkiran

37. Geura mangke mah pandeuri,
rea tambah kasoekĕran,
panon koerang awas nendjo,
pamiarsa djadi hawar,
tanaga koerang koeat,
ramboet rawoen hoentoe poegoer,
paroenglak amit-amitan.

38. Teu tapis ngagigit daging,
teu tĕdas ngaboerak toelang,
wantoening waos geus ompong,
tambah-tambah karoeksakan,
raga salin roepana,
koelit karĕsoet djeung saloer,
roemingkang koe badan roentjang.

39. Moal moelih tjara tadi,
mo' moelang tjara keur landjang,
tambah kolot woewoeh rempo,
moen taja noe ngarawatan,
kaliwat nalangsana,
ngalĕnggoet bari tapakoer,
mikiran ka mana djalan.

40. Pikir ngarasa prihatin,
raga noe ngarasa lara,
hate *noe ngarasa tjape,*
*moen* kasasar lalampahan,
rasa panas hareudang,
di mana geusan njalindoeng,
njingkiran kasoesoekĕran.

41. Reup peuting mikir kawatir,
braj beurang kareureuwasan,
sare teu paler nja hate,
ngagarangsang kasoesahan,
boetoeh rea kakoerang,
*ras emoet* ka *noe* kapoengkoer,
kawajang *noe* bakal datang.

42. Disapih koe bakal takdir,
dilandongan koe panalar,
didjampe koe hate saleh,
disiraman koe istigpar,
diroeat koe panĕda,
dililipoer koe tapakoer,
asrah rila ka Pangeran.

44. *Pamanggih pikir noe jakin,*
iklas *djeung* katawĕkalan,
roemasa ngan darma bae,
lir sarah ngambang laoetan,
tobat njoehoen hampoera,
malar sih rahmat Jang Agoeng,
dongkapna ka kalanggĕngan.

45. Jakti lamoenna dipikir,
kantĕnan hĕnteu sapira,
ĕnggon oerang *ngalalakon,*
lalakon di *alam-doenja,*
estoe sakĕdep netra,
miskin-soegih leutik-agoeng,
*saroepa* wĕkasanana.

46. Pasti noe hiroep di lahir,
nadahan soeka djeung doeka,
nawiskeun tanghi djeung sare,
ngagĕlar dahar djeung lapar,
peuting ngantosan beurang,
teu sanes anoe disoehoen,
moega adjal mawa iman.

---

*Teu aja hidji sipat anoe dipasihkeun koe Pangeran ka manoesa anoe hĕnteu aja kapĕrloeanana.*

*Tara loba omong dina keur digawe, eta hidji kalakoean anoe aloes kabina-bina pikeun neangan kabeungharan.*

*Oenggal poë andjeun koedoe digawe sawatara djam, ulana koedoe anggĕr.*

*Andjeun koedoe bisa ngalap hate, datang ka noe lian pĕrtjajaeun ĕnja ka andjeun. Adat andjeun koedoe basadjan pisan.*

*Poma² pisan andjeun oelah arek njaritakeun pamaksoedan ka noe lian; soemawonna ka noe kakara wawoeh, sanadjan ka sobat anoe sapapait-samamanis oge, oelah pisan.*

*Sagala pĕrkara anoe koe andjeun katimbang hade, toeloej bae lampahkeun dina waktoe anoe aloes; taja pĕrloena tatanja heula atawa menta timbangan anoe sedjen.*

*Teu meunang pisan aja anoe njahoëun ka noe arek dipigawe koe andjeun; lamoen eta pĕrkara geus ditimbang koe andjeun, geus dibeuweung-dioetahkeun, tĕroes bae pigawe. Oepama andjeun bisa digawe kitoe, meunang dipastikeun, maksoed andjeun baris hasil.*

*Anoe baris meunang teh, djalma anoe pangkeukeuh-keukeuhna.*

*Koering ngewa pisan kana pagawean anoe hĕnteu nĕpi ka anggeus. Lamoen eta pagawean hade, koedoe dipigawe nĕpi ka anggeusna; lamoen goreng, montong dipigawe pisan.*

## c. PAJOENG PARA POETRI 1).

*(Papaes Nonoman).*

**Asmarandana.**

1. Kai teu kalis koe angin,
lĕbak nadahan tjileungtjang,
katembong bakal kalakon,
koe para istri sadaja,
noe masih lalandjangan,
pĕrloe ngaoeb kana pajoeng,
samemehna kahoedjanan.

2. Noe bĕtjik *misti katitik*,
noe ala tangtoe katara,
noe hade wande kabade,
oelah kadoehoeng *ahirna*,
ana geus kalampahan,
ripoeh dipoeoek koe bingoeng,
dirajah koe kasoesahan.

3. Para istri noe bĕrboedi,
noe maos ieu piwoelang,
oelah aja manah awon,
sarĕng oelah salah tampa,
nĕrka noe ngarang tabah,
rea loeang rea elmoe,
eta teh teu pisan-pisan.

4. Ngan awahing tjĕngĕng pikir,
tawis asih tanda tjinta,
bahe tjarek ka saderek,
ka para istri Pasoendan,
sĕdja ngahatoeranan,
toetoer anoe tanpa galoer,
loemajan baris toeladan.

---

1) karangan Toebagoes Djajadilaga, Mantri- loemboeng Pontang (Bantĕn).



Mesdjid Agoeng di Tjirebon.
Mesdjid ini atapnja tiada roentjing sebagai mesdjid jang lain, karena pada zaman Soenan Kalidjaga, jaïtoe pada achir abad jang ke XV poentjaknja itoe telah terbakar dan dilarang memperbaikinja.

5. Ngawintjik djalaning bĕtjik,
wintjikan salir piwoelang,
elmoe katon noe kalakon,
kalampah koe para sĕpah,
loewang anoe katoekang,
pakeun pieunteungeun hiroep,
malar djadi kahoeripan.

6. Kasaksi koe anoe noelis,
talapakan noe baheula,
ka ajeuna aja keneh,
teu sabaraha bedana,
nadjan geus sedjen djaman,
kakongaskeun djaman madjoe,
madjoe soteh wawarehan.

7. Moenggoeh istri noe bĕrboedi,
ngagĕm piagĕm iskola,
geus hamo eleh koe wĕleh,
da poegoeh asak pamagah,
pamagahan goeroena,
toetoer tjampoer djeung noe loehoer,
bisa tata toer pĕrtjeka.

8. Boga keur bawaeun balik,
aja oebar keur panglĕdjar,
obor pikeun ngalalakon,
djaga ari tjarogean,
moal katalandjoeran,
moal tjara doeloer²,
noe mangkoek di pilĕmboeran.

9. Lantaran salah pamilih,
lakian teu djeung djeudjeuhan,
hĕnteu ngandjang ka pageto,
meakkeun kapanasaran,
ĕngke mah koema' behna,
kawin sore pĕgat isoek,
geus lagas njiar noe lian.

10. Kawin lir dipake oelin,
rasa gampang pěpěgatan,
lain ngarah hedjo-lemok,
nitis nětěskeun toeroenan,
ngaberesan roendajan,
anak-poetoe sina madjoe,
noedjoe djalan kasaean.

11. Jakti koe hese teh teuing,
arang-langka kadjadian,
sěpoeh roedjoek oerang tjotjog,
tapi moen sabisa-bisa,
lěmpěng toedjoeanana,
malar pangarah pangaroeh,
ngarah loeloes salawasna.

12. Sok moestail hěnteu hasil,
paněd ja hěnteu laksana,
nadjan teu sampoerna oge,
koedoe ngabapa ka mangsa,
oelah kangeungeunahan,
goegon-toehon adat boehoen,
ngeukeuhan kabaheulaan.

13. Pilih galib noe loemahir,
těgěskeun koe kabatinan,
sing waspada sing talete,
goemoeroehna ombak doenja,
noe eukeur dikodjajan,
ditarioeng koe kadoehoeng,
ngabelaan kabangsaan.

14. Ieu di handap diwintjik,
pěpěndakan di padesan,
baroeang ka noe aranom,
bade digělar didadar,
sasat moeka rasiah,
noe soeroep koedoe ditoeroet,
noe nista koedoe singkahan.

15. Tapi poma oelah lali,
rasa oerang rasa Soenda,
lain rasa djore-djore,
rasa soeroep djeung basana,
rasa deudeuh bagea,
rasa titinggal karoehoen,
toekang someah ka semah.

16. Migoestina ka salaki,
kasartaan koe babasan,
awewe doelang tinande,
tanda jen awewe Soenda,
hade koemawoelana,
loeloes aloes toehoe estoe,
satia ka tjarogena.

17. Tapi noe dipoesti-poesti,
njoledat salah ngagandjar,
dipisono njolowedor,
noe njaah dipoelang moha,
doemeh wĕnang koe sara,
gadoeh bodjo doea-tiloe,
noe njĕri teu dipikiran.

18. Koe sabab eta sing eling,
woewoeh ningal padjamanan,
hade disingkahan bae,
anggangan katoegĕnahan,
neangan kagĕnahan,
moen teu katangting koe tangtoeng,
tangtoe matak dorakana.

19. Saratna boga pangarti,
oelah risi koerang modal,
moen daek leukeun tataros,
lila-lila tangtoe bisa,
tapi moen lalawora,
ngipoek ngĕdoel panen boetoeh,
ngipoek salah panen reuwas.

20. Nadjan geus boga pangarti,
oepama poedat poepoedak,
awewe adjrih ing gawe,
mo' beres imah tanggana,
tangtoe soesah hiroepna,
kantoen ngadjĕntoel ngalamoen,
toengtoengna diraksoek setan.

21. Datang pikir hajang moekti,
datang rasa hajang sĕnang,
tapi ĕmboeng hese-tjape,
antoekna ngarĕmpak sara,
lali kana kaera,
lar ka wetan lar ka kidoel,
dangdan make seuseungitan.

22. Kadoeana noe geus galib,
taja landjang noe teu hajang,
noe teu rĕsĕp ka noe kasep,
malah moen geus tjinta ĕnja,
lali di kalingsĕman.
kadjeun sĕpoeh hanteu roedjoek,
asal beak panasaran.

23. Ngan hajang sĕnang saeutik,
teu pisan dimanah pandjang,
sok moen sahoeap-sarĕgot,
tjoba oepama dimanah,
tĕmahna kasoesahan,
reungeukeun masing kasoeroep,
adat tingkah tabe'atna.

24. Watĕkna djalma noe ginding,
kasep roepa manis oelat,
tinangtos rea noe hojong,
istri² anoe lian,
ngakalan hajang meunang,
toengtoengna meureun kairoet,
salaki oerang kagoda.

25. Kapintjoet koe pedah geulis,
kagĕndam lantaran eudah,
tangtoe matak pondok djodo,
meureunan paler ka oerang,
koema' atoeh rasana,
lamoen tjaroge geus kitoe,
alamat doeriat pĕgat.

26. Nadjan oepama salaki,
ka oerang teh masih njaah,
anggĕr matak soesah keneh,
malah[2] leuwih tambah,
datangna kasoesahan,
ma'loem kawantoe diwajoeh,
moal aja kasĕnangan.

27. Paribasa anoe alim,
saherang-herang tjibeas,
tangtoe meureun kiroeh bae,
mo' sakoemaha herangna,
hartining paribasa,
eta teh adat ka maroe,
moal bisa sabar manah.

28. Pikir ngan bati njoengkélit,
manah panas taragtagan,
moal raos dahar sare,
tĕmahna djadi sangsara,
lampah taja tĕtĕpna,
awak oge meureun koeroe,
kanti koe rea pikiran.

Kinanti.

29. Pĕrkara anoe katiloe,
disamboeng tĕmbang Kinanti,
oepama rek tjorogean,
poma koe oerang dipikir,
oelah milih poetra menak,
matak ngisin-ngisin diri.

30. Mangga manahan sing toetoeg,
lamoen diparĕng djeung toelis,
ngadjodo ka poetra menak,
lĕrĕs pisan sĕnang pikir,
tapi eta ngan sakĕdap,
teu langgĕng nĕpi ka ahir.

31. Karana galib geus tangtoe,
ngadjodo sahidji-hidji,
anoe ĕnggeus kapilampah,
menak nja ka menak deui,
koe sabab eta moen oerang,
koe poetra menak dikawin.

32. Sasat oerang teh ngarĕboet,
hak deungeun noe koerang moeklis,
tangtoe meureun noe boga hak,
aja pikirna noe sirik,
aja manah panasaran,
toengtoengna matak balai.

33. Kareaan menak poegoeh,
moen kawin ka bangsa leutik,
basana saheulaanan,
ngan woengkoel dipake sĕlir,
samemeh meunang bangsana,
moen geus meunang mah dioesir.

34. Tah koemaha lamoen kitoe,
oerang bati isin diri,
ajeuna oerang geus lagas,
rek njiar deui salaki,
hese katjida neangan,
milih ka bangsa pribadi.

35. Eta teh rea noe ĕmboeng,
boga rasa rada isin,
ngawin istri tilas menak,
lingsĕm oepama kapanggih,
oerang anoe kantoen soesah,
poelang-anting hĕnteu manggih.

36. Oepama kalakon gadoeh,
aja deui titis-toelis,
ngadjodo ka bangsa oerang,
tangtoe ngaroemas nja diri,
tina djalan tara toeman,
beurat gawe beurang-peuting.

37. Wantoe tadi keur digoenggoeng,
djadi garwa menak misti,
arang njabak pagawean,
olah-olah aja koki,
rek toeang ĕnggeus sadia,
rek siram tjai sajagi.

38. Oeroes-oeroes aja baboe,
parentaheun rea abdi,
angkat diiring koe goendal,
batoer awewe-lalaki,
kadaharan ngarareunah,
taja kasoesah karisi.

39. Ajeuna mah oerang koedoe,
dipigawe koe pribadi,
njĕkĕl sagala oeroesan,
noetoe ngedjo ngala tjai,
njeuseuhan, njiar kipajah,
tangtoe matak djadi njĕri.

40. Tatapi lamoen geus bakoe,
beurat gawe ti tatadi,
tangtoe teu aja hesena,
paribasa nini-aki,
matih toeman batan toembal,
tah kitoe sababna njai.

41. Anoe kaopat katjatoer,
lamoen rek boga salaki,
oelah milih anoe beunghar,
eta oge sami[2],
moal ngeunah di ahirna,
ngĕnĕs matak ngiris pikir.

42. Adat manoesa noe bakoe,
antara noe laki-rabi,
aja bae patjogregan,
lĕbah dinja matak njĕri,
dioetjapkeun kamiskinan,
tangtoe oerang" ngĕnĕs pikir.

43. Djeung deui oepama kitoe,
lakian ka anoe soegih,
tjindĕk saloehoereun oerang,
tangtoe moal tiis pikir,
salawas oerang dibawah,
rek kitoe kieu ge risi.

44. Maksoed oerang teh kapĕgoeng,
sanadjan salaki soegih,
moal boga kasĕnangan,
da lain anoe pribadi,
tarima sapamerean,
moen kitoe mah taja hasil.

45. Tapi poma masing emoet,
bab noe kalima pĕrkawis,
sanadjan ka noe sabangsa,
oelah ka noe gadoeh istri,
ngarĕboet hak anoe lian,
noe keur tĕngtrĕm laki-rabi.

46. Tĕgĕsna tjarogé batoer,
oerang oelah wani-wani,
heuheureujan hahanjolan,
bisi kalĕpasan pikir,
toengtoengna moal djamoega,
salamina meureun sĕdih.

47. Lakian ka anoe kitoe,
sasat ngabaroeang diri,
geura soemangga manahan,
koe boedi njai noe lantip,
tĕrapkeun ka diri oerang,
pisakoemahaeun njai.

48. Tangtoena oerang ditjandoeng,
djadi noe anom sakali,
hĕnteu aja pangawasa,
di mana rek sĕnang pikir,
tingal di loehoer sababna,
watĕk noe ditjandoeng tadi.

49. Oentoeng lamoen teu diwajoeh,
oerang rada sĕnang pikir,
tatapi meureun manahna,
tilas istrina noe tadi,
ka oerang pikirna ngewa,
ma'loem dirĕboet salaki.

50. Sanadjan manahna moeloes,
ka oerang hĕnteu rek sirik,
oepama mikir tadina,
tapi oerang tĕtĕp risi,
mĕlang manah salawasna,
bok bilih dibalĕs diri.

51. Sabab pamĕgĕt noe kitoe,
tanda pikirna teu bĕrsih,
manahna bangĕt rajoengan,
teu paja ningal noe geulis,
babari nakĕr kagĕndam,
disĕboetkeun leumpeuh-jeuni.

52. Moen ningal awewe aloes,
aloes roepa manis boedi,
endahna ngoengkoelan oerang,
anoe hajangeun dikawin,
sapada harita pisan,
pikirna ka oerang lali.

53. Tangtoe tjara noe ka poengkoer,
poepoeasan nalak istri,
da geugeut ka anoe anjar,
koemaha nja manah njai,
sĕnang atanapi soesah,
moen kalakon kitoe takdir.

54. Tangtoe manah teh ngoeloewoet,
kadoehoeng datang pandeuri,
handjakal kawin ka dinja,
koe sabab eta sing eling,
oepama arek lakian,
oelah kaboedjĕng koe asih.

55. Pilih noe manahna moeloes,
noe bakal ngoeroes ka diri,
ngarawat salalamina,
sapantĕsna kana diri,
noe bakal sĕnang ka oerang,
sĕpoeh-anom teu pĕrdoeli.

Sinom.

56. Sinom gantjanging piwoelang,
saoepama titis-toelis,
djodo oerang teh kapaksa,
takdir Goesti Maha Soetji,
hĕnteu beunang dipoengkir,
njorang papatjoeh di loehoer,
eta mah teu koemaha,
toeloejkeun bae sakali,
ngan patjoean oelah ngahadja neangan.

57. Tapi sing titi katjida,
lamoen kaparĕng kapanggih,
djodo anoe kalĕpasan,
sing bisa roemaksa diri,
lampah masing pèrniti,
ngagoegoe pitoetoer sĕpoeh,
oelah rek sambewara,
sing emoet siang djeung wĕngi,
sangkan djadi ngadjodo salalamina.

58. Moen kitoe taja haroengan,
meureun diri djadi moekti,
nadjan ngalanggar panjĕgah,
tapi nja eta sing eling,
lampah oelah sok sisip,
reungeukeun ieu pitoetoer,

malah-mandar katoelad,
koe istri anoe běrboedi,
adat lampah ka tjaroge noe oetama.

59. Manoek lindeuk di boeroean,
ka salaki sing goemati,
ngawoelaan sing sampoerna,
poeasa toeang djanari,
balong menak noe rěsik,
sadaja saoerna toeroet,
oelah pisan rek moengpang,
tjai beungkak palid tarik,
lamoen kitoe tjaroge tětěp njaahna.

60. Awi leutik tangkal beas.
bibit kalapa noe djadi,
adab noe pangoëtamina,
baris istri ka salaki,
oelah sok maseuk beusi,
oelah njolowedor lakoe,
kěbon kěmbang noe menak,
masing iman beurang-peuting,
tipoeng raraj kieu ngawoela sampoerna.

61. *Noe geulis sing hade lampah*,
piring leutik langgan tjangkir,
bab miara imah tangga,
oelah matak ngisin-ngisin,
koedoe beres rarěsik,
soemawon aja tatamoe,
měnjan koneng roepana,
singěr manis hade boedi,
masing jasa noetoepan kana wiwirang.

62. Beulit tjinggir simpaj tangan,
poma njai oelah lali,
sanadjan keur patjogregan,
oepama tatamoe soemping,
*hajam beureum noe kěsit*,
hegarkeun roepa noe běndoe,
reregan moetěr imah,
gěntos koe roepa noe manis,
ambeh hěnteu kasangka keur patjengkadan.

63. Oempak seeng saoepama,
*sing ngarĕbab djangkoeng* njai,
moen eukeur katatamoean,
sing *sabiasa* noe *galib*,
sadajana sajagi,
sendok Tjina bĕling woengkoel,
oelah koedoe dititah,
masing mangarti pribadi,
sair ranggap sadia keur soesoegoehna.

64. Nata Dewi di Nedĕrlan,
dodol goela oelah lali,
emoetkeun salalamina,
naon kapalaj salaki,
mĕri rawa noe leutik,
*ontong* sok ngantos dipoendoet,
tjawiskeun saajana,
*tĕwas koneng ratjoen* beurit,
dipiwarang sing enggal-enggal lakonan.

65. Dadampar di pagoelingan,
imankeun masing kasoerti,
*moending* bĕlang di sampalan,
moen salaki eukeur sĕpi,
oelah *ninggalkeun boemi*,
pĕlĕsir njaba teu poegoeh,
anoe taja pĕrloena,
ngan niat midangkeun pipi,
noe kitoe mah kaasoep awewe setan.

66. Ingĕtkeun njai mah oelah,
ngalampahkeun *kitoe diri*,
paribasa bilik bata,
bok bilih katjingtjirihi,
langkoeng sae nja tjitjing,
di pakoewon oeroes-oeroes,
sing pĕndil panjangoean,
njadangkeun salaki soemping,
olah-olah saaja-aja di imah.

67. Kahormatan noe oetama,
tata keur soemping salaki,
moen datang ti panjabaan,
boh lengoh boh mawa ridjki,
boeroe sing taki-taki,
oelah sok njieun kakakoe,
sing hegar mamanahan,
saoer manis hade boedi,
noe dipalar tjaroge tĕtĕp njaahna.

68. Aer goela sari-kĕmbang,
balong menak anoe rĕsik,
moen tjaroge bĕndoe manah,
oelah dilawan koe bĕngis,
oepaban boedi manis,
sangkan hĕnteu katalandjoer,
lamoen dilawan soegal,
sok matak sapoeloeh doeit,
daek-daek toengtoengna djadi baroentak.

69. Reungeukeun deui piwoelang,
pĕrkara noe laki-rabi,
kĕmbang biroe pakoeboeran,
sing asih ka koelawargi,
poetĕr beureum noe kĕsit,
akoer djeung tatangga lĕmboer,
sing someah ka semah,
siliasaan rĕdjĕki,
kitoe oge oelah sok salingkoeh manah.

70. Angot lamoen beberean,
moen oerang salingkoeh pikir,
batoe sagara noe bodas,
hĕnteu tĕrang ti salaki,
moete beureum oepami,
sanadjan mere ka indoeng,
tangtos tjaroge seunggah,
lain pedah hĕnteu soedi,
barangbere moeng hajang pada tĕrangna.

71. Adat² anoe lian,
manahan bae koe njai,
pilih mana noe oetama,
noe kintĕn sae ka diri,
hĕnteu kabeh diwintjik,
kapandjangan teuing atoeh,
bisi bosĕn noe matja,
ma'loem noe maos pepeling,
tara rĕsĕp teu tjara maos tjarita.

72. Nĕda djĕmbar pangampoera,
ka sadaja para istri,
noe maos ieu piwoelang,
sindir pajoeng para poetri,
wirehing anoe nganggit,
sakalangkoeng koemawantoen,
kalintang koemawawa,
wani hatoer tĕmah wadi,
wawadina wadaeun anoe maratja.

73. Etang-etang palintangan,
matangan noe tatjan boekti,
dihin pasti anjar njata,
sampeureun baring-soepagi,
soepaja taki-taki,
ngandoeng samemehna oesoem,
ditioeng memeh hoedjan,
tawis patatas-patitis,
nĕtĕs elmoe titi-an ti poengpoehoenan.

74. Tapi lamoen salah tampa,
teu noeroet tjiri saboemi,
pagirang-girang tampian,
lantaran risi koe bisi,
sieun kaloeli-loeli,
lali kalangsoe koe napsoe,
aprok ka lain bangsa,
malar gandang mambrih ginding,
moelja moekti hoeroeng nangtoeng siang leumpang.



Marhoem, P. Jm. Toean M. ABOEKASAN ATMODIRONO, semasa hidoepnja architect di Semarang, bekas lid Déwan Ra'jat.

75. Eta njata koerang tjinta,
teu ngoepama ka sasami,
pasalia djeung parentah,
pindah pamolah-pamilih,
sasar tina sasari,
moengkoer ti niat kapoengkoer,
siang kĕmbang satangkal,
teu sae paseungit-seungit,
lĕbar, heman, lamoen teu djadi soengkĕman.

76. Doeh djoeag panoetan ingwang,
djoewitaning lĕmah Indi,
rĕgĕpkeun oelah bahoela,
pitoetoer ti oerang sisi,
nadjan kirang oetami,
mitoehoe seba pioendjoek,
ngoendjoekkeun kagĕgĕlan,
lain koemaki koe harti,
ngan awahing tjinta ka bangsa sorangan.

77. Rea loeang noe katoekang,
boekti anoe geus kapanggih,
iboer oerang pilĕmboeran,
nĕmahan toelis djeung waris,
pĕrmana jakti boekti,
rea indoeng noe kadoehoeng,
teu ngawarah anakna,
koerang tartib ngoedag galib,
teu kasawang halangan noe bakal datang.

78. Sakitoo hatoer noe ngarang,
andjing beureum saba djami,
peso pangot ninggang lontar,
soemĕdja ngetjagkeun toelis,
kasamboeng salam ta'dim,
ti noe ngatoer sĕkar kidoeng,
ngarĕngga padjĕng bawat,
pipajoengeun para poetri,
noe ngjoehan tiis dingin tali-poerna.

---

## *d.* MEONG DJEUNG OENTJAL. 1)

**Dangdanggoela.**

1. Dangdanggoela boeboekaning toelis,
sarĕng salam ta'lim miwah hoermat,
kahatoer ka noe maraos,
noe maos ieu boekoe,
sarta anoe ngareungeu sami,
sim koering nĕda maap,
rehna koemawantoen,
goemintĕr djeung koemalantjang,
tapi lain ogoan hajang dipoedji,
namoeng sĕdja diadjar.

2. Rek diadjar ngarang djeung ngadangding,
ngasah njipoeh beunang ti iskola,
malar nambahan pangartos,
tamba tjitjing ngadjĕntoel,
sĕlang[2] damĕl noe misti,
kitoe ge panoehoen mah,
ngan moegi dima'loem,
bisina salah ngarangna,
koerang-leuwih padana anoe didangding,
sarta kasar basana.

3. Doepi ieu boekoe noe digoerit,
asal mĕtik tina boekoe Djawa,
lalakon djaman noe kahot,
tapi anoe ditoeroen,
hĕnteu njĕples saasal tadi,
ngan ditjokot dongengna,
maksoed anoe pĕrloe,
nja eta meong djeung oentjal,
satroesna mah ditambahan loba deui,
djeung aja noe dirobah.

---

1) karangan djoeragan Sontana di Redja.

4. Ditambahan piwoelang saeutik,
nja piwoelang pikeun bararoedak,
noe keur dialadjar maos,
soegan aja noe pĕrloe,
anoe aja mangpa'at deui,
panambah pamoelangan,
panjamboeng piwoercek,
soesoeganan malakmandar.
djadi tjonto toeladan ka moerangkalih,
pieunteungeun misalna.

5. Katjarita dina hidji nagri,
aja hidji lĕmboer pasisian,
Soekalilah namina teh,
rĕdjeh rame toer ma'moer,
tjoertjor tjai herang toer tarik,
pĕpĕlakan plawidja,
sawah kĕbon soeboer,
nja kitoe deui eusina,
loba djalma anoe tjoekoep soegih moekti,
hĕnteu aja kakoerang.

6. Malah loba djalma ti noe tĕbih,
pada ngoengsi rek ngaradon dagang,
sawareh maratoeh ngĕndon,
pindah saanak-intjoe,
rereana noe baralantik,
sawareh ngababakan,
di leuweung djeung goenoeng,
pada ngĕbon palawidja,
aja oge anoe mĕlak laoek-tjai,
djadi tambah rĕdjehna.

7. Djeung djalmana pada soetji ati,
akoer pisan djeung pada batoerna,
roentoet roekoen rejek rentet,
pada rĕsĕp toetoeloeng,
ka noe soesah djeeung ka noe miskin,
kabeh ahli ibadah,
toehoe ka Jang Agoeng,

paling sĕpi begal taja,
hĕnteu aja pisan koetjiwa saeutik,
sĕpoeh anom teu beda.

Sinom.

8. Tambah lami tambah hardja,
tambah rĕdjeh rame rĕsmi,
soemawon di pagoenoengan,
anoe ngĕbon roepi-roepi,
andewi djeung sasawi,
katjang polong kol teu kantoen,
boentjis, tjabe, djeung bawang,
saledri, kĕntang djeung hoei,
djaba eta saroepaning sasajoeran.

9. Kitoe deui boeboeahan,
boeah gĕdong aroem manis,
boeah golek, boedidaja,
ramboetan, doekoeh aramis,
salak, djamboe, balingbing,
manggoe, pisitan djeung kadoe,
djeung sadjaba ti eta,
pĕpĕlakan roepi-roepi,
moen ditjatoer sadaja njeepkeun papan.

10. Reh lĕmboer tambah rĕdjehna,
tambah gĕgĕk tambah bĕrsih,
mana djadi pangplĕsiran,
menak nagri ageung-alit,
wadana tjamat mantri,
saroemping ka eta lĕmboer,
aja noe ngadon marak,
sawareh ngadon bĕbĕdil,
aja oge anoe ngĕrsakeun taroeang.

11. Noedjoe dina hidji mangsa,
oerang Soekalilah tadi,
niat njĕnĕngkeun pikirna,
sĕdja boeboeroe bĕbĕdil,

enggal boedalan sami,
bari marawa pĕpĕntoeng,
bĕdog tjerengkeng toembak,
sawareh marawa bĕdil,
ngaleut ngeungkeuj siga ngarak boedak soenat.

12. Barang ka leuweung geus dongkap,
djalmana dibagi-bagi,
ngaler ngidoel ngoelon ngetan,
njaksak-njaksak noe raroempil,
leuweung dioebrak-abrik,
aja noe ngadoeroek roengkoen,
teu lami katingalan,
oentjal tina roengkoen bidjil,
oentjal djaloe gĕde djangkoeng tandoek ranggah.

13. Kabeh sakoer noe ningalan,
sakalangkoeng soeka ati,
sarta toeloej bae ngoedag,
oentjal teh loempat ngabĕtjir,
loempatna langkoeng tarik,
anoe ngoedag hĕnteu kantoen,
kawantoe djalma loba,
djeung teu koerang akal deui,
toeloej bae oentjal dipĕgat djalanna.

14. Dikĕpoeng ti koelon wetan,
kaler kidoel kitoe deui,
kabeh djalma soeka boengah,
reh geus oedjoeb di djro ati,
oentjal mo lolos deui,
oentjal téh sĕdih kalangkoeng,
reh taja deui djalan,
baris njingkiran balahi,
sakalangkoeng nja kasmaran sasambatna.

Asmarandana.

15. Oentjal teh tjeurik ngadjĕrit,
mĕlas-mĕlis sasambatna,
doeh adoeh Goesti Jang Manon,

anoe moerba noe wisesa,
ka mahloek eusi doenja,
noe sipat moerah saestoe,
wělas asih ka mahloekna.

16. Naon dosa diri koering,
naha bět apěs nja badan,
kapan ti leuleutik oge,
něpi ka ajeuna pisan,
geus anak-baranahan,
koering teh rěsěp toetoeloeng,
ka sasama sasatoan.

17. Tara pisan sirik-pidik,
ka noe meunang kanoegrahan,
tara děngki ka noe sedjen,
teu boga lampah ma'siat,
malah noe kasoesahan,
koe koering sěring ditoeloeng,
diloebarkeun sangsarana.

18. Bět ajeuna diri koering,
manggih kasoesah nalangsa,
koe manoesa keur diboro,
moen koering něpi ka beunang,
ditewak koe manoesa,
tangtoena koering dipěntoeng,
dikadek sarta ditoembak.

19. Toengtoengna tangtoe dipeuntjit,
nja beuheung něpi ka sapat,
koelit disisit diběset,
toelangna diparotongan,
dagingna pada njatjag,
tangtoe njěri liwat langkoeng,
badan diběset ditjatjag.

20. Doeh Goesti Raboel Alamin,
noe sipat rahim djeung rahman,
noe moerah di doenja kabeh,

njoehoen ampoen nĕda maap,
moegi aja piwĕlas,
sim koering njoehoenkeun toeloeng,
loebarna tina bahaja.

21. Oentjal tjeurik mĕlas-mĕlis,
bari loempat loeloentjatan,
neangan djalan noe lowong,
tapi djalma anoe ngoedag,
geus beuki deukeut pisan,
sawareh ngabĕdil djĕdoer,
ngan teu aja anoe keuna.

22. Kĕrsaning Noe Maha Soetji,
di waktoe harita pisan,
aja hidji meong loreng,
loentjat tina roejoek mandjah,
njampeurkeun djalma loba,
meong gĕde liwat langkoeng,
matak gila anoe ningal.

23. Meong teh ngagĕro tarik,
mani asa eundeur djagat,
sorana tjara geledeg,
kabeh djalma kaget pisan,
barang ret ningal matjan,
toeloej boebar kalangkaboet,
kanti naringgalkeun oentjal.

Kinanti.

24. Djalma loba toeloej ambjoek,
kana meong loreng tadi,
djeung bari ngadek djeung noembak,
aja oge noe ngabĕdil,
meong kana roengkoen loempat,
anoe ngoedag hĕnteu kari.

25. Tapi geus takdirna kitoe,
kĕrsaning Noe Maha Soetji,
meong dikadek,. ditoembak,
tapi teu teurak saeutik,
malah mah loba pakarang,
noe parotong djeung maralik.

26. Oerang Soekalilah bingoeng,
pakarang taja noe matih,
sawareh mah toeloej loempat,
ngabĕtjir ka lĕmboer balik,
awahing sieun koe matjan,
bisi karontok nja diri.

27. Noe sawareh deui toeloej,
ka kĕbon ngarala awi,
heug njarieun garogolan,
nja keur mikat meong sakti,
koe sabab djalmana loba,
sakĕdap ge geus sajagi.

28. Diteundeunna deukeut roengkoen,
sarta dieupanan andjing,
geus anggeus toeloej ditinggal,
katjarita lami-lami,
meong teh ĕnggeus kapikat,
asoep kana grogol awi.

29. Tapi harita katjatoer,
waktoe poëna geus boerit,
sarta noedjoe poëk boelan,
kabeh djalma toeloej balik,
ka Soekalilah maroelang,
sĕdja ngaso waktoe peuting.

30. Tatapi anoe dimaksoed,
isoekna rek balik deui,
rek maehan meong tea,
sarta rek toeloej dipeuntjit,
koelitna baris diwidang,
rek disanggakeun ka nagri.

31. Geus boebaran mani ngabroel,
bari pada soeka ati,
dongkapna ka Soekalilah,
koempoel badami di masdjid,
sabadana salat isa,
sewang-sewangan baralik.

32. Sigĕg deui noe ditjatoer,
katjarita oentjal tadi,
sadongkapna meong tea,
oentjal teh geuwat ngabĕtjir,
ka leuweung asroek-asroekan,
tĕpi ka salamĕt diri.

33. Barang loempatna geus djaoeh,
ti djalma noe moro tadi,
oentjal langkoeng soeka boengah,
reh loebar tina balahi,
beuki lila ngadjaoehan,
njoempoet dina roengkoen boeni.

34. Tapi tjiptaning djro kalboe,
kalangkoeng sĕdih prihatin,
reh ingĕt ka meong tea,
anoe noeloengan toh pati,
nĕboes oemoer nĕbas njawa,
mĕgatkeun lara djeung pati.

Magatroe.

35. Katjarita sanggeus panonpoë soeroep,
beurang kaganti koe peuting,
oentjal bidjil tina roengkoen,
tina panjoempoetan tadi,
bari toenggoeh-tanggah nendjo.

36. Sanggeus tĕrang harita anoe boeboeroe,
geus boebar pada baralik,
di leuweung sĕpi teh moetoeh,
teu aja djalma sahidji,
ngan kari sorana sato.

37. Sora babi noe kadenge tingkoeroedoek,
gadjahna patingdjarĕrit,
loetoeng oa tingharaoek,
simeut djeung kasir ngalitjir,
oetjing leuweung ngoeang-ngeong.

38. Oentjal toelöej leumpang gantjang boeroe-boeroe,
ngadjoegdjoeg ka oeroet tadi,
oeroet djalma noe boeboeroe,
rek neang meong noe tadi,
bari leumpang tĕmpa-tĕmpo.

39. Di djalanna lampah oentjal teu katjatoer,
tĕbih ge mo boeroeng nĕpi,
anggang datang djaoeh tjoendoek,
gantjangna bae kapanggih,
meong teh geus digarogol.

40. Barang ningal oentjal teh kaget kalangkoeng,
pikirna kalangkoeng watir,
ningal meong geus kakoeroeng,
di djĕro garogol awi,
oentjal teh ngoetjoer tjipanon.

41. Oentjal toeloej njampeurkeun garogol maoeng,
maoeng gĕrang-gĕroeng tjeurik,
reh isoekna ĕnggeus tangtoe,
koe djalma baris dipeuntjit,
pok oentjal ka maoeng ngomong.

42. Aeh-aeh koetan teh di dieu maoeng,
koering hĕnteu njana teuing,
andjeun baris dibakoengkoeng,
lantaran noeloengan koering,
boa andjeun baris maot.

43. Pok nembalan maoeng teh bari ngagĕroeng,
eh oentjal anoe bĕrboedi,
bĕnĕr koering geus kakoeroeng,
tajoh geus takdirna diri,
nja djadi lantaran maot.

44. Kitoe oge nadjan koering djadi lĕboer,
teu pisan handjakal pikir,
lantaran geus bisa noeloeng,
ka andjeun noe bĕrsih ati,
koering pasrah ka Jang Manon.

45. Oentjal kaget ngadenge omongan maoeng,
naha maoeng bageur teuing,
pikirna sampoerna moetoeh,
djadi oentjal tambah watir,
pek oentjal nanja ka meong.

46. Eh baraja koering hĕnteu ngarti estoe,
naha andjeun boga pikir,
ka koering sĕdja toetoeloeng,
lain sanak lain wargi,
koering lain bangsa meong.

47. Kapan ari kaloemrahan bangsa maoeng,
ana djeung oentjal papanggih,
oentjal tangtoena ditoebroek,
dipaehan ĕnggeus pasti,
sarta toeloej dikorowot.

48. Sabab ĕnggeus aja ti djaman kapoengkoer,
oentjal mentjĕk sarta sapi,
moending ĕmbe monjet loetoeng,
djeung djaba ti eta deui,
djadi mamangsanna meong.

49. Tapi andjeun naha bĕt mingsal ti batoer,
tĕpi ka noeloeng ka koering,
matak heran liwat langkoeng,
maoeng teh ngadjawab ririh,
bari koemambang tjipanon.

Maskoemambang.

50. Eh mandjangan soepaja djadi tingali,
bĕnĕr andjeun tea,
kĕrsaning Noe Maha Soetji,
djadi mamangsan kaoela.

51. Tatapina aja lantaran noe pasti,
koering hamo ngakan,
ka andjeun noe soetji ati,
reh koering geus kahoetangan.

52. Sanjatana andjeun geus noeloeng ka koering,
keur waktoe baheula,
anak koering masih leutik,
geus meunang katjilakaan.

53. Katindihan batoe gěde liwat saking,
mani repot pisan,
meh bae něpij ka pasti,
geus teu bisa walakaja.

54. Hěnteu bisa obah soemawonna oesik,
amběkan ge soesah,
tapi takdir Maha Soetji,
tatjan něpi ka kadarna.

55. Doemadakan andjeun noeloengan toh pati,
batoe teh disoengkal,
něpi ka ngagoeling njisi,
anak koering bisa hoedang.

56. Geus salamět tina batoe noe ngadjěpit,
těpi ka ajeuna,
hiroep salamět nja diri,
malah geus anak-baranak.

57. Eta sabab pitoeloeng andjeun noe pasti,
andjeun oepamana,
njamboeng oemoer měgat pati,
mandjangkeun toeroenan koela.

58. Běněr pisan kěrsaning Noe Maha Soetji,
tapi lahirna mah,
andjeun noe njěgah balai,
andjeun noe djadi lantaran.

59. Djadi koering teh geus kahoetangan boedi,
boedi noe sampoerna,
noe matak tjiptaning ati,
hajang malĕs kahadean.

60. Salawasna koering hĕnteu pisan lali,
hajang mere tanda,
ka andjeun anoe prajogi,
anoe aja mangpa'atna.

61. Tapi wĕleh koering hĕnteu bisa manggih,
piakaleunana,
pibisaeun malĕs boedi,
nĕpi ka beakeun akal.

62. Kabĕnĕran tadi teh koering keur mikir,
nja neangan djalan,
pibisaeun malĕs boedi,
heug ngadengo rarameun.

63. Siga djalma anoe keur moro bĕbĕdil,
sora rame pisan,
sarta aja sora bĕdil,
djeung sora djalma laloempat.

64. Lila-lila kadenge sora ngadjĕrit,
tjeurik bĕdas pisan,
harita pikiran koering,
ingĕt keur kapoengkoer tea.

Pangkoer.

65. Ras ingĕt ka andjeun pisan,
boa aja anoe rek ngarah pati,
tidinja koering djoeng nangtoeng,
toeloej leumpang rek neang,
bisi ĕnja andjeun anoe keur dikĕpoeng,
barang geus deukeut tetela,
andjeun noe keur dibĕbĕrik.

66. Koering enggal-enggal loempat,
nja ngaboeroe ka djalma noe ngabĕrik,
njora ngagĕro djeung noebroek,
barang ret djalma loba,
nararendjo ka koering anoe rek ngamoek,
andjeun ditinggalkeun geuwat,
kabeh maralik ka koering.

67. Tadina mah koering niat,
arek ngamoek noe moro rek dibasmi,
tapi andjeun teh geus djaoeh,
djadi geus tangtoe pisan,
moal aja djalma anoe bisa njoesoel,
djadi andjeun tĕrang pisan,
geus lesot tina balai.

68. Koering atoh teh katjida,
reh ka andjeun geus bisa malĕs boedi,
tjiptaning di djĕro kalboe,
nadjan koering tjilaka,
dikadekan ditoembak sarta dipĕntoeng,
tapi hĕnteu panasaran,
pasrah pisan lahir batin.

69. Sarehna sim koering ningal,
geus kaloear andjeun tina balai,
koering hĕnteu toeloes ngamoek,
toeloej neangan akal,
pibisaeun salamĕt diri sakoedjoer,
toeloej bae koering loempat,
kana roengkoen anoe boeni.

70. Barang geus djaoeh ti djalma,
bĕt ngarasa tjape kaliwat saking,
djeung hanaang hajang nginoem,
beuteung ngarasa lapar,
teu katahan toeloej bidjil tina roengkoen,
niat neangan mamangsan,
doemadakan manggih andjing.

71. Andjing lintoeh dikoeroengan,
hĕnteu beunang diasoepan koe koering,
djeung koeroeng teuing koe pĕngkoeh,
tapi aja pantoan,
djeung pantona molongo hĕnteu ditoetoep,
geuwat bae koering loentjat,
sĕdja rek ngarontok andjing.

72. Asa kabĕnĕran pisan,
tangtoe pisan andjing beunang koe koering,
tapi barang koering asoep,
barĕng harita pisan,
panto noetoep andjing bidjil tina koeroeng,
nja ieu di dieu pisan,
koering hĕnteu bisa bidjil.

Midjil.

73. Tah sakitoe lalampahan koering,
anoe geus kalakon,
anoe matak ajeuna koering teh,
digarogol teu bisa bidjil,
boedi moelak-malik,
tapi teu kaoentoep.

74. Sanggeus ngomong maoeng njĕgroek tjeurik,
matak watir nendjo,
reh pikirna tangtoe isoekna teh,
koe manoesa mo' salah deui,
geus tangtoe dipeuntjit,
moal noetoeg hiroep.

75. Oentjal ngoetjap di sadjĕro ati,
watir teuing meong,
niat noeloeng sasama oemat teh,
kari-kari diri pribadi,
bĕt manggih balai,
pantĕs moen ditoeloeng.

76. Toeloej bae oentjal ngomong manis,
eh sakadang meong,
koering hajang noeloeng ka andjeun teh,
sakawasa sakoeat koering,
soeganna lastari,
andjeun teh ka toeloeng.

77. Ngan koeroengna pĕngkoeh liwat saking,
bĕt hoream nendjo,
kitoe oge oelah aral bae,
koedoe ingĕt ka Maha Soetji,
soegan aja takdir,
awet keneh hiroep.

78. Tapi lamoen ngan koering pribadi,
anoe njoengkal panto,
tangtoe pisan moal bisa ngeser,
djadi koedoe doeaan pasti,
noe ti loear koering,
andjeun ti djro koeroeng.

79. Tapi kitoe oge koering djangdji,
moen andjeun geus lolos,
tina ieu kasoesahan gĕde,
andjeun koedoe ngadamĕl djangdji,
mo ngamangsa koering,
satoeroen-toemoeroen.

80. Sarta andjeun koedoe pisan mikir,
oerang bangsa sato,
oerang kabeh hiroep di doenja teh,
ngan lantaran takdir Mah' Soetji,
estoe darma hoerip,
teu aja kagadoeh.

81. Lamoen ĕnggeus nĕpi kana takdir,
hĕnteu meunang tempo,
tangtoe pisan oerang bakal paeh,
moal bisa oerang soemingkir,
nadjan gagah sakti,
ngaleuwihan batoer.

82. Tina eta satoengtoeng keur hoerip,
hĕnteu beunang sombong,
koemagoengan bĕdĕgong goemĕde,
nadjan pintĕr oelah pisan dir,
oelah ieu aing,
sabab wĕdoek tanggoeh.

83. Oelah djoelig dĕngki sirik-pidik,
ka sasama sato,
oelah sakawĕnang-wĕnang bae,
sabab kabeh gĕde boh leutik,
tekadna mah sami,
pada hajang hiroep.

84. Kabeh hajang baroga rĕdjĕki,
hajang sĕnang ongkoh,
seubeuh nĕda sarta tibra sare,
naha saha hajang prihatin,
tangtoe moal manggih,
noe saroepa kitoe.

85. Tina eta pamenta sim koering,
eh sakadang meong,
oelah hajang ka banda noe sedjen,
ridjki noe sah anoe dipilih,
sanadjan saeutik,
bĕrkahna mah agoeng.

86. Lamoen oerang erek sirik-pidik,
dĕngki djeung bĕdĕgong,
rĕsĕp karĕp ka banda noe sedjen,
tangtoe batoer ka oerang idjid,
moen manggih balai,
mo aja noe noeloeng.

87. Malah kabeh hajang pada nindih,
nambahan karepot,
pada hajang njilakakeun bae,
djadi tangtoe salawas hoerip,
mo djamoega pasti,
kasmaran noe poegoeh.

88. Tapi sabalikna deui,
moenggoeh oemat pĕrloe pisan,
pada silihtoeloengan teh,
asih ka pada kawoela,
*moen aja noe sangsara,*
koe oerang wadjib ditoeloeng,
tina kasoesahanana.

89. Djaga ge tangtoe kapanggih,
babalĕs Anoe Kawasa,
sanadjan teu kontan oge,
moen oerang manggih kasoesah,
doemadak bae aja,
*anoe daekeun* toetoeloeng,
teu koedoe nagih boh menta.

90. Geura moen baheula koering,
hĕnteu njieun kahadean,
nja ka anak sampean teh,
tjadoe teuing moen sampean,
daek noeloeng ka koela,
geus tangtoe koering kapikoet,
dipaehan koe manoesa.

91. Padahal baheula koering,
noeloengan anak sampean,
ngan pĕrkara noe sapele,
hĕnteu ngadjadikeun soesah,
teu beurat ka koeringna,
ngan Goesti Noe Maha Agoeng,
moerah ka pada kawoela.

92. Oerang koedoe saleh ati,
sabar adil palamarta,
rĕndah adab handap asor,
lamoen batoer kasalahan,
ambĕk napsoe ka oerang,
koe oerang *koedoe dima'loem,*
**oelah dibalĕs amarah.**

93. Sabab lamoen kitoe pasti,
tangtoe djadi moemoesoehan,
ngadjadikeun goreng hate,
nadjan aja kahadean,
tjek paribasa ta mah,
tjara halodo satahoen,
lantis koe sakali hoedjan.

94. Kahadean kitoe deui,
leungit saharita pisan,
moen manggih kagorengan teh,
anoe matak koedoe bisa,
nahan napsoe amarah,
eta andjeun koedoe kitoe,
nja hiroep di alam-doenja.

95. Sakitoe pepeling koering,
moegi andjeun oelah hilap,
ngestoekeun piwoelang sae,
sabab kabeh kasoesahan,
atawa kasĕnangan,
moal karasa koe batoer,
nja karasa koe sorangan.

96. Pok meong ngadjawab ririh,
eh oentjal noe bidjaksana,
eta kabeh piwĕdjang teh,
bĕnĕr teu aja salahna,
koering moepakat pisan,
teu lian ngan moedji soekoer,
noehoen lahir-batin pisan.

97. Koering ajeuna rek djangdji,
sĕdja rek noeroetkeun pisan,
kana piwoelang andjeun teh,
sarta ti watĕs ajeuna,
andjeun sakoela-warga,
koe koering diakoe doeloer,
pĕrnah anom oepamana.

Sinom.

98. Oentjal bangĕt soeka boengah,
reh piwoelangna katampi,
digoegoe koe meong tea,
malah meong ngakoe wargi,
mandjangan ngomong deui,
eh akang sakadang maoeng,
noehoen tarima pisan,
reh ngakoe doeloer ka koering,
moegi bae roentoet-roekoen salamina.

99. Ngan koering boga wĕwĕkas,
rehna tadi koering djangdji,
akang satoeroen-toeroenna,
ka koering sakoela-wargi,
oelah rek djoelig dĕngki,
gindi pikir hate palsoe,
oelah niat ngamangsa,
nadjan lapar liwat saking,
kitoe oge nja koedoe aja watĕsna.

100. Reh geus aja ti ditoena,
oentjal teh ĕnggeus dipasti,
nja koedoe djadi mamangsan,
maoeng anoe leuwih sakti,
teu beunang owah deui,
eta geus takdirna kitoe,
tina pĕrkawis eta,
ajeuna djangdji sim koering,
lamoen maoeng rek ngamangsa ka mandjangan.

101. Maoeng koedoe mere tanda,
oentjal ge nja kitoe deui,
lamoen oentjal geus nembalan,
mere tanda noe geus pasti,
koedoe disanak deui,
ngamangsana oelah toeloes,
tapi oepama oentjal,
teu mere tanda noe sidik,
eta tĕrang jen geus nĕpi ka kadarna.

102. Eta tangtoe djadi tanda,
jen Goesti Noe Maha Soetji,
ka maoeng ĕnggeus ngidinan,
nja ngamangsa oentjal tadi,
eta noe kitoe pasti,
nja djadi mamangsan maoeng,
beunang toeloej didahar,
koe andjeun sakoela-wargi,
tab sakitoe wĕwĕkas koering ka akang.

103. Maoeng soeka-boengah pisan,
mirĕng oentjal ngomong manis,
djangdjina geus dirĕmpoegan,
toeloej soempah lahir-batin,
rek ngestoe kana djangdji,
sanggeus badamina toetoeg,
toeloej sasajagian,
rek moeka garogol awi,
katjatoerkeun panto garogol geus moeka.

104. Geuwat bae meong loentjat,
tina garogol geus bidjil,
geus loebar tina bahaja,
meong atoh liwat saking,
noehoen ka Maha Soetji,
lahirna mah ka noe noeloeng,
nja ka oentjal boektina,
ti dinja toeloej arindit,
bari ngomong leumpang ngarendeng doeaan.

105. Teu katjatoer di djalanna,
tjatoerkeun bae geus nĕpi,
ka ĕnggon noe boeni pisan,
sanggeusna badami deui,
toeloej papisah balik,
masing-masing kana roengkoen,
djeung ti watĕs harita,
silih pikanjaah asih,
pilih gĕnti toetoeloeng silih belaan.

Kinanti.

106. Sigĕg deui noe katjatoer,
kotjapkeun isoekna deui,
oerang desa. Soekalilah,
geus pada sajagi deui,
katjarita geus braj beurang,
toeloej karoempoelan deui.

107. Karoempoel di aloen-aloen,
sĕdjana erek arindit,
ka leuweung rek neang matjan,
noe dina garogol awi,
kabeh djalma geus sadia,
pakarangna roepi-roepi.

108. Aja noe mawa pĕpĕntoeng,
aja anoe mawa bĕdil,
bĕdog tjerengkeng djeung toembak,
sawareh marawa kĕris,
tjatoerkeun bae geus boedal,
ramena tjara kamari.

109. Gantjangkeun bae geus tjoendoek,
ka ĕnggon garogol awi,
geuwat njalampeurkeun pisan,
nja kana garogol tadi,
bari ngaloegas pakarang,
da kabeh pada kawatir.

110. Inggis bisi meong ngamoek,
djadi koedoe ati-ati,
pakarang geus dilaloegas,
bĕdilna geus diareusi,
tapi barang geus deukeut mah,
kaget sakoer noe ningali.

111. Bĕt garogol teh geus soewoeng,
meongna geus bidjil deui,
tapi pantona teu moeka,
ngan aja roeksak saeutik,
aja noe potong palangna,
tapi molongona leutik.

112. Oepamana eta maoeng,
montjor ti noe potong tadi,
geus tangtoe sĕrĕg katjida,
djadi moal bisa bidjil,
toer di noe sedjen-sedjenna,
hĕnteu aja tanda deui.

113. Matak heran liwat langkoeng,
ningal boekti noe kapanggih,
teu aja pisan pangira,
jen maoeng rek bisa bidjil,
koeroeng sakitoe pĕngkoehna,
toer molongona saeutik.

114. Barang ret ka pipir koeroeng,
tambah heran noe ningali,
bĕt aja tapak mandjangan,
kabeh djalma pada mikir,
tajoh ieu mah siloeman,
lain sato anoe jakin.

115. Kamari oge geus poegoeh,
keur waktoe oentjal dibĕrik,
oentjal teh geus rek meh beunang,
doemadakan meong bidjil,
siga anoe rek noeloengan,
ka oentjal noe meh kapeuntjit.

116. Barang maoeng geus kakoeroeng,
tajohna ditoeloeng deui,
dibidjilkeun koe mandjangan,
moen kitoe mah lain mih,
leuwih hade oerang boebar,
ka lĕmboer oerang baralik.

117. Ieu tjarita geus toetoeg,
teu aja tĕroesna deui,
doepi panoehoen noe ngarang,
ka sadaja moerangkalih,
sing barisa naroeroetan,
kana tjonto noe kapanggih.

118. Pieunteungeun anoe aloes,
moerih salamĕtna diri,
nja tjara lampahna oentjal,
noe bĕrboedi bĕrsih ati,
noeloeng anak maoeng tea,
anoe kapĕntjet meh mati.

119. Kitoe deui lampah maoeng,
anoe bisa malĕs asih,
boga rasa djeung roemasa,
narimakeun boedi asih,
ahirna maoeng djeung oentjal,
ngakoe doeloer lahir-batin.

120. Tamat ngarang ieu boekoe,
mĕnĕran di boelan Juli,
tanggal doea poeloeh lima,
taoenna sareboe leuwih:
slapan ratoes gĕnĕpwĕlas,
poekoel doeawĕlas peuting.

---

## *e.* KIAMAT LEUTIK 1)

Kaajaan di Tjaringin nalika Goenoeng Rakata bitoe tahoen 1883.

*(Papaes nonoman).*

Poetjoeng.

1. Di Tjaringin kakoeping laoet ngagoeroeh,
matak hebat pisan,
kalalĕtir kana hate,
tingdjĕlĕgoer ombak anoe neunggar karang.

1) karangan Toebagoes Djajadilaga H. S. A. R. Pandeglang (Bantĕn).



P. Jm. Toean HASAN MOESTAFA
Hoofdpanghoeloe Bandoeng jang pensioen; sebeloemnja djadi Panghoeloe di Bandoeng, beliau djadi hoofdpanghoeloe di Atjèh. Seorang Soenda jang kenamaan sekali karena 'ilmoenja.

2. Tada teuing sĕpoeh² noe ka poengkoer,
anoe geus ngalaman,
kalembak koe bandjir gĕde,
poetoes njawa lantaran Goenoeng Rakata.

3. Tjariosna nalika Rakata bitoe,
hoedjan lĕboe heula,
langit tjeudeum poëk mongkleng,
toeloej roesoeh pamajangan di Sanggoma.

4. Brakbroek sampan djeung tjompreng pada diadoe,
rea anoe bĕntjar,
kabantingkeun ombak gĕde,
laoet pasang ngalangkoengan ti biasa.

5. Hoedjan lĕboe katema koe hoedjan batoe,
trengtrong sora karang,
ninggang kana hateup kĕnteng,
rea imah noe roeboeh noe kahoeroean.

6. Wawangoenan hawoek katoetoep koe lĕboe,
komo tatangkalan,
kĕkĕmbangan kitoe keneh,
manoek² halibĕr leungiteun sajang.

7. Sadajana para menak² agoeng,
ngĕmpĕlkeun ponggawa,
miwarang ngadamĕl getek,
teu disangka rek tjaah antép-antĕpan.

8. Rakit² dadakan manggoeloeh-poeloeh,
teu aja goenana,
hese gawe teu kapake,
tjai laoet pasangna teh ngawoewoehan.

9. Oerang lĕmboer maroeboes roesoeh tagiwoer,
noe ngaler noe ngetan,
seuseueurna ka Padjamben,
moro tĕmpat noe teu katĕpi koe ombak.

10. Lĕbah dinja eusi dajeuh sami goegoep,
hĕnteu poegoeh tjabak,
poho di njĕri di tjape,
tingkotjeak sora anoe maridangdam.

11. Noe keur gĕring maksakeun patingdaringklock,
miloe ka noe rea,
kitoe deui noe rerempo,
naloetoerkeun nikreuh leumpang pangtoekangna.

12. Dintĕn Sĕnen kintĕn djam salapan langkoeng,
ombak gĕde datang,
ngagoeroeh ti tĕbeh koelon,
djĕgoer ninggang ka tĕngah[2] nagara.

13. Wantoe ombak gĕde loehoer kawas goenoeng,
sakali ngalembak,
kota Tjaringin teh seep,
dajeuh kĕrta lĕs ilang tanpa karana.

14. Saajeuna ngan ngaranna anoe kantoen,
ari kotana mah,
gĕdong[2] djeung kakajon,
seep pisan hĕnteu aja anoe njesa.

15. Priboemina noe kabasmi laksa-riboe,
djeung ingon-ingonna,
koeda-sapi-moending-ĕmbe,
joetan-kĕten djadi parab loemba-loemba.

16. Pĕpĕndakan sasoeroedna tjai laoet,
djabi roentah[2],
tangkorek patinggaloler,
noe soemĕlap 'na handap-handapeun karang.

17. Bangke djalma rea noe njangsang noe moeboej,
patinggaloletak,
sapalih tinggal rorongkong,
teu katawis bangke saha-sahana mah.

18. Sisi tjai moeara Tjipoentanägoeng,
aja noe mĕndakan,
bangke awewe njangkere.
njangkeh anak bangoen anoe keur njoesoean.

19. Babajina siga noe ngarangkoel indoeng,
nja kitoe indoengna,
pageuh nangkeup anakna teh,
tina njaah hajang paeh reureudjeungan.

20. Noe naringal eta bangke tingsalĕgroek,
bawaning ngahĕlas,
njoeroetjoed hoedjan tjipanon,
sararĕdih ningal noe tjinta ka anak.

21. Tingharĕloek sadajana noe rek ngoeboer,
toengtoengna lajonna,
disakaloeatkeun bae,
dina kiloeng patangkeup-tangkeup doesan.

22. Toenda majit, dajeuh Tjaringin ditjatoer,
samĕntas kalembak,
dioeroes dihade-hade,
tanah kosong noengtoet laoen diimahan.

23. Oerang dajeuh noe masih keneh hariroep,
sadaja maroelang,
ka tĕmpatna noe bareto,
djongdjon toehon imah-imah sabiasa.

24. Saajeuna Tjaringin geus djadi lĕmboer,
desa rame pisan,
patĕmpatan noe masantren,
tani, dagang di dinja madjĕng katjida.

25. Anoe maos ieu tĕmbang poepoeh Poetjoeng,
bilih palaj tĕrang,
ka Tjaringin dajeuh kolot,
mangga amĕng toeroen di halteu Laboean.

---

## f. KATJAPANGAN NONOMAN PASOENDAN KA PAJOEN ANOE REK LIAR KALOEAR TI POELO DJAWA 1).

*(Papaes Nonoman).*

Sinom.

1. Pileuleujan Noesa Djawa,
ajeuna kaoela indit,
rek njaba ka alas peuntas,
meuntas laoet něbak tjai,
mipir-mipir basisir,
njoesoel nagri noe kamashoer,
mapaj noe kapitjangtjam,
noe anggang ti těmpat tjitjing,
maksoed njaba ñěroesan omongan bedja.

2. Lain koering arek nolak,
teu ingět ka lěmah tjai,
nilar těmpat pangdoemoekan,
soemawonna moen teu soedi,
tjitjing di těmpat lahir,
oeroet indoeng koering noeoes,
koering njingkah sotenan,
njingkah nganggangan kapeurih,
peurih ati hajang makajakeun inja.

3. Rek mangnjiarkeun kamoeljan,
pangdeudeul pananggeuj indji,
geusan goenoeng pananggeuhan,
iteuk paněkěn keukeumbing,
ambeh oelah tigoeling,
ěnggoning lelengkah haloe,
noe matak popohoan,
dibelaan sědih pikir,
panasaran moen maksoed tatjan sampoerna.

4. Raraga oerang papisah,
pangatjian mah ngahidji,
sakantetan saroentoejan,

---

1) karangan R. Soeradiwidjaja, Goeroe di Těbingtinggi.

hamo lĕpat dina ati,
bade dipoesti-poesti,
didjieun loeloegoe lakoe,
niat rek ngabelaan,
kadjeun lara djeung prihatin,
sangkan bisa djasad ngadjoengdjoengkeun awak.

5. Noe ditĕda ngan doe'ana,
pamoega diparĕng hasil,
geus hasil poelang ka asal,
ka bali geusan ngadjadi,
mĕntas moedja sĕmedi,
dipisono koe noe kantoen,
ajeuna mah wajahna,
hate tibĕlat djeung ngĕrik,
adoeh Djawa doenoengan salamĕt tinggal.

---

*Goeroe moersid.*

*Oetamaning manoesa noe laip,*
*koedoe boga goeroe noe sampoerna,*
*noe dipoesti dina hate,*
*dipoendjoeng dipitoehoe,*
*salilana rasana njanding,*
*ngagendeng lampah oerang,*
*lakoe tangtoe moeloes,*
*moal wani sambewara.*
*doemeh aja anoe ngawaskeun ningali.*
*rek goreng oerang wirang.*

*Goeroe kitoe istoe loehoeng moersid,*
*kaantjikan pĕrbawaning moelja,*
*koe eling geus matak hade,*
*tĕgĕs martabat loehoer,*
*tapi moerid anoe ngabakti,*
*bisa ngoeroeng napsoena,*
*koe ingĕt ka goeroe,*
*eta oge djalma bagdja,*
*saha² noe toehoe ka goeroe moersid,*
*tinangtoe kataekan.*

## *g.* WAWATJAN WOELANGKRAMA.

karangan

R. *Hadji Moehamad Moesa.*

*(Ditjilak di 's Landsdrukkerij 1862).*

**Asmarandana.**

1. Woelangkrama noe digoerit,
tĕgĕsna woewoelang krama,
piwoeroek lampah noe sae,
hidji prakara bakoena,
oelah katoengkoel soesah,
soelit djoewĕt djeung ngoeloewoet,
balik ka ingĕt pĕrjatna.

2. Toenggal eusi boemi-langit,
naon-naon kalakoean,
noe geus beunang koe noe sedjen,
koe maneh ge meureun beunang,
lamoen tjĕngĕng pikiran,
lampah wĕkĕl ati soehoed,
pageuh moentang ka Pangeran.

3. Kadoea prakara deui,
ari djalma hiroep eta,
oelah katalandjoer omong,
soeaban lantjang soepata,
oepama roegi dagang,
pinggĕs modal noe kapoengkoer,
montong lĕlĕb dipikiran.

4. Balikan gĕdean pikir,
wawani sabeunang-beunang,
toeloejkeun lampah dagang teh,
anoe bakal dipilampah,
ka hareup nja mikiran,
teu pedah mikir ka poengkoer,
ka hareup masing waspada.




*Museum*, jang biasa diseboet *orang Gedoeng Gadjah, Gedoeng Artja, Gedoeng* intan atau Gedoeng Zimat: disinilah tersimpan segala barang-barang koeno jang dikoempoelkan dari seloeroeh tanah Hindia.

5. Katiloe prakara deui,
oelah rek wawanianan,
nangtoekeun sagala gawe,
anoe tatjan kapilampah,
manoesa teu kawasa,
sanadjan moenggoeh noe ngadoe,
teu bisa mastikeun meunang.

6. Kaopat prakara deui,
wadjib koedoe dipikiran,
ngaleungitkeun kasoesah teh,
soepama boga kasoesah
kira aja tambana,
keur ngaleungitkeun pakewoeh,
pek leungitkeun masing sirna.

7. Moen kapikir moal leungit,
taja pitambaeunana,
koedoe diasrahkeun bae,
dipikir ge hĕnteu pedah,
anggoer sok djadi tambah,
ana dipake ngoeloewoet,
boerĕt djadi tambah soesah.

8. Kalima prakara deui,
papasten teu kanjahoan,
tandana taja noe njaho,
boektina teu bisa noelak,
kabeh noe kalakonan,
tjara roegi reudjeung oentoeng,
sĕrta bagdja djeung tjilaka.

9. Kagĕnĕp prakara deui,
lakoe-lampahing manoesa,
geus koedoe prajatna bae,
radjeun oge sok katingal,
baja noe tatjan datang,
saoepama langit mĕndoeng,
alamat rek datang hoedjan.

10. Nja kitoe deui bilahi,
radjeun oge katingalan,
pibajaeun ka awak teh,
sabeunang-beunang pikiran,
pipanoelakeunana,
soepaja loepoet pakewoeh,
pibajaeun hanteu datang.

11. Sok radjeun oge bilahi,
noe kira bangĕt datangna,
tapi tina atos-atos,
pĕrjatna bisa noelakna,
tĕmahna hanteu datang,
djeung rea-rea pakewoeh,
anoe katoelak koe sabar.

12. Djeung rea-rea bilahi,
noe asalna leuleutikan,
tapi ana datang gĕde,
matak tjilaka ka awak,
tina tinggal prajatna,
didjoedjoer koe hawa napsoe,
ditoelakna koe amarah.

13. Katoedjoeh prakara deui,
moen maneh boga panĕda,
panoenoehoen ka noe gĕde,
koedoe dipikir gĕnahna,
dipambrih loentoer sihna,
leuwih hade koe pioendjoek,
montong ditoedjoel koe soerat.

14. Manawa bae loentoer sih,
anoe ditĕdaan tea,
kĕtjap omong djeung pasĕmon,
soegan djadi kaelingan,
sih piwĕlas manahna,
hanteu nampi ka panoehoen,
lamoen ditoedjoel koe soerat.

15. Noe gĕde gampang ngalahir,
diasoepkeun kana soerat,
nampik ka panoehoen maneh,
kadalapan prakarana,
lamoen boga panĕda,
hanteu pĕrnah isoek-isoek,
koedoe sore mĕntas toeang.

16. Ĕnggeus djadi loeang pranti,
waktoe sĕnang mamanahan,
koedoe ĕnggeus dahar bae,
djĕdjĕg prajoga elingan,
beda jen tatjan dahar,
waktoe napsoe kana sangoe,
moal ngawaro noe lian.

17. Djeung kasalapan prakawis,
lamoen aja anoe lian,
noe barangpenta ka maneh,
oelah ngaloepoetkeun pisan,
bere sawatarana,
gaib lampah noe ka pajoen,
bok maneh kapaksa menta.

18. Djadi maneh meunang isin,
kasorang meunang wiwirang,
asal dipenta teu mere,
oetamana oelah menta,
geus tangtoe di emoetan,
maneh teh tampa panaoer,
pait-amis ge wajahna.

Dangdanggoela.

19. Kasapoeloeh prakarana deui,
maneh oelah ngagoegoedjĕg menta,
lamoen ĕnggeus teu dibere,
karana noe djadjaloek,
noe geus djadi loembrah paranti,
noe ngagoegoedjĕg eta,

rea anoe loepoet,
keukeuh pang hanteu merena,
djeung ditĕrka ngarĕboet banda ge wani,
tina koerang wiwirang.

20. Kasawĕlas prakarana deui,
lamoen maneh niat rek ngalamar,
atawa rek boga bodjo,
samemehna ditangtoe,
oelah koerang pikir pamilih,
koedoe beuntakeun mata,
lamoenna geus tangtoe,
atawa geus kawin pisan,
panon maneh peureumkeun tjotjokan tjeuli,
eta kieu tĕgĕsna.

21. Koedoe beak pamikir pamilih,
memeh kawin oelah rek handjakal,
djeung ari geus djadi bodjo,
koedoe oelah kadoehoeng,
ĕnggeus liwat ĕnggon pamilih,
ditioeng ĕnggeus hoedjan,
sasat ĕnggeus tjiproek,
djeung kadoea prakarana,
ka awewe oelah tjara ratoe dĕngki,
niaja ka abdina.

22. Oelah tjara toekang ngangon kambing,
ka ĕmbena ngeunakeun wisesa,
hanteu pisan make adjen,
lamoen salah digĕboeg,
lamoen kitoe pantĕs teu rapih,
koedoe gĕde hampoera,
meureun loeloes-roentoet,
koedoe sabanda-saboga,
djeung awewe sapapait-samamanis,
sabagdja-satjilaka.

23. Reudjeung katiloewĕlas prakawis,
lamoen maneh parĕng boga anak,

eta pĕrloe pisan maneh,
oelah koerang pitoetoer,
pasantrenkeun ka noe binangkit,
ka djalma nce sampoerna,
salampahna patoet,
oepama koerang magahan,
ka anak teh sasat ngarjaja diri,
kadoehoeng salawasna.

24. Nja magahan anak masing apik,
beda-beda koemaha watĕkna,
boedak eta sedjen-sedjen,
aja noe koedoe kĕtjoet,
noe teu beunang dibere manis,
djeung kareaan boedak,
anoe sok digoenggoeng,
sasat dibere pakarang,
ditĕwĕkkeun ka indoeng ka bapa aki,
singgĕtna ka manehna.

25. Reudjeung boedak sawarehna deui,
aja noe teu beunang dikésitan,
koedoe dileuleusan bae,
ana dibere kĕtjoet,
djadi bĕlĕt koerang pamikir,
koerang akal-panalar.
marga tina goegoep,
katoengkoel koe kasieunan,
hanteu bĕger djadi kĕmba koerang ati,
tinggal ati ihtiar.

26. Sarta moenggoeh di anak lalaki,
lamoen bangĕt dikĕsitanana,
teu dibere boedi sareh,
tĕmahna noengtoen napsoe,
liwat sieun toengtoengna wani,
tinggar-kalongeun tea,
paribasa goenoeng,
kalong rĕmĕn dibĕdilan,
tambah wani teu kaget koe sora bĕdil,
anggoer tambah ngaroeksak.

27. Kitoe deui di anak lalaki,
tina rĕmĕn ditjarekanana,
bidjil napsoena noe goreng,
ka bapa wani noemboek,
ka indoeng ge wani nampiling,
malah wani maehan,
tjoekoel tjoetjoed boeroeng,
djadina koedoe waspada,
nja magahan anak teh soepaja hasil,
asoep kana pikirna.

28. Leuwih hade sareh reudjeung manis,
nja magahan soepaja kapaham,
karana pamagahan teh,
tara daekeun asoep,
kana ati lamoen koe sĕngit,
hanteu beunang dipaksa,
koedoe diloeloenjoe,
ana dipaksa ngaroeksak,
kana ati nalar hade hanteu nĕpi,
mangpaoeng pipikiran.

29. Djeung kaopatwĕlasna prakawis,
ari sampoernaning hiroep eta,
koedoe boga sobat hade,
keur batoer silih toeloeng,
aplal sobat ti batan kĕris,
tapi koedoe milihan,
djalma anoe loeloes,
anoe tĕtĕp agamana,
anoe pintĕr anoe gĕde tĕmah-wadi,
karana satĕmĕnna.

30. Djalma djahil anoe koerang boedi,
hanteu beunang dipake sahabat,
sok tara datang ka antek,
teu ngoeroes maksoed batoer,
kahajangna noe koedoe djadi,
ari teu katĕkanan,
gantjang djadi satroe,

tĕrkadang wani maehan,
sobat djahil leuwih gampang ngarah pati,
sabab njaho djalanna.

31. Taloengane koe satroe sakali,
poegoeh bae geusan ngadjagana,
sabab geus tetela goreng,
teu tjara sobat palsoe,
boga moesoeh sadjroning diri,
gampang njieun tjilaka,
anoe matak koedoe,
nja njobat ka noe sampoerna,
soepajana djadi batoer beurang-peuting,
bisa njimpĕn rasiah.

32. Djeung kalimawĕlasna prakawis,
saoepama tĕgĕs asoep sobat,
oelah hajang meunang maneh,
sing daek silih toeloeng,
lamoen sobat boga papait
toeloeng sabeunang-beunang,
reudjeung deui koedoe,
djeung sobat silih hampoera,
sabab taja hidji djalma anoe sĕpi,
tina kaloeloepoetan.

33. Djeung kagĕnĕpwĕlasna prakawis,
lamoen maneh boga sobat anjar,
anoe kira mantĕp hate,
djeung deui boga elmoe,
maneh oelah rek gantjang sĕngit,
prakara leuleutikan,
anoe hanteu soeroep,
datang ka papisah sobat,
eta oelah poendoeng koe djalan saeutik,
leuwih hade ma'loeman.

34. Bisi boga pikir kapingwoeri,
waka pisah djalan leuleutikan,
nadjan moenggoeh gamĕlan ge,

ana tatjan dipatoet,
wirahmana geseh pabeulit,
soembang patoekang-toekang,
manoesa nja kitoe,
sobat tatjaŋ rakĕt pisan,
rea-rea djalan pasalia pikir,
roentoet ari geus loma.

35. Djeung katoedjoehwĕlasna prakawis,
oelah gantjang rek ambĕk ka sobat,
nadjan tjidra ti djangdji ge,
pikir heula sing poegoeh,
anoe matak tjidra ka djangdji,
rea-rea sababna,
teu beunang disĕboet,
djadi tanda kagorengan,
rea anoe tjidra koe apĕsing diri,
eta koedoe waspada.

36. Djeung kadalapanwĕlas prakawis,
moenggoeh kakarĕpaning *manoesa,*
noe djadi adat loembrah teh,
omong hajang digoegoe,
omong batoer *teu dipidoeli,*
rĕsĕp ka sobat anjar,
noe kakara wawoeh,
mana rĕsĕp ka noe anjar,
saomongna hajang dialĕm dipoedji,
ari sobat lawas mah.

37. Moal pati kaget sarta moedji,
tina ĕnggeus kalawasanana,
eta kitoe sababna teh,
*lain koe* bosĕn wawoeh,
tina watĕk hajang dipoedji,
kasalapanwĕlasna,
prakara ditjatoer,
djalma anoe koret eta,
oelah pisan dihoekoemkeun djalma djahil,
hĕnteu boga kawĕlas.

38. Djalma koret anoe hade pikir,
rea anoe mapatahan paham,
lampah kana djalan hade,
noedoehkeun kana loeloes,
noe mangpa'at ti batan doeit,
loembrah noe koret eta,
njaah koe sabaroe,
malaoer bidjil gĕtihna,
hanteu daek pisah djeung doeit sadceit,
eta kitoe watĕkna.

39. Kitoe soteh lain pisan moedji,
ka noe koret ngan lamoen rek njobat,
ka noe koret hade bae,
anoe lampahna patoet,
geus katiten atina bĕrsih,
hanteu aja tjoerangna,
lakoena kasoeroep,
babakoena koret eta,
hanteu hade mangke di hareup kapanggih,
di toedjoeh poeloeh pasal.

Kinanti.

40. Prakara kadoea poeloeh,
lamoen maneh boga ridjki,
rek mere ka anoe lian,
koe maneh koedoe dipikir,
rek mere ka anoe lian,
anoe awet kapakena,
soepaja djadi pepeling.

41. Keur pangeling-ngeling batoer,
panarima hĕnteu lali,
tapi maneh sabalikna,
patjoean rek eling-eling,
djeung oelah rĕmĕn tjarita,
siga noe hajang kapoedji.

42. Prakara noe kasalikoer,
maneh koedoe eling-eling,
mere atawa noeloengan,
koedoe kĕrĕp kadjeun leutik,
oelah gĕde ari tjarang,
karana manoesa galib.

43. Adatna anoe geus oemoem,
moen teu kira tampa deui,
poetoes kaingĕtanana,
mana koedoe ngeutik-ngeutik,
soepaja oelah mogogan,
berean kadjeun saeutik.

44. Oepama mentana loepoet,
babari njĕrieun ati,
pamere gĕde katoekang,
kabeh kahadean leungit,
kitoe adatna manoesa,
dĕlit parabot noe miskin.

45. Prakara kadoealikoer,
maneh koedoe boga pikir,
ari tampa kahadean,
oelah sahinasna teuing,
geus koedoe roemasa hoetang,
oelah poho beurang-peuting.

46. Bok maneh teu bisa naoer,
sasat djadi tjatjad diri,
ditĕrka koerang tarima,
sabab adatna noe galib,
koedoe aja pamandĕngna,
hĕnteu sĕpi tina pambrih.

47. Prakara katiloelikoer,
toenggal kahadean diri,
djalma noe rĕsĕp njoegoehar,
sakoerang-koerangna pasti,
meureun rea kawawoehna,
moen ngandjang dibalĕs deui.

48. Prakara kaopatlikoer,
maneh oelah rĕsĕp teuing,
ngandjang ka imah tatangga,
lamoen taja anoe misti,
sarta lain di waktoena,
eta lampah hanteu hasil.

49. Djadi roegi mitjeun waktoe,
tinggal gawena pribadi,
ari gawe noe andjangan,
toer ngandjang teh lain misti,
ngadon ngawangkong djeung ngoepat,
wawadoel mikat tjikopi.

50. Pasal salawe ditjatoer,
oetamana amis boedi,
lamoen maneh kaandjangan,
papagkeun koe oelat manis,
soegoehan saaja-aja,
koemaha tali-paranti.

51. Moen djamĕdoed ka tatamoe,
tangtoe djadi omong deui,
tatamoe isin roemasa,
maksoedna teu koengsi bidjil,
bisi rek mere nasehat,
anoe mangpa'at ka diri.

52. Kitoe tjatjadna djamĕdoed,
tĕrkadang njingkirkeun ridjki,
sabab ridjkining manoesa,
tara bloeg toeroen ti langit,
koedoe ti pada manoesa,
tapi hakekatna jakin.

53. Paparin Goesti Noe Agoeng,
noe sipat rahman djeung rahim,
kabeh ridjkining manoesa,
tatapi adat noe lahir,
koedoe lantaran manoesa,
hakekat paparin Goesti.

54. Prakara kagĕnĕplikoer,
arta teu obah» pribadi,
tatapi koeatna arta,
bisa ngobahkeun saboemi,
ngĕrid djalma pirang-pirang,
kitoe pĕrwatĕkna doeit.

55. Anoe alim ĕnggeus toengkoel,
hanteu soedi kana doeit,
hanteu soeka kana arta,
tapi moen teu boga doeit,
boetoeheun kabina-bina,
kitoe adatna noe galib..

56. Prakara katoedjoehlikoer,
oelah sirik ka noe soegih,
panastrenan ka noe beunghar,
karana moenggoeh noe miskin,
soesah moen taja noe beunghar,
ka saha maneh nja koeli.

57. Djeung ka saha nja djadjalock,
lamoen kabeh djalma miskin,
oepama taja nangkoda,
kalasi moal ngadjadi,
oepama teu aja tĕgal,
sapi-moending koerang daging.

58. Pasal kadalapanlikoer,
moen maneh ditakdir soegih,
oelah angkoeh kamagoengan,
koedoe asih ka noe miskin,
njaah ka anoe malarat,
nadjan soegih moal moekti.

59. Moen maneh teu boga batoer,
teu ditoeloeng koe noe miskin,
toengtoengna nanggoeng sorangan,
di mana manggih noe soegih,
doeanana koedoe aja,
noe soegih lawanna miskin.

60. Pasal kasalapanlikoer,
oelah rek ginding tjirigih,
pojokan djeung tinggal adat,
oepama manggih bilahi,
koe batoer dipoeas-poeas,
hanteu pisan dipidoeli.

61. Prakara katiloe poeloeh,
oelah moendjoelkeun pangarti,
lelewa paksa boemisa,
bodo deungeun pintĕr aing,
wĕkasan sok manggih wirang,
aja noe ngoengkoelan deui.

62. Ganti deui noe katjatoer,
pasal tiloe poeloeh hidji,
moen aja di pasamoan,
boedi sareh oelat manis,
ngarĕgĕpkeun omong kantja,
koedoe siga soeka ati.

63. Naon anoe keur ditjatoer,
dengekeun oelah pidoeli,
sarta kaget sĕmoe heran,
maneh sabalikna deui,
montong hajang dipiheran,
atawa hajang dipoedji.

64. Karana djalma noe oemoem,
pikirna hajang dipoedji,
hanteu soeka kaoengkoelan,
sanadjan anoe bĕrboedi,
ana teu nahan napsoena,
kapoengkoerkeun kabeh boedi.

Pangkoer.

65. Pasal tiloe poeloeh doea,
lamoen maneh teu bisa soeka ati,
boengah tjara batoer-batoer,

pintĕr kaja koemaha,
lamoen tinggal tĕmĕn-wĕkĕl tangtoe loepoet,
ngawoela moal kamanah,
tani ge moal kaboekti.

76. Dagang meureun ngandar hoetang,
djoeal-meuli geus moal meunang bati,
sabab tinggal ti sakitoe,
tĕmĕn djeung wĕkĕl tea,
pasal tiloe poeloeh gĕnĕp noe katjatoer,
lampah djalma bohong eta,
tangkal kagorengan diri.

77. Lamoen bohong geus katangar,
saomongna teu aja noe midoeli,
satjatoerna teu digoegoe,
sanadjan satĕmĕnna,
sabab loeang ka toekang aloer ka poengkoer,
anggoer tambah didĕlekan,
atawa ditembal djĕbi.

78. Djadi omong bohong eta,
hanteu pisan ngangeunahkeun ka diri,
rĕmĕn sok manggih pakewoeh,
tapi geus djadi loembrah,
kangeunahan rasa amis tjara madoe,
teu njaho djadi baroeang,
matak ngahinakeun diri.

79. Tapi aja oge pĕrnah,
bohong anoe teu djadi tjatjad diri,
malah aja anoe pĕrloe,
sarta aja noe soenat,
anoe wĕnang tatapi oelah kaliroe,
reana mah anoe haram,
noe matak binasa diri.

80. Bohong noe pĕrloe misilna,
saoepama aja djalma noe dĕngki,
noe rek njilakakeun batoer,

noe rek dikaniaja,
kanjahoan di noe boeni eukeur njoempoet,
oelah dibedjakeun pisan,
soepaja oelah kapanggih.

81. Anggoer maneh lapor geuwat,
oeningakeun ka noe njěkěl poelisi,
kitoe bohong anoe pěrloe,
ari noe bohong soenat,
ngarapihkeun anoe pasea djeung batoer,
repehkeun saakal-akal,
kadjeun bohong sok moen rapih.

82. Ari bohong anoe wěnang,
ngabobodo ngeureunkeun boedak tjeurik,
eta kabeh anoe tiloe,
bohong anoe teu haram,
tapi poma bisina bohong kapatoeh,
tina leutik ngagědean,
djadi koelit djadi daging.

83. Sabisa-bisa singkiran,
oelah pisan bohong nadjan saeutik,
geus mashoer saoer pitoetoer,
bohong hamaning awak,
pasal tiloe poeloeh toedjoeh noe katjatoer,
sabisa sakoeat-koeat,
koe maneh koedoe dipikir.

84. Oelah pisan moemoesoehan,
noe sasatron bangět ngagěgěs pikir,
djeung deui sahidji satroe,
di kagorenganana,
leuwih ti kahadean sobat sapoeloeh,
pasal tiloe poeloeh dlapan,
ajeuna ditjatoer deui.

85. Maneh oelah gantjang-gantjang,
rek nětěpkeun sobat samemeh jakin,
lakoe-lampahna kasoeroep,

bisi meunang handjakal,
hanteu toeloes njobat salin djadi satroe,
hanas bidjilan rasiah,
olok-tombok noe kapanggih.

86. Pasal tiloe poeloeh slapan,
lamoen maneh koe batoer dinjĕnjĕri,
sarta dilangsoengan saoer,
maneh koedoe prajatna,
moen rek malĕs oelah kaboeroe koe napsoe,
teangan heula akalna,
soepaja kabalĕs isin.

87. Tapi ari hadena mah,
montong teuing maneh rek malĕs deui,
leuwih hade bere ma'loem,
di maneh leuwih gampang,
ngahampoera moal tombok koe sabaroe,
balikan moen dilajanan,
matak bae panas ati.

88. Ari panas ati tea,
hanteu hade matak tinggal pamilih,
soemawonna ngoembar napsoe,
tĕmahna karoeksakan,
leuwih hade koe maneh berean ma'loem,
sĕrahkeun bae ka Allah,
Goesti anoe sipat adil.

89. Pasal kaopat poeloehna,
djalma eta sok loeak-leok boedi,
saoepama rĕsĕp koempoel,
tjampoer djeung djoeroedjana,
moal boeroeng bisa njokot banda batoer,
lamoen tjampoer djeung oelama,
moal boeroeng bisa ngadji.

90. Moen rĕsĕp njaba paseban,
moal boeroeng njaho di tata-titi,
moen rĕsĕp njaba ka kaoem,

njaho pěrloening salat,
djadi noeroet koemaha batoerna tjampoer,
wěwěkas noe ngarang těmbang,
noe anom masing areling.

Sinom.

91. Ajeuna noe katjarita,
pasal opat poeloeh hidji,
lamoen aja anoe tjoea,
tatapi omongna manis,
koedoe dibalěs manis,
tatapi oelah digoegoe,
maneh oelah pěrtjaja,
koedoe rangkěpan nja pikir,
omong manis bisi akal woewoedjoekan.

92. Pasal opat poeloeh doea,
maneh koedoe eling-eling,
prakara padoe singkiran,
soepaja salamět diri,
lantaran tjomel biwir,
noengtoen kana djadi padoe,
kagěpok koe prakara,
sakoerangna djadi saksi,
leuwih hade teu kagěpok koe prakara.

93. Opat poeloeh tiloe pasal,
ajeuna kasěboet deui,
banjol oelah kaliwatan,
koedoe make temah-wadi,
bisi naradjang boekti,
noemboek kalakoean batoer,
měněran saěnjana,
matak djadi raheut ati,
njěri angěn djalma anoe dibanjolan.

94. Pasal opat poeloeh opat,
moen maneh boga kabangkit,
pangabisa noe oetama,

anoe mangpa'at ka diri,
oelah njoempoetkeun teuing,
koedoe liarkeun ka batoer,
tangtoe meunang gandjaran,
panarima anak moerid,
elmoe eta oepama bibit-bibitan.

95. Saoepama bibit katjang,
ana teu dipĕlak deui,
taja pihasileunana,
dioenoen mah moal djadi,
kitoe deui pangarti,
teu diliarkeun ka batoer,
moal tambah gandjaran,
djeung moal tambah pangarti,
anoe hawĕk tara rea kawawoehan.

96. Pasal opat poeloeh lima,
adat djalma anoe galib,
sok rĕsĕp andjang-andjangan,
ari noe dipake ngirim,
lain dodol djeung wadjit,
ngan omong anoe teu oeroes,
malar noe diandjangan,
djadi kaboengahan ati,
ngawadoelna asoep mikat panjoegoehan.

97. Djalma anoe kitoe eta,
asoep kana watĕk beurit,
hanteu nalar kahadean,
kabita koe amis hanjir,
tina tinggal ti boedi,
radjeun asoep kana tjoeblock,
kitoe deui di djalma,
ana njampak noe binangkit,
wawadoelna hanteu meunang panjoegoehan.

98. Kaopat poeloeh gĕnĕpna,
anoe katjarita deui,
lamoen maneh boga salah,

ĕnggeus karasa koe pikir,
djeung deui ĕnggeus misti,
maneh koedoe nĕda ma'loem,
geuwat-geuwat lakonan,
montong dimamangke deui,
soepajana teu disĕboetkeun basangkal.

99. Opat poeloeh toedjoeh pasal,
anoe katjatoerkeun deui,
lamoen aja hidji djalma,
lampahna djoelig djeung dĕngki,
lakoena taja deui,
kadjaba ngomongkeun batoer,
misahkeun sasanakan,
ngabĕngkahkeun noe keur asih,
noe ditjatoer ngan kagorengan noe lian.

100. Mana oelah rek pĕrtjaja,
ka maneh nja kitoe deui,
toekangeun mah meureun ngoepat,
djalma teu boga kaasih,
pikirna sirik-pidik,
kasoekana ngadoe-ngadoe,
singkiran masing anggang,
oelah dilomaan teuing,
pangarahna leuwih batan sato galak.

101. Pasal opat poeloeh dlapan,
hiroep koedoe ati-ati,
sing bisa njimpĕn rasiah,
masing pageuh oelah bidjil,
koentji di djĕro ati,
karana ari geus bitoe,
soesah malikeunana,
meureun ngandceng ati risi,
sasat mere kĕris keur nĕwĕk manehna.

102. Oepama bidjil rasiah,
lain ka sahabat djadi
anoe geus bidjil soepata,

pĕrdjangdjian lahir-batin,
sapandjangna ge risi,
rasa katĕkĕm koe batoer,
oepama pagorengan,
kantoen gĕring bae pikir,
rek ngalawan da geus katjĕkĕl rasiah.

103. Sanadjan ka sobat ĕnja,
noe geus djangdji lahir-batin,
oelah merean rasiah,
sakira-kira teu misti,
tapi lamoen geus misti,
oepama rek menta toeloeng,
wĕnang oge ka loear,
koedoe sobat beunang milih,
noe kasĕboet dina pasal opatwĕlas.

104. Pasal opat poeloeh slapan,
lamoen hajang meunang adji,
diadjenan koe noe rea,
montong ngagoengkeun pangarti,
lelewa leuwih aing,
kabisa dipake agoel,
mĕtakeun kapintĕran,
sabisa-bisa sing lantip,
kapintĕran pindingan koe kabodoan.

105. Tjatjadna djalma boemisa,
ngarandĕg teu tambah harti,
rek nanja ka batoer era,
da maneh geus ngakoe bangkit,
kalampah noe geus galib,
bodona boeni dikandoeng,
kabisana didadar,
pangarti dipake oelin,
ana parĕng ditanja hidji masälah.

106. Noe manehna tatjan bisa,
ngahoelĕng rek waktja isin,
doemeh geus boedi boemisa,
bodo deungeun pintĕr aing,
ana pok oelad-alid,
ngawangsoelna hanteu oeroes,

tĕmahna diimoetan,
boloampar meunang adji,
sabalikna anggoer heg bae dioenghak:

107. Pasal kalima poeloehna,
masing bisa hoermat ta'lim,
oenggah-oenggoeh sapantĕsna,
ka menak reudjeung ka koering,
koedoe bedakeun deui,
dipapantĕs dipapatoet,
ninggang kana pĕrnahna,
ana kahandapan teuing,
siga-siga djalma noe boga pangarah.

108. Soemawonna kaloehoeran,
djadi tjatjad gĕde diri,
djalma tjoelangoeng ngaranna,
teu make joeda nagari,
noe ngora koedoe ngadji,
tata-titi tindak-tandoek,
adat djeung tatakrama,
wiwaha kira pamilih,
noe geus kotjap di djĕro lajang sewaka.

109. Lima poeloeh hidji pasal,
anoe katjatoerkeun deui,
hiroep teh oelah tjawadan,
kana sagala pĕrkawis,
noe maneh tatjan harti,
ngawantjen ka lampah batoer.
openan ka noe lian,
katara jen koerang boedi,
antĕp bae moen hade anggoer toeroetan.

110. Djeung deui oelah pojokan,
ka sakabeh aki-aki,
tina kakolotanana,
sabab loembrah aki-aki,
kasantosaan leungit,
hoentoe oeleer mata lamoer,

koe sakabeh noe ngora,
moen aja oemoer kapanggih,
lamoen kitoe njeungseurikeun oepih ragrag.

111. Mojok noe bakal kasorang,
reudjeung oelah soeka-seuri,
mojokan noe tampadaksa,
noe pintjang lolong djeung toeli,
salian eta deui,
tjatjadna sakabeh mahloek,
sasat mojok ka Allah,
da ĕnggeus kĕrsaning Goesti,
anoe tjatjad lain pisan kahajangna.

112. Reudjeung oelah gantjang njĕla,
ka djalma kakara panggih,
atawa gantjang ngahina,
karana bisi di ahir,
maneh kabalik isin,
noe dihina bangsa loehoer,
salah tina panjana,
leuwih ti maneh pribadi,
pangnjĕlana ka toekang kabalĕs wirang.

113. Pasal lima poeloeh doea,
masing bisa ngoentji biwir,
oelah rek salah omongan,
karana ari geus bidjil,
hese asoepna deui,
dimisilkeun pĕlok limoes,
ari geus djadi tangkal,
teu daekeun asoep deui,
kana pĕlok anggoer toeloej ngarandakah.

114. Djeung omongan goreng eta,
tarik batan mimis bĕdil,
lĕpas batan koeda loempat,
sarta seukeut batan kĕris,
ana geus raheut ati,
teu beunang koe djampe doekoen,

mana koedoe prajatna,
saketjap koedoe dianggit,
ana salah matak niwaskeun ka awak.

115. Djeung deui omongan eta,
noe hanteu make dipikir,
ngabĕdil hanteu disipat,
meureun geseh arang djadi,
leuwih hade noe apik,
sahoeroep njaoer dilĕsoe,
sakĕtjap dipĕrjoga,
dikira ditĕmah-wadi,
sinom tamat Midjil pisoeroepeunana.

## Midjil.

116. Lima poeloeh tiloe pasal deui,
noe rek diwiraos,
djalma koedoe gĕten sarta titen,
kana barang noe leutik-leutik,
noe hasil ka diri,
anoe matak loeloes.

117. Naoer hoetang djeung nĕtĕpan djangdji,
njĕgah omong kosong,
nadjan leutik matak djadi gĕde,
ana hanteu titen dipikir,
djadi tjatjad diri,
ana geus kapatoeh.

118. Moal aja noe pĕrtjaja deui,
lamoen geus kasohor,
salawasna taja adjen sĕteng,
koedoe jatna djeung eling-eling,
noe nĕtĕpan djangdji,
di manoesa pĕrloe.

119. Pasal lima poeloeh opat deui,
noe rek diwiraos,
masing bisa maneh njimpĕn hate,
lamoen aja katjoea ati,
teu soeroep djeung pikir,
ka sahidji batoer.

120. Sĕmoe oelat omong oelah bidjil,
soeaban djeung songong,
bisi djadi di ahirna goreng,
anggoer maneh mĕroehkeun pikir,
ingĕtkeun ka takdir,
koedrating Jang Agoeng.

121. Ěnggeus loembrah djalma menak-koering,
noe ngora noe kolot,
hanteu pisan boga rasa goreng,
moen dioenghak geus koedoe njĕri,
nadjan sato leutik,
tjara babakaoer.

122. Moen ditintjak malĕs njeureud njĕri,
eta djadi tjonto,
djalma komo karĕp kana adjen,
kana tjarek goreng teu soedi,
manoesa geus galib,
manggih tjarek moemoel.

123. Pasal lima poeloeh lima deui,
noe rek diwiraos,
lamoen djalma nigoreng ka maneh,
moen rek malĕs koedoe djeung boedi,
montong reudjeung sĕngit,
soemawon djeung poendoeng.

124. Koedoe omong sareh reudjeung manis,
soepaja kagĕpok,
kaboekakeun manehna noe goreng,
oetamana montong dipikir,
hade djieun misil,
oepama halimoen.

125. Mĕndoeng oge moal djadi tjai,
nja kitoe noe awon,
anoe keukeuh migoreng ka maneh,
lamoen maneh njaba bĕrĕsih,
montong djadi risi,
sakarĕpna loepoet.

126. Pasal lima poeloeh gĕnĕp deui,
noe rek diwiraos,
lamoen njata bĕrsih lampah maneh,
maneh montong soesah djeung risi,
masing gĕde pikir,
moen ditĕrka batoer.

127. Saoepama maneh teh ditoeding,
njorang lampah awon,
lamoen poegoeh bĕrsih lampah maneh,
oepamana maneh teu gĕring,
disĕboetkeun gĕring,
panĕrkana loepoet.

128. Djalma djagdjag waringkas walagri,
teu radang teu botol,
kitoe deui lampah bĕrsih maneh,
batoer noeding geus moal djadi,
ari hanteu boekti,
tĕrkana magatroe.

Magatroe.

129. Pasal lima poeloeh gĕnĕp noe katjatoer,
maneh sing eling-eling,
oelah ngagĕdekeun padoe,
madoekeun elmoe hakeki,
lamoen roedjeung djalma bodo.

130. Ana salah paharana sok djadi moesoeh,
djeung deui hanteu hasil,
maneh moal tambah elmoe,
teu tjara djeung noe bĕrboedi,
sanadjan teu sapagodos.

131. Eleh meunang tangtoe maneh meunang oentoeng,
ari meunang dipoedji,
eleh maneh boga goeroe,
lain tjara djeung noe djahil,
elmoe salah ge sok mĕrod.

132. Salah oge ana bebedja ka batoer,
tjatoerna sok dibalik,
poegoeh eleh ngakoe oenggoel,
matak pitnah bae diri,
toengtoengna djadi sasatron.

133. Noe katjatoer pasal lima poeloeh toedjoeh,
rea djalma bĕrboedi,
binangkit rea panimoe,
tapi sanadjan bĕrboedi,
ana hanteu bisa nganggo.

134. Hanteu goena kabeh sagala panimoe,
pangarti hanteu hasil,
tjara djam teu make djaroem,
sanadjan hiroep teu hasil,
teu bisa noedoehkeun lohor.

135. Pasal lima poeloeh dalapan katjatoer,
maneh sing eling-eling,
ka batoer sing gĕde ma'loem,
karana maneh pribadi,
tina salah hanteu kosong.

136. Lamoen maneh hanteu ngampoera ka batoer,
koemaha lamoen manggih,
kalakoean maneh loepoet,
meureun menta ma'loem deui,
ari dosa moal kosong.

137. Meureun maneh ngaharĕpkeun kana ma'loem,
djadi moen kitoe litjik,
hajang maneh oelah batoer,
oeteuk tengo dina pipi,
aja di batoer katendjo.

138. Gadjah dĕpa di tarang maneh ngadoengkoek,
tapi hanteu kapanggih,
tina teu roemasa loepoet,
kitoe adat djalma galib,
maneh bĕrsih batoer kotor.

139. Pasal lima poeloeh salapan katjatoer,
maneh sing eling-eling,
nja hiroep oelah katoengkoel,
oelah ngandĕlkeun pangarti,
doemehna bisa maen-po.

140. Soemawonna moen ngandĕlkeun maneh wĕdoek,
eta teu tjara boedi,
pamilih anoe rahajoe,
sanadjan wĕdoek djeung sakti,
koe akal mah sok ngagodjod.

141. Ingĕt-ingĕt djaman baheula ka poengkoer,
noe njatroe ka koempĕni,
barandal anoe kamashoer,
noe kodjat pradjoerit sakti,
tapi teu boeroeng kabojong.

142. Pang'ran Dipa Nagara keuna koe woedjoek,
paheka noe binangkit,
koempĕni anoe rahajoe,
pĕrangna kanti djeung boedi,
bĕndoe teu tinggal parabot.

143. Manoesa teh lamoen pisah reudjeung elmoe,
sarta djeung ati-ati,
gampang koe paheka batoer,
lamoen tinggal tĕmah-wadi,
djalma teu beda djeung sato.

144. Beurit beunang dieupanan dina tjoeblock,
laoek nja kitoe deui,
beunang dipasangan boeboe,
beurit kabita koe hanjir,
laoek asoep sabab gelo.

145. Djalma koerang pamikir nja tjara kitoe,
tereh manggih bilahi,
tina sabab ngoembar napsoe,
teu make heula dipikir,
kadoehoeng ĕnggeus diberok.

146. Djalma anoe ngoesoemah ratoening boeroeng,
soemawon ngagiringsing,
toengtoengna diridjĕt batoer,
noe ngandĕl nja kitoe deui,
doeanana pada gelo.

147. Heran djalma anoe ngandĕl ka noe kitoe,
tetela akal djoelig,
sawareh sok ngakoe wĕdoek,
tatapi raheut koe hinis,
toengtoengna modar koe pelor.

148. Pasal gĕnĕp poeloeh ajeuna ditjatoer,
manoesa kanti boedi,
dikĕrsakeun koe Jang Agoeng,
beda reudjeung sapi-moending,
mana oelah tjara sato.

149. Boedi eta noe matak djadi rahajoe,
djeung noe djadi bilai,
koedoe soekoer ka Jang Agoeng,
rehna dipandjingan boedi,
dangdanggoela noe ngagĕntos.

Dangdanggoela.

150. Manoesa teh dipandjingan boedi,
reudjeung bisa ngarasakeun ni'mat,
noe ngeunah djeung teu ngeunah teh,
moen rasa koerang oentoeng,
kabagdjaanana pribadi,
teu sarwa djeung noe lian,
sok moeroekoesoenoe,
njieun kasoesah sorangan,
tina marga mikir bagdjana pribadi,
ditimbang djeung noe lian.

151. Pangsoesahna taja pisan asil,
hanteu mikir geus papasten awak,
kitoe bedana djeung sato,
sato mah tara kitoe,
hanteu boga pamikir pidik,
reudjeung hanteu kabita,
koe daradjat batoer,
tina teu diparin akal,
boedi eta matak soeka djeung prihatin,
gěnahna di manoesa.

152. Prakara kagěněp poeloeh hidji,
djalma koedoe soekoer ka Pangeran,
noe ngadaměl alam kabeh,
pirang-pirang pitoeloeng,
dipaparin akal djeung boedi,
sarta djeung parabotna,
kaja leungeun soekoe,
soengoet iroeng tjeuli mata,
eta kabeh titipan Raboelălamin,
noe koedoe dipiara.

153. Tanda soekoer koedoe ati-ati,
nja mětakeun noe gěněp prakara,
kana kalakoean hade,
djeung deui ĕnggeus tangtoe,
djalan bagdja djalan balahi,
tina gěněp prakara,
noe ĕnggeus disěboet,
manoesa koedoe prajatna,
nja miara mětakeun titipan Goesti,
oelah salah larapna.

154. Dimisilkeun koe djalma binangkit,
badan eta oepama nagara,
boedi minangka ratoe teh,
soekoe leungeun djeung iroeng,
soengoet mata sarta djeung tjeuli,
oepama ponggawana,
parentaheun ratoe,

moen ratoe koerang weweka,
kabeh salah lakoe-lampah para mantri,
tĕmah nagara roeksak.

155. Pasal gĕnĕp poeloeh doea deui,
noe katjatoer angkeuhing manoesa,
sapandjangna hanteu repeh,
teu pisan poetoes maksoed,
saoepama djalma geus soegih,
hajang tambah soegihna,
eta ĕnggeus tangtoe,
adat pĕrwatĕk manoesa,
teu ditjawad ngan oelah tinggal pamilih,
kadar timbanganana.

156. Aja dongeng sahidji digoerit,
bangkong bodo njeueung sapi njaba,
gagaberan gĕde hade,
bangkong toeloej mĕlĕndoeng,
ngagĕdekeun beuteung pribadi,
ambĕk hajang mapakan,
reudjeung beuteung lĕmboe,
bari ngomong ka anakna,
deuleu aing ieu saroea djeung sapi,
anakna toeloej nembal.

157. Djaoeh keneh indoeng reudjeung sapi,
tatjan mantra pipapakeunana,
hanteu saroea djeung tjeker,
toeloej deui mĕlĕndoeng,
ngabeukahkeun beuteung pribadi,
tina paksa kawawa,
beuteung ngabĕlĕtoes,
boetjat ka loear peudjitna,
bangkong modar tina angkeuhna koemaki,
koedoe hajang mapakan.

158. Eta bangkong beunang djieun misil,
djalma oelah ati soemakean,
karĕp oelah tinggal bobot,

ana maksakeun loehoer,
anggoer boetjat manan ngadjadi,
djeung deui djalma eta,
oelah sok ngoeloewoet,
mikiran noe lalamoenan,
hanteu hasil malah anggangkeun rĕdjĕki,
tina pot pagawean.

159. Aja dongeng hidji djalma miskin,
tina soesah neangan kipajah,
djadi geus ngadjĕntoel bae,
dioek ngahoeroen baloeng,
sĕmoe aja noe keur dipikir,
ditanja koe bodjona,
keur naon ngadjĕntoel,
ana nembal ka ewena,
lamoen nimoe pĕpĕndĕman mas sapĕndil,
aing rek meuli koeda.

160. Tjek ewena anggoer meuli samping,
djeung karembong paranti ka pasar,
salaki nembal ngagaok,
anggoer rek meuli pajoeng,
keur paranti aing ka tjai,
tidinja kĕkĕrĕngan,
toengtoengna ditoemboek,
ewena tjeurik midangdam,
eta kitoe dongeng noe ngoeloewoet pikir,
mikiran lalamoenan.

161. Anoe mikir kitoe hanteu hasil,
nja mikiran pidjadieunana,
sarta pek geura pigawe,
leuwih hade pek matjoel,
mĕlak katjang mĕlak koemĕli,
saeutik meureun aja,
oentoengna kapoelock,
tinimbang djeung lalamoenan,
hanteu hasil malah tambah djoewĕt pikir,
da kaboekti mah moal.

162. Pasal gĕnĕp poeloeh tiloe deui,
noe katjatoer djalma noe malarat,
saroeana djeung noe bodo,
hiroep pinoeh koe ewoeh,
hanteu bisa noetoepan diri,
njoekoepan kakoerangan,
doeanana kitoe,
noe ditakdir koe Pangeran,
bodo miskin gĕde-gĕdening balahi,
noe datang ka awakna.

163. Tapi mĕnding noe ditakdir miskin,
nadjan ĕnja rea kakoerangan,
sok bisa nambaan hate,
ana geus hanteu timoe,
barangsiar neangan ridjki,
narima ka karsana,
Allah anoe agoeng,
sarta asrah ka Pangeran,
djalma miskin sarta bodo moetoeh roegi,
taja pisan tambana.

164. Gĕnĕp poeloeh kaopat prakawis,
djalma koedoe tawĕkal ka Allah,
noe ngadamĕl alam kabeh,
tapi koedoe djeung elmoe,
hanteu meunang tinggal pamilih,
boeboehan manoesa,
ihtiarna pĕrloe,
moenggoehing noe imah-imah,
bilik pageuh sarta pantona dikoentji,
kakara meunang asrah.

165. Gĕnĕp poeloeh kalima pĕrkawis,
lamoen maneh boga kasoesahan,
kaprihatinan noe gĕde,
sakira-kira loepoet,
menta toeloeng ka djalma deui,
atawa hanteu goena,
pitoeloenging mahloek,



P. Jm. Toean Dr. Mas SOEWARNO
seorang Doktor-mata jang amat pandai
di Soerabaja.

sing mantĕp nĕda ka Allah,
taja deui kadjaba toeloengan Goesti,
anoe taja gagalna.

166. Gĕnĕp poeloeh kagĕnĕp prakawis,
kasakitan sarta kawarasan,
hanteu kagĕnggĕm koe maneh,
boektina kabeh mahloek,
hanteu njaho datang panjakit,
kitoe deui tjageurna,
kĕrsaning Jang Agoeng,
tanda apĕsing manoesa,
moen keur gĕring teu bisa ngobahkeun diri,
djalma koedoe roemasa.

167. Gĕnĕp poeloeh katoedjoeh prakawis,
doengdoemaning djalma teu saroea,
aja leutik aja gĕde,
papastening Jang Agoeng,
rea djalma noe hanteu mikir,
atina panastrenan,
ka daradjat batoer,
ari tamba panastrenan,
taja deui ngan koedoe asrah ka takdir,
sarta lĕngkĕp saratna.

168. Oelah tjara noe kasĕboet tadi,
dina pasal gĕnĕp poeloeh opat,
batal pang tawĕkalna teh,
koerang sarat djeung elmoe,
ganti deui anoe digoerit,
gĕnĕp poeloeh dalapan,
pasal noe katjatoer,
hatena noe panastrenan,
lamoen neuleu anoe lian soegih moekti,
poesing pikirna bingbang.

169. Eling[2] sobat noe bĕrboedi,
oelah njimpĕn ati panastrenan,
eta sok ngagĕgĕs hate,

koeroe mikiran batoer,
nganiaja diri"pribadi,
anggoer geuwat tambaan,
ati anoe kitoe,
ingĕtkeun ka takdir awak,
lamoen tjonggah toeroetan soepaja djadi,
montong rek panastrenan.

170. Gĕnĕp poeloeh salapan prakawis,
ati moersid sarta kasĕnangan,
eta noe panghadena teh,
moestikaning noe hiroep,
tiis pikir teu boga pidik,
katoedjoeh poeloeh pasal,
ajeuna katjatoer,
ari djalma koret eta,
hanteu hade arang aja anoe soedi,
teu boga kawawoehan.

171. Lamoen pavĕng katĕkan balahi,
taja hidji djalma mirosea,
tina teu ngandjoekkeun hade,
saban kitab geus mashoer,
koret eta tjatjading diri,
eh eling[2] sobat,
poma oelah kitoe,
ari harti koret eta,
njaah mere barang pangadji sadoeit,
sanadjan ka mistina.

172. Ganti pasal toedjoeh poeloeh hidji,
sampoernaning djalma hiroep eta,
moerah tapi oelah sapeh,
mere ka anoe patoet,
timbang[2] koemaha misti,
tĕgĕsna sapeh eta,
djalma koerang oeroes,
banda beak dibikeunan,
maneh ngongkrong sok moen dibalĕs koe poedji,
eta sapeh ngaranpa.

173. Koedoe moerah sarta djeung pamilih,
mere maweh ka sanak baraja,
atawa ka sobat hade,
ka noe deukeut noe djaoeh,
soemawonna ka pakir miskin,
anoe toena tanaga,
digawe teu mampoeh,
gĕde gandjaraning Allah,
lamoen kitoe narimakeun sihing Goesti,
tapi koedoe waspada.

174. Noe berehan dingaranan leuwih,
eta anoe disamarkeun tea,
anoe teu mambrih katendjo,
Nabi Isa geus moeroek,
ka sobatna noe ngiring[2],
lamoen maneh merean,
koe leungeun katoehoe,
oelah katendjo koe kentja
eta sindir koe djalma koedoe dipikir,
sarta toeroetan pisan.

175. Reudjeung deui djalma koedoe mikir,
lamoen mere koedoe timbang[2],
oelah darapon sok bae,
samemehna noe djaoeh,
anoe deukeut heula paparin,
kawadjiban dirina,
heula masing tjoekoep,
noe mere heula noe anggang,
saoepama noe njeungeut lampoe ti peuting,
dina loehoer soehoenan.

176. Hanteu njeungeut lampoe djĕro boemi,
hoeroeng mantjoer tjaang ka anggangna,
di djĕro boemina poëk,
eta oepama kitoe,
kamashoerkeun ka mana-mĕndi,
badegana masakat,
djadi hanteu oeroes,

gampang mere ka noe lian,
masing tjoekoep heula noe wadjib ka diri,
anoe djadi tanggoengan.

177. Aja dongeng ratoe koerang boedi,
karĕsĕpna maparin noe lian,
ka abdina hanteu toleh,
soepaja djadi mashoer,
lila² meunang balahi,
diroeksak radja lian,
abdina teu toeloeng,
toeloej maboer pada minggat,
ratoe lolos nagarana roentang-ranting,
doerma anoe loemampah.

## Doerma.

178. Pasal toedjoeh poeloeh doea katjarita,
sing saha hajang soegih,
maneh koedoe bisa,
njengtjelenganan arta,
sanadjan bati saeutik,
lamoen leukeunan,
lila² ge soegih.

179. Nadjan gĕde bati moen koerang leukeunna,
meureun tĕtĕp nja miskin,
kitoe noe geus loembrah,
noe matak djadi beunghar,
koedoe njaah ka sadoeit,
teu poegoeh losna,
titen ka barang leutik.

180. Hanteu njaah ngabidjilkeun modal rea,
moen ka noe bakal hasil,
djeung njingkiran hoetang,
oelah andjoek-andjoekan,
kalampah anoe geus galib,
sok kadjeun mahal,
dapon tempo saeutik.

181. Ari ĕnggeus nĕpi ka tempora majar,
kakara rek kapikir,
roegina karasa,
poma sabisa-bisa,
saha noe mikarĕp soegih.
eta singkiran,
anoe kasĕboet tadi.

182. Saha anoe meuli barang noe teu pedah,
hanteu pĕrloe ka diri,
eta lawas²,
banda pĕrloe didjoeal,
noekeurkeun ĕmas ka pitjis.
hoeoet ka beas,
djoeal-meulina roegi.

183. Pasal toedjoeh poeloeh tiloe katjarita,
radjabrana mas doeit,
eta matak boengah,
djeung tinĕkanan hadjat,
loembrah djalma meunang adji,
lantaran eta,
ngoetamakeun ka diri.

184. Pirang² toeloengan lantaran arta,
mana pantĕs dipambrih,
soepaja djatnika,
hiroep manggih oetama,
tapi ari ĕnggeus soegih,
masing prajatna,
rea gogoda deui.

185. Loembrah djalma anoe ĕnggeus soegih arta,
sok gĕde teuing ati,
ngoelak boedi djalma,
ngandĕlkeun soegih arta,
teu inggis noemboek nampiling,
njorang rarangan,
sabab ngandĕlkeun doeit.